O`zbekstan Respublikasi Xaliq Bilimlendiriw Ministrligi

A`jiniyaz atindag`i No`kis Ma`mleketlik pedagogikaliq Instituti

**TARIYX OQITIW METODIKASI KAFEDRASI**

G.Akimniyazova

# A`YYEMGI DU`NYA TARIYXI

**L E K T S I Y A  T E K S T I**

2015 jil

## M A Z M U N I


| | | |
|---|---|---|
| **1-tema** | **A`yyemgi du`n`ya tariyxina kirisiw.**<br>**A’yyemgi jamiyet tariyxi. Adamlardin payda boliwi.** | 6 |
| 1.1. | A`yyemgi ja’miyet tariyxi, xronologiyasi, derekleri, istoriografiyasi | 6 |
| 1.2 | Alg’ashqi topar, adamnin’ kelip shig’iwi. | 7 |
| 1.3 | Ta’biyiy sharayatlar, miynet qurallari. | 8 |
| 1.4 | Erte poleolit da’wiri adamlarinin’ ja’miyetlik qatnasiqlari. | 10 |
| **2-tema** | **Uriwliq du’zim** | 10 |
| 2.1. | Son’g’i paleolit dawiri adamlarinin’ miynet qurallari, xojalig’, ta’biyiy sharayati. | 10 |
| 2.2 | Uriwdin payda boliwi. Matriarxat da’wirinde meziolit, neolit adamlari. | 11 |
| 2.3 | Eneolit. Qola a’siri. Diyxanshiliq ha’m sharwashiliqtin’ rawajlaniwi. Patriarxat. | 12 |
| 2.4 | Uriwliq du’zimnin’ qulawi, ma’mlekettin’ payda boliwi. | 13 |
| **3-tema** | **A’yyemgi Shigis ellerinin tariyxi. Mesopotamiya (Eki dar`ya araligi) ellerinin en a`yyemgi tariyxi** | **14** |
| 3.1. | A`yyemgi Mesopotamiya (eki da`r`ya aralig`i). | 14 |
| 3.2 | Mesopotamiyanin` a`yyemgi tariyxi boyinsha derekler. | 15 |
| 3.3 | A`yyemgi Mesopotamiya istoriografiyasi. | 16 |
| 3.4 | En` a`yyemgi Mesopotamiyada klassliq ja`miyettin` qa`liplesiwi. | 18 |
| 3.5 | Mesopotamiyada orayliq ma`mlekettin` du`ziliwi. | 19 |
| **4-tema** | **A’yyemgi Vavilon Shumer ha’m Vavilon madeniyati**<br>**Jana Vavilon patshaligi** | **21** |
| 4.1. | Eki da`r`ya aralig`indag`i qalalar gu`resi. Vavilonnin` ko`teriliwi. | 21 |
| 4.2 | A`yyemgi Vavilon b.e. shekemgi XII-VII a`sirleri | 23 |
| 4.3 | Xammurapi ma`mlekettin` bo`lekleniwi. | 23 |
| 4.4 | SHumer ham Vavilon ma`deniyati | 24 |
| | Kassitlerdin` Vavilondi basip aliwi ekonomikaliq jag`dayi. | 25 |
| **5-tema** | **A’yyemgi Misr (Egipet) derekleri xam istoriyagrafiyasi** | 26 |
| 5.1. | Ta`biyiy jag`day Neolit, Eneolit ma`kanlari. | 26 |
| 5.2 | Qulshiliqtin` payda boliwi. Nom tariyxi. | 26 |
| 5.3 | Ashlin patshaliq da`wiri I-II dinastiya. Faraonlar tariyxi. | 27 |
| 5.4 | Qulshiliq da`wirinde Misr ma`mleketinin` qulawi. | 27 |
| **6-tema** | **A`yyemgi Misrdin’ patshaliq da’wirleri.** | **28** |
| 6.1. | Misrda ja`miyet ha`m ma`mlekettin` qa`liplesiwi. | 28 |
| 6.2 | Misrdin` birinshi ha`m uliwma Misr ma`mleketinin` du`ziliwi. | 29 |
| 6.3 | Ulli piramidalar qurilisi da`wirinde Misrdin` gu`lleniwi. | 30 |
| 6.4. | Erte patshaliq. | 31 |
| **7-tema** | **Ayyemgi Misr madeniyati** | **33** |
| 7.1. | A`yyemgi Misr jaziwi. | 33 |
| 7.2 | Misrda ilimiy bilimler. | 34 |
| 7.3 | Din, ta`biyatqa siyiniw. | 34 |
| **8-tema** | **Xett ma’mleketi** | **35** |
| 8.1. | Kishi Aziya eli ha`m xalqi. | 35 |
| 8.2 | Xett patshalig`i. | 36 |
| 8.3 | Kishi Aziya batisindag`i ma`mleketler. Lidiya ma`mleketi. | 37 |
| **9-tema** | **Shigis orta jer tenizi. Palestina, Siriya, Finikiya** | **40** |
| 9.1. | Arabstan ha`m Siriya ma`mleketi. | 40 |
| 9.2 | Finikiya ha`m onin` sotsialliq ekonomikaliq, siyasiy ha`m ma`deniy rawajlaniwi. | 41 |
| 9.3 | Palestina a`yyemgi zamanda. | 43 |
| **10-tema** | **Ayyemgi Assiriya** | **43** |
| 10.1. | Assiriyanin` ta`biyiy sharayati ha`m halqi. | 43 |
| 10.2 | A`yyemgi, Orta ha`m Jan`a Assiriyaliq da`wir. | 44 |

| | | |
|---|---|---|
| 10.3 | Assiriyanin` ma`deniyati. | 45 |
| **11-tema** | **Urartu ma'mleketi** | **45** |
| 11.1.<br>11.2<br>11.3<br>11.4<br>11.5 | Kavkaz arti a`yyemgi - Urartu.<br>Xalqi. Tabiiy sharaqati<br>Derekler ham istoriografiya.<br>Urartu ma'mleketinin payda boliwi.<br>Ekonomikaliq ham jamiqetlik qatnasiqlar | 45<br>46<br>47<br>48<br>49 |
| **12-tema** | **Ertedegi Iran xam Orta Aziya.** | **52** |
| 12.1.<br>12.2<br>12.3<br>12.4<br>12.5<br>12.6 | Arabstan yarim atawinin` a`yyemgi ma`mleketleri<br>A`yyemgi zamandag`i Iran, Elamnin` a`yyemgi ma`mleketleri.<br>Midiya patshali"i b.e.sh. VII-V a`sirlerde.<br>Persiya ma`mleketi b.e.sh. VI-IV a`sirlerd<br>Orta Aziya aymag`indag`i en` a`yyemgi ma`mleketler. Olardin` sotsialliq-ekonomikaliq turmisi.<br>Antik da`wir ma`mleketleri ha`m ma`deniyati. | 52<br>53<br>54<br>55<br>59<br>60 |
| **13-tema** | **A'yyemgi Xindistan.** | **61** |
| 13.1.<br>13.2.<br>13.3.<br><br>13.4.<br>13.5. | En` a`yiemgi xind tsivilizatsiyasi.<br>Vedalar da`u`iri Arqa Xindistanda erte ma`mleketlerdin` qa`liplesiwi.<br>B.e.sh. I-min` jilliqtin` ekinshi yariminda uluma xind ma`mleketinin` payda boliwi ha`m qulawi.<br>Xindistanda qatlamlarg`a (kastalarg`a) bo`liniwdin` ku`shliligi.<br>Xindistan ma`deniyatinin` tariyxtag`i orni. | 62<br>63<br>63<br>64<br>65 |
| **14-tema** | **A'yyemgi Qitay.** | **68** |
| 14.1<br>14.2<br>14.3<br>14.4<br>14.5<br>14.6 | Ta`biyiy sharayati ha`m xalqi. Derekler ha`m istoriografiyasi<br>A`yiemgi Xitay Sham ma`mleketi<br>Tsin` imperiyasi-Qitayda birinshi oaylasqan ma`mleket<br>Chjoy patshalig`i chjoy da`u`iri.<br>Xan` imperiyasi b. e. shekemgi III A`sir-b. e. I a`sirlerde<br>A`yiemgi Qitay ma`deniyati. | 68<br>69<br>71<br>72<br>73<br>74 |

**Lektsiya №1**

**A`YYEMGI DU`N`YA TARIYXINA KIRISIW.**
**A'YYEMGI JAMIYET TARIYXI. ADAMLARDIN PAYDA BOLIWI.**

**Joba:**

1. A`yyemgi ja'miyet tariyxi, xronologiyasi, derekleri, istoriografiyasi
2. Alg'ashqi topar, adamnin' kelip shig'iwi.
3. Ta'biyiy sharayatlar, miynet qurallari.
4. Erte poleolit da'wiri adamlarinin' ja'miyetlik qatnasiqlari.

***Tayanish tu`sinikler:*** A'yyemgi ja'miyet da'wirinin' tutqan orni, tiykargi o'zgeshelikleri. Xronologiya. Xazirgi zamanagoy usillar. Derekler. Arxeologiya. Lingvistika. Fol`klor. Polizologiya pa'nlerinin ahmiyeti. Antik, orta a'sir, jan'a ha'm en' jan'a dawirler. Jana tariyxiy derekler. Charlz Darvin kontseptsiyasinin tiykari. Adamnin' qaliplesiu jagdayi. Antropologiya. Adam tarizli maymillar. Ayyemgi kaldiklar. Zamanagoy arxeologiyalik izertleu. Soz xam tiykardin rauajlaniu jollari.

Alg`ashqi ja`miyet du`zimi adamzat ja`miyeti rawajlaniwindag`i en` uzaq dawam etken da`wir bolip esaplanadi. Alg`ashqi ja`miyet du`ziminin` baslaniwi du`n`yanin` ha`r qiyli territoriyalarinda tu`rli da`wirlerge tuwri keledi. Ma`selen Afrikada bul da`wir 2,5-3 million jil burin baslang`an bolsa, Amerikada 20-30 min` jil burin dep shamalaydi. Bul da`wir tariyxin teren` u`yreniwde arxeologiya, antropologiya, a`tnografiya pa`nlerinin` a`hmiyeti ayriqsha bolip, olar tiykarg`i derek waziypasin atqaradi.

Ha`zirgi payitta a`yyemgi shig`is territoriyasinda alg`ashqi ja`miyet rawajlaniwinin` basqishlari to`mendegi uliwma ta`rtip boyinsha da`wirlerge bo`linedi:

**1. Paleolit** (a`yyemgi tas da`wiri - ″palayos″ - ″a`yyemgi″, ″litos″-tas):
adam b.e.sh. 3-2,5 million jil burin payda boladi. En` a`yyemgi tabilmalar Shig`is Afrikanin` Olduvay jirasinan tabilg`an bolip, Olduvay ma`deniyati dep ju`rgiziledi. Adamzattin` payda boliw da`wiri 3,5 min` 700 min` jildi o`z ishine aladi;
a) Erte paleolit, Ashel da`wiri 700-100 min` jildi o`z ishine aladi. A`yyemgi shig`is dag`i erte paleolit da`wiri estelikleri b.e.sh. 500-100 min` jil buring`i da`wirlerge tiyisli bolip, ashel da`wiri dep ataladi;
v) orta paleolit. Bul da`wir Must`e da`wiri ma`deniyati (b.e.sh. 100-40 min` jilliqlar) dep jurgiziledi;
s) son`g`i paleolit - b.e.sh. 40-12 min` jilliqlar.
**2. Mezolit** (orta tas da`wiri-″mezos″ -″orta″, ″litos″ -″tas″ -b.e.sh.12-7min` jilliqlar.
**3. Neolit** (jan`a tas da`wiri- ″neos″ - ″jan`a″, ″litos″ -″tas″ -b.e.sh.6-4min` jilliqlar.
**4. Eneolit** (mis-tas da`wiri) b.e.sh. 4-3 min` jilliqlar.
**5. Bronza** da`wiri b.e.sh. 3-2 min` jilliqlar.
**6. Temir** da`wiri b.e.sh. 1 min` jilliqtin` baslari.

Bul ma`kanlardan uliwma a`yyemgi shig`is territoriyasinan ha`zirge shekem erte paleolit da`wiri adamlarinin` qaldiqlari tabilmag`an. Bul da`wirge tiyisli ma`kanlardan alg`ashqi adamlardin` tek g`ana tas qurallari tabilg`an. Bul da`wir adamlari ha`zirgi adamlardan uliwma pariqlanadi. Olar eki ayaqlap, aldina qaray bu`gilgen, qollarin dizesi u`stine salg`an halda ju`rgen.
Erte paleolit da`wiri tariyxi menen shug`ilaniwshi ilimpazlardin` pikirleri boyinsha, bul da`wir esteliklerinin` waqti b.e.sh. 800-100 min` jil, ayirimlari 500-100 min` jil buring`i a`yyemgi da`wirge tiyisli bolip esaplanadi. Bunnan A`yyemgi shig`is g`a adamlar ju`da` erte kelip jaylasa baslag`an, degen juwmaq islewge boladi. Erte paleolit adamlari tiykarinan jiynawshiliq ha`m an`shiliq penen shug`illang`an.
Da`slepki paleolit da`wiri adamlari tu`rli miynet qurallarin jasag`anlar. Sol sebepli olar «homo-habilis»-«bilgish adam» delingen.

| | |
|---|---|
| **Da`slepki miynet qurallari** | **-O`tkir ushli, qirli tas qurallar (qol shoqmari depde ataladi)**<br>**-Terek shaqlarinan tayarlang`an jer qaziwshi tayaqlar**<br>**-Haywanlardi ku`sh benen uriwshi tas qurallar** |

**Orta paleolit** (must`e ma`deniyati) a`yyemgi tas da`wirinin` ajiralmas ha`m sostav bo`legi bolip, uzaq dawam etken erte paleolittin` dawami bolip esaplanadi. Bul da`wirde arqadan qublag`a muzliqtin` basip keliwine baylanisli haywanat ha`m o`simlik du`n`yasi o`zgeredi.

**Mezolit da`wiri**- shama menen b.e.sh. 12-7 min` jilliqlardi o`z ishine aladi. Bul da`wirge kelip, muzliq arqag`a jiljip, ta`biyat jilitadi. Haywanat ha`m o`simlik du`n`yasi o`zgeredi. Bul da`wirdin` en` u`lken jetiskenliklerinen biri oq jaydin` oylap tabiliwi. Sonday-aq bul da`wirde alg`ashqi ko`rkem o`ner payda boldi. A`yyemgi shig`is dan mezolit da`wirine tiyisli ko`plep estelikler tabilg`an. Bul jerden tas ha`m su`yekten islengen qurallar, adamnin` bas su`yekleri, tisleri tabilg`an, sonday-aq 20 dan artiq haywanlardin` su`yekleri tabilg`an bolip, olar mayda, sindirilg`an, otta ku`ydirilgen. Demek machaylilar ottan ken` paydalang`an, haywan go`shlerin otta pisirip jegen.

**Neolit uzaq** dawam etken tas a`sirinin` son`g`i ha`m juwmaqlawshi basqishi. Neolit tu`sinigin ilimge arxeolog Lebbok alip kirgen. Neolit da`wiri adamlarinin en` u`lken tabislarinan biri gulalshiliq bolip, olar ilaydan ha`r qiyli idislar isledi ha`m olardi otta pisiriwdi u`yrenip alg`an. Sonday-aq neolit da`wirinde toqimashiliq ha`m qayiq sog`iwshiliq ta payda boldi.
A`yyemgi shig`is da jasag`an neolit da`wiri qa`wimleri xojaliqtin` tu`rlerine qaray, olardin` sa`nesinin` joqari shegarasi b.e.sh. 6 min` jilliq, to`mengi shegarasi 4-3 min` jilliqlardi o`z ishine aladi.

**Eneolit da`wiri** jer sharinin` barliq zonalarinda bir waqitta baslanbay, ol ha`r bir zonanin` ta`biyiy ekologiyaliq imkaniyatina say ra`wishte ha`r qiyli waqitta baslandi. Ma`selen, Afrika ha`m Aziyanin` a`yyemgi diyxanshiliq zonalarinda alg`ashqi ja`miyetler metall menen erterek, al basqa zonalarda keyinirek tanisti.

A`yyemgi shig`ista metall b.e.sh. 4 m.j. ma`lim. a`yyemgi shig`istin` arqa rayonlarinda bolsa bul waqitta neolit da`wirinin` ma`deniyati ja`miyetleri gu`llep rawajlanbaqta edi. Metall menen birinshi ma`rtebe b.e.sh. 3 m.j. aqirlarinda tanisti. Bronza da`wirinin` xronologiyaliq shegarasi b.e.sh. 3-1 m.j. tuwra keledi. Birinshi ma`rtebe bronza b.e.sh. 3 m.j. Aldin`g`i Aziya ha`m Hindstanda ashildi. Al, Orta Aziyada bolsa ol b.e.sh. 3 m.j. aqiri ha`m 2 m.j. baslarinan belgili.

**Bronzadan** negizinen ha`r qiyli bezekler, u`y-ruwzigershilik ha`m xojaliq buyimlari, a`skeriy qural-jaraqlar ha`m miynet qurallarin sog`atug`in arnawli temirshilik, slesarliq ha`m zergerlik ustaxanalari ju`zege keldi. O`nermentshiliktin` qa`niygelesiwi menen zonalar araliq zat almasiwlar ku`sheydi. Wa`layatlardi a`konomikaliq jaqtan baylanistirip turatug`in ta`biyiy baylanis jollari payda boldi. Haywanlar jegilgen do`ngelekli arbalar payda boldi.

Arxeolog alimlardin` a`yyemgi shig`is aymag`inda ju`rgizgen ilimiy izleniwlerinin` na`tiyjelerine qarag`anda bronza da`wirinde an`shiliq ha`m jiynawshiliq turmista o`zinin` da`slepki rolin jog`altti. Haliqtin` negizgi xojalig`i sharwashiliq ha`m diyxanshiliq bolip kaldi.

A`yyemgi shig`is sharayatinda sharwashiliq xojalig`inin` da`slepki izleri ha`tte mezolit da`wirinin` son`g`i basqishi yamasa erte neolitten belgili. Arxeolog U.Islamov Machay u`ngirinde ju`rgizgen qaziw isleri waqtinda u`ngirden, onin` ma`deniy qatlaminan jabayi haywanlardin` qara mal, qoy ha`m eshkilerdin` su`yeklerin tapti. Neolit da`wirinin` esteligi bolg`an.

Sharwashiliqti birinshi ma`rtebe hayallar ashqan. An`shiliq waqtinda tiriley qolg`a tu`sken haywanlardin` balalarin hayallar ta`rbiyalay basladi. Ja`ma`a`tte u`y haywani payda boldi, sharwashiliq xojalig`ina da`slepki ka`demler taslandi.

Diyxanshiliqtin` payda boliwinda da hayallar negizgi roldi oynadi. Hayallar jabayi masaqli o`simliklerdin` da`nin jiynap ruw ja`ma`a`ti ma`kanina alip kelgennen keyin olardi tu`yeklep jenshiw, tazalaw protsessinde ja`ma`a`ttin` u`ylerinin` aynalasinda biyiqtiyar to`gilgen da`nlerden o`nim shig`ip atirg`an ko`gisliklerdi sezbewi mu`mkin emes edi. Sol sebepli diyxanshiliqqa qaray qoyilg`an birinshi qa`dem da`slep ja`ma`a`t baspanalari a`tirapinda ko`gerip shiqqan da`n eginlerin abaylap ta`rbiyalawdan baslandi.

B.e.sh. X-VIII a`sirler a`yyemgi shig`is sharwalarinin` turmisinda tu`pkilikli sotsial-a`konomikaliq o`zgerisler ju`z bergen da`wir bolip, olar qiyralip baratirg`an alg`ashqi ja`ma`a`t jerinde mu`lk ten`sizligi, klassliq qatlamlasiw protsessinin` jedelleskenliginen derek beredi. Erte temir da`wirine ta`n qa`siyetler bolsa, bul protsessti tezlestirdi. a`yyemgi shig`is sharayatinda erte temir da`wiri b.e.sh. I m.j. birinshi yarimina tuwra keledi. Bul da`wirde alg`ashqi ja`ma`a`t sistemasi o`zinin` aqirg`i basqishin o`tpekte edi. O`ndiriste birinshi ma`rtebe temirden shiyki zat sipatinda paydalanilip, miynet qurallari islep shig`arila basladi. Temirdin` o`ndiriste qollaniliwi alg`ashqi ja`ma`a`t tariyxinda u`lken texnikaliq revolyutsiya boldi.

Temir sharwashiliqti diyxanshiliqtan u`zil-kesil bo`lekledi, jeke menshik mu`lkin bekkemledi, klassliq ja`miyetti keltirip shig`ardi. Temirdin` o`ndiriske ken`irek qollaniliwi sebepli xojaliqta ekinshi miynet bo`listiriwin ju`zege keltirdi, yag`niy o`nermentshilik diyxanshiliqtan bo`linip shiqti. O`nermentshiliktin` bir qatar tarawlarinda qa`niygelesiwdin` payda boliwi na`tiyjesinde ertedegi sha`ha`rlerdin` belgileri sipatinda bazar payda boldi. Ja`miyettin` sotsial-ekonomikaliq turmisinda ken` ko`lemdegi tovar almasiwi ju`z berdi. Onin` aqibeti sipatinda ayirim adamlardin` qolinda tez ra`wishte bayliqlar toplana berdi. Temirdin` o`ndiriske ken` ko`lemde kirip keliwi sebepli jerge jeke iyelik etiw kelip shiqti. O`ndiriwshi xojaliqtin` payda boliwi ha`m rawajlaniwi ma`mleketshiliktin` kelip shig`iwina alip keldi.

Ilimpazlardin` pikirinshe bizin` jasap atirg`an ana jerimiz 5 milliard jilliq tariyqa iye. Jerdin` tariyxin ilimpazlar bir neshe geologiyaliq eralarg`a bo`ledi. Ma`selen: Arxey, polezey, mezozey ha`m kaynazoy. En` da`slep jerde hesh qanday tirishilk bolmag`an. Arxey erasinin` aqirinda jerde ju`da` a`piwayi tiri maqluqlar payda bolsa, paleozoyda suwda ha`m qurg`aqliqta jasawshi haywanlar, mezazoyda embeklep ju`riwshiler payda boladi. Jer tariyxinin` kaynazoy erasinda su`t emiziwshi haywanlar taraladi. Kaynazoy erasi, o`z na`wbetinde u`shlenshi ha`m to`rtlenshi bolip eki basqishqa bo`linedi. U`shlenshi basqish 64-66 mln, to`rtlenshi basqish 3-3,5 mln jillardi o`z ishine aladi. Kaynazoy erasi paleogen, neogen ha`m anropogen bolip bo`linedi. Antropogen grekshe-antropos adam, genezis tuwiniw (rojdenie) adamnin` tuwilip payda boliwi degen ma`niste. Bunnan 2,5-3 mln jil burin adamlar materialliq ha`m ma`deniy bayliqlardi do`rete basladi. Bul antropogen da`wirinde tuwra keledi. Antropogen: espleystotsen, pleystotsen ha`m golotsen bolip bo`linedi. Pleystotsenda jerdin` ko`pshilik bo`legi qalin muz qaplaydi. Muzliqlar, ko`binese taw baslarinda qalin` bolip uzaqta jatadi. Orta Aziya ha`m Qazaqstan dalan`lig`in qalin muz qaplamasada, muzlar biyik taw baslarinda saqlanip, onin` ta`siri jerge uzaq waqit sezilip, hawa rayi, suwiq bolip turg`an.

Muzliqtin` eriwi menen pleystotsen da`wiri tamam boladi. Muzliqtan keyin golotsen da`wiri yamasa ha`zirigi geologiyaliq da`wir baslanadi. Jer tariyxindag`i en` basli waqiyalardin` biri, hawanat du`n`yasinan adamzattin` ajiralip shig`iwi boladi. Adamlar payda boliwinda, o`z basinan uzaq dawam etken da`wirlerdi keshiredi. Meogannin` aqiri, espleystotsen basinda Afrikada, Qubal Evropada, Aziyanin` qubla regionlarinda adamg`a uqsas ha`r tu`rli maqluqlar jasaydi. Adamlardin` kelip shig`iwina adamg`a uqsas maqluqlardin` qatnasinin` bar ekenligin ilimpazlar erte waqitlardan bayqaydi. Ta`biyat izertlewshiler, Ch.Darvin, T.Geksli, birinshi bolip, adamlardin`, adamg`a uqsas maqluqlardan evolyutsion joli menen bo`linip shiqqanin aytqan edi. Ch. Darvin, maqluqlardan adamg`a aylaniwinda, miynet etiwdin`, miynet qurallarin jetistiriw na`tiyjesinde boldi degen evolyutsion ta`liymati, G`Tu`rlerdin` kelip shig`iwiG` (1859) miynetinde aytadi.

Qa`dimgi arxantroplarg`a dpiopitek, ramapitekn`, udobnopitek ha`m avstrolopitekler kiredi. Usilardan tek avstrolopitekler adamlarg`a fizikaliq kelbeti jag`inan ju`da` jaqin, olardin` bas miyinin` ko`lemi 500-600 $sm^3$ bolip, olar eki ayag`inda tiklenip ju`rip, taslardin` a`piwayi miynet qurallarin isley alg`an. Avstrolopitekler ko`p miynet qilip jabayi haywanlardi uslap olardin` go`shleri menen awqatlanip tirishilik etken. Adamnin` birinshi ret jer ju`zinin` qaysi jerinde payda bolg`ani haqqinda, ilimpazlar arasinda bir pikir joq. 1959-1960 jillari Angliya ilimpazi Lui Liki Shig`is Afrikadag`i Tanzaniyanin` Olduvey taw u`n`girinen adamg`a usas maqluqlardin` su`yeklerin tawip, olardin` avstrolopiteklerge usaslig`in aniqladi. Bul maqluqtin`, bunnan 1 mln 750 1mln 850 min` jil burin jasag`anin aniqlaydi. Onin` bas qutisindag`i miyinin` ko`lemi 652-657 $sm^3$ bolip, ol eki ayaqlap ju`ri, qollari menen miynet qurallarin islegen yag`iniy qolinan is keletug`in adamg`a usas maymil bolg`an. Bunnan keyin, L.Likidin usi Richard Liki adamg`a usas maqluqlardin` su`yek qaldig`i Keniya ha`m Efiopiyadan tabadi. Bul Efiopiyali prezinjantrop dep

atalg`an adam ta`rizli maymil, bunnan 2,8-3 mln jil burin jasap, ol da tastan a`piwayi miynet qurallarin isley bilgen. Olar miynet ete alatug`in adamlar-arxantroplar, tastan a`piwayi miynet qurallirn islegen. 1998 jili, bunnan 3 mln jil burin jasag`an arxantroptin` su`yek qaldig`i, a`piwayi tas qurallari Qubla Afrikadan tabildi.

Usinday tabilg`an adamg`a usas maqluqlardin` su`yek qaldiqlarina, olardin` tastan islep paydalang`an a`piwayi miynet qurallarina qarag`anda, adamlar bunnan 2,5-3 mln jillar burin payda bolg`an. Bul da`wirde paleografiyaliq jag`day, adamlar jasawg`a qolay bolip suw, tog`ay, jabayi haywanlar ko`p bolg`an.

Ta`biyiy ortaliq ha`zirgiden bir qansha jilliraq bolg`an. Periney yarim atawinan Qitayg`a shekem araliq subtropikaliq, Aziyanin` Qubla rayonlari ha` Afrikanin` ko`pshilik bo`limi tropikaliq zona bolg`an. U`shlemshi basqishtin` aqiri, to`rtlemshi basqishtiq baslarinda tropikaliq zonalarda ko`plegen ha`r tu`rli maymillar jasaydi. Solardin` arasinda adamg`a usas maqluqlar bolip, olar adamlardin` en` a`yyemgi wa`killeri bolip esaplanadi. Maqluqlardin` adam da`rejesine o`te baslag`an tu`rleri-arxantrop grekshe-arxayes-a`yyemgi antropos adamlar dep ataladi.

Ilimiy izertlewle, Afrika arxantroplari du`n`yadag`i en` a`yyemgi (da`slepki) qazip teksirilgen adamnin` birinshi wa`killeri bolip esaplanadi.
1891-1892 jillari Gollandiyali alim antropolog Evgeniy Dyuba Indoneziyadag`i Yava atawinan arxantroptin` su`yek qaldiqlarinTawip izertlep, oni pitekantrop (grekshe-pitekos-maymil, antropos-adam, yag`niy eki ayaqlap ju`retug`in maymil ta`rizli adam dep atadi). Pitekantroptin` man`layi jalpaq, qaq u`sti maqlay su`yekleri o`sken, iyegi kemrek rawajlang`an boladi. Bunnan 1mln 160-1mln 251 min` jillar burin jasag`an pitekantroplar a`piwayi taslardan miynet qurallar islep paydalang`an. Pitekantroptin` bas miy qutisinin` ko`lemi 900-1075 $sm^3$ bolg`an. Pitekantroplardin` miynet qurallari su`yek qaldiqlari 1950-1960 jillari Aziya, Afrika jerlerinen tabilip, olardin` taslardan o`zlerine kerekli a`piwayi miynet qurallarin isley alatug`inlig`i aniqlandi. Pitekantrop, Afrikadag`i «Miynet islep biletug`in adamnan» keyingi basqishta turatug`in, en` a`yyemgi adam bolip esaplanadi. Olar, bunnan 1,6-1,9 mln. jillar burin jasap turmis keshirgen. 1927-jil Pekin qalasi janindag`i Chjau Koutyan` degen jereden Kanadali alim. D.Blek Qitay arxantropin tabadi. Ol ilimde Sinantrop (latinsha-sina-qitay, qitay adami) dep ataladi. Sinantroplardin` bas miy qutisinn` ko`lemi 915-1225 $sm^3$ bolg`an, (ha`zirgi adamlardin` bas miy qutisinin` ko`lemi 1400-1450 $sm^3$). Bunnan 400-500 min` jil burin jasag`an sinantroplarda eki ayag`inda tiklenip ju`rip tastan miynet qurallarin islegen. Olar, pitekantroplarg`a qarag`anda bir qansha rawajlang`an, shaqqan bolg`an. Sinantroplar ottan paydalaniwdi bilgen. Biraq, adamlardin` otti qashan ha`m qalay payda etkenin aytiw qiyin. Olduvey taw u`n`girlerinde jasag`an adamlardin` qonis orinlarinan ottin` qaldig`i tabilg`an joq, biraq, arxantroplar nayzag`aydan, Vulkan atilg`anda payda bolg`an otlardan paydalang`an. Sinantroplar jabayi haywanlarg`a an`shiliq etip, olardin` go`shin otqa pisirip jegen, ten`iz molekulalarin uslap awqatlang`an. 1907 jili Germaniyanin` Geydel`berg degen jerinde arxantroplardin` su`yek qaldiqlari ha`m miynet qurallari tabildi. Arxantroplardin` su`yek ha`m miynet qurallari Evropadag`i Frantsiya, Vengriyanin`, Budapesht qala janinan, Chexiya, Qitay, Afrika jerlerinde tabilip izerlenedi. Biraq, arxantroplardin` tastan islengen miynet qurallari, olardin` su`yek qaldiqlari ele Amerika ha`m Avstraliya jerlerinen tabilg`an joq. Sog`an qarag`anda, bul materiklerde adamg`a usas maymillardin` jasawina qolayli ta`biyiy jag`daylar bolmag`an boliwi kerek. Son`g`i jillari, Aziya, Afrika ha`m Evropanin` ko`plegen aymaqlarinan arxantroplar jasag`an menen jaylar tabilip izertlendi. Arxantroplardan keyingi da`wirde jasag`anlarda a`yyemgi adamlar dep atalip, olar b.e.sh. 100-50 min` jil burin o`mir su`redi. A`yyemgi adamlardin` miynet qurallari, su`yek qaldiqlari 1948-1964 jillari Ispaniyadag`i Gibraltar bug`azi janinan 1970 jili Germaniyanin` Neandertal` degen u`n`girinen tabilip ol neandertal` dep ataladi. Neandertal` adamlardin` XX a`sirdin` 80-jillari Afrikadan, Orta jer ten`iz jag`alarinan Orayliq Aziya, jaqin ha`m orta shig`is ellerinen, Qara ten`iz jag`alarinan, Shig`is Evropa ha`m Aziya ellerinin` aymaqlarinan tabildi.

Neandertal`lerdin` sirtqi kelbeti ha`m oylawi ele jaqsi jetilispey, olarda maymillarg`a ta`n belgiler saqlansada, neandertal` ler arxantroplardan bir qansha uzaqlasip ha`zirgi tu`rdegi adamlarg`a usaslig`i bayqaladi. Olar fizikaliq jaqtan o`sken, qariwli, boyi ortasha 165-170 sm bolip, taslardan a`piwayi ha`r qiyli miynet qurallarin islegen. Orta tas da`wirinde, adamlarg`a usas maymillar tastan miynet qural islewdi ja`nede jetistiredi ha`m ha`zirgi tu`rdegi adamlarg`a aylana

baslaydi. Usi da`wirde, adamlarda evrapeod, negroid, mangoloid bolg`an da`slepki belgiler kelip shig`adi.

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. Neolit, Eneolit degende neni tu`sinesiz?
2. Faraonlar tariyxı haqqında nelerdi bilesiz?
3. Ashlin patshalıq da`wiri I-II dinastiya haqqında teren`irek mag`lıwmatlar u`yrenin`.

**A`debiyatlar**


1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6. M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.


## Lektsiya №2

## URIWLIQ DU’ZIM

**Joba:**

1. Son’g’i paleolit dawiri adamlarinin’ miynet qurallari, xojalig’, ta’biyiy sharayati.
2. Uriwdin payda boliwi. Matriarxat da’wirinde meziolit, neolit adamlari.
3. Eneolit. Qola a’siri. Diyxanshiliq ha’m sharwashiliqtin’ rawajlaniwi. Patriarxat.
4. Uriwliq du’zimnin’ qulawi, ma’mlekettin’ payda boliwi.

***Tayanish tu`sinikler:*** A’yyemgi ha’m orta paleolit dawiri. Geografiyalik jagdayi. Adam miynet xizmetleri. Taslarda qayta islew. An’shilik. Teriushilik ottan paydalaniw. Jer ustinde u’y jaylar. Kollektivlik miynet. Neolit asirinin tabiyiy jagdaylari. Anshilik. Terimshilik xojaliktin ozgeriu formasi. Diyxanshilik. Sharuashilik. Gulal idislardin payda boliwi.

Adamlar payda bolg`annan baslap, olar u`zliksiz miynet etip, miynet qurallarin jetistirip baradi. Arxeolog alimlar, adamlardin` qaldirg`an materialliq ma`deniyattin` u`yrenip, adamzat ja`miyetinin` tariyxin to`rt tariyxiy da`wirge bo`ledi.

Tas a`siri, Eneolit-mis-tas a`siri, Jez a`siri, Temir a`siri, Paleolitten keyingi mezeolit, yag`niy orta tas a`siri keledi. Mezeolitten b.e.sh. XVIII-VII min` jillarda o`z ishine aladi. Mezeolitten keyin, tas a`srinin` son`g`i basqishi, neolit yag`niy jan`a tas a`siri baslanadi. Neolit b.e.sh. VI-IV min`inshi jillardi o`z ishine aladi.

Neolit ha`m jez a`sirleri aralig`i eneolit-mis-tas a`siri dep ataladi. Ol b.e. shekemgi IV min`inshi jillardin` aqiri III min`inshi jillardin` ortasin o`z ishine aladi. Bunnan son` jez a`siri baslanadi. A`yyemgi ja`miyetlik du`zimnin` son`g`i basqishi jez a`siri b.e.sh. III min`inshi jallardi o`z ishine aladi. Bul da`wir a`yyemgi ja`miyetlik du`zimnin` qulawi, jeke menshiktin` ja`miyette sotsialliq ten`sizliktin` kelip shig`iwina ha`m ma`mlekettin` payda boliwina jag`day tuwg`izadi. Jezden keyin, erte temir a`siri baslanadi. Erte temir da`wirinde, Orayliq Aziya ha`m og`an qon`si jerler jeke menshik, sotsialliq toaprlar ha`m ma`mleket kelip shig`adi ha`m rawajlanadi. Erte temir a`siri b.e.sh. VIII-V a`sirlerdi o`z ishine aladi.

Arxeologiyaliq qazi izertlenip tabilg`an buyimlarg`a qarap, a`yyemgi ja`miyetlik du`zim, ruwshiliq, al ruwshiliq o`z na`wbetinde analiq ruw, ataliq ruw bolip ekige bo`linedi.

Sharwashiliqti birinshi ma`rtebe hayallar ashqan. An`shiliq waqtinda tiriley qolg`a tu`sken haywanlardin` balalarin hayallar ta`rbiyalay basladi. Ja`ma`a`tte u`y haywani payda boldi, sharwashiliq xojalig`ina da`slepki ka`demler taslandi.

Diyxanshiliqtin` payda boliwinda da hayallar negizgi roldi oynadi. Hayallar jabayi masaqli o`simliklerdin` da`nin jiynap ruw ja`ma`a`ti ma`kanina alip kelgennen keyin olardi tu`yeklep jenshiw, tazalaw protsessinde ja`ma`a`ttin` u`ylerinin` aynalasinda biyiqtiyar to`gilgen da`nlerden o`nim shig`ip atirg`an ko`gisliklerdi sezbewi mu`mkin emes edi. Sol sebepli diyxanshiliqqa qaray qoyilg`an birinshi qa`dem da`slep ja`ma`a`t baspanalari a`tirapinda ko`gerip shiqqan da`n eginlerin abaylap ta`rbiyalawdan baslandi.

B.e.sh. X-VIII a`sirler a`yyemgi shig`is sharwalarinin` turmisinda tu`pkilikli sotsial-a`konomikaliq o`zgerisler ju`z bergen da`wir bolip, olar qiyralip baratirg`an alg`ashqi ja`ma`a`t jerinde mu`lk ten`sizligi, klassliq qatlamlasiw protsessinin` jedelleskenliginen derek beredi. Erte temir da`wirine ta`n qa`siyetler bolsa, bul protsessti tezlestirdi. a`yyemgi shig`is sharayatinda erte temir da`wiri b.e.sh. I m.j. birinshi yarimina tuwra keledi. Bul da`wirde alg`ashqi ja`ma`a`t sistemasi o`zinin` aqirg`i basqishin o`tpekte edi.  O`ndiriste birinshi ma`rtebe temirden shiyki zat sipatinda paydalanilip,  miynet qurallari islep shig`arila basladi. Temirdin` o`ndiriste qollaniliwi alg`ashqi ja`ma`a`t tariyxinda u`lken texnikaliq revolyutsiya boldi.

Temir sharwashiliqti diyxanshiliqtan u`zil-kesil bo`lekledi, jeke menshik mu`lkin bekkemledi, klassliq ja`miyetti keltirip shig`ardi. Temirdin` o`ndiriske ken`irek qollaniliwi sebepli xojaliqta ekinshi  miynet bo`listiriwin ju`zege keltirdi, yag`niy o`nermentshilik diyxanshiliqtan bo`linip shiqti. O`nermentshiliktin` bir qatar tarawlarinda  qa`niygelesiwdin` payda boliwi na`tiyjesinde ertedegi sha`ha`rlerdin` belgileri sipatinda bazar payda boldi. Ja`miyettin` sotsial-ekonomikaliq turmisinda  ken` ko`lemdegi tovar almasiwi ju`z berdi. Onin` aqibeti sipatinda ayirim adamlardin` qolinda tez ra`wishte bayliqlar toplana berdi. Temirdin` o`ndiriske ken` ko`lemde kirip keliwi sebepli jerge jeke iyelik etiw kelip shiqti. O`ndiriwshi xojaliqtin` payda boliwi ha`m rawajlaniwi  ma`mleketshiliktin` kelip shig`iwina alip keldi.

A`yyemgi zamanlarda bir ata-anadan tarqalg`an tuwg`an-tuwisqanlardin` ja`mlesiwi na`tiyjesinde qa`liplesken ja`ma`a`t **uriw** dep ataladi. Tirishilik ta`shiwishi ha`m sirtqi dushpanlardan saqlaniw ushin adamlardin` tuwg`an-tuwisqanliqqa tiykarlang`an birlesiwin ma`jbu`r etken.

**Qa`wim** tuwg`an-tuwisqanliq, millet dinles bir neshe uriwdin` ja`mlesiwi, sonday-aq bir uriw ta`biyiy tu`rde ko`beyip a`tirapindag`i uriwlardi boysindirip, o`z quramina sin`dirip jiberiw aqibetinde qa`wim retinde qa`liplesken boliwi mu`mkin.

Qa`wimnin` uriwdan tiykarg`i parqi, ol uriwlarg`a bo`liniwden basqa o`z aymag`i qa`wimlik tiline, qa`wim ken`esine ha`m a`skeriy baslig`ina iye bolg`an. Qa`wimler adamlardin` awshiliq ha`m ko`shpeli sharwashiliq penen birge diyxanshiliq ha`m a`yyemgi temirshilikke o`te baslag`an gezlerinde payda bola baslag`an. Aqil jag`inan bo`liniwshilik mu`lkiy bo`liniwshilikke alip kelgen. Adamzat ja`miyetinde ba`rqulla sonday bolg`an ha`m bunnan keyinde sonday boladi.

**Elat** atamasi, en` a`weli, qa`wimler birlespesi, adamlardin` til, aymaq, ekonomikaliq ha`m ma`deniy jaqtan tariyxiy qarar tapqan birligin bildiredi. Elattin` kelip shig`iwina bir-birine ko`p jag`inan jaqin bir neshe qa`wimlerdin` ja`mlesiwi tiykar bolg`an. Adamlardin` elat-elat bolip, bir aymaqta jasawlari, olar arasindag`i tuwg`an-tuwisqanliq uliwma ma`pdarliq sezimlerin ku`sheyttirgen. Uliwma ma`pdarliq u`les ha`m oni qorg`aw waziypasi ma`mleketti payda etken.

Elat bolip qa`liplesiwdin` bir neshe belgileri bolg`an ha`m ha`zirde sonday. Til jag`inan bir yamasa o`z-ara jaqin qa`wimlerdin` ja`mlesiwi elat boliwdin` tiykarg`i belgisi. Bir qa`wimnin` basqasi ta`repinen jawlap aliniwi na`tiyjesinde bir neshe qa`wim aralasip, elat payda bolg`an.

1926-jili o`tkizilgen Pu`tkil awqamliq haliqtin` esabin aliwdin` juwmag`inda buring`i awqamda 230 dan artiq milletler ha`m elat jasaydi delinse, 1959-jilg`i haliqtin` esabin aliwda bul 129 g`a azayg`an. Demek, 100 den artiq elat, tiykarinan kem sanli haliqlar o`z milliyligin jog`altip, ko`p sanli haliqtin` mug`darin asirg`an.

**Haliq** atamasina filosofiyaliq jaqtan na`zer awdarsaq onin` ta`riypi bunday. tariyxtin` ha`mme basqishlarinda ja`miyet waziypalarin sheshiwge tayar, jurt jumisina jaramli ha`m qa`biletli qatlam, sotsialliq birlik, tariyxtin` do`retiwshisi.

**Millet** adamlardin` tig`iz tariyxiy birligi, uliwma ekonomikaliq turmis, til, aymaq birligi, ma`deniyat, sana, ruwxiy ja`mlesiwi demekdur.

**Ma`mleket** - ja`miyettin` siyasiy sistemasinin` tiykarg`i instituti bolip, ja`miyetti basqariwdi a`melge asiradi

**Ma`mleketshilik** - ma`mlekettin`, eldin` tariyxiy rawajlaniw barisinda o`zinin` jan`adan ma`mleketti du`ze alg`an yamasa bir qansha sebepler menen g`a`rezsizlik awhalg`a duwshar bolip jog`altip alg`an buring`i ma`mleketin qaytadan tikley alg`an ayriqsha belgi boladi. Ma`mleketshilik- ja`miyettin` tek baylig`i ha`m onin` rawajlaniwinin` ko`rsetkishi g`ana emes, sonday-aq ol milliy ideologiyada ruwxiy qa`driyatlarda, elde ma`mlekettin` rawajlaniwina, oni qorg`awg`a bag`darlaytug`in ja`miyetlik siyasiy ha`m ma`deniy orientatsiya, ja`miyettin` siyasiy

sho`lkemlesiwinin` jetistiriliwi bolip tabiladi. Ma`mleketshiliktin` o`zine ta`n simvolikaliq belgileri ra`smiy ma`mleketlik tilde yamasa tillerdin` paydaliniwi, emblematikasinin` (gerb, gimn, jalaw) boliwi ha`m ja`miyetti ma`mleketlik siyasiy sho`lkemlestiriwinin` o`zine ta`n spetsifikaliq formalarin du`ziwi bolip tabiladi

### *Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar*

1. Alg`ashqi topar payda boliwi.
2. Adamnin` kelip shig`iwi.
3. Erte Palialit, ashel da`wiri.
4. Ruwdin` payda boliwi.
5. Eneolit, bronza a`siri miynetinin` bo`listiriliwi.
6. Temir da`wirinin` baslaniwi.
7. Klasslardin` qa`liplesiwi.
8. Alg`ashqi ma`deniyat.

### A`debiyatlar


1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.

2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.

3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.

4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.

5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.

6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.

7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.

8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.

## Lektsiya №3

## A'YYEMGI SHIG'IS ELLERININ' TARIYXI. MESOPOTAMIYA (EKI DAR`YA ARALIG'I) ELLERININ' EN' A`YYEMGI TARIYXI

***Joba:***

1. A`yyemgi Mesopotamiya (eki da`r`ya aralig`i).
2. Mesopotamiyanin` a`yyemgi tariyxi boyinsha derekler.
3. A`yyemgi Mesopotamiya istoriografiyasi.
4. En` a`yyemgi Mesopotamiyada klassliq ja`miyettin` qa`liplesiwi.
5. Mesopotamiyada orayliq ma`mlekettin` du`ziliwi.

***Tayanish tu`sinikler:*** A`yyemgi Mesopotamiyanin` geografiyaliq ortalig`i, onin` tariyxi boyinsha derekleri, istoriografiyasi. Mesopotamiyada klassliq ja`miyettin` qa`liplesiwi. A`yyemgi Shumerdin` qala ma`mleketleri ha`m Mesopotamiyada orayliq ma`mlekettin` du`ziliwi. Akkad ma`mleketi ha`m Urdin` III dinastiyasi. Mesopotamiyada, b.e.sh. 2 min` jilliqta Vavilon u`stemligi.

Arqadag`i Armeniya tawlarinan qubladag`i Persiya qoltig`ina shekem, Shig`istag`i Irannin` tawli oblast`larinan batistag`i Siriya-Mesopotamiya dalalarina shekem ken` aymaq jaylasqan. Ol a`yyemgi grek geograflari ta`repinen *Mesopotamiya* dep atalg`an. Qaraqalpaq tiline awdarg`anda *«Eki da`r`ya aralig`i - Efrat ha`m Tigr da`r`yalari aralig`i»* degen ma`nisti an`latadi.

Uzinlig`i 2700 km bolg`an Efrat (Shumerlerde-Buranun, akkadlarda-Puratut) ha`m uzinlig`i 1900 km bolg`an Tigr (shumerlerde-Idigna, akkadlarda-Idiklat) Armyan u`stirtinen baslanip, Persiya qoltig`ina quyadi. Mesopotamiya turg`inlari sheber irrigatorlar bolg`an. Arqada iqlimi kontinentalli, qublada hawa rayi issi ha`m qurg`aq bolg`an. Florasi jarli, faunasi bay bolg`an.

Mesopotamiya Jaqin Shig`istin` orayinda jaylasqan, sonin` ushin ol Aldin`g`i Aziya sawdasinda jetekshi rol` oynag`an.

Birinshi turg`inlar paleolit da`wirinde payda bolg`an. Neolit da`wirinde qonislasiw protsesi tezletilgen pa`t penen ju`rgizilgen, da`r`ya oypatina tawli ha`m taw eteginde jasawshi turaqli turmisqa o`tip, olar diyxanshiliq, mal-sharwashilig`i, o`nermentlik penen shug`illana baslag`an. Birinshi turg`inlar b.e.sh. VII-VI min` jilliqlar dawaminda Tigr ha`m Efrat oypatlig`in ken`nen o`zlestirgen.

*Xassun ha`m xalaf ma`deniyati*. IV min` jilliqtin` basinda ha`m V min` jilliqta birinshi turg`inlar payda boladi. (El`-Ubeyd, shumerlerden buring`i xaliqlar). B.e.sh. IV min` jilliqta birinshi shumerler turar jerleri, olardin` tili payda boladi.

B.e.sh. III min` jilliqtan baslap Mesopotamiyanin` arqa ta`repinde semitler jasaydi. Olar a`yyemgi Aldin`g`i Aziya, Siriya dalalari ha`m Arabiyanin` sharwa qa`wimleri edi. Tigr ha`m Efrat oypatlig`inda jaylasqan semit qa`wimlerinin` tilin akkadlar tili dep atag`an. Tu`slik Mesopotamiyada semitler Vavilon dialektinde, ol arqada Tigr oypatinin` orta ta`repinde **-** assiriy dialektinde so`ylegen.

A`yyemgi zamanlardan baslap Mesopotamiyanin` arqa ta`repinde hurritler qa`wimleri jasag`an. Olar o`zinin` Mitaniy ma`mleketin du`zgen. Olar tili ha`m kelip shig`iwi boyinsha Armyan u`stirtinde jasawshi Urartu qa`wimlerinin` jaqin tuwisqanlari bolg`an.

B.e.sh. III min` jilliqtan baslap Arqa-Shig`is Mesopotamiyada yarim ko`shpeli kutiy (yaki tutiy) qa`wimleri jasag`an. Olardin` tili xurritler tiline ju`da` jaqin bolg`an. B.e.sh. XXIII a`sirdin` aqirina kutitler Mesopotamiyag`a basip kiredi ha`m ju`z jil dawaminda ol jerde hu`kim su`redi.

A`yyemgi zamannan baslap kassitler Irannin` arqa-batisinda, elamitlerden arqaraqta jasag`an. B.e.sh. II min` jilliqtin` ekinshi yariminda kassit qa`wimlerinin` bir bo`legi Diali da`r`yasi oypatinda jaylasip aladi, ha`r jaqtan Mesopotamiya ma`mleketlerinin` birin-Vavilon ma`mleketin basip aladi ha`m ol jerde kassitler dinastiyasin ornatadi.

B.e.sh. II min` jilliqtin` ekinshi yariminda aramey qa`wimlerinin` u`lken topari Arqa Mesopotamiyag`a qaray bag`dar aladi. B.e.sh. V min` jilliqtin` basina kelip, olar Siriya ha`m Arqa Mesopotamiyanin` xurritler ha`m aramey xaliqlari arasina tolig`i menen sin`ip ketti. Aramey xalqinin` tilinin` ko`p sanlig`i ha`m jen`il u`yreniliwi aramey tilinin` usi aymaqta ju`da` ken` taraliwina alip keldi. Persiya Vavilondi basip alg`annan keyin b.e.sh. VI a`sirde aramey tili **-** bul eldin` ma`mleketlik kantselyariyasinin` ra`smiy tiline aylanadi.

B.e.sh. VII min` jilliqtan IV min` jilliqqa shekem Mesopotamiya aymag`inda alg`ashqi-qa`wimlik du`zimnin` idirawi ha`m klassliq ja`miyettin` payda boliw protsesi ju`z beredi.

B.e.sh. III min` jilliqta eldin` qubla ta`repinde, Shumer tariyxiy oblastinda da`slepki kishi ma`mleketler payda boladi. B.e.sh. III min` jilliqtin` birinshi yarimi erte dinastiyaliq da`wir dep ataladi. B.e.sh. XXIV-XXII a`sirleri siyasiy oray Mesopotamiyanin` orayliq aymag`ina awadi. Bul jerde Akkad ma`mleketi payda boladi, ol o`z ha`kimiyati astina Shumer ha`m Mesopotamiyanin` arqa oblast`larin biriktiredi. Mesopotamiyadag`i gegemoniya Akkad patshalig`inan Shumer-Akkad patshalig`ina o`tedi. Onin` orayi qubladag`i Ure qalasi boladi. Onin` tariyxi b.e.sh. III min` jilliqta tamamlanadi.

B.e.sh. II min` jilliqta Vavilon patshalig`i bolg`an.

| | |
|---|---|
| ***Vavilon patshalig`i tariyxinin` da`wirlerge bo`liniwi*** | • eski Vavilon da`wiri (b.e.sh. XIX-XVI a`sirler);<br>• Orta Vavilon yamasa kassitler da`wiri (b.e.sh. XVI-XII a`sirler);<br>• Vavilonnin` siyasiy ha`lsirewi ha`m g`a`rezsizlik ushin gu`resiw da`wiri (b.e.sh. VII-VI a`sirler), ol eldi Persiya basip aliwi menen juwmaqlanadi. |

B.e.sh. XVI-XIII a`sirleri Arqa Mesopotamiyanin` batis ta`repinde Mitaniy ma`mleketi u`lken rol` oynaydi.

Onin` shig`is ta`repinde b.e.sh. III min` jilliqta Assiriya ma`mleketi payda boladi. Paytaxti-Ashshur qalasi. Assiriya ma`mleketinin` tariyxi u`sh da`wirge bo`linedi:

| | |
|---|---|
| ***Assiriya ma`mleketinin` tariyxi da`wirlerge bo`liniwi*** | • eski Assiriya da`wiri (b.e.sh. XX-XVI a`sirler);<br>• orta Assiriya da`wiri (b.e.sh. XV-XI a`sirler);<br>• jan`a Assiriya da`wiri (b.e.sh. X-VII a`sirler). Bul son`g`i da`wirde Assiriya ju`da` u`lken, Jaqin Shig`istin` derlik barlig`in ishine qamtig`an ulli ma`mleketke aylanadi, b.e.sh. VII a`sirde bul ma`mleket qulaydi. |

## Mesopotamiyanin` a`yyemgi tariyxi boyinsha derekler.

Materialliq ma`deniyat estelikleri, jazba hu`jjetler, fol`klor shig`armalari, antik avtorlarinin` miynetleri A`yyemgi Mesopotamiya tariyxi boyinsha tiykarg`i derekler bolip tabiladi.

En` a`yyemgi turar jerlerdi qazg`anda tabilg`an zatlar, Mesopotamiyanin` erte tariyxi haqqinda u`lken bay mag`liwmatqa iye. Ol waqitlari jazba derekler bolmag`an.

Keyingi da`wirdegi jazba derekler bir neshe tu`rlerge: xojaliq, yuridikaliq, diplomatiyaliq hu`jjetler ha`m tariyxiy sipattag`i tastag`i jaziwlarg`a bo`linedi.

Mesopotamiya qalalarin qazg`anda tabilg`an xojaliq hu`jjetleri eldin` ekonomikasi ha`m sotsialliq qatnasiqlari haqqinda bay material bolip tabiladi. (Uruk ha`m Djelet-Na'sirdan 1000 tas taqtayshalari, gasurdan Shan (in)a menen 200 hu`jjetler, Ku`ltepeden 10000 kesteler, Arapxanadan 4000 tas taqtayshalar, Nippur, Vavilon, Barsippa, Sippara ha`m Uradan Shan (in)a menen 10000 hu`jjetler). Olar A`yyemgi Mesopotamiyanin` ha`r qiyli da`wirlerine tiyisli.

Yuridikaliq estelikler, atap aytqanda, nizamlar jiynag`i Mesopotamiya tariyxi boyinsha a`hmiyetli derekler bolip tabiladi. Olar da Mesopotamiya tariyxinin` ha`r qiyli da`wirlerine tiyisli. Ma`selen, en` a`yyemgi Ura-Nammu nizamlari b.e.sh. III min` jilliqtin` aqirina tiyisli. Enshunda tabilg`an nizamlar (59-stat`ya) b.e.sh. XX a`sirge tiyisli. Parsi ha`m Isinde tabilg`an nizamlar (40-stat`ya) b.e.sh. II min` jilliqtin` basina tiyisli. Kirisiwden, 282 stat`yadan ibarat tiykarg`i bo`limnen ha`m juwmaqtan turatug`in Vavilon patshasi Xammurapidin` (b.e.sh. XVIII a`sir) nizamlari en` u`lken nizamlar jiynag`i bolip tabiladi. Nizamlar jiynag`i izertlewshiler ushin bay materialdi quraydi. Olardin` tiykarinda Mesopotamiya ma`mleketleri ekonomikasin, menshik qatnasiqlarin qayta tiklewge boladi, olardan tariyxtin` ha`r qiyli da`wirlerindegi ja`miyettin` sotsialliq du`zilisin ha`m onin` ishindegi qatnasiqlarinin` siyasiy du`zilisinin` uliwma belgilerin ko`riwge boladi.

Olar a`lbette, u`stem klass ma`plerin qorg`awg`a bag`darlang`an.

Eki tsilindr formasindag`i tastan islengen diplomatiyaliq hu`jjetler b.e.sh. III min` jilliqqa tiyisli.

Akkad patshalari Naram-Suen ha`m Elam arasinda du`zilgen kelisim b.e.sh. XXIII jilg`a tiyisli.

Mari Zimirilla patsha sarayi qazilg`anda tabilg`an diplomatiyaliq arxiv b.e.sh. II min` jilliqtin` basina tiyisli.

A`yyemgi Misr aymag`inda tabilg`an diplomatiyaliq El`-Amarn arxivi b.e.sh. II jilliqtag`i Mesopotamiya ma`mleketleri tariyxi ha`m usi da`wirdegi xaliq araliq qatnasiqlari ushin ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Onin` ishinde Assiriya ha`m Vavilon patshalarinin` Misr faraonlari Amenxoten III ha`m Exnatong`a jazg`an xatlari bar.

Assiriya patshalari o`zlerine g`a`rezli ma`mleketler menen du`zgen sha`rtnamalari b.e.sh. V min` jilliqtag`i xaliq araliq kelisimler ishinde ilayiqli orin tutadi.

Shumer, Akkad, Vavilon, Assiriya ha`m Mesopotamiyanin` basqa ma`mleketleri patshalarinin` tariyxiy jaziwlari a`hmiyetli derekler bolip tabiladi.

Xramlar saling`anda, qudaylar statuyalari tayarlang`anda, quday ha`m patshalarg`a arnalg`an gimnler jazilg`anda qollanilg`an patshalardin` siyiniw jaziwlari da u`lken a`hmiyetke iye.

Assiriya patshalarinin` saray arxivlerinde patshalar xat alisiwilari boyinsha saqlanip qalg`an ko`plegen bahali materiallar bar (Nineva sarayinda b.e.sh. VIII-VII a`sirlerge tiyisli 5 min`nan aslam xatlar tabilg`an).

Shumer, Vavilon, Assiriya da`wirlerine tiyisli patsha dizimleri tabilg`an. (Ura dinastiyasi tusinda b.e.sh. XXII a`sirde du`zilgen «Shumer patshaliq dizimi») Joqarg`i ha`meldarlardin` Assiriya dizimi **-** «mimu» b.e.sh. 911-648 jj.) ha`m patsha dizimleri (b.e.sh. II min` jilliqtin` basinan VII a`sirdin` aqirina shekem) Assiriya tariyxi jilnamasin (VII a`sirdin` aqirina shekem) aniqlaw ushin ju`da` bahali hu`jjetler bolip tabiladi. Olarda Ku`n tutiliwinin` aniq mu`ddeti ushirasadi **-** b.e.sh. 763 jil 15-iyun`. Sonin` ushin bul jilnamanin` bekkem tiykari bar dep esaplawg`a boladi. B.e.sh. XVI a`sirden IX a`sirge shekemgi Assiriya-Vavilon o`z-ara qatnasiqlarin bayanlawshi *«Sinxron tariyxi», «Persiya patshasi Kirdin` Jan`a Vavilon patshalig`in basip aliwi haqqinda so`z etetug`in «Vavilon xronikasi»* saqlanip qalg`an.

Patsha jaziwlari menen bir qatarda, usi tariyxiy shig`armalar A`yyemgi Mesopotamiya tariyxin qayta tiklewde ju`da` bekkem tiykar bolip tabiladi.

Bul dereklerden basqa awizeki xaliq do`retpeleri, yag`niy epikaliq poemalar bar, ma`selen, «Gil`gamesh ha`m Aga» shumer poemasi. Og`an Keshtin` gegemoniyasinan Urukti azat etiw ushin gu`res ha`m en` a`yyemgi Uruktin` siyasiy du`zimi haqqinda bolg`an waqiyalar kirgen.

Mesopotamiya tariyxi boyinsha en` a`hmiyetli sirt eller dereklerinin` qatarina Bibliyani atap o`tiw kerek.

Antik avtorlari Mesopotamiya ta`biyati ko`rinislerin iqlimnin` o`zgesheliklerin, xaliq da`stu`rlerin, diniy inanimlardi, ma`deniyat jetiskenliklerin ko`rsetken, tariyx haqqinda eske tu`siriwler qaldirg`an.

Grek tariyxshisi Gerodottin` (b.e.sh. V a`sir) miynetlerinde A`yyemgi Mesopotamiya haqqinda ju`da` bahali mag`liwmatlar berilgen. Gerodot usi el boylap sayaxat jasag`an, o`zinin` miynetinde an`izlardan puxta paydalang`an, ruxaniyler ha`m dilmashlardin` gu`rrin`lerin keltirgen.

Ja`ne bir avtor Ktesiy Kindskiy 22 kitaptan ibarat «Persiya tariyxin» jazg`an, onda Mesopotamiya tariyxina anag`urlim orin ajiratilg`an.

Grek avtori Ksenofont (b.e.sh. V-VI a`sirleri) Mesopotamiyada saparda bolg`an, «Kirapefiya» ha`m «Anabasis» shig`armalarin jazg`an, olarda Tigr ha`m Efrat oypatin, xaliqlardi ha`m da`stu`rlerdi su`wretlegen.

Strabonnin` «Geografiyasi» Mesopotamiya haqqinda ju`da` bay mag`liwmatlar deregi bolip tabiladi.

Bul avtorlardan basqa, Iosif Flaviy ha`m Pompey Trog miynetlerin atap o`tiwge boladi, olarda Vavilon Mesopotamiya haqqinda mag`liwmatlar berilgen.

***Tariyxiy shaxslardin` atlarin bilip alin`***

| |
|---|
| ***Gerodot –*** b.e.sh. V a`sirde jasag`an antik avtori. Oni «Tariyx atasi» dep te ataydi, onin` «Tariyx» shig`armasi du`n`yag`a belgili. |
| ***Ksenofont –*** grek tariyxshisi, belgili «Aleksandr Anabasisi» miyneti menen belgili. |
| ***Strabon –*** b.e.sh. **V–I** a`sirde o`mir su`rgen ilimpaz geograf, ol «Gegrafiya» miyneti menen tanilg`an. |

**A`yyemgi Mesopotamiya istoriografiyasi**

Mesopotamiyanin` a`yyemgi derekleri menen birinshi bolip sayaxatshilar Veniamin Gudel`skiy XVII a`sirde, daniyali ilimpaz K.Nibur (Persiya patshalarinin` jaziwlarinan ko`shirmeler alg`an) tanisqan.

1802 jili nemets filosofiya mug`allimi G.F.Grotefend Perseopol`den tabilg`an klinopis`ti awdarg`an. Ol axeminidler dinastiyasin aniqlag`an, Dariy, Kserks, Vispat patshalari atlarin aniqlag`an ha`m oqig`an.

Anglichan G.Rauminson klinopis`ler shifrlarin oqiwg`a u`lken u`les qosti. Ol Irandag`i Xamadan qasinda tabilg`an Bexistun jarindag`i Persiya patshasi Dariy V ju`da` u`lken jaziwlarin u`yrendi.

Klinopis` shifrlarin oqiwdag`i tabislar assirologiya dep atalg`an izertlewlerdin` jan`a tarawinin` payda boliwina alip keldi.

Ha`zirgi waqitta assirologiyadan jan`a tarawlar bo`linip shig`ip atir: shumerologiya, elamitologiya, urartologiya ha`m xettologiya.

Mesopotamiyada arxeologiyaliq qaziwlar XIX a`sirdin` ortasinda baslanadi, da`slep olar a`yyemgi estelikler izlew menen qiziqsing`an ha`weskerler ta`repinen ju`rgizilgen. Mesopotamiyanin` a`yyemgi qalalarin birinshi bolip 1842 jili frantsuz ilimpazi E.P.Botli ashqan. Ol Ku`yinchik ha`m Xorsabad awilin qazg`an. Bul awil Assiriya patshasi Sargon II nin` rezidentsiyasi - Dur-Sharruxin qalasi bolg`an.

1854-1847 jillari anglichan diplomati G.A.Leyerd Assiriya qalasi Kal`ku ha`m Ku`yinchik to`beshigin qazadi. Ol Nineviya qulandilarin, sonin` ishinde b.e.sh. VII a`sirdegi Sinaxxerib patsha sarayin ha`m onin` aqlig`i Ashshurbanipaldin` «Tas kitaplarg`a toli» kitapxanasin ashadi. Leyerdtin` ka`siplesi O.Rassom ta`repinen bahali ashiliwlar islendi. Ol Assiriya patshasi Ashshurbanipal sarayin tabadi. Bul sarayda an` ha`m a`skeriy ko`rinisler rel`efli su`wretlengen. Sonday-aq ol A`yyemgi Sippara qalasin ol jerdegi ku`n qudayi Shalashtin` xramin ashadi. Sonday-aq oqiw qurallari menen qosa mektep, ha`r qiyli hu`jjetler tabiladi.

Anglichan geologi V.Loftus Mesopotamiyanin` a`yyemgi qalalarin ashiwg`a salmaqli u`les qosti. Ol xramlari, xram kitapxanasinda saqlang`an hu`jjetleri menen qosa a`yyemgi Uruk qalasin, quday xrami, is ha`m mektep hu`jjetleri menen qosa Larsu qalasin ashqan.

1854 jili anglichan diplomati Dj.Teyler Ur qalasin, El`-Ubeyd ha`m Erdu awillarin ashqan.

1888 jili Dj.Peters basshilig`indag`i Amerika arxeologiyaliq ekspeditsiyasi A`yyemgi Nippurdi ashqan. Ol jerde uliwma shumer qudayi Ellil xraminin` qaldiqlari, 60 min` tas taqtayshalarina iye ju`da` u`lken xram kitapxanasi, xramnin` xojaliq qurilislari, saray, mektep, bag`dar, turaq jaylar, is hu`jjetlerinin` ju`da` u`lken arxivi tabilg`an.

XX a`sirdin` basinda R.Kol`devan basshilig`indag`i nemets ekspeditsiyasi A`yyemgi Vavilondi ashqan. Bul jerde minarlari menen qorg`an diywallari, patsha Navuxodonosor II nin` sarayi, Marduk qudayinin` xrami tabilg`an.

1903-1914 jillari nemets arxeologi V.Andrey a`hmiyetli ashiwlar islegen. Ol en` a`yyemgi Assiriya paytaxtin Ashshur qalasin ashqan. Bul jerde patsha saraylarinin` qulandilari, joqarg`i Assiriya qudayi Ashshurdin` xrami, patsha qa`birleri, qala turaq jaylari ha`m ko`sheleri tabilg`an.

1933-1939 jillari frantsuz arxeologi A.Parro-Mari qalasin qazg`an. Na`tiyjede 20 min`nan aslam xojaliq ha`m diplomatiyaliq hu`jjetleri menen qosa b.e.sh. II min` jilliqlarda Mari patshasi Zimprilim salg`an ju`da` u`lken saray ashildi.

1922-1934 jillari L.Vulli basshilig`indag`i ingliz arxeologiyaliq ekspeditsiyasi A`yyemgi Ur qalasin (b.e.sh. IV a`sirden b.e. IV a`sirge shekem) sistemali tu`rde qazdi. Ay qudayi Nippar (Sin) ha`m onin` hayali Ningal` qudayina siyiniw menen baylanisli xramRlar, qimbat bahali buyimlarg`a toli qa`bir ha`m mazarlari menen qosa a`yyemgi patsha nekropoli, mektepler, ustaxanalar, turaq jaylar ha`m arxivler ashilg`an. Tutasi menen ekinshi jer ju`zilik uristan keyingi Mesopotamiya aymag`indag`i arxeologiyaliq izertlewler to`mendegiler menen sipatlanadi: birinshiden, sirt el arxeologlari menen bir qatarda qaziw jumislarina Irak ilimpaz-arxeologlar qatnasadi. Ekinshiden, burin qazilg`an esteliklerge qaytadan oraliw, u`shinshi sipatli belgisi-arxeologlardin` Mesopotamiyanin` a`yyemgi da`wirin, onnan buring`i tariyxin izertlew bolip tabiladi. (R.Soletskiy Shanidar turar jerinin` paleolit u`ngirlerin; R.Breydvux, S.Lloyd-Djarleo, Xasuk h.t.b. paleolit turar jerlerin ashqan).

Arxeologiyaliq qaziwlar na`tiyjesinde tabilg`an klinopis` hu`jjetlerinin` u`lken materiallarin ja`riyalaw sirt el assirilogiya ha`m shumerologiyasinda salmaqli orin tutadi. Shifrlardi oqiwshilardin` biri G.Raulinson bolg`an. Klinopis` kestelerin ja`riyalag`an K.Bergol`d, B.Maysner h.t.b. Siyasiy tariyx ha`m ma`mleketlik du`zilis ma`seleleri ju`da` belsene izertlenedi.

Sirt el alimlari A`yyemgi Mesopotamiyanin` ma`deniyat ha`m dini ma`selelerine ju`da` u`lken diqqat awdarip atir (K.Bergol`d, B.Maysner, F.Delichi, A.Parro, S.Kramer h.t.b.). Sirt el ilimpazlari ekonomika ha`m sotsial qatnasiqlar mashqalalarina onsha ko`p diqqat awdarmag`an. Belgili alim

P.V.Nikol`skiydi haqiyqatinda «rus assirologiyasinin` atasi» dep ataydi. Ol b.e.sh. III min` jilliqqa tiyisli 500 aslam xojaliq hu`jjetlerin izertlegen ha`m ja`riyalag`an. B.A.Turaev, I.V.Volkov, V.V.Shuleykolar da salmaqli u`les qosqan.

20-50 jillari akademikler N.M.Nikol`skiy A.I.Tyumenev, V.V.Struveler ko`p jumislar alip barg`an. Akademik V.V.Struve shig`istaniw ilimi rawajlaniwina u`lken u`les qosti, ol Mesopotamiyadag`i sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlar haqqinda juwmaq jasadi, a`yyemgi shig`is ja`miyetinin`, a`sirese III Ur dinastiyasi tusindag`i ja`miyettin` qul iyelewshilik sipati puxta izertlewler ju`rgizdi.

Rus assiriloglarinin` mektebi du`ziledi. Olardin` ishinde I.M.D`yakonov u`lken orin tutadi, ol A`yyemgi Mesopotamiyanin` sotsial-ekonomikaliq tariyxin izertleydi. Bunnan tisqari I.M.D`yakonov o`z izertlewlerinde A`yyemgi Mesopotamiya xaliqlari jaziwin ha`m tillerin u`yreniwge u`lken diqqat awdaradi, 50-70-jillarda rus assirilogiyasi ko`plegen ilimiy bag`darlardi islep shig`adi. Olardin` ishinde Mesopotamiyanin` sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlari mashqalasi bas orin tutadi (M.A.Dandamaeva).

Alg`ashqi qa`wim ja`miyetinen erte klassliq ja`miyetke o`tiw mashqalasi ken` arxeologiyaliq material tiykarinda sheshildi (V.M.Masson). Bunnan tisqari, rus alimlari A`yyemgi Mesopotamiya ma`deniyatin ha`m sotsialliq institutlarin izertlegen. Rus arxeologlari Irak aymag`inda qaziw jumislarin ju`rgizgen (Tell`-Sogda, Yarim Tepe V ha`m 11, R.M.Munchaev)

## En` a`yyemgi Mesopotamiya. Klassliq ja`miyettin` qa`liplesiwi. A`yyemgi SHumerdin` qala-ma`mleketleri.

En` a`yyemgi da`wirde tas a`siri an`shilarinin` turar jeri tawli rayonlarda, Mesopotamiyanin` arqa-shig`isinda ha`m Kurdistan (Shanidar) shegarasinda jaylasqan. Orta paleolit da`wirinde olar u`ngirlerde ha`m qoslarda jasag`an. B.e.sh. XI-VIII a`sirleri mezolit da`wirinde xaliq a`ste-aqirin diyxanshiliq ha`m sharwashiliq penen shug`illana baslaydi, tabilg`an zatlar bunin` da`liyli boladi (Zavi-Cheli-Shanidar, Karim Shaxir). B.e.sh. VII-VI min` jilliqlarda Djarmo ma`deniyati payda boladi. Xojaliqtin` eski formalari saqlanadi, adamlar otiriqli jasaydi, ha`r qiyli qurallar, haywanatlardin` ha`m hayallardin` totem statuetkalari payda boladi (hasildarliq simvoli, bezew zatlari, keramika h.t.b.).

B.e.sh. VI min` jilliqta bul aymaqta diyxanshiliq-sharwashiliq xojalig`i qa`liplesedi. Buni **Xassun** ma`deniyati estelikleri da`liylleydi. B.e.sh. V min` jilliqta Arqa Mesopotamiya turg`inlari turmisinda ku`shlerdin` rawajlaniwi ha`m qa`wimlerdin` keliwi menen baylanisli edi. Bul da`wirdin` sipatli belgileri menen aniq ko`ringen Tell`-Xalaf atamasi boyinsha rawajlaniwdin` usi da`wiri **Xalaf** ma`deniyati dep ataldi.

Sharwa xojalig`inda u`lken qara mal salmaqli orin tutqan, ha`r qiyli o`ndirisler tez rawajlang`an (Yarim Tepe II). B.e.sh. V a`sirdin` ekinshi yariminda IV a`sirdin` birinshi yariminda Tu`slik Mesopotamiyada Ubeyd ma`deniyati qa`liplesedi. (Urdin` qasindag`i El`-Ubeyd). Onin` suwg`ariw kanallarinin` sistemasi bolg`an sonin` menen birge o`nermentshilik rawajlang`an**.** Bul da`wirde Tu`slik Mesopotamiyada jan`a etnikaliq tolqin **-** jergilikli xaliq penen aralasip ketken shumerler qa`wimi payda boladi.

Uruk ma`deniyati (b.e.sh. IV min` jilliqtin` ekinshi yarimi) Shumer tsivilizatsiyasinin` tiykari saliniwi menen, klassliq ja`miyet ha`m ma`mlekettin` payda boliwi menen sipatlanadi. Suwg`arilatug`in diyxanshiliq barg`an sayin ko`p o`nim bere basladi. O`nermentshilik diyxanshiliqtan tez pa`t penen ajirala basladi. Gu`lalshiliq o`ndirisi arnawli tarawg`a bo`linip shig`adi. Tovar aylanisina tiykar salinadi, sirtqi ha`m ishki almasiw rawajlanadi. Awillar qalalarg`a aylanadi, olardin` orayinda xramlar salinadi. Freska, kolonna, mozaika menen bezelgen ju`da` u`lken xramlar eldin` ekonomikaliq potentsiali o`siwin aytqan sipatlaydi. Tsivilizatsiya payda boliwin 2-min` su`wretli belgilerden ibarat jaziwdin` payda boliwi juwmaqlaydi. Ja`miyettin` mu`lklik bo`liniwi ha`m sotsialliq differentsiatsiyasi tez pa`t penen ju`rgiziledi (qullar, ruwxaniyler (jretsler), g`a`rezli jumisshilar). Bul da`wirde Shumerde alg`ashqi ja`miyettin` ornina kelgen klassliq ja`miyet ha`m ma`mleket qa`liplesedi.

B.e.sh. III min` jilliqtin` basinda Mesopotamiya aymag`inda ko`plegen ha`r qiyli tillerde so`ylewshi xojaliqlar jasag`an, olardin` arasinda: qublada shumerler, Efrat ha`m Tigr oypatlig`inin` orta ta`repinde**-**Akkadlar, arqada**-**xurritler jasag`an. Bul da`wirde Shumerdin` qublasinda bir qatar qala-ma`mleketler **-** Eredu, Ur, Larsa, Uruk, Lagash, Umma, Isin, Nippa, Kish qalalari bolg`an. Bul jerde da`wirge sipatli tiykarg`i tariyxiy protsessler ju`z bergen. Bul da`wirdi erte dinastiyaliq dep atag`an, ol o`z ishine b.e.sh. XXVIII-XXIV a`sirlerdi qamtig`an.

B.e.sh. III min` jilliqtag`i Shumerdin` ekonomikaliq rawajlaniwi, irrigatsiya ha`m metalldan paydalaniw tiykarinda o`nermentshilik, diyxanshiliq xojalig`inin` rawajlaniwi menen sipatlanadi. Sawda o`nermentshilikten bo`linip shig`adi. Qul iyelewshilik qatnasiqlari tez pa`t penen rawajlanadi. Uris qulshiliqtin` tiykarg`i deregi bolip tabiladi. Qullardan basqa, Shumerde ko`plegen eriksiz jumisshilar, sonday-aq mayda o`ndiriwshiler bolg`an.

Shumerdin` qala-ma`mleketinde jer eki toparg`a bo`lingen: bir bo`legi aymaqliq qa`wimler menshiginde bolg`an, ekinshisi xram jerlerinin` qorin qurag`an. Shumerde klassliq ja`miyet rawajlaniwi menen alg`ashqi ja`miyettin` demokratiya institutlarinin` belgilerin saqlap qalg`an ma`mleket qa`liplesken.

Erte dinastiyaliq da`wirdin` basinda ma`mleketti «En»-qala ma`mlekettin` joqarg`i ruwxaniyi (jrets) basqarg`an. Usi da`wirdin` aqirinda g`ana despotiya uqsag`an monarxiyaliq ha`kimiyattin` tu`ri payda boladi. Armiya ha`kimnin` tiregine aylanadi. Shumerdin` b.e.sh. III min` jilliqtag`i tariyxin erte dinastiyaliq da`wirdi qurag`an u`sh izbe-iz da`wirge bo`liwge boladi.

Birinshi erte dinastiyaliq da`wir (b.e.sh. XXVIII-XXVII a`sirler) Kish qalasinin` ba`lentlewi ha`m Kishlerdin` V dinastiyasi basqariwi menen sipatlanadi. Ha`kimlerinin` arasinda Etennin` ati ko`rinedi. Birinshi erte dinastiyaliq da`wirdin` aqirinda Uruk ba`lentlep baslaydi. Onin` da`slepki ha`kimleri arasinda Zimerkar ha`m Lugal`banda bolg`an.

Ekinshi erte dinastiyaliq da`wir (b.e.sh. XXVII-XXIV a`sirler) Kishtin` ha`lsirewi menen baslanadi. Bunnan gil`gamesh basqarg`an Uruk paydalanadi.

U`shinshi erte dinastiyaliq da`wir (b.e.sh. XXV-XXIV a`sirler) birlesiw tendentsiyasi ku`sheyiwi, irrigatsiyaliq tarawlar du`ziliwi, basqinshiliq urislar ju`rgiziliwi ha`m tawli dalanin` qa`wimleri shabiwillarinan qorg`aniw menen sipatlanadi.

Ur ha`kimleri «A`lem lugali» atag`ina iye bolg`ani menen, olar gegemoniyani Lagashqa beriwge ma`jbu`r bolg`an. Ol jerde b.e.sh. XXVI a`sirde Ur-nayshl tiykar salg`an dinastiya hu`kimlik etip baslaydi. Lagashta ma`mleketlik awdarispaq ju`z beredi, onin` barisinda «ensh» Lugal`banda qulatiladi, ha`kimiyatqa onin` tuwisqani Urinimgina (b.e.sh. 2318-2312 jj.) keledi. Bul ha`kimnin` tusinda Lagashta anag`urlim ishki ha`m sirtqi siyasiy o`zgerisler ju`z beredi. Sonin` menen bir qatarda Umma da ku`sheyedi, Lagash Umma basshilig`indag`i jan`a siyasiy birlespeden g`a`rezli bolip qaladi.

**Mesopotamiyada orayliq ma`mlekettin` du`ziliwi Akkad ma`mleketi ha`m Urdin` III dinastiyasi.**

Sargon Akkad patshalig`in du`zedi ha`m barliq joqarg`i ataqlardi – «Kisht lugali», «El lugali», sonday-aq «Akkad lugali» ataqlarin o`zi iyelep aladi. Tigr ha`m Efrat aralig`inda ol jan`a paytaxt quradi, oni ma`mlekettin` ati menen Akkad dep ataydi. Sargon pu`tkil Shumerdi iyelep aladi. Bunnan keyin Akkadlilar arqa-batis ta`repke – Mari, Eblag`a, Subaret eline (Arqa Mesopotamiya), Elamg`a bir qatar tabisli atlanislar jasaydi.

Na`tiyjede bir ha`kim qol astina pu`tkil Mesopotamiya biriktiriledi ha`m Aldin`g`i Aziyada ju`da` iri Mesopotamiya ma`mleketi du`zilip, paytaxti Akkad boladi. Bul ha`diyse eldin` ekonomikasinin` rawajlaniwina u`lken ta`sir jasadi. Patshanin` qu`diretli ha`kimiyati payda boliwinan ibarat dinastiyalardin` payda boliwi b.e.sh. XXIV-XXIII a`sirlerdegi Akkad rawajlaniwinin` juwmag`i boldi. Biraq, patshaliqtin` aqirinda ol bir qatar qiyinshiliqlarg`a duwshar boladi: armiyada ko`terilis ju`z beredi, bir qatar oblast`lar (Subaret) ha`m qalalar (Kazamu Vavilon) bo`linip shig`adi.

Sargonnin` miyrasxori Rimush Shumerdin` uriwliq aristokratiyasi separatizmin saplastiriw ushin bir qatar sheshiwshi ilajlar iske asirdi. Ishki siyasatta Rimush xramlarg`a ko`p sawg`alar berip, ruwxaniylerdin` qollap-quwatlawina erispekshi bolg`an. Rimushtan keyin onin` kishi inisi Manishtus patsha boladi. Keyin ala Naram-Suen (b.e.sh. 2236-2200 jj.) patsha boladi. Ma`mleket ishindegi birinshi naraziliqlardi bastirip, Naram-Suen o`zinin` dinastiyaliq ha`kimiyatin bekkemlewge bag`darlang`an bir qatar ilajlarin ko`redi. Ayirim qala baslarina «ensiler» ornina o`zinin` balalarin qoyadi. Ruwxaniyler, yag`niy jretsler o`zinin` tiregi dep esaplag`an. Ol batista Ebla patshalig`ina, arqada - Subaret, Elam, Zagros tawlarina h.t.b. tabisli atlanislarin jasaydi.

Akkad patshalig`i kutiyler soqqisi astinda ha`lsireydi. Basqinshilar Mesopotamiyanin` ko`plegen qalalarin ha`m xramlarin qiyratadi, olardin` xalqi tutqing`a alinip, qalg`anlari u`lken saliq to`legen. Olar Mesopotamiyalilar ha`m a`sker basilar arqali basqaradi. Usinday nayiplardin` biri «ensi» Lagasha Gudea bolg`an, ol b.e.sh. XXII a`sirdin` ekinshi yariminda 20 jilg`a Shan (in)alas waqit hu`kim su`rdi. Gudea «ensi» ha`m xram xojalig`inin` aqsaqallar ken`esi ha`m xaliq jiynalisinin` da`stu`rlerinen paydalandi. Gudea Lagash Arqa Mesopotamiya, Elam, Siriya, Iran,

ha`tteki Hindstan menen sawda baylanislarin ornatqan. 125 jilg`a jaqin da`wir ishinde ku`tip, el u`stinen siyasiy hu`kimdarliqqa iye bolg`an. En` son`inda basqinshilarg`a naraziliqlar payda bola basladi, oni Urdin` qollap-quwatlawinda Uruk basqardi. Da`slep Uruktin` basinda a`piwayi baliqshi Utuxengal` turg`an. Ko`p keshikpey, ol o`lgennen keyin azat etilgen Mesopotamiya u`stinen ha`kimiyatti Ur patshasi Ur-Nammu iyelep aladi. Ol ataqli III Ur dinastiyasina tiykar saladi. Bul dinastiya birlesken Shumer-Akkad patshalig`in basqaradi (b.e.sh. XXII a`sirdin` aqiri XX a`sirdin` basi).

Urdin` III dinastiyasi basqarg`an waqit ishinde Shumer-Akkad ma`mleketi ekonomikasinda bir qatar o`zgerisler ju`z berdi. Buzilg`an irrigatsiyaliq sistema tolig`i menen qayta tiklenedi, jan`a ken` kanallar tarmaqlarinin` qurilisi baslanadi, ken` ko`lemde diyxanshiliq ha`m sharwa xojaliqlari du`ziledi, xramlar (Ur-Nammu), saraylar qurilislari ju`rgiziledi.

Tiykarg`i jer massasin patshanin` jer qori qurag`an. Usinin` menen bir qatarda, qa`wimler ha`m jeke adamlardin` jerleri bolg`an.

Urdin` III dinastiyasi da`wirinde ja`miyet ayqin qul iyelewshilik ma`mleketlik du`zilisi A`yyemgi Shig`is despotiyasinin` jetilisken formasina iye boladi. Ma`mlekettin` basinda sheksiz ha`kimiyatqa iye patsha turg`an. Ol «Ur patshasi, Shumer ha`m Akkad patshasi» ataqlarina iye bolg`an, oni «A`lemnin` to`rt ta`repinin` patshasi» da dep atag`an. Din patsha ha`kimiyatinin` tiregi bolg`an.

Shul`ga (b.e.sh. 2093-2046 jj.) basqarg`an waqittan baslap patshalarg`a qudayliq hu`rmetler ko`rsetilgen ha`m og`an siyiniw ornatilg`an. Ruwxaniyler patshalarg`a bag`ing`an. Pu`tkil el nayipliqlarg`a bo`lingen, olardi nayiplar (wa`killer) basqarg`an. Patsha sudi sho`lkemlestirilgen. Armiya a`skerler-kolonistlerden turg`an. Urdin` III dinastiyasi da`wirinde ma`mlekettin` sirtqi siyasati belsene alip barilmag`an. Irang`a ha`m Mesopotamiyanin` arqa aymaqlarina ayirim atlanislar bolip turg`an, al tiykarinan ma`mlekettin` ishinde tinishliqti saqlawg`a kewil berilgen.

III dinastiyanin` besinshi patshasi - Ibbi-Suzna (b.e.sh. 2027-2003 jj.) hu`kim su`rgen jillari Shumer-Akkad patshalig`inin` idiraw da`wiri edi. Xaliq massalarinin` naraziliqlari, patsha xojalig`inin` idirawi dag`darisqa alip keldi. Ma`mlekettin` idirawina alip kelgen sirtqi siyasiy soqqi batistan amoreylerdin` basip keliwi boldi. Elamitler sheshiwshi soqqi berdi, olar Mesopotamiyag`a basip kirip, Urdi qiyratadi. Ur III dinastiyasi usilayinsha qulaydi.

***Tariyxiy shaxslar, atamalar***

**Ibbi-Suzna –** Shumer-Akkad patshalarinin` biri.

**Lagash –** Mesopotamiyadag`i qala-ma`mleket, b.e.sh. XX a`sirde ku`sheygen ha`m gu`llegen da`wiri.

**Ur-Nammu –** Mesopatamiyadag`i qala-ma`mleketi b.e.sh. XXVII a`sirde ku`sheygen.

**Sargon –** b.e.sh. XXIV a`sirde basqarg`an Mesopotamiya patshalarinin` biri.

**Naram-Suen –** Sargonnin` aqlig`i Akkad patshalig`in gu`llendirgen faronlardan biri, Elamg`a tabisli atlanislari menen tariyxta belgili.

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. A`yyemgi Mesopotamiya «eki da`r`ya aralig`i» dep ataliwinin` sebebi nede?
2. Xassun ha`m xalaf ma`deniyatinin` rawajlaniw o`zgeshelikleri?
3. Mesopotamiyanin` tariyxinda shig`arilg`an nizamlardin` a`hmiyeti?
4. Xammurappi nizaminin` basqa nizamlardan parqi ha`m bul haqqinda nelerdi bilesiz?
5. Assirologiya atamasinin` bulay ataliwinin` sebebi nede?
6. Mesopotamiya tariyxin izertlewde izertlewshi arxeologlardin` tutqan orni?

**A`debiyatlar**

1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.

## Lektsiya №4

## A'YYEMGI VAVILON SHUMER HA'M VAVILON MA'DENIYATI JANA VAVILON PATSHALIG'I

***Joba:***

1. Eki da`r`ya aralig`indag`i qalalar gu`resi. Vavilonnin` ko`teriliwi.
2. A`yyemgi Vavilon b.e. shekemgi XII-VII a`sirleri
3. Xammurapi ma`mlekettin` bo`lekleniwi.
4. SHumer ham Vavilon ma`deniyati
5. Kassitlerdin` Vavilondi basip aliwi ekonomikaliq jag`dayi.

***Tayanish tu'sinikler:*** Bilimlendiriw sistemasi, xojaliqtin` rawajlaniwi. Sotsialliq turmis. Aramey dinastiyalari. Vavilonnin` gu`lleniwi. Xammurapi nizamlari. Kassitler. Vavilonda xojaliqtin` rawajlaniwi ha`m sotsial turmis. Vavilon ma`mleketinde tileniwshilik, qulshiliq, sotsial toparlardin` payda boliwi. Shan`araq qatnasiqlari ha`m sud protsessleri.

Urdin` III dinastiyasinin` qulawi shumer-Akkadnin` ko`plegen oraylarinin` arameyler ta`repinen qiyratiliwi ha`m olardin` Mesopotamiya boylap taraliwi oraylasqan ma`mlekettin` waqitsha ha`lsirewine eldin` siyasiy bo`lekleniwine alip keldi. Qublada oray qalasi bolg`an patshaliq bo`lindi onnan arqaraqta g`a`rezsiz Issen, sonday-aq Mari, Ashur ha`m Eshnun ma`mleketleri bo`linip shiqti. Olardi aramey dinastiyasi basqarg`an. B.e.sh. XX-XIX a`sirleri Vavilon qalasi u`stemlik etedi (Bab - quday da`rwazasi).

Olarda Vavilon yamasa Aramey dinastiyalari hu`kimlik su`redi. Olardin` basqarg`an waqtin erte Vavilon da`wiri (b.e.sh. 1894-1895 jj.) dep atag`an. Onin` tiykarin sumuabum salg`an.

Vavilonnin` gu`lleniwi V Vavilon dinastiyasinin` altinshi patshasi - Xammurapi (b.e.sh.1792-1750jj.) basqariwi waqtina tuwra keledi. Ol ko`rnekli ma`mleketlik isler, oziq ha`m hiyleker diplomat, iri strateg, dana nizam shig`ariwshi, esapshil ha`m sheber sho`lkemlestiriwshi bolg`an. Ol o`zine Urukti, Issendi, keyin ala ku`shli Eshnun ha`m Larsu ma`mleketlerin bag`indirg`an. B.e.sh. 1759-jili Xammurapi ku`shli Mari ma`mleketin qiyratadi. Assiriya bir o`zi qaladi, onin` en` iri qalalari (Ashshur, Nineviya h.t.b.) jan`a ha`kimiyatti moyinlaydi.

Barliq ma`mleketlerdi bag`indirip, Vavilon qalasi jan`a ulli ma`mlekettin` paytaxti bolip qalmastan, Aldin`g`i Aziyanin` ju`da` iri ekonomikaliq ha`m ma`deniy orayina aylanadi. Usig`an qaramastan, Xammurapi dinastiyasi patshaliq etiw da`wirinin` aqirina Vavilon ma`mleketinin` ishki ha`m sirtqi jag`dayi ha`lsirep qaladi. 1595 jilg`i xettlerdin` Vavilong`a atlanisi ma`mleketti basip aliw ha`m qiyratiliwi menen tamamlanadi. Vavilon V dinastiyasi ha`kimligine shek qoyadi, u`sh ju`z jildin` Eski Vavilon da`wiri juwmaqlanadi.

Xammurapi nizamlari Xammurapi basqarg`an da`wirdegi Vavilon ma`mleketinin` ekonomikaliq, ja`miyetlik-siyasiy du`zilisi usi waqitqa shekem kelgen nizamlari jiynag`i arqali bizlerge ma`lim boldi. Bul nizamlar jiynag`i b.e.sh. XVIII a`sirdin` birinshi yarimindag`i turmistin` ko`plegen ta`replerinin` ju`da` a`hmiyetli deregi bolip tabiladi. Xammurapi tusindag`i Vavilon ma`mleketi ekonomikasi irrigatsiyaliq, diyxanshiliq, mal sharwashilig`i, o`nermentshilik, sirtqi ha`m ishki sawdanin` bunnan bilay da rawajlaniwina tiykarlang`an.

***Kassitler* -** Zagrost tawli qa`wimleri toparlarinin` biri **-** Mesopotamiya shegaralarinda Xammurapi o`lgennen keyin ko`p keshikpey payda boladi.

B.e.sh. (Shan (in)a menen) 1742-jili kassit ko`semi Gandash Vavilong`a ekinshi ret basip kiredi ha`m o`zine «A`lemnin` to`rt ta`repinin` patshasi»**-**»Shumer ha`m Akkad patshasi», «Vavilon patshasi» degen da`bdebeli ataqlar aladi. Biraq tek 1595-jildan baslap kassitler dinastiyasi ha`kimiyati, yag`niy Erte Vavilon da`wiri baslanadi, ol b.e.sh. shama menen) 1155-jili tamamlanadi.

Kassitler da`wirinde armiya ha`m transport atlar awil xojalig`inda- quramali pluglar ken`nen qollaniladi, jollar salinadi, sirtqi sawda janlanadi. Qa`wimlik birlespelerge ha`m u`lken shan`araqlarg`a jeterli diqqat awdariladi.

Kassitler rawajlang`an Vavilon ma`deniyatin o`zlerine sin`irip aladi, kassit qudaylarin Vavilon qudaylari menen ten`dey ko`redi. Mesopotamiya diniy da`stu`riy siyiniwlarg`a g`amxorliq etken (Agum II, Marduk qudayi). Urukta xramlar salg`an.

Biraq waqittin` o`tiwi menen ha`kimiyat oraylasiwi ha`lsireydi. Bul da`wirde Assiriya ku`sheye baslaydi. B.e.sh. XIII a`sirde ol kassitler Vavilonina bir qatar sezilerli soqqilar beredi.

Solay etip, 1155-jili kassit dinastiyasinin` hu`kim etiw da`wiri tamamlanadi. Mitaniy ma`mleketi Mesopotamiyanin` arqa-batis aymaqlarinda, kishi a`yyemgi xurriyler jerlerinde **-** Kummiy, Alshe, Yamxada h.t.b. payda bolg`an. Onin` paytaxti Vashshushkaniy qalasi bolg`an. Semit tilles arameyler menen aralasip ketken xurritler bul jerdegi xaliqtin` tiykarg`i massasin qurag`an.

Mitaniy ko`p sanli qurg`aq sawda jollardin` kesispesinde jaylasqan. Ta`biyiy sharayatlari diyqanshiliq ha`m sharwashiliq tarawlarin rawajlandiriwg`a qolayli bolg`an. Olardin` saray ha`m xram xojaliqlari bolg`an. Mitaniy ma`mleketi sotsialliq du`zilisinde u`lken rol` oynag`an. Qullar klasi tutqinlar qatarinan qurallang`an. Ma`mleketti patsha basqarg`an, orinlarda xazannular ha`kimlik etken. Armiya patsha qudiretinin` tiregi bolg`an. B.e.sh. XVI-XV a`sirler Mitaniy ma`mleketinin` gu`lleniwi ha`m ku`shli ma`mleketke aylaniwi da`wiri bolg`an. Ol o`z ha`kimiyatin Assiriyanin` anag`urlim aymag`ina, sonin` ishinde Ashshur ha`m Nineviyag`a, Kishi Aziya, Siriya, Finikiya, ha`tteki Palestinag`a taratqan.

Ammenxoten II tusinda Mitaniy Misr u`stinen toliq jen`iske erisken. Olar Assiriya ha`m xett ma`mleketine qarsi awqam du`zgen. Tutmos IV ha`m Amenxotep III (Amenemxett) Mitaniy patshasinin` qizlarina u`ylenedi. Biraq Mitaniy Vavilon menen, al Misr Assiriya menen awqamg`a birigedi.

Usi jag`daydan paydalanip, Xett patshalig`i Mitaniy ma`mleketi u`stinen jen`iske erisedi. B.e.sh. XIII a`sirde Mitaniy ma`mleketi bir neshe mayda knyaz`liklerge bo`linip ketedi, keyin ala olar Assiriya qol astina o`tedi. Assiriya tariyxi eki tiykarg`i da`wirge bo`linedi**:**

| | |
|---|---|
| ***Assiriya tariyxinin` da`wirlerge bo`liniwi*** | • eski Assiriya da`wiri (b.e.sh. XX-XVI a`sirler)**;**<br>• jan`a assiriya da`wiri (b.e.sh. X-VIIa`sirler). |

Eski Assiriya da`wirinde ma`mleket kishi aymaqqa iye edi, onin` orayi Ashshur bolg`an, xalqi diyqanshiliq penen shug`illang`an. Olar Tigr suwlarinan irrigatsiyaliq qurilislar ja`rdemi arqali paydalang`an. Erte Assiriya ja`miyetinde sawda bas rol` oynag`an.

Eski Assiriya ja`miyeti qul iyelewshilik ja`miyeti bolg`an, biraq onda qa`wimlik du`zim qaldiqlari ele ku`shli edi. Patshaliq ha`m xram xojaliqlari bolg`an, olarda qa`wim ag`zalari ha`m qullar miynet etken.

Shamshi-Adad (b.e.sh. 1813-1781 jj.) Assiriya tusinda belsene sirtqi siyasatti ju`rgizedi, onda batis bag`dari basim edi. Ol Mari ha`m Bilix, Xabura basseyininde jaylasqan qalalardi basip aladi, biraq Vavilon menen tatiw jasaydi. Solay etip, b.e.sh. XIX a`sirdin` aqirinda XVIII a`sirdin` basinda Assiriya Aldin`g`i Aziyanin` iri ma`mleketine aylanadi, al Shan (in)shi Adad V o`zine «ko`pshiliktin` patshasi» degen ataq aladi. Biraq Vavilon ma`mleketi Assiriyani qiyratadi. B.e.sh. XVI a`sirde V Vavilon dinastiyasi qulag`annan keyin Assiriya Mitaniy ma`mleketine bag`inadi.

B.e.sh. XV a`sirde assiriyler o`z ma`mlektinin` buring`i jag`dayin diplomatiya joli menen qayta tiklewge urinadi. Misrdin` qollap-quwatlawi menen Assiriya b.e.sh. XVIII min` jilliqta o`zinin` sirtqi siyasiy jetiskenliklerin rawajlandiradi. Adad-Nerrari V, Salmanasar V (b.e.sh. 1307-1208 jj.) basqarg`an ju`z jil ishinde Assiriya ma`mleketi sirtqi siyasatta en` joqari tabislarg`a eristi. Assiriya Mitaniy ha`m Siriya ma`mleketlerin, sonday-aq b.e.sh. XIII a`sirde Vavilonni basip aladi.

Orta Assiriya da`wirinde Assiriyanin` gu`llep-jasnawi ku`tilgende u`ziliske ushirap qaldi. B.e.sh. XII-XI a`sirler aralig`inda Arabstannan semit-tilles arameydin` ko`shpeli qa`wimleri Aldin`g`i Aziyag`a jo`neledi. derlik bir ju`z eliw jil dawaminda Assiriya ha`lsirew da`wirin bastan keshiredi. Biraq, b.e.sh. XIV-XIII a`sirleri biraz janlanadi. B.e.sh. XI a`sirde aramey shabiwillari da`wirinde diyxanshiliq sistemasi pu`tkilley buziladi.

Assiriya ja`miyetinin` qul iyelewshilik klasi (iri jer iyeleri, sawdagerler, ruwxaniyler h.t.b.) mayda o`ndiriwshiler (erkin diyxanlar-qa`wim ag`zalari) ha`m qullar qurag`an. Assiriya shan`arag`i patriarxalliq sipatqa iye bolg`an.

## A`yyemgi Vavilon b.e. shekemgi XII-VII a`sirleri

B.e.sh. XIII a`sirdin` aqirinda Vavilonnin` ekonomikaliq ha`m siyasiy ha`lsirewi baslanadi. B.e.sh. XII a`sirdin` ortasinan Elamitler Vavilonda ha`kimiyatti basip aladi. Qalalar, xramlar tonaladi. Vavilon qudayi-Sharduktin` statuyasi Elamg`a alip ketiledi. Solay etip, kassitler dinastiyasinin` alti a`sirlik u`stemligi tamamlanadi. Elam u`stemligine qarsi gu`res ju`rgiziledi (b.e.sh. 1126-1105 jj.) Dar qorg`ani qasindag`i sawashta elamitler u`stinen jen`iske erisip, Vavilonlilar Elamg`a basip kiredi ha`m og`an soqqi beredi.

B.e.sh. XI a`sirdin` ortasina kelip, yarim ko`shpeli arameyler qa`wipli Vavilon ha`m Assiriyag`a shabiwillar jasaydi, al b.e.sh. VIII a`sirdin` aqirinda olar Vavilonnin` batis ha`m arqa shegaralarinda turaqli ornalasip aladi. Bunnan tisqari, b.e.sh. IX a`sirde xaldey qa`wimleri Vavilon menen qon`si jasag`an. Olar tiykarinan Vavilonnin` qubla ta`repinde jasap arqag`a qaray a`ste aqirin jiljip baslaydi, sonin` menen bir waqitta olar a`yyemgi Vavilon ma`deniyati ha`m dinin o`zlerine sin`irip aladi.

B.e.sh. VIII a`sirdin` ortasinda qudiretli Assiriya ma`mleketi Vavilon ushin u`lken qa`wip tuwdira basladi. B.e.sh. 744-jili Assiriya patshasi tiglatpalasar III Vavilong`a basip kiredi, xaldey qa`wimleri u`stinen jen`iske erisedi ha`m «Shumer ha`m Akkad» patshasi atag`in aladi.

Assiriya patshalari Sargon II, Sinaxxerib ha`m xaldey qa`wiminin` ko`semler arasinda Vavilon taxtin iyelew ushin o`zgermeli sipatindag`i uris ju`z beredi (b.e.sh. 720-703 jj.) En` son`inda b.e.sh. 689 jildin` aprelinde Vavilon qatardag`i provintsiya sipatinda Assiriya ma`mleketine qosip alinadi.

Biraq b.e.sh. 626 jildin` basinda Assiriya u`stemligine qarsi ko`terilis ju`z berdi. Oni xaldey ko`semi Nabopalasar basqaradi. Usi jili ol patsha taxtina otiradi ha`m xaldey (yamasa jan`a Vavilon) dinastiyasina tiykar saladi. B.e.sh. 612 jili ol Vavilonnin` en` iri qalalarinin` birin **-** Urukti basip aladi. Midiy menen awqamda Vavilon Assiriyag`a bir neshe atlanislar jasaydi. B.e. shekemgi 609 jili Nabopalasar u`lken a`skerleri menen Assiriya u`stinen sheshiwshi jen`iske erisedi.

Assiriya ma`mleketi qulawinin` aqibetinde Vavilon pu`tkil Mesopotamiyani iyeleydi. Vavilon ma`mleketi Palestinani iyelewdi maqset etedi, biraq Misr da usig`an urinadi. Bul jag`day Misr ha`m Vavilon arasinda u`lken qarama-qarsiliqlarg`a alip keledi. Nabopalasardin` uli Navuxudonosor b.e.sh. 605 jili Karkemish qalasin basip aladi ha`m Misr garnizonin qiyratadi. Bunnan keyin Vavilon Siriya ha`m Palestinani iyelep aladi.

Navuxudonosor II basqariw da`wirinde Vavilon a`yyemgi Shig`istin` en` iri qalasina aylanadi. Onin` xalqi 20 min` adamnan ibarat edi. Bul da`wir Vavilon ma`mleketi ushin ekonomikaliq gu`lleniw ha`m ma`deniy qayta oyaniw da`wiri boldi. Qalada Vavilonlardin` bas ibadatxanasi - Jagala jaylasqan edi. Onin` qasinda biyikligi 91 metr jeti qabatli zikkurit bolg`an, oni Etemenan dep atag`an (Bibliyada oni Vavilon minari dep atag`an). Bul minaratam zamannan ja`ha`nnin` jeti a`jayibatlarinin` biri bolip sanalg`an.

Navuxudonosor II tusinda Vavilon bekkem qorg`ang`a aylanadi (biyikligi 8 metr eni 3,7 m bolg`an eki qabatli diywallar, minarlar ha`m 8 da`rwaza bolg`an). Navuxudonosor II b.e.sh. 553 jili o`lgennen keyin o`z-ara gu`res ha`wij aladi, taxtti Nabonidu (b.e.sh. 556-539 jj.) iyeleydi. Ol b.e.sh. 553 jili Xarran ha`m Tayma qalalarin basip aladi. Bul da`wirde shig`is ta`repte qu`diretli ha`m jigerli qarsilas persler payda boladi. Olar Midiy, Lidiya ha`m basqa ellerdi basip aladi. Persler da`slep Opis, Sippar qalalarin iyeleydi. B.e.sh. 539 jildin` 12 oktyabrinde Kir II Vavilon qalasin basip aladi. Vavilon Persiya ma`mleketinin` satrappiyasina aylanadi.

B.e.sh. VII-IV a`sirleri Vavilonda awil xojalig`i o`ndiristin` tiykarg`i tarawi bolg`an, ol qoldan suwg`arilg`an. Jan`a Vavilon da`wirinde o`nermentlik anag`urlim rawajlang`an. Vavilon ja`miyeti qalalardin` toliq huqiqli puxaraliq huqiqlardan ayirilg`an erkin adamlardan, g`a`rezli turg`inlardin` ha`r qiyli toparlarinan ha`m qullardan ibarat bolg`an.

| | |
|---|---|
| ***Barliq toparlar sotsialliq, ekonomikaliq jaqtan u`sh klassti qurag`an:*** | • eziwshi aqsu`yekler (patsha ha`m xram ha`meldarlari, iri jer iyeleri, sawdagerler h.t.b.**);**<br>• erkin o`nermentler ha`m mayda jer iyeleri**;**<br>• qullar ha`m o`ndiris qurallardan ayirilg`an g`a`rezli toparlar. |

Vavilon Persiya ma`mleketinin` en` bay satrapiyalarinin` biri bolg`an ha`m Shig`is Jer Orta ten`iz boyi ma`mleketleri ha`m Misr, Siriya, Elam ha`m Kishi Aziya arasindag`i sawdada da`lda`lshi rolin atqarg`an.

Persiya u`stemligi da`wiri ha`r qiyli xaliqlardin` etnikaliq aralasiwi ha`m ma`deniyatlari inkretizm menen sipatlanadi. Vavilonda jergilikli xaliq penen sin`isip ketken a`skeriy kolonnalar ha`m ko`ship kelgenler Vavilon ismlerine iye bolg`an, aramey tilinde so`ylegen. Biraq olarda, o`z gezeginde, vavilonlilarg`a belgili da`rejede ta`sir jasag`an.

**SHumer ham Vavilon ma`deniyati**

A`yyemgi Mesopotamiya ma`deniyati usi aymaqta jasawshi ko`plegen xaliqlardin` do`retiwshisi bolip tabiladi. Onin` tiykarin Tu`slik da`r`ya aralig`i (Dvurech`e) ha`m Shumer tsivilizatsiyasinin` erte diyxanshiliq qa`wimlerinin` jetiskenlikleri quraydi. Olar ma`deniy rawajlaniwdin` o`zgeshe jolin ayqin sipatlaydi.

Mesopotamiya xaliqlarinin` arxitektura, iskusstvo, a`debiyat, jaziw ilimiy bilimler tarawlarindag`i jetiskenlikleri pu`tkil A`yyemgi Shig`is xaliqlari ushin u`lgi bolg`an ha`m du`n`ya ma`deniyat g`a`ziynexanasinda ilayiqli orin iyelegen. A`yyemgi Mesopotamiya dini tiykarinda erte diyxanshiliq qa`wimlerinin` diniy inanimlari, xasildarliq hayal qudayina siyiniw bolg`an.

Klassliq ja`miyet qa`liplesiwi menen ja`miyettin` jergilikli siyiniwlarin biriktirgen uliwma shumerlik panteon qurildi. Ko`p qudayliq yamasa palitizm A`yyemgi Shig`is dini, sonin` ishinde Mesopotamiya dini ushin sipatli belgi bolip tabiladi.

Mesopotamiya dinin a`yyemgi totemistlik ko`z-qaras elementleri uzaq waqitqa shekem saqlanip keldi. Ata-babalarg`a siyiniw o`zinin` a`hmiyetin joyitqan joq. Mesopotamiya dininin` en` sipatli belgilerinin` biri duwaxanliqtin` a`yyemgi ha`m a`piwayi formalarinin` saqlanip qaliniwi (Duwaxanliq qurallari adamlardi awiriwdan ha`m ba`le-beterden saqlap qaliwi mu`mkin dep isengen). Joriwlar, pal ashiwlar Mesopotamiya dininde a`hmiyetli orin tutqan.

Klassliq ja`miyettin` rawajlaniwi menen patshani quday dep biliw da`stu`rge aylanadi. Shumer-Akkad patshalig`inda Urdin` III dinastiyasi tusinda bul da`stu`r o`zinin` ayqin ko`rinisin tapti. Qudaylar patshalardin` qa`wenderleri esaplanip, olar patshalarg`a el ha`m xaliq u`stinen ha`kimiyat bergen.

Xramlar A`yyemgi Mesopotamiyanin` en` a`hmiyetli diniy oraylari bolg`an.

A`yyemgi Mesopotamiya xalqi quramali mifologiya islep shiqqan. Ma`selen, du`n`ya ha`m adamlardi jaratiw haqqindag`i mifler. Shumer mifine muwapiq, du`n`yani Ellil qudayi jaratqan.

Diyxanshiliq ja`miyeti ideologiyasinda u`lken rol` oynag`an ta`biyatqa siyiniw-Ishtar ha`m Dumuzi haqqinda vavilon mifinde o`z sa`wlesin tapqan. Mesopotamiya xaliqlarinin` mifleri, a`sirese suw tasqini, beyish turmisi, marhumlardin` tiriliwi haqqinda mifler Aldin`g`i Aziya xaliqlarinin` diniy ko`z-qaraslarina, sonin` ishinde diniy mifologiyaliq a`debiyatqa u`lken ta`sir jasadi.

B.e.sh. IV min` jilliqtin` aqirinda III min` jilliqtin` basinda Tu`slik Mesopotamiyada en` a`yyemgi jaziw payda boldi. Ol Shumer tsivilizatsiyasinin` en` a`jayip jetiskenligi edi. Bul su`wretli (yamasa piktografiyaliq) jaziw edi. Ma`selen, u`y biykesinde 10 baliq bolsa, xatker 10 tik tayaqshalar sog`ip, qasina baliqtin` su`wretin salg`an. B.e.sh. III min` jilliqtin` ortalarinda Tu`slik Mesopotamiyada Shumer jaziwi birotala klinopis`ke aylandi, keyin ala oni Akkadlilar da iyelep aldi.

Akkadli klinopis` penen jazilg`an a`yyemgi tekstler b.e.sh. XXV a`sirge tiyisli shumer-Akkad klinopisi 600 belgilerden ibarat, olardin` ha`r qaysisi bir neshe ma`nige iye. Aldin`g`i Aziyanin` derlik barliq xalqi Mesoptamiyada payda bolg`an klinopis` sistemasin iyelep aldi. Olar tas, metall kestelerinde jazilg`an. Klinopis` u`sh min` jildan aslam waqit o`mir su`rdi. Mesopotamiyanin` en` son`g`i tekstleri b.e.sh. son`g`i a`sirlerge tiyisli. Akkad tili ha`m klinopisi menen bir qatarda, b.e.sh. V a`sirden baslap Mesopotamiyada aramey tili ha`m aramey alfavitinde pergament, papirusta jaziwlar payda boladi.

Sonin` menen birge Mesopotamiyanin` bay ma`deniyat esaplang`an ju`da` ko`p poemalar, lirikaliq shig`armalar, mifler, gimnler, an`izlar, da`stanlar ha`m naqil maqallar saqlanip qalg`an. Ma`deniy rawajlaniwinda bir neshe basqishlardi atap ko`rsetiwge boladi. B.e.sh. III min` jilliq bul waqitlari qudaylar diziminen ibarat da`slepki a`debiy tekstler, ayirim mifler, gimnler ha`m fol`klorliq shig`armalar payda boladi. Ekinshi da`wir b.e.sh. III min` jilliqtin` aqiri - II min` jilliqtin` basin o`z ishine qamtiydi. Ol Shumer a`debiyatinin` gu`lleniwi, shumer tilinde shig`armalardin` tiykarg`i massasi (poema h.t.b.). do`relitiwi menen sipatlanadi. B.e.sh. V min` jilliqtin` birinshi yarimi **-** A`yyemgi Mesopotamiya a`debiyati rawajlanawanin` juwmaqlawshi

basqishi. Bul Shumer ha`m Akkad a`debiy shig`armalarin ko`shiriw, tariyxiy a`debiyatlar do`retiw h.t.b. da`wiri boldi. A`jayip batir Gil`gamesh haqqinda epikaliq da`stanlar Mesopotamiya a`debiyatinin` en` belgili esteligi bolip tabiladi.

Klinopis`ti iyelew anag`urlim ka`siplik tayarliqti talap etti. B.e.sh. III min` jilliqtin` aqirinda arnawli xatkerler mektepleri bolg`an. Mektepler xramlar qasinda islep turg`an. Jeke mektepler bolg`an boliwi da itimal. Kitapxanalar Mesopotamiya ma`deniyatinin` en` iri jetiskenliklerinin` biri bolg`an (b.e.sh. II min` jilliqtan baslap Ur, Nippur h.t.b.).

A`yyemgi Shig`istag`i barliq kitapxanalar ishinde Assiriya patshasi Ashshurbanipaldin` (b.e.sh. 669-635 jj.) kitapxanasi en` ataqlisi bolg`an. Ol jerde 20 min`nan aslam tas kesteleri saqlanip turg`an. Qaziwlar ju`rgizgende Sultan tepede jeke kitapxana tabilg`an. A`yyemgi Mesopotamiya arxivler eli bolg`an. Olarda ha`kimshilik, xojaliq yuridikaliq hu`jjetler ha`m xatlar saqlang`an. Arxivler Ur, Mari patsha sarayi, Xirsabad ha`m tag`i basqa qalalarda bolg`an. Bizlerge ma`lim bolg`an en` birinshi jeke adamlar arxivleri b.e.sh. III min` jilliqtin` birinshi yarimina tiyisli (Egibi u`yi arxivi).

Du`n`yani ilimiy jaqtan u`yreniwde Mesopotamiya xaliqlari belgili tabislarg`a eristi. Matematika tarawinda aytarliqtay jetiskenlikler qolg`a kirgizildi. A`yyemgi turg`inlar arifmetikanin` to`rt qag`iydasin, bo`lsheklerdi bilgen, algebra ten`lemelerin sheshken. Olar geometriya baslamalari menen tanis bolg`an, o`lshewdin` metrlik sistemasin, ko`lem ha`m salmaq sistemalarin islep shiqqan. Astronomiya anag`urlim rawajlaniwg`a eristi. Ol astrologiya-jalg`an ilim menen tig`iz baylanisli edi. Astrologiya juldizlar boyinsha adamlardin` ta`g`dirin aldin ala aytiwg`a uring`an. Sol da`wirde ay kalendari du`ziledi, ha`r ayda 29 yamasa 30 ku`n bolg`an, al bir jil 12 ay yamasa 345 ku`nnen ibarat bolg`an.

Ko`plegen vavilon meditsina tekstleri saqlang`an, olar menen tanisqanda, sol da`wirde shipakerler shiqqan su`yekti ha`m siniqlardi emlegenin ko`remiz. Mesopotamiyada adamlar o`zinin` o`tmishine, yag`niy tariyxina ju`da` qiziqqan. Ma`selen, b.e.sh. IV-III min` jilliqlarda tariyxshi Beros «Vavilon ha`m Xaldey tariyxin» jazg`an. Huqiq ju`da` joqari rawajlaniw da`rejesine jetken. B.e.sh. III min` jilliqtin` aqirinda sudlaw kitaplari ha`m nizamlar du`ziledi. Vavilon patshasi Xammurapidin` nizamlar jiynag`in atap o`tiwge boladi.

Mesopotamiya ma`deniyatinin` sipatli belgileri b.e.sh. IV min` jilliqtin` o`zinde aniqlandi. Sol da`wirde tas skul`pturasi payda boladi. (Uruktag`i Quday basinin` skul`pturasi). Arxitekturada ren`li boyaw elementleri en`giziledi. Ashshurbanipala sarayinin` rel`efleri ju`da` joqari ko`rkem o`ner u`lgilerinin` biri bolip tabiladi. Zergerler o`neri, qural-jaraq tayarlaw a`yyemgi Mesopotamiyada ju`da` joqari da`rejede rawajlanadi.

Solay etip, a`yyemgi Dvurech`e (Eki da`r`ya aralig`i) xalqinin` arxitektura, iskusstvo, jaziw ha`m a`debiyat, ilimiy bilimler tarawlarindag`i jetiskenlikler a`yyemgi zamanda pu`tkil Jaqin Shig`is ushin u`lgi bolg`an.

***Tariyxiy atamalardi bilip alin`***

***Klinopis`* –** bul jaziwdin` siziqshalardan ibarat tu`ri bolip, ol Assiriya, Vavilon, a`yyemgi Iran ha`m basqa da xaliqlarda qollanilg`an.
***Piktografiya* –** su`wretli jaziw.
***Totemizm* –** alg`ashqi da`wirlerde totemlarg`a siyiniw.
***Fetishizm* –** jansiz zatlarg`a siyiniw (tasqa, terek h.t.b.)
***Kriptografiya* –** bul Shumer jaziwi bolip, «sirli jaziw» degen ma`nini bildiredi.

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. Shumer ma`deniyatinin` a`hmiyeti.
2. Ilim, bilim, a`debiyattin` rawajlaniwi.
3. Vavilonda xojaliqtin` rawajlaniwi ha`m sotsial turmis
4.Vavilon ma`mleketinde tileniwshilik, qulshiliq,
sotsial toparlardin` payda boliwi.
5. Shan`araq qatnasiqlari ha`m sud protsessleri.

**A`debiyatlar**

1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.

3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.

## Lektsiya №5

## A'YYEMGI MISR (EGIPET) DEREKLERI HAM ISTORIYAGRAFIYASI

***Joba:***

1. Ta`biyiy jag`day Neolit, Eneolit ma`kanlari.
2. Qulshiliqtin` payda boliwi. Nom tariyxi.
3. Ashlin patshaliq da`wiri I-II dinastiya. Faraonlar tariyxi.
4. Qulshiliq da`wirinde Misr ma`mleketinin` qulawi.

**Tayanish nu'sinikler:** A`yyemgi Misrdin` ta`biyiy sharayatlari, xalqi, derekleri ha`m istoriografiyasi. Misrda ja`miyet ha`m ma`mlekettin` du`ziliwi. Piramidalardin` qurilisi. Misrdin` gu`llep rawajlaniwi menen Erte patshaliq da`wiri.

Nil da`r`yasinin` to`mengi ag`isinda Afrikanin` arqa-shig`is aymag`inda Misr ma`mleketi jaylasqan. Ha`zir bul jer Misr Arab Respublikasi dep ataladi. Arqada **-** Jer Orta ten`izi, qublada Nil da`r`ya bosag`asinin` on` ta`repi, batista **-** Arabstan sahrasi.

Misr joqarg`i ha`m to`mengi aymaqlardan ibarat. A`yyemgi zamanda Misr haywanat ha`m o`simlikler du`n`yasi, baliqlar, krokodiller, gippopatamalarg`a bay, trostnik qamisi, hasil tastin` ko`plegen tu`rlerine ha`m tawlarg`a iye bolg`an.

Misr suw ha`m sawda jollari kesilispesinde jaylasqan. Misrdi Nubiya menen baylanistirg`an Nil da`r`yasi en` a`hmiyetli suw jol arteriyasi bolg`an. B.e.sh. VI a`sirden baslap A`yyemgi misrlilar Afrikanin` arqa-shig`is aymag`inda jasag`an ha`m belgili etnikaliq qa`wimdi qurag`an, sebebi alg`ashqi qa`wimlik du`zim da`wirinde payda bolg`an a`yyemgi misrlilar tili pu`tkil qul iyelewshilik da`wiri, g`a`rezsiz Misr ma`mleketinin` pu`tkil tariyxi dawaminda saqlanip kelgen.

Arxeologiyaliq-arxitekturaliq estelikler (b.e.sh. XXVIII-XII a`sirlerdegi Gizedegi a`yyemgi patshaliq nekropoli, Djoser ha`m Sexemxet faraonlardin` qa`birlik kompleksi) A`yyemgi Misr tariyxin u`yreniwdin` a`hmiyetli dereklerinin` biri bolip tabiladi.

Orta ha`m Jan`a patshaliqlar A`yyemgi Misr qalalarin qazg`anda da ko`plegen bahali estelikler tabilg`an. Ma`selen, anglichan arxeologi F.Petri Orta patshaliq da`wiri qalalari qulandilarin qazg`an (b.e.sh. XXI-XXIII a`sirler) ha`m ol jerde hu`jjetlik tekstleri menen qosa a`yyemgi misrliq papiruslar tapqan.

Orta ha`m Jan`a patshaliqlar da`wiri paytaxti Fivaxti, sonday-aq Tutanxamon, Skorpion, Narmer, Xekanaxt faraonlardin` qoyimshiliqlarin qazg`anda ko`plegen tariyxiy ha`m diniy jaziwlar ha`m su`wretler tabilg`an.

Ha`r qiyli da`wirdegi diyxan ha`m aqsu`yeklerdin` turmisin, ekonomikaliq qatnasiqlardi, ma`mleketlik basqariwdi, Orayliq apparat ha`m a`skeriy siyasatti sipatlawshi ko`plegen jaziwlar tabilg`an. Bunnan tisqari, diplomatiyaliq hu`jjetler ha`m a`debiy shig`armalar da bar.

A`yyemgi Misr tariyxin u`yreniwde antik avtorlarinin` Gerodot Dider, Strabonnin` (b.e.sh. V a`sir) miynetleri u`lken qizig`iwshiliq tuwdiradi.

Quraminda ko`plegen ilimpazlar bolg`an **1798**-jilg`i Napoleonnin` Misrg`a a`skeriy ekspeditsiyasinan keyin Evropada Misrdin` a`yyemgi zaman esteliklerine qizig`iwshiliq ku`sheyedi.

1822-jili frantsuz alimi Jan-Fransua Shampol`onnin` A`yyemgi Misr jaziwlarin oqiwi shig`istaniw iliminin` baslamasi boldi. To`rt jil ishinde ol A`yyemgi Misr ha`m Nubiya tariyxi boyinsha ju`da` u`lken material topladi, juwmag`inda «Misr ha`m Nubiya estelikleri» atli tomli miynet ja`riyaladi.

XIX a`sirdin` ortalarinda nemets shig`istaniwshilari R.Lepsius, G.Brugsh, frantsuz alimlari O.Mariett, G.Maspero izertlewler na`tiyjesinde arxeologiya boyinsha miynetler jazadi, misr tilinin` so`zligin du`zedi.

XIX-XX a`sirler qaziwlar ju`rgizilip, Misr ma`mleketi payda boliwi da`wirine tiyisli, ko`plegen materiallar tabiladi. (J.De-Morgan, F.Petri, **G**.Karter). Tutanxamon faraoni qoyimshilig`i tabiliwi a`jayip jan`aliq bolip tabiladi.

A`yyemgi Misr tilin u`yreniw shig`istaniwdin` en` a`hmiyetli rawajlaniw bag`dari bolip esaplanadi. Og`an A.Erman ha`m K.Zete salmaqli u`les qosti.

Ha`r qiyli da`wirler tilin ha`m jaziw tu`rlerin u`yreniw ko`p sanli A`yyemgi Misr jaziwlarin evropaliq tillerge awdariwg`a ha`m basip shig`ariwg`a mu`mkinshilik berdi. Olar u`sh ju`z jil dawaminda A`yyemgi Misr tariyxi ha`m ma`deniyatin u`yreniw boyinsha a`hmiyetli materiallar bolip tabiladi.

Ko`plegen materiallar bir qatar uliwma sorawlarg`a ha`m teoriyaliq mashqalalarg`a juwap tabiwg`a ja`rdemlesti. Misr xalqinin` kelip shig`iwi ha`m misr tili qaysi toparg`a tiyisli ekenligi haqqindag`i ma`sele usi mashqalalardin` biri edi. Aldin`g`i Aziya, yag`niy Arabstan ha`m Mesopotamiya tili semit ha`m semitler toparina tiyisli. Rus alimlari da shig`istaniwg`a u`les qosti. (A.N.Olenin, A.S.Norov, V.S.Golenishev, V.A.Turaev). V.A. Turaev Misr ha`m Aldin`g`i Aziya, sonday-aq qon`si ellerdin` a`yyemgi tariyxin izertlegen. A`yyemgi misrlilardin` ko`p sanli ko`rkem, diniy ha`m ilimiy a`debiyatlarin o`z betinshe izertlewlerge su`yenip do`retken, o`zinin` «Misr a`debiyati» (1920-j) degen u`lken miyneti de tiykarg`i a`debiy janrlarg`a bay tu`rde islep shig`ilg`an. Golenishev ha`m Turaev idealistlik ko`z-qarasta bolg`an. Olar sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlar boyinsha ma`seleler menen shug`illanbag`an.

Akademik V.V.Struve A`yyemgi Misrdin` sotsial-ekonomikaliq du`zilisin puxta izertlegen ha`m basqa ilimpazlar menen birge, A`yyemgi Misr ja`miyeti qul iyelewshilik ja`miyeti bolg`an degen pikirge keledi.

Rus shig`istaniwshilari A`yyemgi Misrdin` siyasiy tariyxina u`lken diqqat awdarg`an. V.I.Avdiev eki tomliq «A`yyemgi Misrdin` a`skeriy tariyxi»n jazg`an. Nubiyag`a ekspeditsiya sho`lkemlestirgen B.B.Piotrovskiydin` miynetlerin aytiwg`a arziydi.

Uliwmalastirip aytqanda, rus alimlari sotsial-ekonomikaliq qatnasiqlarg`a ha`m klassliq gu`reske ayriqsha diqqat awdarg`an.

***ESTE SAQLAW KEREK***

A`yyemgi zamanda grekler Misrdi Magan, Musur dep atag`an. «Misr» atamasi greklerden kelip shiqqan, ol Memfis qalasinin` arabsha atamasi edi. Grekler Misrdi «Nil sawg`asi» dep atag`an. Haqiyqatinda Nil da`r`yasi diyxanshiliq xojalig`in ju`rgiziw ha`m bul aymaqtin` xalqi abadan turmista jasaw ushin tiykar bolg`an.

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar ha`m tapsirmalar***

1. Neolit, Eneolit degende neni tu`sinesiz?
2. Faraonlar tariyxi haqqinda nelerdi bilesiz?
3. Ashlin patshaliq da`wiri I-II dinastiya haqqinda teren`irek mag`liwmatlar u`yrenin`.

***Tariyxiy shaxslardi bilip alin`***

***Tutanxamon –*** Misr Jan`a patshaliq da`wirinin` faraonlarinin` biri, XIX dinastiya wa`kili.
***Manefon –*** Misr jretsi b.e.sh. **332** jili «Misr tariyxin» jazg`an.
***Sheshonk –*** Liviya jallawshilarinin` basshisi, b.e.sh. X a`sirde XXII Liviya dinastiyasina tiykar salg`an.

**A`debiyatlar**

1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.

**Lektsiya №6**
# A`YYEMGI MISRDIN’ PATSHALIQ DA’WIRLERI

***Joba*:**

1. Misrda ja`miyet ha`m ma`mlekettin` qa`liplesiwi.
2. Misrdin` birinshi ha`m uliwma Misr ma`mleketinin` du`ziliwi.
3. Ulli piramidalar qurilisi da`wirinde Misrdin` gu`lleniwi.
   Erte patshaliq.

**Tayanish tu’sinikler:** B.e.sh. shama menen 2050 jil-1750jillari orta patshaliq da`wirinde Misrdin` siyasiy ekonomikaliq jag`dayi. B.e.sh shama menen 1580-1085 jillari jan`a patshaliq da`wirinde A`yyemgi Misr tsivilizatsiyasinin` gu`lleniwi. B.e.sh. V-a`sirde Misrdin` sirt eller ha`kimiyatin qol astina tu`sip qaliwi. Says oyaniw da`wiri.

Misr ma`mleketinin` aymag`i paleolit da`wirinen baslap o`zlestirilgen. Bul jerde Fayum, Kom Ombo h.t.b. paleolit ha`m neolit jasaw orinlari aniqlang`an. B.e.sh. VI-I min` jilliqlardag`i Taysin ma`deniyatina tiyisli diyxanlar menen sharwalardin` neolit da`wirindegi jasaw orinlari tabilg`an. Olar uriwliq qa`wimlerde jasag`an, sol waqitlari a`piwayi jer suwg`ariw usillari payda bolg`an. B.e.sh. IV min` jilliqtan baslap diywallari bekkem jasaw orinlari payda boladi.

Bul da`wirde qoldan suwg`ariw sistemasina tiykarlang`an diyxanshiliq u`lken jetiskenliklerge erisedi. Sawdanin` ko`lemleri ha`m o`siw pa`ti ku`sheyedi. Sotsialliq du`ziliste tu`pkilikli o`zgerisler ju`z beredi, bay qa`wim ag`zalari ha`m aqsu`yekler ajiralip shig`adi. Bunnan tisqari, b.e.sh. IV a`sirdin` ekinshi yariminda qulshiliq instituti payda boladi ha`m ken` taraladi.

| | |
|---|---|
| ***U`sh tiykarg`i qatlamlar*** | • klasslardin` uriwliq, qa`wimlik aqsu`yekler a`wladlarinan-ruxaniylar ha`m qurg`in qa`wim ag`zalarinan ibarat u`stem klass;<br>• materialliq iygiliklerdin` tiykarg`i o`ndiriwshiliklerinen ibarat bolg`an diyxanshiliq qa`wimlerdin` erkin ag`zalari;<br>• qullardin` qa`liplesip atirg`an klasinin` pishini payda boladi. |

Solay etip, bunday sotsialliq qatlamlardin` payda boliwi ha`m klasslardin` qa`liplesiw protsesi arnawli uyimnin` payda boliwina alip keldi. Bul uyim payda bolip atirg`an u`stem klasstin` ma`pi ushin jan`a sotsialliq toparlar ha`m klasslar arasindag`i ko`p tu`rli qatnasiqlardi retlestiriwi tiyis edi. Eziliwshi klasslardi bag`indiriw apparati ha`m irrigatsiyaliq tarawdi du`ziw ha`m isletip turiw h.t.b. jumislardi sho`lkemlestiriwshisi apparatinda ma`mleket usilayinsha payda boladi. Misr aymag`inda birinshi ma`mleketler kishi oblast`lar nomlar sheginde payda boldi. Eki ma`mleket Joqarg`i Misr ha`m To`mengi Misr du`ziledi. Joqarg`i Misr ku`shli ha`m turaqli birlespege aylanadi, onin` patshasi To`mengi Misrdi o`zine bag`indiriwg`a urinadi.

## Misrdin` birigiwi ha`m uliwma Misr ma`mleketinin` du`ziliwi. Ulli piramidalar qurilisi da`wirinde misrdin` gu`lleniwi. Erte patshaliq
***(B.E.Sh. ShAMA MENEN* 3100j. *ShAMA MENEN* 2800j.*)***

To`mengi ha`m Joqarg`i Misr patshaliqlari birden bir Misr ma`mleketine birigiwi A`yyemgi Misr tariyxinda umitilmas revolyutsiyaliq qubilis boldi. Qa`ha`rli gu`res na`tiyjesinde Joqarg`i Misr patshalig`i jen`ip shiqti, al onin` ha`kimi faraon Mina pu`tkil Misrdin` birinshi patshasi boldi. Ol birinshi uliwma Misr dinastiyasinin` tiykarin saldi. Ma`mlekettin` paytaxti-Memfis qalasi boldi.

I dinastiya faraonlari eldi biriktiriw ma`selesinde jetiskenliklerge eristi (faraon Djer).

II dinastiya faraonlarinin` tusinda Misrdi birden bir ku`shli oraylasqan ma`mleketke birotala biriktiriw ma`selesi tabisli sheshildi.

A`yyemgi patshaliq da`wirdegi oraylasqan Misr ma`mleketi (b.e.sh. shama menen 2800 j-shama menen 2250 j).

III-IV dinastiyalar basqarg`an da`wirde faraonlar shig`ista Sinay yarim atawi, al qublada Nubiy aymag`inda basip aliwshiliq atlanislarin tabisli ju`rgizgen, ko`p oljalar menen tutqinlarg`a iye bolg`an. Jen`isli basip aliwlar na`tiyjesinde Misr A`yyemgi patshaliq da`wirinde ju`da` iri

aymaqqa iye ma`mleketke aylandi. Ol Nil da`r`yasi oypatin ha`m quyarlig`in o`z ishine qamtig`an ha`m siyasiy ta`sirin shig`ista Sinay yarim atawi ha`m Tu`slik Palestina oblast`larina, qublada Arqa Nubiya oblast`larina taratqan. Joqari o`nimdarli diyxanshiliq ha`m ha`r qiyli o`nermentshilik A`yyemgi Misr ekonomikasinin` tiykarin quradi. Usta-o`nermentlerdin` miynetleri haqiyqatinda da a`jayip jemisler alip kelgen.

Faraonliq Misrdin` qu`diretin sipatlawshi ku`ta` u`lken arxitektura rawajlaniwina baylanisli tastin` ha`r qiyli tu`rlerin qazip aliw ha`m islep shig`ariw u`lken a`hmiyetke iye boldi. Qurilis isinde u`lken tabislar qolg`a kirgizildi. Ma`selen, IV dinastiyanin` ataqli piramidalari tas penen qaplandi.

A`yyemgi patshaliq da`wirinde Misrda misti toplap sog`iw ha`m quyiw texnikasi qollanilg`an. Ma`selen, Gizede tabilg`an Xetep-Xeres patshayimnin` qoyimshilig`inda mistan islengen buyimlar (b.e.sh. XXVII a`sir) tabilg`an.

***Keramikaliq buyimlar***. Ag`ashti qayta islew. O`nermentshiliktin` qa`nigelesiwine baylanisli ishki sawda rawajlanadi. A`yyemgi patshaliq da`wirinde Misrda tiykarg`i klasslardin` biri g`a`rezli jumisshilar klasi bolg`an. Onin` quramina qullar buring`i a`skeriy tutqinlar yamasa qulliq jag`dayina kelgen jergilikli xaliq kirgen.

A`yyemgi Misr ja`miyetinin` ekinshi klasin bay qa`wim ag`zalari qurag`an. Ja`miyettin` en` son`g`i eziwshiler klasin faraonnin` o`zi ha`m onin` do`geregi, jergilikli aqsu`yekler, nom ha`kimleri qurag`an.

Misr ma`mleketin patsha basqarg`an, ol joqarg`i ha`kimshilikti o`z qollarinda toplag`an. A`yyemgi patshaliq da`wirinde faraon barg`an sayin A`yyemgi Shig`is despotina aylang`an. Bul da`wirde orayliq ma`kemeler, atap aytqanda, ma`mleketlik g`a`ziynexana, joqarg`i sud palatasi ha`m awil xojalig`i u`stinen qadag`alaw ju`rgiziwshi ma`mleketlik xojaliq basqarmasi du`ziledi. Pu`tkil a`skeriy apparati faraonnin` qolinda toplang`an.

Misr ma`mleketi basshisi **-** *tiri quday* dep ja`riyalang`an. Og`an hu`rmet ko`rsetiwdin` qatal da`stu`ri islep shig`ilg`an. Faraon ha`kimiyati quday jaratqanlig`i ideyasin ha`r qiyli tiykarlar menen da`lillewge uring`an, patsha qudaydin` danqin shig`ariw ushin ju`da` u`lken mug`darda qarjilar jumsalg`an. Ju`da` u`lken piramidalardin` qurilisi da is ju`zinde patsha ha`kimiyatinin` asa saltanatin ha`m sheksiz qu`diretin u`git-na`siyatlawg`a bag`darlang`an.

IV dinastiyadan baslap faraonlar ha`kimiyati ha`m bir tutas ma`mleket sipatinda Misr ma`mleketinin` ha`lsirewinin` aniq belgileri bayqaladi.

| | |
|---|---|
| ***Misr ma`mleketi ha`lsirewinin` tiykarg`i sebepleri*** | • piramidalardin` jo`nsiz quriliwi aqibetinde o`ndiriwshi ku`shlerdin` ha`lsirewi;<br>• nom aristokratiyasinin` ku`sheyiwi;<br>• faraon ha`kimiyatinin` ha`lsirewi;<br>• ruwxaniylerdin` ku`sheyiwi. Misrdin` is ju`zinde jergilikli dinastiyalar basshilig`indag`i nomlarg`a bo`liniwi. |

***ESTE SAQLAW KEREK***

Gerodottin` mag`liwmatlari boyinsha, Xufu u`lken piramidasin 20 jil dawaminda 100 min` adam salg`an. Onin` biyikligi 147m, tirnag`inin` ko`lemi 5 ga (54min` kv. km.) quraydi. Qurilistin` uliwma ko`lemi 265 mln kub.m den aslam. Piramida ha`r qaysisi 2 tonnadan aslam 2,3 mln tas betonlardan quralg`an. Xeops piramidasi 30 jil dawaminda saling`an, onin` qurilisina da 100 min` adam qatnasqan.

### **Orta patshaliq da`wirinde Misr.** *(Б.Э.Ш. ШАМА МЕНЕН 2050j. 1750j.)*

Misrdin` siyasiy bo`lshekleniwi shama menen eki ju`z jil dawam etti (b.e.sh. shama menen XXIII a`sirdin` ortasinan XXI a`sirdin` ortasina shekem). Birden-bir Misr ma`mleketi ayirim yarim erkin nomlarg`a bo`liniwi oraylasqan patsha xojalig`i sistemasinin` qulawi ha`m suwg`ariw sistemasinin` idirawina alip keldi. A`yyemgi patshaliqtin` orayi **-** Memfis qalasi ha`lsiredi, al qaytadan birlesiw ushin gu`resti basqariwg`a ol jerde hu`kimlik su`rgen VIII dinastiyanin` jag`dayi kelmedi. Biraq basqa oraylar **-** gerakleopol` (Joqarg`i Misrdin` arqa aymag`inda) ha`m Fiva (qublada) ku`sheyedi.

Eki talasiwshi dinastiya (X ha`m XI) patshalari arasinda bir qatar a`skeriy soqlig`isiwlar ju`z beredi, onda birlesken, keyin ala Misrdin` paytaxtina aylang`an Fiv jen`ip shig`adi. Amenexmet V orta patshaliqtin` tiykarin saladi.

Bul da`wirde Misr ekonomikasinda anag`urlim o`zgerisler ju`z beredi. Mistan quyilg`an qurallar menen bir qatarda qoldan quyilg`an a`sbaplar payda boladi. Irrigatsiyaliq sistema tek g`ana qayta tiklenip qalmastan, rawajlaniwin dawam etedi.

***Ishki ha`m sirtqi sawda rawajlanadi***. Krit atawi menen sawda turaqlasadi. Da`n ornina altin tiykarg`i bahaliq o`lshemine aylanadi.

*Ekonomika ha`m sawdanin` o`siwi barg`an sayin mu`lklik bo`liniwge* sebepshi boladi. Aqsu`yeklerdin` polis ha`m ustaxanalarinda qa`wim ag`zalarinin` miynetinen paydalaniw buring`iday dawam etedi. Olar awir awhalda jasag`an, al qullardin` jag`dayi onnan da to`men bolg`an.

Fiv faraonlari ha`kimiyati astinda pu`tkil Misrdi birlestiriw Misr ma`mleketine bir waqitlari A`yyemgi patshaliq faraonlari ju`rgizgen sirtqi siyasatti tiklewge imkaniyatlar bergen. Amenexmet V o`zi a`skeriy tutqinlar ha`m mal aydap qaytiw maqsetinde Liviyag`a basqinshiliq atlanislar sho`lkemlestiredi. Senususte III tusinda Nildin` birinshi ha`m ekinshi bosag`alari arasindag`i aymaq turaqli salinadi. Sonday-aq usi faraonnin` tusinda Palestinag`a atlanis ju`rgizilgen. Bul elde Misr ta`siri ku`sheyedi. Nubiya, Sinay yarim atawi oblast`lari basip alinadi.

Orta patshaliq faraonlari provintsiyalar aqsu`yekleri menen tatiw jasawg`a tirisqan. Nomarxlar o`zlerin g`a`rezsiz tutqan. Olardin` ha`r qaysisinin` sarayi ha`m ha`remi, a`skerleri bolg`an, o`z aymag`inin` kishigirim patshalari bolg`an.

XII dinastiyanin` ha`kimligi aqirinda g`ana Amenemxet III tusinda (b.e.sh. XIX a`sirdin` ekinshi yarimi) oraylasiw ku`sheyip, nomarxlardin` artiqmashiliqlari keskin qisqartiladi. Sol waqitlari barliq qudaylardin` hu`rmetine arnalg`an ju`da` u`lken xram salinadi. Kelesi XIII dinastiya tusinda patshaliqtin` idirawi baslanadi, o`z-ara urislar, qullar menen gedeylerdin` aqsu`yekler ha`m baylarg`a qarsi ko`terilisleri ju`z beredi. «Iluser sheshimi» degen ko`rkem a`debiyat esteligi usi waqiyalar haqqinda so`z etedi.

Iri xaliq ko`terilisleri, shiyelenisken sotsialliq qarama-qarsiliqlar faraonlardin` orayliq ha`kimiyatin ha`lsiretken, oraydan bo`lek shig`iw uriniwlarg`a ha`m ayirim nomlardin` siyasiy salmag`i artiwina alip keledi. Nomarxlar erkin siyasat ju`rgizedi, ha`lsiregen faraonlar menen onsha esaplaspaydi. B.e.sh. XVIII a`sirde eldin` bo`lekleniwi ha`m Misrdin` uliwma idirawi baslanadi.

Orta patshaliqtin` aqirinda, b.e.sh. XVIII a`sirde Misrg`a sirt el qa`wimleri, Siriya ha`m Palestinali giksoslar shama menen 1700-j) basip kiredi, olar ap-an`sat Misrdi bag`indiradi (b.e.sh. shama menen 1710-1560 jj).

Antik tariyxinda alti giksos patshasinin` ati qalg`an. Olardin` ishinde Xian (b.e.sh. XVI a`sir) ayriqsha orin tutadi. Giksos patshalarinin` paytaxti To`mengi Misrdag`i Avaris qalasi bolg`an. Giksoslardin` u`stemligi shama menen 150 jil dawam etken ha`m Jan`a patshaliq faraonlari ta`repinen qulatilg`an.

### Ulli Misr ma`mleketi jan`a patshaliq da`wirinde a`yyemgi Misr tsivilizatsiyasinin` gu`lleniwi (b.e.sh. shama menen 1580-1085j)

Giksos patshalari ra`smiy jaqtan pu`tkil Misr aymag`inda hu`kimlik etken bolsa da qubla oblastlarda giksos u`stinligi onsha sezilmedi. Qubla nomlar basinda Fiv qalasi buring`i Misr paytaxti turdi. Giksos patshalari tusinda Fiv nomarxlari ju`da` ku`sheyip, Fiv ha`kimi pu`tkil Misr faraoni atag`in alg`an ha`m XVII dinastiyag`a tiykar salg`an, ol son`g`i giksos patshalarinin` XVII dinastiyasi menen qatar hu`kimdarliq etken. B.e.sh. XVII dinastiyasi menen qatar hu`kimdarliq etken. B.e.sh. XVII a`sirdin` aqirinda Fiv ha`kimleri giksoslardi Misrdan quwip shig`iw ushin sheshiwshi gu`res basladi. Bul gu`resti faraon Komesu basqardi.

Misrlilardin` giksoslarg`a qarsi azatliq gu`resin faraon Yaxmos V tusinda juwmaqlandi. Ol pu`tkil Misrdin` ha`kimi bolip, VIII dinastiyag`a tiykar saladi (b.e.sh. 1580-1345 jj). Bul jan`a patshaliqtin` basi edi (b.e.sh. 1580-1085 jj). A`skeriy ku`sh bekkemlenip, faraonlar basqinshiliq siyasat ju`rgiziwge belsene kiristi. Ma`selen, Yaxmos V, Amenxoten V, Tutmos V, Tutmos II Palestina ha`m Siriyani basip alip, ulli Misr ma`mleketin du`zedi. Onin` shegaralari arqadan qublag`a qaray 3200 km sozilg`an.

Tutasi menen XVIII, XIX, XX dinastiyalar hu`kimlik etken da`wiri jaqin qon`silari menen, sonday-aq Aziya, Afrika, Evropanin` alis elleri menen baylanislari ken` rawajlaniwi menen baylanisli xojaliqtin` barliq tarawlarinda u`lken o`zgerisler ju`z beriwi menen sipatlanadi.

Aldin`g`i Aziya ha`m Nubiyadag`i basqinshiliq urislar dawaminda qolg`a tu`sirilgen u`lken olja qul iyelewshilik aristokratiyani, a`sirese Fivtin` joqari ruwxaniylerin bayitip jiberdi. Olar patsha ha`kimiyatina qa`wip tuwdiradi. Sonin` ushin da faraon Amenxoten IV (b.e.sh. 1372-1354 jj) Among`a siyiniw menen baylanisli joqari Fiv ruwxaniylerine qarsi shiqti, diniy siyasiy reformalardi iske asirdi. Ol Fiv xramlari jerlerin tartip aladi, Among`a siying`anlardi quwdalaydi. Orayliq Misrda jan`a paytaxt**-**Axetaton qalasi belgilenedi. (Ha`zirgi Tel`-El`-Amarna).

Jan`a quday ku`n tu`rinde ko`rsetilgen. Nurlarinin` ushinda adam qollari su`wretlengen. Qollar **-** *o`mir ieroglifi, ku`shtin` simvoli* bolg`an.

Patshanin` o`zi jan`a qudaydin` joqarg`i jretsi (qurbanliq soyiwshi ruxaniy) bolg`an. Reformashi patshanin` ha`reketleri elde suwiq qabillandi. Biraq, Exnoten jan`a atin qabillag`an. Amenxoten IV qarsiliqlarg`a qaramastan jigerli tu`rde o`z maqsetlerine umtilg`an. Patsha o`lgennen keyin taxtti ku`yew balasi Tutanxamon iyeleydi. Ol eski ta`rtiplerdi qayta tikleydi, yag`niy Fiv xramlarina bayliqlarin ha`m artiqmashiliqlarin qaytaradi, o`zi de Fivqa qaytadi.

Misrda ornalasip alg`an XIX dinastiya Misrdin` ha`lsirep qalg`an ku`shin qayta tiklewge tirisadi. Onin` bas wa`killeri Seti V ha`m a`sirese onin` balasi Ramzes II xettler menen jigerli urislar ju`rgizedi. Biraq olar sa`tsiz shig`ip, 1280 jili paraxatshiliq kelisim du`ziledi.

XIX ha`m XX dinastiyalardin` son`g`i patshalari tusinda Misr qorg`aniw urislarina qatnasadi. Ramzes II o`lgennen keyin batis sahralardan Nil oypatina liviyalilar basip kiredi ha`m Memfis qalasin qamalg`a aladi. Arqadan o`z kemelerinde Axey a`skerleri kelip, da`r`ya quyarlig`inda jag`ag`a shig`adi. Misrdin` ku`shi barg`an sayin ha`lsireydi. Qullar ha`m jallanba a`skerlerge su`yengen Irsu basshilig`inda ko`terilis ju`z beredi. Patsha qaznasi barg`an sayin bosap, ruxaniyler bayiydi.

**B.e.sh. v a`sirde Misr sirt ellikler ha`kimiyati astinda. Says Oyaniw da`wiri.**

XX dinastiyanin` tamamlaniwi ha`m faraon taxti XXI dinastiyanin` (b.e.sh. 1085-j) ha`lsiz ha`kimlerine o`tiwi Misr ma`mleketi ha`m ma`deniyatinin` rawajlaniwinin` en` a`jayip da`wiri **-** Jan`a patshaliq da`wirinin` juwmaqlaniwi ha`m rawajlaniwinin` kelesi basqishi, Son`g`i Misr yamasa Son`g`i patshaliq da`wiri baslaniwin belgileydi. Bul da`wirdi jiyi Liviya-Says da`wiri dep te ataydi. Misrdin` sirtqi siyasiy ku`shi ha`lsireydi, sol sebepli sirttag`i jerlerdin` ko`pshiliginen ayiriladi. Sonin` menen birge ken` basqinshiliq siyasattan ajiralip, ku`shli qon`silari - liviyalilar, efioplar, assiriy ha`m da`wirdin` aqirinda-persiyanlar ta`repinen basip aliniw ob`ektine aylanadi. Liviyalilar qa`dimnen quyarliqtin` batisinda ha`m Niya oypatinin` arqa ta`repinde, sonday-aq batis oazisinde qonis basqan. Olar jergilikli misrlilardi armiya xizmetinen shetletedi ha`m usig`an baylanisli artiqmashliqlar menen jen`illiklerden ayiradi. Usilayinsha ruxaniyler menen ba`sekiles a`skeriy kasta payda boladi. O`zinin` otryadlarina su`yenip, liviyali jallanbalar a`skerbasisi Sheshenk b.e.sh. X a`sirde ha`kimiyatti o`z qolina aladi ha`m faraonlardin` XXII dinastiyasina tiykar saladi. Liviya a`skerleri menen Fiv ruxaniylerine su`yengen Sheshonk I pu`tkil Misrdi biriktiredi ha`m Aziyada belsene a`skeriy siyasat ju`rgiziwge urinadi**.** Ol Palestinag`a tabisli atlanis jasaydi. XXII, XXIII ha`m XXIV dinastiyalardin` son`g`i faraonlari tusinda eldin` bo`liniwi na`tiyjesinde aqsu`yekler qa`wim ag`zalarin ayawsiz ezedi. Bo`lsheklengen, ha`lsiregen Misr ekinshi ma`rte qubladan, Nubiyadan jan`a basqinshilardin` qurbani boldi. Misrdin` ha`lsirewi da`wirinde XXI ha`m XXII dinastiyalar tusinda Nubiya o`z betinshe erkin ma`mleketke aylanip, orayi Napat qalasi boladi. B.e.sh. VIII a`sirdin` ekinshi yariminda Efiop ko`semi Kashtardin` balasi Pianxi pu`tkil Misrdi basip aliwg`a urinip ko`redi. Biraq og`an Says knyazi Tefnaxt kesent jasaydi. En` son`inda Fivti iyelep aladi, Memfiske jaqinlaydi ha`m hu`jim jasap, bul ku`shli bekinislengen qalani iyelep aladi. Solay etip, Misrdi iyelep, Pianxi Tefnaxatti da bag`iniwg`a ma`jbu`rleydi, o`zin birlesken Misrdin` faraoni ha`m Misr faraonlarinin` XXV (efiop) dinastiyag`a tiykar saliwshisi dep ja`riyalaydi (b.e.sh. 715-664 jj). Pianxi miyrasxorlari Misrdi o`zlerinin` ha`kimiyatin bekkemleydi. Shabak faraoni pu`tkil eldi basqaradi. Mirasxorlarinin` biri bolg`an Taxarka Misrdi Assiriya a`skerlerinen qorg`awg`a ma`jbu`r boladi, biraq assiriylerdin` Misrg`a basip kiriwine ilaj ko`rilmeydi. **671**-jili Assiriya patshasi Asarxaddon Misrdi basip aladi. Biraq ol Misr u`stinen o`z ha`kimiyatin bekkemley almaydi. Bunnan pu`tkil Misr u`stinen ha`kimiyatti iyelep aliw maqsetinde Says nomi ha`kimi paydalanadi. 664 jildan baslap Saysta Psammetix hu`kimlik etedi. Aristokratiyaliq Liviya qalasinan shiqqan ol Says dinastiyasi dep atalg`an. Ol o`z ha`kimiyati astinda pu`tkil Misrdi birlestiredi, jan`a o`z ha`kimiyati XXVI dinastiyag`a tiykar saladi (b.e.sh. 664-525 jj). Bul da`wirde Misr o`z ma`mleketi menen ma`deniyatinin` bir qansha gu`lleniwine

anig`irag`in aytqanda, son`g`i gu`lleniwine erisedi. A`sirese Nexo faraoni tusinda Misrdin` sirtqi sawdasi anag`urlim rawajlanadi. Biraq bul erkin Misr ma`mleketinin` en` son`g`i da`wiri edi. Shig`ista a`yyemgi ha`m pu`tkil Shig`is du`n`yasin o`z ha`kimiyati astinda biriktiriwge uring`an Persiya ma`mleketi o`sip shig`adi. Ju`da` u`lken Persiya a`skerlerinin` hu`jimin qaytariwg`a Misrdin` ku`shi jetpedi. Yaxmos II o`lgennen keyin ko`p keshikpey, b.e.sh. 525 jili Persiya patshasi Kambiz Misrg`a basip kiredi. Peluziy qasinda Misr a`skerlerin qiyratip, Misr faraoni Psolametix IIIti taxttan qulatadi ha`m burin qudiretli bolg`an Misr ma`mleketin iyelep aladi, en` ku`shli ha`m bay satrapiyalardin` birine aylanadi. Biraq, b.e.sh. 404 jili hu`kimdar Persiya dinastiyasi ishindegi ala-awizliqlardan paydalanip, Misr ja`ne ko`teriliske shig`adi. Ko`terilis tabisli shig`ip, Amertat Misr faraoni etip ja`riyalanadi. Ol alti jil hu`kim su`redi. (XXIX dinastiya) Keyin ala Anoris (XXIX dinastiya), Nektanibu (XXX dinastiya) tusinda o`zgermeli sipattag`i urislar ju`rgiziledi. B.e.sh. 332 jili Misrg`a Iskender Zulqarnayn basshilig`inda Grek-Makedon a`skerleri basip kiredi ha`m Misr jer ju`zilik imperiyanin` bir bo`legine aylanadi. Iskender o`lip, ma`mleketi qulag`annan keyin Misr ha`kimiyatin onin` a`skerbasi Ptolomey basip aladi. Misr o`z tariyxinin` jan`a da`wirine **-** ellinizm da`wirine kiredi.

### ***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. Ulli piramidalar qurilisi haqqinda nelerdi bilesiz?
2. Piramidalar qaysi faraonlar ta`repinen qurdirildi?
3. Misr tariyxin da`wirlerge bo`lip u`yreniw, olardin` bir-birinen o`zgesheligi qanday?
4. Giksoslar, nomlar, nomarxlar bulay ataliw sebepleri, ma`mleket tariyxindag`i orni?
5. Liviya-Says da`wiri - bulay ataliwinin` sebebi nede**?**
6. Ellinizm da’wirinde qanday o`zgeshelikler ju`z berdi**?**
7. Dinastiyalardin` bo`liniw sebepleri, tiykarg`i o`zgeshelikleri**?**

### A`debiyatlar

1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.

## Lektsiya №7

## A`YYEMGI MISR MA`DENIYaTI

***Joba:***

1. A`yyemgi Misr jaziwi.
2. Misrda ilimiy bilimler.
3. Din, ta`biyatqa siyiniw.

***Tayanish tu`sinikler:*** A`yyemgi Misrdin` ma`deniyati, jaziwlari, mektepleri, a`debiyati ha`m ko`rkem o`neri, ilimiy bilimler, tariyxiy geografiyaliq bilimler. Ta`biyattag`i ha`r qiyli ha`diyselerge siyiniw haqqindag`i ma`seleler.

B.e.sh. V a`sirden baslap A`yyemgi Misr xaliqlari du`n`ya ma`deniyati g`a`ziynesine aylang`an, a`jayip ha`m bay ma`deniy bahaliqlar do`retken. Ayirim ta`repleri boyinsha Misr ma`deniyati «Dvurech`e» (eki da`r`ya ortasi) ma`deniyatinan joqari turadi. A`sirese bul a`debiyatlar menen bir qatarda, Misrda puxaraliq ko`rkem a`debiyati da du`ziledi.

O`zgeshe jaziw sistemasi a`yyemgi misrlilardin` en` ulli jetiskenliklerinin` biri boldi. Olar a`piwayi nag`islar ha`m aqsu`yeklerden payda bolg`an, olardin` ja`rdemi menen xatker anaw yamasa minaw so`zdi yaki tutasi menen ga`pti su`wretlewge tirisqan. Ayirim zatlardin` ma`nisin beriw ushin ayirim aniq belgiler bolg`an.

A`yyemgi patshaliq da`wirde g`ana alfavit belgileri payda bolg`an, olar buwinlardi, ayirim waqitlari dawissiz ha`m yarim dawissiz seslerdi an`latqan.

Misr a`debiyatina b.e.sh. IV min` jilliqta tiykar saling`an, sol da`wirde a`yyemgi shig`armalar do`retilgen. Misr a`debiyatinda ha`r qiyli janrlar da`stu`riy motiv ha`m syujetler bolg`an.

Ertekler xaliq awizeki do`retiwshiliginin` teren` derekleri bolip tabiladi, olar a`piwayi diyxanlardin` turmisin ha`m ko`z-qaraslarin sa`wlelendirgen.

Mifler erteklerge ju`da` jaqin, olar a`yyemgi misrlilardin` sol waqitta u`stemlik etken diniy ideologiya ko`z-qarasinan ta`biyat ha`m adamzat turmisinin` anaw yamasa minaw qubilislarin tu`sindiriwge talping`ani haqqinda dalil bola aladi.

Misrdin` qon`si eller menen ekonomikaliq ha`m ma`deniy baylanislar ornatiwi ko`rkem a`debiyattin` jan`a janrinda-salxatlar ha`diyselerinde o`z sa`wlesin tapqan, ma`selen, «Keme apatina ushirag`anlar haqqinda ertek» h.t.b.

A`yyemgi misrlilar a`debiyati din menen baylanisli bolg`anin atap o`tiw kerek, sebebi din Misrda ideologiyaliq u`stem formasi bolg`an.

Didaktikaliq (aqil-na`siyat) a`debiyat shig`armalari Orta ha`m Jan`a patshaliq da`wirlerine tiyisli.

Bir qatar ko`rkem a`debiyat shig`armalarinda du`n`yag`a isenimsizlik, usi du`n`yanin` barliq go`zzalliqlarinan paydalaniwg`a shaqiriqlar isleri esitiledi (mis, «Pushayman jegennin` o`zinin` kewili menen sirlasiwi» h.t.b.)

A`yyemgi Misrdin` ko`rkemlew iskusstvosi u`sh tiykarg`i formalardan: ***rel`ef, jivopis` ha`m freskadan*** ibarat bolg`an.

A`yyemgi patshaliq da`wirinde skul`ptura (mu`sinshilik) anag`urlim ko`rkem shin`larg`a jetedi.

Xudojnikler (su`wretshiler) patsha ha`m ha`meldarlar statuyalarin do`retken. Patshalar a`dettegishe otirg`an halda su`wretke aling`an. Bul statuyalar portret dep atalg`an. Ma`selen, otirg`an Xafra faraoni statuyasi yamasa tu`rgelip turg`an ruxaniy **-** Ranofr statuyasi h.t.b.

Bul da`wirde rel`efli su`wretlew mazarlarda ken` qollang`an, marhumnin` xojalig`indag`i, diyxanshiliq jumislarindag`i ko`rinisler **-** bul su`wretlerdin` tiykarg`i syujetleri bolg`an. Rel`efli su`wretler jiyi ren`li boyawlar menen boyalg`an.

Orta patshaliq da`wirinde skul`ptura ha`m rel`ef ju`da` joqari da`rejege ko`terildi. Tu`rli ren`ge boyaw menen bir qatarda haqiyqiy diywal jivopisi payda bolg`an. Peyzaj, portret, turmis ha`m a`skeriy ko`rinislerdin` joqari ko`rkem u`lgileri do`retildi.

Amenemxet V ha`m Ramzes II, Tutmos hayalinin` skul`pturalari Orta ha`m Jan`a patshaliq da`wirlerdin` en` iri skul`pturaliq shig`armalari bolg`an.

Misrda arxitektura ju`da` joqari da`rejege jetti. A`yyemgi Fivtag`i (Ha`zirgi Karnaka ha`m Lukser) na`ha`n qulandilar **-** Misr xramlarinin` saltanatli ha`m go`zzallig`inin` ayqin ko`rinisleri bolip tabiladi. Esiklerdin` qaslarinda ha`r qiyli stil`degi kalonnadalar qollanilg`an, ken` basqishlar ha`m maydanshalar sfinksler qatarlari menen bezelgen.

Haywanatlarg`a, ata-babalarg`a ha`m tasqa siyiniw ken` taralg`an. Xramlar arxitekturasinda su`yir estelikler (obelisk)din` ken` qollaniwi *tasqa siyiniw* menen baylanisli. Patsha mazarlari tu`rindegi piramidalar eski zamandag`i ka`ramatli taw ha`m jarlarg`a siyiniwdi yadqa tu`siredi. «Ka`ramatli jer» quday-ta`biyat anasi, jer qudayi Geba haqqinda tu`sinikler bolg`an.

Misrda ata-babalarg`a siyiniw, ol du`n`yag`a siyiniw menen baylanisli dep esaplag`an. Misrlilar adamnin` o`limi bul o`mirdin` aqiri emes, bul onin` ol du`n`yag`a o`tiwi degen isenimler menen jasag`an. Marhumg`a ma`n`gi o`mir saqlap qaliwg`a umtiliwlar, denelerdi jerlew usillarinda sa`wlelengen (mumiyalaw).

Misrlilardin` ko`zine ku`n-aspan otinin` qudiretli ko`rinisi sipatinda ko`ringen, ol jansiz sahrada hu`kim su`rip, *o`mirdin` adam ushin za`ru`rli issiliq ha`m jaqtiliqtin` baslamasi* dep isengen.

A`yyemgi Misrda din patsha ha`m ma`mleketlik ha`kimiyattin` abiroyin ko`teriwge xizmet etken. Patsha **-** bul quday, ha`kimiyat og`an tikkeley qudaylar ta`repinen berilgen ha`m og`an jerdegi quday sipatinda boysiniw kerek. Jan`a patshaliq faraonlari tusinda patshag`a siyiniw ja`ne de rawajlandi.

*Ilimiy-bilimler* **-** Misrda matematika jaqsi rawajlandi. Geometriyada piramidalar ko`lemi ha`m shen`berdin` diametrge qatnasi esaplang`an. Misr astronomiyasi da u`lken tabislarg`a eristi. Olar Nildin` tasiwi haqqinda xabarlaytug`in aspanda Siriustin` payda boliw waqtin baqlag`an. Misr kalendari **-** ku`n kalendari bolg`an. Ay u`sh on ku`nlikke bo`linip, 30 ku`nnen, al jil 12 aydan ibarat bolg`an. Artiq bes ku`n bayram ku`nleri bolg`an, olar hesh bir ayg`a kirgizilmegen.

*Meditsina.* Qan aylanisi nizami haqqinda tu`sinikler bolg`an. B.e.sh. VI a`sirde Persiya patshalarinin` saraylarindag`i shipakerler en` sheber xirurglar bolg`an.

Misrda geografiya ilimine de qizig`iwshiliq bolg`an. Jerdi olar to`rtmu`yeshlik dep esaplang`an (ma`selen, Arabiya sahrasindag`i altin ka`nlerdin` toliq kartasi).

*Ko`rkem o`ner.* Muzika ha`m ayaq oyini jaqsi rawajlanadi. Duxovat a`sbaplar bolg`an. Ayaq oyinshilar quramali pantomimolar ko`rsetken, faraondag`i ha`m jen`ilgen dushpandi su`wretlegen. Xramlarda diniy dramalar qoyilg`an.

Tutasi menen alg`anda, Misrdin` ma`deniy jetiskenlikleri pu`tkil du`n`yag`a ta`sir jasag`an ha`m ha`zirge shekem jetip kelgen. Misrlilardin` ko`plegen ko`rkem syujetleri basqa xaliqlarg`a o`tken. Evropa ko`rkem o`nerinde sfinks obrazi klassikaliq obrazg`a aylang`an. Haqiyqiy Misr obeliskleri Rim ha`m Parijdin` danqin shig`arip tur. Misrdan alip kelingen, qizil granitten islengen sfinksler Sankt-Peterburgta Neva boylarin bezep tur.

***Tariyxiy shaxslardi bilip alin`***

***Iskender Zulqarnayn* –** b.e.sh. **356-323** jj. O`zinin` a`skeriy atlanislari menen du`n`yag`a belgili.

***Amasis (Yaxmos II)* –** b.e.sh. **569** jili hu`kimet basina keldi.

***Ptolomey* –** Ellinizm da`wirinin` grek filosofi

***Amenemxet I* -** Misr Orta patshaliq da`wirine (b.e.sh. **2000-1775** jj.) tiykar salg`an.

***Ramzes II* –** (**1301-1325**) XIX faraonlar dinastiyasi wa`kili, bir qansha tabisli a`skeriy ju`risler ju`rgizgen.

***Tutmos III* –** Jan`a patshaliq (b.e.sh. **1580-1085**) da`wirinin` faraoni, sirtqi siyasatqa o`zgerisler kiritken.

***ESTE TUTIN`***

- A`yyemgi zamanda Nunu qalasi ku`nge siyiniwdin` orayi bolg`an, oni grekler **Gliopol` «Ku`n qalasi»** dep atag`an. Ku`n qudayi **- Rag`a** siyiniw Misrda basli orin tutqan.
- *Haywanatqa siyiniw* **- totemizmnin`** bir tu`ri Misrda en` a`yyemgi da`wirde bolg`an (arislang`a, o`gizge siyiniw).

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. Misr ma`deniyatinin` o`zine ta`n o`zgesheligi.
2. Ko`rkem o`ner ha`m arxitekturanin` rawajlaniwi?
3. Mısr jaziwi qashan payda boldi?

**A`debiyatlar**


1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6. M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.


## Lektsiya №8
## XETT MA'MLEKETI

***Joba*:**

1. Kishi Aziya eli ha`m xalqi.
2. Xett patshalig`i.
3. Kishi Aziya batisindag`i ma`mleketler. Lidiya ma`mleketi.

***Tayanish tu`sinikler:*** Kishi Aziya a`yyemgi zamanda, onin` xalqi, derekleri ha`m istoriografiyasi. Tariyxinin` en` a`yyemgi da`wiri, Xett patshalig`i. Kishi Aziya batisindag`i ma`mleketler. B.e.sh. V-II min` jillarda Troya patshalig`i. Lidiya ma`mleketi.

Kishi Aziya **-** bul yarim ataw. Onin` jag`alarinda bir neshe ten`izlerdin` (Qara ten`iz, Egit ten`izi, Jer Orta ten`izi) suwlari tolqinlap tur. Evropadan oni Bosfor ha`m Dardanella bug`azlari ayirip tur. Onin` shig`is ta`repi dala u`stirti, ol tawlar (Pontiy tawlari ha`m Antitavr) ha`m Qizil Irmaq da`r`yasi menen qorshalip tur. Batis ta`repindegi jag`alarda qolayli qoltiqlar jaylasqan.

Kishi Aziyanin` Evropa ha`m Aziya materikleri arasinda geografiyaliq jaylasiwi sawda, a`yyemgi ma`deniy baylanislardin` rawajlaniwinda ha`m etnikaliq ko`ship-qon`islawlarda onin` a`hmiyetli ornin belgiledi.

Xettler yamasa proxettler ha`m xurritlerdin` qa`wimin Kishi Aziyanin` a`yyemgi xalqi dep atawg`a boladi.

B.e.sh. II min` jilliqtin` basinda Kishi Aziyada hindevropaliq tilde so`ylewshi xettler, al b.e.sh. II min` jilliqtin` ortalarinda grekler-axeyler ha`m friygiyler jasag`an.

B.e.sh. VIII-VII a`sirleri Kishi Aziyag`a kimmeriyler kelip baslaydi.

1823-jili F.Shampol`on ta`repinen Ramzes II jaziwlari ashiladi, XIX a`sirdin` 40-jillari R.Lepshus ta`repinen «Kadesh qasindag`i sawash» atli Misr poemasi ha`m Misr-Xett sha`rtnamasinin` ja`riyalaniwi, sonday-aq Xett ma`mleketi paytaxti **–** Xattusti, qaziwlar qu`diretli Xett ma`mleketinin` o`zi tariyxta bolg`anlig`i haqqinda mag`liwmatlar berip qoymastan, onin` ma`deniyatin toliq ashiwg`a mu`mkinshilik bergen. Bul jerde Akkad tilinde, ayirimlari xett xaliqlari tilinde klinopis` hu`jjetlerinin` u`lken arxivi tabilg`an.

Xett jaziwlarin izerlewde chex ilimpazi B.Grozniy u`lken rol` oynag`an. 1915-1917-jillari ol xettler klinopisi shifrlarin oqig`an (patsha jaziwlari, diplomatiyaliq, xojaliq ha`m a`debiy-diniy tekstler, faraonlardin` Assiriya ha`m Vavilon patshalari menen xat alisiwlari h.t.b.).

Materialliq ma`deniyat estelikleri, epigrafiyaliq hu`jjetler ha`m antik avtorlarinin` miynetleri Kishi Aziya batis ma`mleketlerinin` tariyxi boyinsha tiykarg`i derekler bolip tabiladi.

Troya qalasi, Frigiya paytaxti**-**Gordion ha`m Lidiya paytaxti**-**Sard, sonday-aq batis Kishi Aziyanin` basqa oraylari qulandilarin qaziw u`lken a`hmiyetke iye boldi.

A.Sens, I.Fridrix, R.Gusmani, Z.Larosh h.t.b. ilimpazlar epigrafiyaliq esteliklerdi ha`m lingvistikaliq materiallardi izertlewge salmaqli u`les qosti.

B.e.sh. II a`sirdin` grek tariyxshisi Apolodordin` epikaliq an`izlari ha`m mifleri Troya, Frigiya ha`m Lidiya patshaliqlari tariyxi ma`deniyati boyinsha bay materiallarg`a iye. Greklerdin` «Iliada» ha`m «Odisseya» epikaliq poemalari Troya tariyxi boyinsha a`hmiyetli derekler bolip tabiladi. Oni soqir jirshi Gomer do`retken. Da`standa keltirilgen ko`plegen mag`liwmatlardin` haqiyqiy ekenligin jan`a izertlewler da`liyllegen. Ilimpazlardin` pikirlerine qarag`anda, shig`arma Troya urisina (b.e.sh. XIII a`sir) qatnasiwshilardin` jeke baqlawlari tiykarinda jazilg`an.

Lidiya tariyxi, ol haqqinda geografiyaliq ha`m tariyxiy mag`liwmatlar antik avtorlardin` miynetlerinde, atap aytqanda, Gerodottin` «Tariyxinda, Strabonnin` Geografiya»sinda, Nikolay Damasskiydin` shig`armalarinda bayan etiledi. Rus alimlari da, atap aytqanda, V.V.Struve, I.M.D`yakov, P.N.Ushakov h.t.b. usi da`wirdi izertlewge salmaqli u`les qosti. Olar Kishi Aziya etnomingvogenez, xronologiya, Batis Kishi Aziya ma`mleketlerinin` grek ha`m Shig`is du`n`yasi menen o`z-ara qatnasiqlari mashqalalarin izertlegen.

Kishi Aziya aymag`inda neolit da`wirinde an`shilar jasag`an. B.e.sh. X-IX a`sirleri jergilikli xaliq jabayi o`simlikler jegen. Bug`an Bildibi u`ngirlerinde tabilg`an shaqmaq taslar, pishaqlar da`lil bola aladi. B.e.sh. VIII-VII a`sirleri bul jerlerde ilaydan saling`an u`yler payda boladi, adamlar an`shiliq ha`m diyxanshiliq penen shug`illanadi.

Diyxanshiliq ha`m sharwashiliq ma`deniy jaqtan rawajlaniw tiykari boldi. Buni b.e.sh. VII-VI min` jilliqlarg`a tiyisli Chatal-xuyuk ma`deniyati misalinda ko`riwge boladi. Bul ma`deniyat usi da`wirdin` pu`tkil A`yyemgi Shig`istag`i en` rawajlang`an ma`deniyatinin` biri bolip esaplanadi. Metalldi eritiw en` a`hmiyetli texnologiyaliq jetiskenlik boldi. Diyxanshiliq- sharwa ekonomikasinin` rawajlaniwi abadanshiliqtin` joqari da`rejesin ta`miyinledi.

Bul da`wirde o`gizge ha`m quday ana-hasildarliqtin` qa`wenderine siyiniw ju`da` ken` taralg`an. B.e.sh. III min` jilliq dawaminda sheshiwshi o`zgerisler ju`z beredi. Oraylar bekkemlenedi, o`nermentshilik rawajlanadi (Troya, Polioxni). Bayliqlar toplap alip, qa`wim ko`semleri, sawdagerler ha`m o`nermentler qalalardin` bekkem qorg`alg`an diywallari artinda jasirindi. O`zlerine sadiq a`skeriy toparlarg`a su`yengen qa`wim ko`semleri-a`skeriy basliqlar qatardag`i qa`wim ag`zalarinan barg`an sayin bo`leklene basladi. Alg`ashqi du`zimnin` ha`lsirew protsesi jigerli pa`t penen dawam etti.

**Xett patshaligi.** B.e.sh. II min` jilliqtin` basinda Kishi Aziyada qala-ma`mleketler payda boladi (Kanes, Burusxanda, Kussar ha`m Nesa, Tsappa, Xattus). B.e.sh. XX-XVIII a`sirleri assiriyler ha`m amoriyler tiykar salg`an sawda koloniyalari Kishi Aziyada klassliq ja`miyet qa`liplesiwinde a`hmiyetli rol` oynag`an. Usi koloniyalar arqali xaliq araliq sawda ju`rgizilgen. Usi sawda faktoriyalardin` ha`reket etiwinin` o`zi jergilikli qa`wim xojaliqlarin rawajlandiriwg`a, qul iyelewshilik qatnasiqlardin` ken` en jayiwina imkaniyatlar tuwdirdi.

B.e.sh. XVII a`sirdin` birinshi yariminda, Pitxan (Kussar ha`m Nessa qalalari) ha`m Ametta patshaliq etken da`wirde kishi qala-ma`mleketler birden-bir iri ma`mleketke birigedi. Anetta A`yyemgi Xett patshalig`i dep atalg`an ju`da` u`lken ma`mleketlik du`zilisti basqaradi (b.e.sh. XVIII-XVI a`sirleri).

Xett patshalig`ina tiykar saliwshilardin` birigiw siyasatin Anettanin` miyrasxori Labarna patshasi (b.e.sh. 1680-1650 jj.) dawam etedi. Ol Tavr tawinin` qirinin` arqa janbawirin iyelep alip, Qara ten`iz jag`alawlarina shig`adi. Mursili (b.e.sh. 1620-1590 jj.) patsha tusinda Xett patshalig`inda oraylasiw protsesin ku`sheytedi. Ol Mesopotamiyadan Finikiya jag`alawlarina qaray jolindag`i sawda orni bolg`an Xappani, sonday-aq Aldin`g`i Aziyanin` bas orayi bolg`an Vavilonni basip aladi (b.e.sh. 1595 j.).

Ishki siyasatta ha`lsirew seziledi, o`z-ara urislar da`wiri dawam etedi. Xett ma`mleketinin` xaliq araliq abiroyi da tu`sedi. Talepin (b.e.sh. 1520-1490 jj.) tusinda patshaliq ha`kimiyatti onin` balasina beriw haqqinda pa`rman ja`riyalanadi. Talepin o`lgennen keyin, onin` balasi tusinda qa`weterli da`wir Orta Xett ma`mleketi da`wri baslanadi (b.e.sh. XV a`sir). Bul da`wirde Xett ma`mleketinin` ha`lsirewi bayqaladi. Xettlerdin` shig`isinda ku`shli Mitaniy ma`mleketi, sonday-aq kaski qa`wimleri payda boladi. Son`g`ilar Xett patshalig`ina u`lken qa`wip tuwdiradi, onin` paytaxtin - Xattisani basip aladi ha`m qiyratadi.

B.e.sh. XIV a`sirdin` basinda Xett patshalig`inin` qayta tikleniwi baslanadi. Bul patsha Suppilumuma ha`reketi menen baylanisli boldi. Qolayli sharayatlardan paydalanip, Misr kassitler Vavilon ha`m Mitaniy ma`mleketleri ha`lsirewinen juwmaq shig`arip, Xett patshalig`i armiyasin ku`sheytedi. Xettler Jer Orta ten`izi boylarina ha`m Iordaniyag`a basip kiredi. Mitaniyge tiyisli Siriya qalalarin Xalna, Nuxashsha, Niy ha`m Karkamis qalalarin basip aladi.

Karkamis qalasi Xett wa`killeri ta`repinen kolonialastiriladi, ku`shli bekinisedi ha`m jan`a Xett ma`mleketi bas qorg`anina aylanadi. Xett patshasi Suppiluliuma Mitaniy ma`mleketin iyelep taxtqa o`zinin` balasi Tushratti otirg`izadi. Mursili II (b.e.sh. 1340-1305jj.) patshaliq da`wirinde Xett ma`mleketi ja`ne ku`sheyedi. Ol Arqa patshalig`i a`skerlerin qiyratadi ha`m Apasu qalasin iyeleydi. Solay etip, Kishi Aziyanin` ko`pshilik bo`legi xettler ha`kimiyati astina o`tedi.

Usi da`wirde Kishi Aziyada sirtqi siyasiy jag`day keskinlesken edi. Shig`is Jer Orta ten`izi boyi aymaqlarin qaytarip aliw ha`m Aldin`g`i Aziyada u`stinlik etiw ushin sol da`wiride eki ulli Misr ha`m Xett ma`mleketleri arasinda qa`ha`rli uris ju`z beredi. Biraq bir neshe soqlig`isiwlardan keyin b.e.sh. 1280-jili Misr ha`m Xett ma`mleketleri arasinda paraxatshiliq kelisimi du`ziledi. Usi kelisimge muwapiq, Siriyanin` bir bo`legi ha`m Arqa Finikiya Xett ta`sir zonasina, al Palestina ha`m Tu`slik Finikiya-Misr ta`sir zonasina aylanadi. Ha`tteki, Xett patshasinin` qizi Ramzes II ge turmisqa shig`adi.

B.e.sh. XIII a`sirdin` aqirinda ten`iz xaliqlari dep atalg`an ku`shli awqam du`ziledi. Og`an axeyler, sherdanlar, etrussklar h.t.b. kirip, Aldin`g`i Aziya ma`mleketlerine hu`jim jasaydi. Olar Xett a`skerlerin qirip taslaydi, so`ytip Xett ma`mleketi birotala qulaydi (b.e.sh. 1190j).

Nizamlar jiynag`i Jan`a Xett patshalig`i xojalig`in ha`m sotsialliq qatnasiqlarin sipatlawshi tiykarg`i derek bolip tabiladi. Usi nizamlar jiynag`i ha`m su`wretler boyinsha mal sharwashilig`i basim awil xojalig`i ekonomikasinin` tiykari bolg`an, xettlerde diyxanshiliq ekinshi orin iyelegen. Patsha barliq jerlerdin` ra`smiy iyesi bolg`an. Xram ha`m qa`wimlerdin` de jerleri bolg`an.

O`nermentliktin` rawajlaniwi haqqinda nizamlar ha`m basqa hu`jjetler da`lilleydi. Olarda shoyinshi, gu`lalshi, ag`ash ha`m teri ustalari, tigiwshiler tuwrali so`z etiledi.

Jan`a Xett patshalig`inda sitrqi sawda da jaqsi rawajlanadi. Misr ha`m Mesopotamiya a`yyemgi tsivilizatsiyalari turaqli ma`deniy da`stu`rlerge iye bolg`an da`wirde Xett ma`mleketi iri ma`mleket sipatinda qa`liplesedi, bul joqari rawajlang`an oraylardin` belgili ma`deniy ta`sirinde boladi. Olardin` ko`p qudayliq dini bolg`an. Ka`ramatli o`giz, arislan h.t.b. haywanlar menen quslarg`a siyiniw u`lken rol` oynag`an. «O`mirbayan» dep atalg`an jazba shig`armalar saqlang`an. Sonday-aq, arxivlerde kutiy patshasi Impakrudin` Akkadg`a atlanisi haqqinda tariyxiy poema saqlanip kelgen. A`skeriy ma`mleket sipatinda Xett ma`mleketi a`skeriy-injenerlik ha`m qurilis jumislarin rawajlandiradi. Statuyalar bolg`an, diywallarg`a rel`efli su`wretler saling`an.

**Kishi Aziya batisindagi ma`mleketler b.e.sh. II-V min` jilliqlarda.**

***TROYa PATShALI"I.*** Troya Kishi Aziyanin` en` a`yyemgi oraylarinin` biri bolg`an. Ol bekinisli qalasha, a`hmiyetli o`nermentshilik ha`m sawda orayi bolg`an. Troyashilar ku`shli armiya du`zgen, onin` basinda patshanin` balasi turg`an. Ma`mleketti patsha basqarg`an. Gomer o`zinin` poemasinda aqsaqallar ken`esi ha`m xaliq jiynalisi haqqinda so`z etedi. Xalqi Xett-Liviya, Frakiya ha`m Frigiya qa`wimleri, sonday-aq greklerden turg`an. Troya patshalig`inin` gu`lleniwi b.e.sh. 1800-1300-jillarg`a tuwra keledi. Troya urisi waqtinda (b.e.sh. XIII a`sir) ol grek-axeyler menen awir uris ju`rgizedi. Gomerdin` «Iliada», «Odisseya» poemalarinda axeyler Troyai on jil kamalg`a alg`anlig`i haqqinda so`z etiledi. Frigiya patshalig`i qulag`annan keyin Troya onin` miyrasxori bolg`an Lidiyanin` quramina kiredi. B.e.sh. 546-jili Persiya ma`mleketi Troya ha`m Lidiyani basip aladi. Troyashilar Italiyag`a ko`shiriledi. Bunnan tisqari, "troyashilar Batis Sitsiliyani koloniyalastirg`an", dep jazadi antik avtori Fukidid.

***Frigiya patshalig`i.*** Troya patshalig`inan keyin Frigiya en` a`hmiyetli siyasiy du`zilis bolg`an. B.e.sh. II min` jilliqtin` ekinshi yariminda frigiyler Makedoniya yamasa Frakiyadan yarim atawdin` arqa-batis ta`repine ko`ship kelgen. Olar diyxanshiliq, mal sharwashilig`i ha`m ju`zimgershilik penen shug`illang`an. Ha`r qiyli o`nermentshilik rawajlang`an. Olar grekler menen bolg`an urista Troyashilarg`a ja`rdem bergen, Xett ma`mleketin qiyratiwg`a qatnasqan. B.e.sh. X-VIII a`sirleri Frigiya patshalig`i en` joqari rawajlaniwina jetedi. Onin` paytaxti Gordion qalasi bolg`an. Ol Frigiya patshalig`ina tiykar salg`an Gordiy patshasi hu`rmetine atalg`an.

Sargon II tusinda Assiriya a`skerleri Frigiya aymaqlari ha`m qalalarin basip aladi. B.e.sh. VII a`sirde Frigiya patshalig`i qulaydi, onin` aymag`i Lidiya patshalig`i ha`kimiyati astina o`tedi, keyin ala b.e.sh. 547-jili Persiya ma`mleketine kirgiziledi.

***ESTE SAQLAW KEREK***

| |
|---|
| Frigiyler alfavit jaziwin du`zgen. Din ma`selesinde frigiyler ta`biyat ha`m hasildarliq ku`shlerinin` simvoli bolg`an qudaylardin` Ulli Anasi ha`m onin` su`yiklisi-*Attis* qudayg`a siying`an. Xramlar ha`m mazarlar saliw ken` taralg`an (Midas). |

**Lidiya ma`mleketi.** Lidiya ma`mleketi Kishi Aziyanin` batis ta`repinin` orayliq aymag`inda jaylasqan. B.e.sh. V min` jilliqtin` basinda Lidiya Frigiya ma`mleketi quramina kirgen, biraq ol ha`lsirep qulag`annan keyin o`z betinshe ma`mleketke aylang`an. Onin` paytaxti-Sardi qalasi edi.

Diyxanshiliq ha`m mal sharwashilig`i Lidiya ekonomikasinin` tiykarin qurag`an ha`m bul aymaqlar metallg`a bay bolg`an. Batis (grek) ha`m A`yyemgi Shig`is du`n`yalari kesispesinde jaylasqan Lidiya belsene sawda ju`rgizgen. Lidiya sawda aylanisinin` en` qolayli qurali bolg`an ten`genin` watani bolg`an. Lidiya qul iyelewshilik ja`miyet bolip, onda qul iyelewshilik klasi (jer iyeleri, a`skeriy ha`m ruwxaniy aqsu`yekler ha`m sawdagerler) u`stemlik orin iyelegen. Ja`miyettin` klassliq ha`m sotsialliq du`zilisinin` en` to`meninde qullar turg`an.

O`zinin` siyasiy du`zilisi boyinsha Lidiya monarxiya bolip, ma`mleket basinda patsha turg`an, a`skerler onin` tiregi bolg`an. Aristokratiyaliq ken`es ha`m xaliq jiynalisi bolg`an.

B.e.sh. VII-VI a`sirleri Lidiya patshalig`i ju`da` jaqsi rawajlang`an. Ol waqitlari ha`kimiyat basinda Merinadlar dinastiyasi turg`an, og`an Tiges (b.e.sh. 692-654 jj.) tiykar salg`an. Ol Lidiyag`a Frigiya ha`m Kariyanin` bir bo`legin, Troya ha`m Midiyani qosip alg`an, solay etip, Qara ten`iz boylarindag`i ten`iz jolg`a shig`iw imkaniyatina iye bolg`an.

654-jili Kimmeriyler qa`wimleri Lidiya paytaxtin ha`m pu`tkil eldi basip aladi. Lidiya patshalig`i Midiya menen uris ju`rgizedi (b.e.sh. 590-585 jj.), ol paraxatshiliq pitim menen juwmaqlanadi. Kishi Aziyadan kimmeriy qa`wimlerin quwip shig`ariw bul da`wirde Lidiya sirtqi siyasatinin` en` iri jetiskenligi boldi.

Krez (b.e.sh. 562-547 jj.) basqariw da`wirinde Lidiyanin` sirtqi siyasati ba`lentleydi. Ol Kishi Aziyadag`i grek qalalarin bag`indiradi. B.e.sh. 547-jili Persiya patshasi Lidiyag`a basip kiredi, Sardini iyeleydi, Krezdi tutqing`a aladi. Usi menen Lidiyanin` 150 jilliq g`a`rezsizlik tariyxi tamamlanadi, ol satrapiyalardin` biri sipatinda Persiya ma`mleketi quramina kiredi.

O`zinin` alfavit jaziwin lidiyler Kishi Aziya greklerinen o`zlestirip alg`an. Lidiya muzikasi jaqsi rawajlang`an. Sheber shipakerler bolg`an. Lidiyler bekinisli qorg`anlar, na`ha`n mazarlar (Tigesu ha`m Yar) qurg`an. Lidiya dininde o`lip tiriletug`in qudaylarg`a (Saydan, Attis, Sabadi) siyiniw taralg`an.

Hasildarliq nishani bolg`an Ulli Ana, Qudaylar Anasina siyiniw ju`da` ken` taralg`an. Uris qudayi retinde og`an pu`tkil Kishi Aziya siyinatug`in edi. Lidiya ma`deniyati grek ma`deniyatina u`lken ta`sir jasadi. Gretsiyag`a Shig`istin` bir qatar ma`deniy jetiskenliklerin inam etti.

### *Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar*

1. «Iliada» ha`m «Odisseya» epikaliq poemasinin` Troya tariyxinda tutqan orni ha`m kim ta`repinen do`retilgen?
2. Xettler yamasa proxettler ha`m xurritler qa`wimlerinin` bulay ataliw sebepleri?
3. Kishi Aziya batisindagi ma`mleketleri

### A`debiyatlar


1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.

**Lektsiya №9**

# SHIGIS ORTA JER TENIZI. PALESTINA, SIRIYA, FINIKIYA

***Joba:***

1. Arabstan ha`m Siriya ma`mleketi.
2. Finikiya ha`m onin` sotsialliq ekonomikaliq, siyasiy ha`m ma`deniy rawajlaniwi.
3. Palestina a`yyemgi zamanda.

***Tayanish tu'sinikler:*** Shig`is Jer Orta ten`iz boyi elleri Arabstan, Siriya, Finikiya ha`m Palestina a`yyemgi zamandag`i jag`daylari xaqqinda. Shig`is Jer Orta ten`iz boyi qa`wimleri ha`m xaliqlari. Rasshamrada. Diyxanshiliq, o`nermentlik penen sawdanin` rawajlaniwi.

Tavra tawi aldi ha`m Efrattin` orta ag`isinan baslap Misrg`a shekem sozilg`an Shig`is Jer orta ten`iz boyi aymag`ina Siriya da kirgen. Bul jerde Finikiya ha`m Palestina da jaylasqan. Kishi da`r`yalar Palestinada Iordan, Siriya ha`m Finikiyada-Oront da`r`yasi bolg`an. Ju`da` a`piwayi irrigatsiyaliq qurilislar bolg`an. Aymag`i tawli qirlardan, sahra ha`m yarim sahra oblast`lardan ibarat edi.

Shig`is Jer Orta ten`iz boylari bahali shiyki zat resurslarina iye bolip, Mesopotamiya ha`m Misr ma`leketleri diqqatin o`zine tartqan. Shig`is Jer Orta ten`iz boyi eli xaliqlari A`yyemgi Shig`istin` usi eki ulli tsivilizatsiyasi ta`sirinde jasag`an, jergilikli ma`deniyat ta usi ta`sir astinda rawajlang`an.

Shig`is Jer Orta ten`iz boyi qa`wimleri ha`m xaliqlarinin` a`yyemgi tariyxin qon`si eller derekleri (Misrdag`i Tell`-Amarm arxivi, Xett hu`jjetleri, Assiriya ha`kimlilik hu`jjetleri), sonday-aq jergilikli derekler, sonin` ishinde ***Bibliya*** da sa`wlelendiredi.

***Rasshamrada*** (A`yyemgi Ugarita) tabilg`an hu`jjetler u`lken a`hmiyetke iye. Olardin` ishinde Ugarit dep atalg`an ekonomikaliq, siyasiy ha`m diniy mazmundag`i a`yyemgi tekstler bolg`an.

70-jillari ital`yan arxeologlari Ebla qalasinda arxiv ashqan. Onda Arqa Shumer jaziliwindag`i belgiler menen jazilg`an bir neshe min` klinopis` kesteleri, sonday-aq b.e.sh. III min` jilliqtin` ekinshi yarimina tiyisli a`yyemgi semit tillerinde jazilg`an diplomatiyaliq, ha`kimshilik, xojaliq, a`debiy diniy tekstler tabilg`an.

Ierixon, Gezer, Laxish, Tir, Sidon (ha`zirgi Sayda) ha`m Akkoni qazg`anda tabilg`an jergilikli sipattag`i ko`p sanli materiallardi, sonday-aq Misr, Kavkaz boyi, Mesopotamiya ha`m Kiprdan alip kelingen materiallardi atap o`tiw za`ru`r.

Shig`is Jer Orta ten`iz boyi oblast`lari a`yyemgi zamanda paleolit an`shilari menen jiynawshilari ta`repinen o`zlestirilgen. B.e.sh. IX-VIII a`sirleri da`r`ya ha`m ko`ller boylarinda u`n`girler menen turar jerlerde jasawshi mezolit da`wirinin` Natufiy ma`deniyati qa`wimleri bolg`an. B.e.sh. VIII-VII a`sirleri bul jerde otiriqli diyxanlar ha`m sharwalardin` du`n`yada en` a`yyemgi ma`deniyatlarinin` biri qa`liplesedi. Olardin` Ierixon awili ju`da` jaqsi izertlengen. Qa`wimler arpa ha`m biydaydin` eki tu`rin ekken. Olar ilaydan sog`ilg`an jaylardan ibarat kishi awillarda jasag`an.

B.e.sh. VI-V min` jilliqlarda otiriqli diyxanshiliq ma`deniyati bunnan bilay da rawajlanadi. Boyalg`an a`piwayi nag`islar menen bezelgen keramika payda boladi. B.e.sh. IV min` jilliqtin` aqirinda Shig`is Jer Orta ten`iz boyi diyxanshiliq qa`wimlerinde ha`r qiyli o`ndiristin` rawajlaniwi seziledi. Gu`nde do`n`gelegi ha`m keramikani ku`ydiriw ushin arnawli ko`rikler engiziledi. Mis penen bir qatarda, altin ha`m gu`mis paydalanadi, b.e.sh. III min` jilliqtin` aqirinan qola buyimlari islenip baslanadi. Diyxanshiliqta da belgili o`zgerisler ju`z beredi. Da`n o`simlikleri menen bir qatarda, zaytun ag`ashi ha`m ju`zim o`siriledi.

Diyxanshiliq, o`nermentlik penen sawdanin` rawajlaniwi b.e.sh. III min` jilliqta qola tipindegi awillar payda boliwina alip keldi (Bibliya). Bul jerde ju`da` u`lken qurilislar-xramlar payda boladi. Ten`iz boyi qalalarinda sotsialliq differentsiya ju`da` jigerli pa`t aladi, klasslar qa`liplesip baslaydi. B.e.sh. III min` jilliqta jan`a siyasiy du`zilis **-** qala-ma`mleketler payda boladi.

B.e.sh. XXVIII-XXIV a`sirleri xramlardin` qaslarinda kolonnalar menen qosa saraylar salinadi. Klinopis` jaziwlari menen tas baspa, al b.e.sh. XXIII a`sirde patshanin` klinopis` tas kestesi payda boladi.

Ebla qalasin qazg`anda b.e.sh. III min` jilliqtin` o`zinde materiklik Siriyada qala-ma`mleketler rawajlang`anlig`i haqqinda a`hmiyetli mag`liwmatlar tabilg`an. Bul jerde b.e.sh. XXIV a`sirde saraylar kompleksi dep atawg`a bolatug`in na`ha`n qurilislar payda boladi.

Sotsialliq jaqtan Ebla tipik qala-ma`mleket bolg`an, onda Ha`kimshilik basqariw sistemasi jaqsi rawajlang`an. Ma`mlekettin` basinda patsha turg`an.

Erte da`wirde diyxanlardan baslang`an jergilikli da`stu`rler tiykarinda rawajlanip, Ebla ma`deniyati ma`mleket ha`m klassliq ja`miyet rawajlang`an da`wirde Shumer tsivilizatsiyasinin` tayar normalari ha`m u`lgilerinen ken`nen paydalang`an. Arxitektura ha`m saray diywallarin bezegen mozaika frizlerinde Mesopotamiya menen baylanislar aniq sezilip tur.

Palestinanin` kishi qalashalari b.e.sh. III min` jilliqta bekkemlengen minarlari diywallar menen qorshalg`an (Megidler, Ierusalim, Laxish h.t.b.). Olarda ibadatxanalar menen bir qatarda jergilikli ha`kimlerdin` rezidentsiyalari payda boladi.

Shig`is Jer Orta ten`iz boyi xalqi o`zinin` qurali boyinsha ha`r qiyli bolg`an (arqada hurritler ha`m xettler). Tiykarg`i xaliq semit shaqabi tilinde so`ylegen. Aramey tili de qollanilg`an. Ol Siriya dalalari sharwa qa`wimlerinin` tili bolg`an ha`m Batis Jer Orta ten`iz boyi ellerinde, atap aytqanda, Mesopotamiyada qolanilg`an.

B.e.sh. XVIII a`sirde Siriyanin` arqa ta`repinde siyasiy du`zilis (qa`wimler awqami) payda boladi. Onin` paytaxti-Xalpa qalasi bolg`an. Biraq, b.e.sh. XVII a`sirde Yamxad ha`lsirep, o`z g`a`rezsizliginen ayiriladi. B.e.sh. XVIII-XVII a`sirleri aralig`inda Yamxadan qublaraqta bir qatar qala-ma`mleketlerden ibarat ku`shli giksoslar awqami payda boladi. Bul awqam Misr, Palestina ha`m Tu`slik Siriyani bag`indirg`an. Og`an Katesh, Megiado h.t.b. qala-ma`mleketler kirgen.

B.e.sh. XV a`sirdin` basinda Kadesh qalasi basshilig`inda federatsiya Tutmos III ta`repinen birotala qiyratiladi ha`m pu`tkil Shig`is Jer Orta ten`iz boyinda Misr ma`mlektinin` u`stinligi ornatiladi. Biraq, keyin ala Siriyani Palestina azat etedi. B.e.sh. XII a`sirdin` basinda Siriya ha`m Palestina Jer Orta ten`iz boyi ha`m ataw jaqlarinan kelgen «ten`iz xaliqlari»nin` shabiwillarina ushiraydi.

B.e.sh. XIIa`sirde olar Ugarit qalasin tolig`i menen qiyratadi, keyin ala bul qala tariyx betlerinen joq bolip ketedi.

B.e.sh. II min` jilliqtin` aqiri I min` jilliqtin` basinda finikiyalilar Jer Orta ten`iz boyinda is ju`zinde u`stemlik etedi ha`m xaliq araliq sawdani o`z monopoliyasina aylandiradi. Finikiylerdin` Jer Orta ten`iz boylarinda ken` kolonizatsiyasi baslanadi. B.e.sh. 1100 jilinda Ispaniyada tirsler koloniyasi **- *Gades*** (ha`zirgi Kades) du`ziledi. Keyin ala finikiyler Batis Sitsiliya, Sardiniya, Mal`ta ha`m Balear atawlarinda jaylasadi.

Axiram (Xiram) patsha (b.e.sh. 969-936-jj.) tusinda Tir-Sidon patshalig`i ayriqsha rawajlanadi. Onin` qadag`alawi astinda, ba`lkim, Tu`slik Finikiya ha`m Palestinanin` bir bo`legi bolg`an. Onin` basqariw da`wirinde qurilis (tsitadel`) ken` en jaydi, Mal`katu qudayina ha`m Astarta hayal qudayg`a arnalg`an saltanatli xramlar ko`teriledi.

Finikiyanin` bas qalalari **-** Tir, Sidon ha`m Bibi sawda esabinan bayig`an. Olar Misr ha`m Vavilon tovarlarin Gretsiyag`a, al grek tovarlarin-shig`isqa satqan.

Damasktin` ba`lentlewi b.e.sh. II min` jilliqtin` aqirinda arameylerdin` Arabstannan ko`ship keliwi menen baylanisli. B.e.sh. X-a`sirdin` ekinshi yariminda arameylerdin` Siriyadag`i bas orayi Damask bolg`an.

B.e.sh. IX-a`sirdin` ekinshi yariminda Damask patshasi Izrail`din` u`lkelerin iyeleydi, Tu`slik Palestinag`a basip kiredi.

B.e.sh. IX-a`sirdin` aqirinda Assiriya patshasi Damaskti iyeleydi ha`m tonaydi.

B.e.sh. I min` jilliqtin` birinshi yariminda Shig`is Jer Orta ten`iz boyinin` qublasinda da jan`a siyasiy du`zilis payda boladi.

B.e.sh. XIII a`sirde on eki a`yyemgi evrey qa`wimleri awqami Palestina aymag`ina basip kiredi.

A`ste-aqirin otiriqli turmisqa o`tiw, o`nermentshilik ha`m sawdanin` rawajlaniwi mu`likshilik bo`liniwdi tezletti. Iri mu`lik ha`m qul iyeleri klasi qa`liplesedi. Saul birinshi patsha bolip saylandi. Onnan keyin ku`yew David patsha boladi (b.e.sh. 1000-965-jj). Ol oraylasqan monarxiya du`ziw siyasatin alip barg`an. Ierusalim qosip alinadi, ol jan`a patshaliqtin` paytaxtina aylanadi. Eldi basqariw ushin orayliq ma`mleketlik apparat du`ziledi, onin` basinda joqarg`i ha`meldar turadi.

Davidtin` miyrasxori onin` genje uli Salamon basqariw da`wirinde qurilis jumislarina u`lken diqqat awdarildi. Ol Yaxve qudayi hu`rmetine Ierusalimde xram quradi. Izrail`-Iudey patshalig`inin` aymag`i 12 okrugke bo`linedi.

Usi waqitta arqa shegaralarda ku`shli Damask patshalig`i payda boladi. Ko`pshilik qa`wimler Iudeyden bo`linip shig`ip, jan`a Izrail` ma`mlektin du`zedi. Onin` paytaxti bolip Samariya

belgilenedi. Izrail` patshalig`i ha`lsirewinen paydalanip, Misr Sheshen faraoni tusinda b.e.sh. 930-jili Palestinag`a wayran etiwshi atlanis jasap, Iudey ha`m Izrail` patshaliqlarin qiyratadi.

B.e.sh. I min` jilliqtin` birinshi yariminda Palestinada tovar o`ndirisinin` o`siwi seziledi. Qalalarda sawda ha`m o`nermentlik kvartallar, qaladan tisqari tigiwshiler ha`m gu`lalshilar awillari payda boladi. Qa`wimlik jerler menen bir qatarda, jeke jer menshigi payda boladi.

Bul da`wirde to`rt qatlam bolg`an:

- Puxaraliq aristokratiya
- Ruwxaniylar aristokratiyasi, jretsler ha`m payg`ambarlar
- Erkin xaliq
- Sirt ellikler. Sotsialliq basqishtin` en` to`mengi qatlaminda qullar turg`an

B.e.sh. VIII a`sirdin` ortasinda Arqa Siriyag`a Urartular kire baslag`an, biraq olarg`a Assiriya qarsi shiqqan. Ko`p sanli soqlig`isiwlardan keyin Siriya ha`m Palestinanin` ko`pshilik aymag`i bir qatar kishi Assiriyaliq provintsiyalarg`a bo`lingen. Assiriya ha`lsiregennen keyin Tir ha`m Iudey patshalig`i qayta tiklenedi. Tir pu`tkil Finikiyanin` gegemonina aylanadi. Tir sawdagerleri ten`iz ha`m qurg`aq sawda jollarinda u`stemlik etken. Olar Kishi Aziya ha`m Tu`slik Arabstang`a basip kirgen. Biraq eki ma`mlekettin` de ishki jag`dayi shiyelenisken edi. Klassliq gu`res ku`sheydi. Tirda qullardin` iri ko`terilisi ju`z beredi.

Faraon Nexo II tusinda Iudey ma`mleketi Misrg`a bag`ing`an. B.e.sh. 587 jili Vavilon a`skerleri Ierusalim ha`m Tirdi basip aladi. Solay etip, Tirshiler Vavilonnin` joqarg`i ha`kimiyatin moyinlaydi. (b.e.sh. 547j).

Axeminidlerdin` Ulli Persiya ma`mleketi payda bolg`annan keyin Shig`is Jer Orta ten`iz boyinda jag`day o`zgeredi. Finikiya qalalari Persiya ma`mleketinin` en` a`hmiyetli ekonomikaliq orayina aylanadi. Onin` qollarinda sirtqi sawdanin` anag`urlim bo`legi toplanadi. Qalalar o`zlerinin` gu`mis ten`gelerin shig`aradi.

Axeminidler ka`ramatli xramlar qalasi-Ierusalimdi qayta tikleydi. Ierusalimde Yaxve xrami qayta salinadi.

Shig`is Jer Orta ten`iz boyi xaliqlari, o`zlerinin` joqari da`rejede rawajlang`an qon`silari jetiskenliklerin do`retiwshilik penen o`zlestirip, o`zlerinin` a`yyemgi du`n`yag`a anag`urlim ta`sir jasag`an o`zgeshe ma`deniyatin do`retedi. Bul b.e.sh. V-IV min` jilliqlardag`i keramikaliq buyimlar o`ndirisinde ayqin ko`rinedi. Olar Mesopotamiya buyimlarina ju`da` uqsas kelgen. Saray kompleksleri ha`m xramlar salinadi, biraq olar Misr ha`m Shumer komplekslerinen sa`l qalisadi (Ugart qalasi ha`m Ebledegi saraylar, xram qurilislari). Fortifikatsiya rawajlaniwina u`lken diqqat awdariladi. Qorg`an diywallari ko`plegen to`rt mu`yeshlikler, minarlar menen bekkemlenedi, diywal gertpekler, oq atiwshilarg`a qolaylastiriladi.

Tastan patsha ha`m qudaylardin` statuyalari tayarlanadi. Pil su`yeklerinen oyip islengen Ugart patshalarinin` a`jayip skul`turaliq portretleri de bolg`an. Ugartte tabilg`an an` ko`rinisleri su`wretlengen altin kese jergilikli ustalardin` tan` qalarliq do`retpesi bolip tabiladi.

Ilim tarawinda finikiyler misrlilardi o`zlerine ustaz tutqan. Geografiyaliq jan`aliq ashiw tariyxinda gibraltar arqali Atlantika okeanina shig`ip, Afrika jag`alarin boylap o`tken Finikiya ten`iz ju`ziwshilerinin` jetiskenlikleri ju`da` ulli. Birinshi matematik, fizik, astronom ha`m filosof Fales finikiyli bolg`an. Sidonli Iok atomlar haqqinda ilimge tiykar salg`an. Alfavit du`ziwde Shig`is Jer Orta ten`iz boyi xaliqlarina ayriqsha rol` tiyisli. Grek ha`m latin uqsag`an ha`zirgi alfavitlerdin` barlig`i finikiy alfavitinen sag`a alg`an. B.e.sh. II min` jilliqta Biblde a`piwayi buwin jaziwi du`ziledi, ol 100 ge jaqin belgilerge iye edi.

B.e.sh. XV-XII a`sirleri Ugartte o`zgeshe koinopis` sistemasi - 30 belgilerden ibarat alfavit sistemasi paydalang`an. Aqirinda, jetik finikiy alfaviti payda boladi. Shig`is Jer Orta ten`iz boyi xaliqlarinin` diniy isenimleri erte diyxanshiliq qa`wimlerinin` hasildarliq agrar siyiniwlarinan sag`a aladi. Ha`r qalada o`zgenin` jergilikli qudayina siying`an. A`dettegishe, olardi Baal, yamasa Mel`kar dep atag`an. Jiyi, bul qudaylar ku`n qudaylar bolip esaplang`an. Izrail`shilar ha`m iudeylerdin` uliwma qa`wimlik bas qudayi - Yagva bolg`an, ol gu`ldirmama ha`m jildirimnin` iyesi bolip, jerge iygilikli jawin jawdirg`an.

Totemizm qaldiqlari saqlanip kelgen.

***ESTE SAQLAW KEREK***

| |
|---|
| «Bibliya» grek so`zi «Kitaplar» degen ma`nisti an`latadi. Bul diniy u`rp-a`detler jiynag`i bolip tabiladi. Yudeyler Bibliyasi xristian Bibliyasinin` birinshi bo`limi «Eski na`siyhat» («vetxiy zavet») sa`ykes keledi. Bibliyanin` ekinshi bo`limi - Jan`a na`siyhat - Iusus Xristostin` (Iysa payg`ambar) o`miri ha`m sha`kirtlerinin` (apostollar) ha`reketi haqqinda bayanlaytug`in xristian kitaplarinan ibarat. Eski na`siyhat bizin` eramizdin` basina birotala qa`liplesedi. Ol u`sh bo`limnen Nizam yamasa taliymat (tara), Payg`ambarlar ha`m wa`siyatlardan ibarat. Ha`r bir bo`lim ha`r qiyli mazmundag`i ha`r qiyli waqitlarda du`zilgen tekstlerden ibarat. |

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1.Finikiyanin` sawda-satiq ha`m kolonizatsiyasi.
2. Palistinaua ruwliq dizimnin` qulawi sebepleri?
3. Finikiyalilar jer orta ten'izi boylarinda qashan u'stemligin ornatqan?
4. Qashan Damask patshalig`i payda boladi?
5.Qubla Arabstanda da'slepki ma'mleketler qashan payda boldi?

## Lektsiya №10

## A`YYEMGI ASSIRIYa

***Joba:***

1. Assiriyanin` ta`biyiy sharayati ha`m halqi.
2. A`yyemgi, Orta ha`m Jan`a Assiriyaliq da`wir.
3. Assiriyanin` ma`deniyati.

**Tayanish nu'sinikler:** B.e.sh. V a`sirde A`yyemgi Shig`is ma`mleketlerinin` rawajlaniwi. Urartu, Kish, Lidiya, Midiya, Persiya. Assiriyanin` ekonomikaliq, sotsialliq siyasiy rawajlaniwi.

B.e.sh. V a`sirde A`yyemgi Shig`is ma`mleketlerinin` rawajlaniwi bayqaladi. Ol o`ndiriske jan`a metalldin` engiziliwi, qurg`aq ha`m ten`iz jol sawdasi tez pa`t penen rawajlaniwlari, Jaqin Shig`istin` turmisqa qolayli barliq jerlerinde xaliqtin` qonislawinin` na`tiyjesi bolg`an. Ha`r qiyli ma`mleketler arasinda tig`iz ekonomikaliq ha`m ma`deniy-siyasiy baylanislar ornatiladi.

Bul da`wirde Assiriya ma`mleketi u`stinlik etedi. B.e.sh. V a`sirde Jaqin Shig`istin` siyasiy maydanina «jas» ma`mleketler – Urartu, Kish, Lidiya, Midiya, Persiyalar shig`adi ha`m u`lken rol` oynaydi. B.e.sh. V a`sirde du`n`ya u`stinligi ushin gu`res ken` ko`lemlerde alip bariladi ha`m iri a`skeriy qul iyelewshilik ma`mleketlerdin`, ulli imperiyalardin` payda boliwina alip keledi. Olardin` en` birinshisi Assiriya ma`mleketi boldi.

Solay etip, Assiriya ma`mleketi o`z tariyxinin` jan`a basqishina qa`dem taslaydi. Ol b.e.sh. X-VII a`sirlerdi o`z ishine qamtip, Jan`a Assiriya da`wiri dep ataldi.

| | |
|---|---|
| ***Basqinshiliq siyasati janlaniwinin` tiykarg`i sebepleri*** | • Ekonomikanin` ishki zatqa bolg`an za`ru`rligi<br>• Jumisshi ku`shlerdin`, yag`niy qullardin` jetispewshiligi<br>• Basqalardin` aymaqlarin talaw<br>• Sawda jollarin iyelew |

Urislarda Assiriyanin` ishki siyasati u`lken rol` oynag`an, sebebi ol xaliqqa tek iygilikler berip qoymastan, onin` diqqatin ishki sotsialliq mashqalalardan basqa jaqqa awdarg`an.

Ashshurnatsirapala II (b.e.sh. 883-859 jj.) ha`m Salmanasar III (b.e.sh. 859-824jj.) tuslarinda Assiriya ayriqsha belsendilik ko`rsetedi. Ashshurnatsirapala tusinda Assiriya Ayra ha`m Midiya aymaqlarindag`i qa`wimlerdi basip kiredi. Onin` tiykarg`i bag`dari Shig`is Jer Orta ten`iz boylari boldi. Ol Arqa Siriyada aramey qa`wimlerin, Afinanin` Bit knyaz`ligin, Siriya ha`m Finikiya qalalarin qiyratadi. Salmanasar III patshasi tusinda Assiriya Urartu ha`m Vavilon menen uzaq dawam etken uris ju`rgizedi. Bul da`wirde Damask patshalig`i, Tigr, Sudan ha`m Izrail` patshalig`i og`an saliq to`lep turg`an.

Tutasi menen, b.e.sh. IX a`sir Assiriyanin` ekonomikaliq, sotsialliq siyasiy rawajlaniw da`wiri boldi, oni jiyi «ekinshi ba`lentleniw» da`wiri dep te atag`an.

B.e.sh. 746-745-jili ha`kimiyat basina jan`a patsha-Tiglatpalasar keledi. Ol ma`mleketti bekkemlewge mu`mkinshilik jaratqan bir qansha a`hmiyetli reformalar ju`rgizedi. Nayipliqlarg`a ha`kimshilik irilendiriw, olardi orayliq ha`kimiyat ta`repinen qadag`alaw ha`m waziypalarin sheklew reformalardin` biri boldi. Ekinshi reforma armiyada alip bariladi. Assiriya armiyasi bir neshshe a`skerler tu`rlerinen piyadalar, atlilar, at arbalardan ibarat edi. Armiya jaqsi qurallang`an ha`m u`skenelengen edi (a`skeriy mashinalar ha`m diywal buzg`ish qurallar). Assiriyada flotta bolg`an, biraq ol onsha u`lken rol` oynamag`an. Ken` barlastiriwshi apparat-assiriya armiyasinin` basinda bas a`skerbasi turg`an, jiyi ol patsha shan`arag`inin` ag`zasi bolg`an. Armiyanin` sani 120 min` adamg`a jetken. Bul a`yyemgi du`n`yanin` en` iri ha`m jaqsi sho`lkemlesken armiyalardan biri edi.

Usinday armiyag`a a`skeriy partiyag`a su`yenip, Titpalasar III (b.e.sh. 745-727 jj.) basqinshiliq siyasatin dawam etedi. Bir qatar tabisli atlanislar na`tiyjesinde ol Mesopotamiya aymag`in, Jer Orta ten`iz boyi shig`is ta`repin ha`m Midiyanin` bir qatar aymaqlarin basip aladi. Bul jerlerde g`a`rezli provintsiyalar du`zedi, olardin` u`stinen puxaraliq ha`m a`skeriy ha`kimshilik qoyadi. Tiglatpalasar III tusinda birinshi ma`rte xaliqqa ko`shiriw ju`z bergen. Tiglatpalasar III miyrasxori Salmanasar I (b.e.sh. 727-722 jj.) tusinda elde ruwxaniy, sawda ha`m a`skeriy toparlar arasinda siyasiy gu`res keskinlesedi. Jan`a patsha Sargon II (b.e.sh. 722-705 jj.) ma`mlekettin` ishki siyasiy jag`dayin turaqlastiradi. Ol Izrail` patshalig`in qiyratadi.

Sargon XVIII tusinda Assiriyanin` jan`a paytaxtqa patsha rezidentsiyasi Dur-Sharukenge tiykar salinadi, ol Tigr da`r`yasinda jaylasip, a`jayip saraylari, bag`lar xramlarg`a iye boladi. Sargon II nin` uli Sinaxxerib (b.e.sh. 705-781 jj.) Iudey ma`mleketin ha`m onin` paytaxti Ierusalimdi, Vavilondi basip alip, jer menen jeksen etedi, ko`shelerine suw aydap jiberedi. Bul narazaliqlar keltiredi. 681-jili Sinaxxerib til biriktiriw aqibetinde nabit boladi. Sinaxxeribtin` kishi uli Aserxaddan (b.e.sh. 681-669 jj.) ha`kimiyatti iyeleydi. Ol a`skeriy partiyalar ma`plerin sawda, su`txorliq ha`m ruwxaniy toparlari ma`plerin puxta u`ylestirw joli menen Assiriyanin` ishki jag`dayin turaqlastiradi. Ol qiyratilg`an Vavilondi qayta tikleydi. Misrdi basip aliw **-** Assarxaddan ha`kimiyatinin` bas waziypasi edi. B.e.sh. 671-jili Misrdi iyelep, ol Misr faraonlarinin` da`stu`riy ataqlarin qabillaydi. Solay etip, Assiriya ma`mleketi Nildan Kavkaz tawlarina shekem, Iran u`stirtinen Anatomiyag`a shekem Jer Orta ten`izinen Persiya qoltig`ina shekem soziladi.

Usi jag`dayda Ashshurbanipal (b.e.sh. 669 j. shama menen 627j.) ha`kimiyatqa keledi. Usi da`wirde Assiriya paytaxti Nineviyada 20 min` tas kestelerine iye A`yyemgi Shig`istin` en` iri kitapxanasi bolg`an. Ashshurbanipal da`wirinen usi kitapxana suliw bezelip jazilg`an jilnamalar qalg`an. Patshanin` buyrig`i menen Nineviyada a`jayip Arqa sarayi qurildi. Vavilon, Barsippa, Uruk, Xarran, Kal`kude ko`p sanli xramlar restavratsiyalandi ha`m salindi.

Ashshurbanipal tusinda Assiriyanin` sirtqi siyasatinda eki basqish bolg`an. Birinshi basqish (b.e.sh. 669 jildan 654jilg`a shekem) Assiriyanin` Jaqin Shig`ista turaqli u`stemligi menen sipatlanadi. Misr, Urartu, Minna ha`m Elam Assiriyag`a qarsi shig`adi. Usi da`wirdin` aqirinda, 655 jili Misr Assiriyadan birotala bo`linip shig`adi. Assiriya sirtqi siyasatinin` ekinshi da`wiri (b.e.sh. VII a`sirdin` ortasinan) baslanadi. Ol ma`mlekettin` siyasiy krizisi ku`sheyiwi menen sipatlanadi (Vavilonnin` Assiriyag`a qarsi shig`iwi).

Bul da`wirde awil xojaliq tarawlari jigerli rawajlanadi. Temirden na`tiyjeli paydalaniw Assiriya xojalig`i texnikaliq progressinin` tiykari bolg`an. Ulli Assiriya ma`mleketinde shiyki zattin` a`hmiyetli derekleri, sawda jollar ha`m ju`da` iri sawda o`nermentlik oraylari toplang`an. Jen`isli urislar Assiriya ekonomikasinin` rawajlaniwina alip kelgen. Assiriya ja`miyettin` u`stem qul iyelewshilik klasi-a`skeriy xizmetshi, ruwxaniy ha`m sawda aqsu`yeklerinen ibarat edi. «To`mengi» qatlamlardin` tiykarg`i massasin mayda erkin o`ndiriwshiler, jer iyeleri, qa`wim ag`zalari, o`nermentler qurag`an. Sotsialliq basqishtin` en` to`mengi qatlamin ko`shiwshiler, tutqinlar menen qullar qurag`an.

O`z tariyxinin` en` son`g`i da`wirinde Assiriya ma`mleketi a`yyemgi shig`is despotiyasinin` aniq belgilerine iye boldi. Patsha ha`kimiyati armiya ha`m ju`da` u`lken byurokratiyaliq apparatqa su`yengen. A`skeriy ha`m qarji ma`kemeler Assiriya ma`mleketinde bas rol` oynag`an. Provintsiyalar du`zilgen. Bir qatar aymaqlarda g`a`rezli patshaliqlar saqlanip turg`an. Misr 20 kishi knyaz`liklerge bo`lingen.

Sotsialliq kelispewshilikler, siyasiy qarama-qarsiliqlar ha`m ha`wij alg`an gu`res Assiriyanin` qulawina alip kelgen bas sebepler edi. Ma`selen, b.e.sh. 627-jili Vavilon Assiriyadan bo`linip

shig`adi, 625-jili Midiy patshalig`i g`a`rezsizligin qayta tikleydi. Assiriyag`a qarsi Vavilon ha`m Midiy baslag`an uris onin` en` iri oraylarin - Ashshur ha`m Nineviyani qiyratadi ha`m Assiriyanin` a`skeriy jen`ilisine alip keledi.

Solay etip, birinshi ret, derlik pu`tkil Aldin`g`i Aziyani biriktirgen. Ot ha`m qilish penen **150** jil dawaminda o`z u`stemligin ju`rgizgen en` iri A`yyemgi Shig`is ma`mleketi qulaydi, tariyx jilnamasina teren` iz qaldirdi.

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. Ashshurnatsirapala II, Salmanasar III, Ashshurbanipal patshalarinin` Assiriya ma`mleketinin` ekonomikaliq rawajlaniwinda tutqan orni?
2. Assiriyada «ekinshi ba`lentleniw» da`wirinin` bunday ataliwinin` sebebi nede?
3. A`yyemgi orta ha`m jan`a Assuriyaliq da`wir

**A`debiyatlar**


1. V.P. Alekseev. V poiskax predkov. (Antropologiya i istoriya) M., 1972.
2. V.P. Alekseev.Geogrfiya chelovecheskix ras. M., 1974.
3. P.I. Boriskovskiy Drevneyshee proshloe chelovechestva. L., 1979.
4. P.P. Efinmenko Pervobitnoe obshestvo. Kiev, 1953.
5. M.F. Nesturx. Chelovecheskie rasi. M., 1965.
6.M.F. Nesturx. Proisxojdenie cheloveka. M., 1970.
7. Yu.I.Semenov. Kak vozniklo chelovechestvo. M., 1966.
8. Yu.I.Semenov. Proisxojdenie braka i sem`i. M., 1974.


## Lektsiya №11
## URARTU MA’MLEKETI

**Joba:**

Kavkaz arti a`yyemgi - Urartu.
Xalqi. Tabiiy sharaqati
Derekler ham istoriografiya.
Urartu ma’mleketinin payda boliwi.
Ekonomikaliq ham jamiqetlik qatnasiqlar

**Tayanish tu’sinikler:** Urartu mamlakatining tarixi. Ta’biyiy sharayati, xalqi. Urartlar tili va ma’deniyati. Derekleri ha’m istoriografiyasi. Ekanomikasi ha’m sotsial qatnasiqlari.

### Urartu

En’ a’yyemgi ma’mleket h’a’m xalıqlardı u’yreniwde Urartu ma’mleketi tariyxı u’lken a’h’miyetke iye. Onın’ tariyxı a’yyemgi Kavkaz tariyxı menen tıg’ız baylanıslı.

Ta’biyatı: Urartu ma’mleketi u’lken biyiklikte jaylasqan, Kishi Aziya menen qubla-batıs İran h’a’m Qubla eki da’rya aralıg’ında onın’ quramına Kavkazartının’ (Zakavkaze) u’lken bo’legi, Armeniya h’a’m Gruziya aymaqları da kiredi. Urartudın’ Shıg’ıs bo’limi u’sh u’lken ko’mir arasında jaylasqan bular: Van, Urmiya, Sevan (Chokcha).

Urartudın’ aynalası u’lken biyik tawlar menen oralg’an, sonın’ ishinde qon’sı qa’wimlerdin’ h’a’m ma’mleketlerdin’ topılıslarınan saqlang’an, a’sirese Assiriya patshalarının’ ju’rislerinen.

Bul ma’mlekettin’ ta’biyiy sharayatları ju’da’ h’a’r qıylı Taw dizbeklerinin’ ayırımları uzınlıg’ı 2000-4000 m shekem jetedi. tawlar arasındag’ı perevodlar ju’da’ biyik jaylasqan h’a’m ko’binese qar menen qaplang’an boladı. Tawlar o’simliklerge bay tog’aylar. Bir jerleri ashıqlıq sho’listanlıq. Bul jerlerde bulaqlar joq bolg’anlıg’ı sebepten o’simliklerden maxrum bolg’an. Biraq adamzat qıymıldap jerge na’zerin awdarg’an jerlerde o’simlikler ko’gerip, diyxanshılıq menen shug’ıllanıwg’a imkaniyat beredi. Armyan biyikliginin’ ayırmashılıg’ı sonda ol jerde ko’ller ko’birek, h’a’m atap aytqanda Urmiya, Van da’ryaları Urmiya da’ryasın alsaq bul ja’ryada ag’ıs joq, sol ushın suwdın’ sostavında 14-23% duz bar.

Sevan da’ryasın alsaq bul da’rya biyiklewde bolg’anı ushın, ag’ısı ku’shli h’a’m mazalı balıqlarg’a bay suwg’a iye. Urartudın’ en’ aytarlıqtay baylıqları tas, tog’ay, metall. Gu’mis temir qorg’asın metallurgiya sanaatının’ rawajlanıwına alg’a ilgeriledi. Xalqı e.sh. 2 mın’ jıllarg’a Kavkaz artı aymaqlarında Aldın’g’ı Aziyag’a bo’leginin’ semyasına kiretug’ın qa’wimler jasag’an. Olar protoxett h’a’m xurritlerge ag’ayin edi.

Assiriya jazbalarında bul aymaqlarda jasag’an qa’wimler tuwralı ko’p aytılg’an a’sirese Naira h’a’m Urartrı (Urartu). Natri degen termin «Naxarina» degen terminge jaqın bolıp, «da’ryalar ma’mleketi» degen ma’niske jaqın.

Urartular qa’wimler awh’amın du’zdi, keyinirek bul awqam qu’diretli ma’mleketke aylandı. tariyxshılar aytıwınsha urartlar batıstan kelgen u’lken (migratsiya) ko’shiw na’tiyjesinde Urartudın’ a’yyemgi atı Biayka bolıp, bul Van da’ryası atına jaqın. Olardın’ qa’wimleri h’aqqında bir konkret pikirler joq, biraq ko’ller atları, tawlar atlarınan biliwge de boladı. Xojalıq  o’miri qa’wimlik awqamlar a’yyemgi ma’mleketler (diaxlar, urartlar, maneytslar), ma’deniyat, dini h’a’m tili a’yyemgi urartlardın’ qon’ısı ma’mleketlerdin’ amirleri menen tıg’ız baylanıslı atap aytqanda xettler, xurritler h’a’m Kavkazartının’ a’yyemgi xalıqlarının’ turmısı menen de. bular tuwralı a’yyemgi jazıwlarda arxeologiyalıq esteliklerde biliwge boladı. Ma’selen. Qızıl Vanadag’ı jazılg’an keramikada bular Kavkazartıda otırıqshı diyxanshılıq bolg’anınan xabar beredi. Urartlardın’ ma’deniyatı o’z-basımsha a’sten rawajlanıp bardı.

Urart qa’wimleri Aldın’g’ı Aziyadag’ı qa’wimler menen ag’ayin bolg’an.

Gruziya h’a’m Armeniyanın’ ko’p jerlerinde tabılg’an qaldıqlar h’a’m sanı da’liylleydi, bul jerlerde Urartu qa’wimleri jasag’anın ko’rsetedi. Sonın’ menen birge ma’deniyat qaldıqları jazıwlarda da ko’rinip turıptı. Sonı aytıp o’tiw kerek armyanlar menen gruzinlerdin’ ata-babaları Urartlar bolg’anın da’liylleydi.

Urartlardın’ tili h’a’m ma’deniyatı qon’sı ma’mleketlerge h’a’m qon’sı qa’wimlerge o’zinin’ ta’sirin ko’rsetken. Assiriyalılar urartlardın’ bir-eki so’zlerin de paydalang’an. Van h’a’m Urmiya da’ryaları jag’asında jasag’an armyanlardın’ so’ylew (tillerin) Urart tilinin’ fonetikalıq du’zimine jaqın keledi

Solar menen bir qatarda kartvel tilleri menen de jaqınlıq baylanıslar bolg’an. Gruziya xalqı h’a’zirge shekem usı tillerdi paydalanıp atır.

Kavkazartı ma’mleketlerinin’ jan’a da’wir tilleripayda bolıw qa’wimlik du’zim da’wirine tuwra keledi. Usı da’wirde Kavkaz-artı tilinin’ anıq slovarlıq sostav h’a’m grammatikalıq du’zilisi qa’liplesedi.

## Derekler h’a’m istoriografiyası

Urartu h’aqqındag’ı en’ a’h’miyetli dereklerinin’ biri klinopislik jazıwlar bolıp tabıladı. Olar Kavkazartı territoriyasınan h’a’m qon’sı ma’mleketlerden tabılg’an.

Usı waqıtqa shekem 350 Urart jazıwları belgili, solardın’ o’ziju’da’ bay materiallardın’ politikalıq tariyxı h’aqqında mag’lıwmat beredi.

En’ iri h’a’m a’h’miyetli jazbalardın’ biri Xarxor jazbası Argisiti I h’a’m u’lken jazba Sarduri II. Usı eki jazba en’ belgili h’a’m iri jazbalar bolıp tabıladı.

Xarxor jazbasında, siyasiy waqıyalar, a’skeriy ju’risler, shax Argishtinin’ ju’risleri, Assiriya patshası h’a’m qon’sı ma’mleketler menen urısqanları tuwralı jazılg’an. ekinshi iri jazba Sarduri II h’a’m Russ arxeologlarının’ ja’ma’a’t ta’repinen Vanda 265 qatar, urart patshası 8-jıl dawamındag’ı alıp barg’an urısları tuwralı jazılg’an. Bul jazba u’lken tariyxıy  qızıg’ıwshılıqqa iye, sebep Urartu ma’mleketinin’ gu’lleniw da’wirine tuwra keledi h’a’m .e.sh. VIII o’z ishine aladı, Assiriya ma’mleketinen u’stin bolg’an waqtın ta’riyipleydi.Sonın’ menen basqa da jazbalarda, Urartu ma’mleketinin’ alıp barg’an a’skeriy ju’risleri h’aqqında jazılg’an. Basqa qısqa jazbalarda iri qurılıslardın’ qurılıwı h’aqqında jazılg’an (xron,qosr, qorg’anlar h’a’m qalalar), basqa jazbalarda Urartu dinleri h’aqqında mag’lıwmat berilgen. Ma’selen: Jar tas astındag’ı saqlang’an bir estelikte Van (Mxere esigi) jaqınında h’a’m de e.sh. IX a’sirge tiyisli Urartu qudaylarının’ atları jazılıp qaldırılg’an tilekke qarsı yuridikalıq xojalıq, a’debiy qatarlar saqlanıp qalmag’an, tek g’ana az mug’darda saqlang’an, ol da bolsa Karmir-Blurde bronza ıdıslarda h’a’m shamda jazılıp

qaldırılg’an. Bul sham (bas kiyim) negizinde patsha Argishtidin’ tajı edi. Onnan basqa Topıraq qala tabılg’an ılaydan islengen fragmentlerde (Karmir-Bmura) dag’ı jazıwlarda ko’rsek boladı.

Urart jazıwlarının’ ayırımları muzeylerde saqlanıp kelmekte. Atap aytqanda Tbiliside Erevanda h’a’m t.b. muzeylerde saqlanıp kiyatır.

Urartudın’ siyasiy tariyxın u’yreniwde ja’ne Assiriya jazyuaları u’lken a’h’miyetke iye.

Olar e.sh. XIII-IX a’ Urartu tariyxı h’aqqında bir qansha mag’lıwmatlar beredi. Ma’selen: Salmanasar III jazbası Urartu ma’mleketinin’ payda bolıwın ta’riypleydi. Urartu tariyxın u’yreniwshi ja’ne bir biybah’a derek bul Sargon II assiriya shaxının’ jazba derekleri bolıp tabılar bunda onın’ a’skeriy ju’risleri, atap aytqanda en’ iri ju’risi e.sh. 714-jılı h’a’m e.sh. VIII-VII a’. Assiriya menen Urartu ortasınlag’ qatnasıqlar sa’wlelengen. Ja’ne de Xett jazbaları da biraz bay mag’lıwmat bolar edi. Eger olar jaqsılap u’yrenilgende.

Mine usınday materiallıq ma’deniyatı estelikleri Urartu ma’mleketinin’ texnikanın’ rawajlanıwın xojalıq o’mirdin’ biz ta’replerin, iskusstvo, ma’deniyatı h’aqqında mag’lıwmatlar berip tur. Bir qansha qazıw jumısları a’yyemgi ma’mlekettin’ orayında islengen bolsa da, h’a’m de saqlang’an ma’deniyat estelikleri u’lken qızıg’ıwshılıqtı tartadı.

Solar arasında atap o’tsek, miynet quralları, (sashlikler, baltalar, pıshaq, shanıshqı), qurallarınan (qılıshlar, ushqır shanıshqılar, qalqan gilemlerdi,)keramika, ko’rkem o’ner iskusstvodan (skulptura, bronza statuetkalar) h’a’m ıdıslar, bunnan basqa diniy ma’resim buyımların atap o’tsek boladı.

Materiallıq ma’deniyat estelikleri sanı ko’rsetedi. Sol da’wirlerde metallurgiya sanaatı jaqsı rawajlang’an, ulıwma texnika joqarı da’rejede rawajlang’an.

Kavkaz aymag’ında iabılg’an h’a’r qıylı zatlar (qazıw waqtındag’ı) Urartu ekonomikasının’ tikkeley u’yreniwge texnikasın, a’yyemgi Kavkazdın’ materiallıq ma’deniyatın e.sh. 1-3 mın’ jıllıqlardag’ı jag’daydı, olardın’ Urartu h’a’m qon’sı ma’mleketler menen qatnasıqların ko’rsetedi. Ja’ne de basqa bay materiallar beretug’ın jazbalar ju’da’ ko’p.

Ma’selen: (Devid Sasunskiy) epikalıq poemalarda, legendalarda, ertek kavkaz qosıqlarında Urartu da’wirine tiyisli mag’lıwmatlar ko’p ja’ne de jazıwshılar miynetlerinde de saqlang’an. XIX a’sir basında Armeniyanın’ arxeologiyalıq esteliklerin u’yreniwge u’lken itibar bergen. 1828-1823 jılı Shulıq Van rayonın tekserip, ko’p jerlerindegi a’yyemgi esteliklerdi h’a’m de bar ekenin jazbaların qag’azg’a tu’sirip aldı. 1848-jılı Klipke ta’repinen 1 ret vann jazbaları oqıldı. 1882-jılı Seys, Rassam ta’replerinen oqılg’an. XIII a’sir Legann, Gawıt h’a’m Belk Armeniyada ko’p mug’darda urart jazbaların jıynag’an.

Bul jıyındılarda itibar, metallurgiyag’a megaslikoslıq arxitektura, Urart xalıqlarının’ kartel xalqları menen baylanısları h’aqqında berilgen. Tariyxshılar Urartushılardı migratsiya na’tiyjesinde batıstan kelgen xalıqlar dep atag’an h’a’m de olar xettler menen assiriyalılar ta’siri astında payda bolg’an, h’a’m de assiriya patshalarına ma’mlekette siyasatın ju’rgiziwge xalaqıt bergen, sonlıqtan olar repressiyalarg’a jolıg’a bergen. Bul tendentsiyalıq qarasılar antı tariyxıy bolg’an, bular reaktsion tariyxshılar ta’repinen aytılg’an pikirler.

Russ h’a’m sovet alımları da Urartu tariyxın do’retiwge o’zlerinin’ u’leslerin qosqan. Gumer-arxeologlar-lipavistler, tariyxshılar. Atap aytqanda Patkalaov K.P., Uvarov A.S., İvanovskiy A. bir eki qazıw jumısların alıp barıp, bir qansha mag’lıwmatlar qosqan. Sol tarawda M.V.Nikolskiy miynetlerinde belgili.

Armyan orınlarınan Mesrop Smbatanu da aytsaq boladı.

Sovet alımlarınan o’zinin’ u’lesleri menen belgili (Urartu tariyxın u’yretiwde) B.B.Piatrovskiy, G.A.Kopakulyan. G.V.Tseretelli, G.A.Melikeshvili, N.Ya.Marra, İ.İ.Metsanilove.

Urartu ma’mleketinin’ payda bolıwı h’a’m ondag’ı sotsial-ekonomialıq qatnasıqlar olar h’aqqındag’ı 1-shi mag’lıwmatlar XIII e.sh. tiyisli bir qazıw jumısları Zakavkaze ma’deniyatın u’yreniw olardı 2 mın’ jıl ortasında Urartu ma’mleketinin’ payda bolıwı. A’yyemgi qa’wimler Xetto-xurritler toparına kirip olar diyxanshılıq sharwashılıq penen shug’ıllang’an. Olarg’a iri h’a’m mayda mallarda payda bolg’an. Qurılısta megalikalıq arxitekturadan paydalang’an. Tsiklopikalıq tan’law usılınan paydalalang’an. (iri taslarda o’riw). Armyaniyada ko’p g’ana qorg’anlar baqlanıp qalg’an. bul qorg’anlar ma’mleket orayı bolg’an, h’a’m de bul tsiklopikalıq qorg’anlar ubejishe (jasırınıw jeri) bolıp xızmet etken urıs waqtında.

A’yyemgi Kavkaz qa’wimlerinde metallurgiya sanaatı rawajlang’an. Kaban rayonı a’h’miyetin metalllurgiya orayı bolg’an, bul jerde ko’rkem o’ner, bronza, buyımları ko’p tabılg’an. Kavkaz artıda ja’ne bir iri metallurgiya orayı bolıp Tsopkin rayonı xızmet etken. Bul jerden ko’p metall buyımları, mıs, bronza gu’mis altınnan islengen buyımlar tabılg’an.

Yuvelir iskusstvosıda ju’da’ rawajlang’an. Ilaydan h’a’r tu’rli ıdısları, ornamentler menen qaplang’an. Jup teriden tawarlar islengen. Jerlewlerdin’ ayırımlarına qarag’anda sonı seziw kerek, sol da’wirlerde de urıwlıq aristokratiya bolg’anın sezemiz.

Araks da’ryası boyında e.sh. mın’ jıllıqqa Urartu xalqı ayırılıp shıqtı. E.sh. XIII a’sirde Assiri yabirinshi ret Urartu ma’mleketi menen tartıstı. Sol waqıtta olar qa’wimlik awqamg’a birikken edi. Usınday iri h’a’m qudiretli ku’shli qa’wimlik awqamlardın’ biri diaxlar awqamı bolıp Vann da’ryası boyındag’ı aymaqtı iyelep Evfrat da’ryasına shekem pitken. Qara ten’iz ta’repte Urartu qa’wimlik awqamı birinshi «Urustri» atı menen belgili bolg’annan keyin «Poneri» e.sh. IX a’ kelip qudiretli ma’mleket Urartu ma’mleketine aynaladı.

Ekonomikası : sharwashılıq ju’da’ rawajlang’an, jazda taw betlerge malları jiberilgen, Sıyır, shoshqa, qoy baqqan, sonın’ menen birge jazba dereklerde sharwashılıq rawajlanıwı h’aqqında qatarlar ko’p.

Ja’ne de atlarg’a da itibar ku’shli bolg’an, at arba, tu’ye, eshekler menen de paydalang’an.

Tu’yeler e.sh. VIII a’ belgili bolg’an. Biraq ju’da’ az mug’darda bolg’an.

Diyxanshılıqqa u’lken itibar berilgen. Biyday ekken, gu’rissh, ma’sh egilgen u’lken ıdıslarda saqlang’an. Ju’zimgershilikke, vinot sog’ıwg’a itibar ku’sheygen. Kanallar qazılg’an suwg’arıw sistemaları islep shıg’arılg’an. Solardan biri patsha Menua ta’repinen sog’ılg’an kanal «Shamiran» atı menen assiriya malikası sharadlıe qoyılg’an. Bul kanal Tunis (Urartu paytaxtına) xızmet etken.

Urartu aymag’ındaı ılay, tas, ag’ash, metall ko’p bolg’anlıg’ı remeslonın’ rawajlanıwına turtki boldı. Tastı qayta islewdi ko’p u’yrengen. Olar jaqsı qurılıslar h’a’m bolg’an. Pisken gerbishten, u’lken tas plitalardan o’zlerinin’ binaların qurg’an. Qalın’lıg’ı 1 metrge shekem jetken. Hu’jjetlerdin’ jetispegenligi sonı aytadı ki, bizler olardın’ xojalıq o’miri h’aqqında A’yyemgi Urartulardın’ ulıwmalıq a’zzili h’aqqında az mag’lıwmatqa iyemiz. Awıl xojalıg’ı h’a’m basqa da o’nermentshiliktin’ tu’rleri rawajlanıwı miynettin’ bo’liniwine alıp keldi islep shıg’arıw tarawında qa’nigelestiriwge, awısıq o’nimnin’ payda bolıwı na’tiyjesinde sawdanın’ p.b. alıp keldi. Ma’mleket uyımına jerge tiyisli edi. Onı patsha basqarg’an. Da’liller bap Urartuda qul iyelewshilik aristokratiya h’a’wij alg’an. Olar ishine velmojlar ma’sla’h’a’tshiler, aymaq basqarıwshıları, a’skeriy baslıqlar kirgen.

Qara turg’ınları qatarına chinovnikler, o’nermentler qullar a’skerler kirgen.

Urartu ma’mleketinin’ ken’eyiwi.

İslep shıg’arıw ku’shlerinin’ o’siwi sawdanın’ rawajlanıwına alıp keldi, ma’mlekettin’ ishinde de sırtında da sawdanın’ roli ku’sheydi.

Urartu ma’mleketi Kavkaz penen Kishi Aziya Mesopotamiya menen İran aralıg’ına jaylasqan, sol ushın da ol sawda arasında posrednik bolıp xızmet etken.

Kavkazartındag’ı islengen qazıw jumısları sonı da’lilleydi, tabılg’an zatlar (buyımlardın’) ko’pshiligi kelip shıg’ıwı aldıng’ı Aziyalardıki bolıp, bul jerlerge olardı Urartu sawdagerleri a’kelgen, yamasa kolonistler, a’skerler.

Sonday-aq mogilnikler, altın buyımlar taqınshaqlar olardın’ kelip shıg’ıwı aldıng’ı aziyalılardıkine usag’an. Egipet jazbalarında sonı aytadı ki, ag’ashtı Naxarinada a’kelingen. Karmir-Brundag’ı qazıw jumıslarında ko’p mug’darda h’a’r tu’rli buyımlar tabılg’an, bul buyımlap h’a’r tu’rli ma’mleketlerden a’kelingen mısalı: Teysheybani qalası Erevan janındag’ı, bul qala bir qansha qon’sı ma’mleketler menen sawda baylanısta bolg’an. Bul jerde assiriyanın’ tsilindrli mo’rler tabılg’an metall buyımları, tas taqınshaqları Malaziyalıq h’a’m orta jer ten’izi menen tas buyımlar h’a’m altın sırg’alar tabılg’an Ha’r qıylı Egipet buyımları Kavkaz territoriyasınan da tabılg’an. Sonı aytıp o’tiw kerek Egipet statuetkaları qudaylar figuraları, jatırg’an jolbarıs gewdesi, taqınshaqları Armeniya, Gruziya Kavkaz territoriyasınan shıqqan ayırım buyımları Urartu da’wirinen aldıng’ı buyımları bolg’an. Urartu buyımları Arart aymag’ınan baslap Qubla Kavkazg’a deyin shıqqan.

Ararttın’ qublasında qa’bir tawılıp, e.sh. 1 mın’ j tiyisli bolıp, ondag’ı buyımlar Urartulılardıki ekenligi da’lillendi. Bul jerge Uzaq ellerden İran territoriyasınan buyımlar a’kelingen.

Qublada da altın kese tabılg’an, h’aywanlardın’ su’wretleri salıng’an, e.sh. VII a’sirge tiyisli bolg’an bulardın’ barlıg’ı sanı da’lilleydi ki, Urartu ma’mleketi ko’p ma’mleketler menen ekonomikalıq h’a’m ma’deniy qatnasıqlarda bolg’an Kavkazartı h’a’m ulıwma Kavkaz ma’mleketleri menen Xojalıqtın’ rawajlanıw qullardın’ ko’beyiwine alıp keldi, Urart patshaları qon’sı ma’mleketler menen a’skeriy atlanıslar jasap, ol jerdegi baylıqlar h’a’m qullardı talag’an. Urartudın’ bunday h’a’reketleri Assiriya menen qarama-qarsılıq shıg’ıwına alıp keldi. Bul waqıtta Assiriya da qu’diretli ma’mleket bolıp, Aldın’g’ı Aziyanın’ Qubla bo’legin basqarg’an h’a’m ol sawdanın’ ba’ri resursların iyelewge ko’z alartırg’an.

«Urustri» ma’mleketine 1-shi ret assiriya patshası Salmanasar I e.sh. XIII a’ baslaydı. Sol da’wirden baslap assiriya patshaları tez-tez ju’risler sho’lkemlestirip turadı. Olar tek g’ana baylıqların, qullardı sharwashılıg’ın iyelep qalmastan, qosımsha sha’rtler qoydı. Basıp alg’an ma’mleketten toqtag’an h’alda, Assiriya patshaları o’zlerin «Shubari ma’mlekettin’ patshası» dep qalmastan «Noyri ma’mleketinin’ baspası» dep atag’an.

E.sh. IX a’ Urartu ma’mleketi ku’sheyip, Assiriyanı qorqınıshqa saldı. Salamansar III (259-825 j b.e.sh.) ko’p waqıt gu’res alıp baradı, Assiriya a’skerleri de basıp alıwg’a erisip, olar Van, Urmiya da’ryasına shekem jetip ma’mleketti talan-taraj etedi. Urart patshası Sardurn I Assiriya patshaların a’skerlerin qaytadan Olar adam ju’riw qıyın bolg’an qarag’anda tabadı. Van jartası qasında

Ol o’zin maqtanısh penen «Ullı patsha, qudiretli, a’lemnin’ patshası» da aytqan.

Urartu patshalarınan İshmunna, Menua e.sh. IX a’ basqarg’an VIII a’ basında, olar Urartu patshalıg’ının’ tiykarın salg’an. Bul patshalar ma’mleketi abadanlastırıwg’a kirisken. Atap aytqanda qalalar, qorg’anlar, xramlar, kanallar salıp, ma’mlekettin’ gu’lleniwine tu’rtki berdi. Qon’sı ma’mleketler menen a’skeriy ju’risler alıp barg’an.

E.sh. b.e. birinshi yarımında Arpipta, Sardurn III waqıtlarında gu’lleniwdin’ joqarı da’rejesine jetedi, Kavkazartının’ ko’p bo’legin aladı, Evfrat da’ryasının’ ortang’ı jıl boylap iyeleydi, keyin Siriya ta’repke jol aladı. Olar Mana qa’wimlik awqamına tez-tezden topılıs jasap turg’an. Arshaktı h’a’m Sardurn II jazbalarında Mana ma’mleketine tez-tez islep turılg’an topılısları h’aqqında aytıladı, qullar moj-mojların tartıp alg’an.

Usı da’wirde Urartu Assiriyanın’ Sopernigi bolıp qalmastan, ol Assiriyadan beter ku’sheyip ketedi, Urart patsha Argipta jen’ip shıg’adı. Ol (781-760 b.e.sh.) basqarg’an, Assiriya patshası Ashshurbanapal jen’edi. Ol paytaxtlar Argiantixipilli qalasına ko’shiredi.

Aril-berd qorg’anında «qu’diretli qorg’an» quradı. Onı İrmuni qalası dep ataydı. Sardurn II basqanshılıq siyasatı dawam etti, ol o’zinin’ siyasatın Arirumiya oblastında ju’rgizdi. Erax ma’mleketine ju’risler qıldı.

Bul waqıtları Urartu ma’mleketinin’ gu’lleniwi ekonomikalıq ku’shli ma’mleket boldı. Bul ma’mleket Assiriya ma’mleketine qorqınısh jasag’an. Urart patshaları u’lken koalitsiyalar du’zdi, onın’ sostavına Kavkazartı qa’wimlik awqamları kirgen.

Assiriyalı Tiglatpalasar III Urartug’a 2 ju’ris sho’lkemlestiredi. Urartlar jen’edi. Endigi Urart patshası Ruse I (720-714 j b.e.sh.) Urart ma’mleketin tiklewge gu’res baslaydı. Ol Nor-Belzet rayonında qorg’anlar quradı. Urartu ma’mleketinin’ h’a’lsirewinen paydalanıp bir-eki wa’layat turg’ınlardı ko’terilis rejelestirgen edi., Olar o’z aldına g’a’rezsiz knyazlikler ju’ze jaq edi. Rusa bul ko’terislerdi bastırdı keyin Urartu orayı bolıp e.sh. VII a’ Teysheybani boladı. E.sh. VIII a’ keyninde Assiriya ku’sheyip Sargon II e.sh. 714 j Rusa a’skerlerin jen’edi, biraq birotala bastıra almaydı, sebebi Urartu ma’mleketi qatal gu’res alıp baradı. Bug’an qaramay Sargon II, Urart a’skerlerin basıp aldı, qalasha tonap, Musasir qalasın basıp aldı. E.sh. VI a’ Urartu o’z g’a’rezsizliginen ayırıladı, h’a’m Midiya Skif ta’repinen qulatıldı.

**Ma’deniyatı**

Urartu ma’deniyatı ju’da’ az u’yrenilgen. Biraq da’liller barki, Urart ma’deniyatı u’lken ma’deniyat payda etken, basqa ma’mleketler ma’deniyatına baylanıslı h’a’m jah’an ma’deniyatına bay h’a’m biybah’a u’les qosqan. Olar ma’deniyatında basqa ma’mleketlerdin’ ma’deniyatınan parqı sezilerli. Olar o’zinin’ geografiyalıq jazıwına iye edi, arxitektura h’a’m metallurgiya jaqsı rawajlandı. Mussasir xramı, aytarlıqtay bolıp, e.sh. X-VIII a’ tiyisli ma’deniyatı a’yyemgi grek binalarına uqsas, sulıw kolonnalar, go’zzallıg’ı, biyikligi menen adamdı ta’n qaldırg’an.

Urart jivopisine kelsek, olardın’ qaldıqlarında sa’wlelengen jazıwlar, atap aytqanda Arii-Berd biyikligindegi e.sh. VIII a’ tiyisli sol qaldıqlarınan sonı biliwimiz mu’mkin, olardın’ da o’zine ta’n

ma’deniyatı bolg’an. Olar assiriya-vavilon ma’deniyatınanda paydalang’an. Olar assiriyalılardan klinopis jazıwın u’yrengen.

Urartu dini o’zinin’ rawajlanıw jolın basıp o’tti, a’yyemgi diniy ma’resimlerine iye bolg’an. O’zlerinin’ qudaylarına iye bolg’an karamatlı terekke sıyıng’an, ta’biyattın’ ku’shinede isengen. Ma’s: gu’ldirmama qudayı, Ka’n qudayları bolg’an. Urart jazbalarında ko’binese 3 qudaydın’ atı shıg’adı. Rolda, Teyshet Arda. Olardın’ ishinde Xard bas qudayı edi. Urartu ma’deniyatı assiriya ma’deniyatına ta’sirin ko’rsetti, Assiriya metallurgiyasına, assiriya iskusstvosına turtki berdi h’a’m basqa da Kavkaz artı ma’mleketinin’ rawajlanıwına ta’sir jasadı. Urartu tili, dini mifologiyası assiriya -vavilon ma’deniyatının’ ta’replerin saqlap qaldı, a’yyemgi armyan ma’deniyatının’ qa’liplesiwine tu’rtki berdi.

Solay etip, Urartu ma’mleketi o’zinen keyingi ma’mleketlerge de u’lken-bay ma’deniyat qaldırdı.

### *Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar*

1. Urartu ma`mleketi qashan ha`m qay jerde payda boldi?
2. Urartu ma`mleketin Midiya basip aliwi sebepleri?
3. Kishi Aziya ma`mleketleri Lidiya ha`m Frigiya menen Urartudin` qatnasiqlari?

### Adebiyatlar

1. Korovkin F. P. “ Kadimgi dunyo tarixi” Kayta ishlangan ruscha uchinchi nashriga muvofik uzbek tilida beshinchi nashri. T. “Ukituvchi”
2. Boynazarov F. B. Kadimgi dunyo tarixi. T. A. Kodiriy nomidagi xalk merosi nashriyoti, 2006
3. Kadimgi dunyo tarixi. 2 kism. Krushkol Yu. S. taxriri ostida. T. “Ukituvchi” 1975
4. Nemirovskiy A.I. “Istoriya drevnego mira” 2-kism. M., Vladots 2000
5. Boynazarov F. B. Kadimgi dunyo tarixi. (kiskartirilgan shakli), 2002
6. Flittner N.D. Siro-xettskie pamyatniki Ermitaja. 1989 y.
7. Xetti i xettskaya kul`tura. Stat`i: J.Konteno i A.Zaxarova 1974 y.
8. Zaxarov A.A. Xettskiy vopros. -G`Noviy VostokG` 1972.
9. Maksimova M.I. K voprosu o vixode xettov na yujniy bereg Chernogo morya. G`Vestnik drevney istoriiG` 1978 y.
10. Turaev B.A. Ocherk istorii izusheniya finikiyskoy drevnosti. 1973 y.
11. Kapantsyan G.A. Xayasa kolvbel` armyan. Etnogenez armyan i ix nachal`naya istoriya. 1981y.
12. Melikishvili G.A. Nekotorie voprosi sotsial`no-ekonomicheskoy istorii Nairi Urartu. 1987y.

## Lektsiya №12

## ERTEDEGI IRAN XAM ORTA AZIYA.

**Joba:**

1. Arabstan yarim atawinin` a`yyemgi ma`mleketleri
2. A`yyemgi zamandag`i Iran, Elamnin` a`yyemgi ma`mleketleri.
3. Midiya patshali”i b.e.sh. VII-V a`sirlerde.
4. Persiya ma`mleketi b.e.sh. VI-IV a`sirlerd
5. Orta Aziya aymag`indag`i en` a`yyemgi ma`mleketler. Olardin` sotsialliq-ekonomikaliq turmisi.
6. Antik da`wir ma`mleketleri ha`m ma`deniyati.

***Tayanish tu`sinikler:*** Miynettin` da`slepki iri bo`liniwi, qa`nigelesken o`nermentshilik, jasalma suwg`arilatug`in diyxanshiliq, sawda ma`deniy baylanislar, Persiya ma`mleketi b.e.sh. VI-IV a`sirlerde, onin` geografiyaliq jaylasiwi, Dariy I-din` reformalari Kam bizdin` ju`rgizgen siyasati sonday-aq Persiyada diniy isenimler, ko`rkem-o`ner, a`debiyati haqqinda so`z etiledi, ertedegi qalalar, Baqtriya, Sog`diana, Xorezm, ″Avesta″, a`yyemgi Ferg`ana, Qang`, Kushanlar.

Aziyada en` iri Arabstan yarim atawi shama menen qmln. kv. m. maydanda jaylasqan. Bul aymaqti tiykarinan ku`nnin` shig`arg`an nurlari astinda ku`ygen sahralar a`jayip o`simlikler qurag`an. Jasaw ushin diyxanshiliq ju`rgiziw ushin qolayli oblast`lar tiykarinan yarim atawdin` qubla-batisinda ha`m tu`slik ta`repinde jaylasqan. Arabstan yarim atawi anag`urlim ta`biyg`iy bayliqlarg`a, bahali metallarg`a, qimbat bahali taslarg`a iye bolip, jahlawlarinda norallar qazip aling`an.

Arabstan yarim atawi arqali bir qatar sawda jollari. Gaza ha`m Zamas qalalarina, Mesopotamiya ha`m Misirg`a, Shig`is Afrika menen Hindstang`a sawda jollari o`tken. Basqa Shig`is ellerindegidey, bul jerde de paleolit da`wirine tiyisli zatlar tabilg`an (Laxdja). Olardin` ishinde b. e. shekemgi 10-9 a`sirlerge tiyisli petroglifler an` ko`rinisleri ko`rsetilgen. jardag`i su`wretler ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Dereklerde b.e. shekemgi 4-3 a`sirlerge tiyisli Magan ha`m Moluxna elleri ko`rsetilgen. B.E.shekemgi g` min` jilliqta Arabstan yarim atawinin` qubla-batisinda semit tili dialektinde so`ylewshi bir qatar qa`wimlerdin` sabey, miney, katatanlardin` awqami qa`liplesken. Yarim atawdin` arqa-batis ta`repinde Madiyanitler qa`wimleri jasag`an.

Arabstannin` a`yyemgi tariyxin izertlewde epigrafiyaliq materiallar, arxeologiyaliq terminler, antik avstralarinin` jazba hu`jjetleri u`lken rol` oynaydi.

Tas, qala, peramikada o` min`nan aslam Tu`slik Arabstan jaziwlari saqlanip qalg`an. B.E. shekemgi 1-2 min` jilliqlarg`a tiyisli bul ma`mleketlik ha`m jeke huqiqiy hu`jjetler Tu`slik, Arqa ha`m Orayliq Arabstanda, sonday-aq Misir, Mesopotamiya ha`m Paleonnada tabilg`an.

Sabey patshalig`i bas qalasi Mariba ha`m Timna sonday-aq Petre qulandilarin qazg`anda a`hmiyetli materiallar tabilg`an. Arablar ha`m Arabstan haqqinda mag`liwmatlar A`yyemgi Shig`is elleri hu`jjetlerinde Bibliyada, Assiriya jilnamalarinda, Jan`a Vaviloniya ha`m Persiya patshalarinin` jaziwlarinda, antik avtorlarinda saqlanip kelgen. Ma`selen, Gerodottin` Tariyxinda, Diodordin` «Tariyxiy kitapxanasinda» Strabonnin` Geografiyasinda.

Arabstan a`yyemgi tariyxin izertlew XIX a`sirden baslang`an. XX a`sirdin` 50-60- jillari Tu`slik Arabstan aymag`inda amerikan arxeologiyaliq ekspeditsiyasi islegen. Olar Sabeydin` paytaxti Maribani ha`m Kababona Timnani qazg`an.

XIX a`sirdin` aqiri XX a`sirde, tutasi menen arablardin` tariyxina, Arabstannin` ayirim ma`mleketleri menen xaliqlarina, sonday-aq anag`urlim a`hmiyetli mashqalalarg`a tariyxiy geografiya, ekonomika, siesiy du`ziliske, ma`deniyat ha`m dinge, xronologiya, onomastika ha`m tag`i da basqa ma`selelerge bag`ishlang`an miynetler jazildi ha`m jazilip atir. I. Yu. Krachkovskiy ha`m N.V. Pigulevenar uqsag`an alimlar da usi mashqalalar menen shug`illang`an. Jaziwlar basilip shig`arilip, Tu`slik Arabstan jaziwlar tili izertlenip atir.

Siriya-Mesopototamiya dalalari menen Arqa Arabstannin` ken` aymaqlarinda a`yyemgi zamanda ko`shpeli turmis keshirgen aribi, kedrey, nabatey ha`m samudlar qa`wimleri jasag`an. Ko`shpeli xojaliqtin` ha`m turmis keshiriwdin` rejeleri ta`biyg`iy sharayatlarg`a baylanisli bolg`an.

Bul xojaliqlarda uruwliq-qa`wimlik qatnasiqlar u`stem kelgen Qa`wimlik awqamlar ha`m kishi ma`mleketler bolg`an. Knyaz`likler de bolg`an (Nabatey) .

Misir ha`m Mesopotamiya bul qa`wimlerge shabiwil jasap turg`an.

Assiriyanin` arablar menen da`slepki soqlig`isiwlarinin` biri b. e. shekemgi IX a`sirdin` ortalarinda ju`z bergen. ho`- jili Siriyada Karqar qasinda sawash bolg`an.

**A`yyemgi zamandag`i Iran.** Iran ken` U`stirtten ibarat, iqlimi-kontinentalliq. Arqa ta`repte El`brus sistemasi, Tu`rkimen -Xorasan tawlari ba`lentlep tur. Batista ha`m Qubla-shig`ista Zagros ha`m Tu`slik Iran tawlari. Irannin` ko`pshilik aymag`inda diyxanshiliq qoldan suwg`ariwdi talap etedi. Da`r`yalardan Karun ha`m Kerxani, qazilma bayliqlardan-neft`, mis, temir ha`m gu`misti atap o`tiwge boladi.

A`yyemgi zamanda Batis Iranda elamitler, lullubeyler kutiyler, nasitler h. T.b. jasag`an. Olar Hindevropaliq tilde soylegen. Elamitler o`zinin` tili ha`m shig`isi boyinsha drovhind qa`wimlerine jaqin bolg`an.

Iran atamasi Arianim atamasinin` qisqartilg`an formasi, ol G`ariyler eliG` degen ma`nisti an`latqan. Olar Hindiranliq til shaqabina tiyisli xaliq bolg`an. Iran ha`m Orta Aziyada iranliq til sem`yasinin` qa`wimleri jasag`an.

Iran tariyxinin` ayirim da`wirleri ha`r qiyli jazba derekler menen bay hu`jjetlestirilgen olardin` en` a`yyemgileri A`lam tariyxin b. e. shekemgi III min` jilliqtan I min` jilliqqa shekem sa`wlelendiredi. Bul aknada ha`m elam tillerindegi patsha jaziwlari, is ha`m huqiqiy hu`jjetler, ma`mleketler araliq kelisimler.

200 ge jaqin patsha klinopis` jaziwlari ha`zirge shekem jetgen, olardin` ishinde Dariy I Bexustin jaziwlari bar. Persopol`da b.e. shekemgi VI a`sirdin` aqiri-V a`sirdin` birinshi yarimina tiyisli Elam tilindegi h min`g`a jaqin klinopis` hu`jjetleri tabilg`an. Bul patsha xojalig`i tekstleri h. t. b. edi. Bunnan tisqari, b.e. shekemgi IX -VII a`sirlerge tiyisli Assiriya jaziwlari, sonday-aq tas kesteleri tu`rinde Persiya da`wirinin` a`0 min` vavilon hu`jjetleri bolg`an.

Jazba dereklerdin` ishinde Persiya ma`mleketi xaliqlarinin` tariyxi, ekonomikasi ha`m etnografiyasi boyinsha a`hmiyetli derek bolip tabilatug`in Gerodottin` G`TariyxinG` grek tariyxshisi Fukidanin` G`TariyxinG`, Kinofonttin` G`Grekler tariyxinG`, Sitsiliyali Diodordin` G`Tariyxiy kitapxanasinG` atap o`tiw za`ru`r.

Suzi, Periopol`, Tepe-Sialk h. t. b. qalalardag`i arxeologiyaliq qaziwlar waqtinda a`yyemgi Iran tariyxi boyinsha ko`p materiallar tabildi.

Irannin` a`yyemgi esteliklerin u`yreniw Marko Polo (XII a`sir) ha`m Petro Valle (XVI a`sir) sayaxatlarinan baslandi.

XVIII a`sirden irantaniw ilim sipatinda qa`liplese basladi. Bunda A`yyemgi Iran ha`m Orta Aziya xaliqlarina a`diwli bolg`an G` Avesto G` kitabinin` tabiliwi u`lken rol` oynadi.

XX a`sirde Iran qa`wimlerinin` etnogenezi, Persiya xronologiyasi sonday-aq grek-persiya o`z-ara qatnasiqlar mashqalalari ilimpazlardin` ayriqsha diqqatinda boldi.

Iran tariyxin izertlewge salmaqli u`les qosqan Evropa alimlari ishinde J.de Morgan ha`m R. Grishmandi atap o`tiwge boladi.

Oris irantaniw ilimi qa`liplesiwinde V. A. Bartol`d, M. M. D`yakonov h. T.b. ilimpazlar ayriqsha rol` atqarg`an.

Zaroastrlardin` ka`ramatli «Avesto» kitabi, parfyan Nisinda tabilg`an xojaliq hu`jjetler arxivi ha`m Topraq qalanin` saray arxivi Orta Aziyanin` a`yyemgi da`wirlerin u`yreniwde u`lken ma`nige iye. Antik avtorlari miynetlerinde a`hmiyetli mag`lumatlar bar. ( Ma`selen, Kesiydin` G`Persiya TariyxiG` h.t.b).

A`yyemgi ja`miyet ma`deniyati, xojalig`i xalqi, sonday-aq turmistin` basqa ta`repleri boyinsha arxeologiyaliq materiallar u`lken a`hmiyetke iye.

**Elamnin` a`yyemgi ma`mleketleri.** Qolayli tabiyg`iy sharayatlar Iran qa`wimlerine erteden diyxanshiliq ha`m mal sharwashilig`i menen shug`illaniwg`a mu`mkinshilik jaratti. (b.e.shekemgi VIII-VI min` jilliqlar). Mis rudasi ka`nleri metallurgiyanin` erte rawajlaniwina alip keldi. Erte diyxanshiliq qa`wimler geometriyaliq figuralar ha`m haywanlardin` su`wretleri menen bezelgen ha`r qiyli tas idislardi islegen.

B.E. Shekemgi IV min` jilliqta Karun ha`m Kerxi oypatinda suwg`arilatug`in diyxanshiliq rawajlanadi, elatli punktler payda boladi. Bul da`wirde o`nermentlik te anag`urlim o`simge erisedi. Quyilg`an metall buyimlari ha`m keramika ken` taraladi. Suziana dep atalg`an Qubla-batis Irannin` tegislik bo`legi eldin` haqiyqiy telegine aylanadi. Mesopotamiya menen sawda baylanislari rawajlanadi.

B.E.shekemgi III min` jilliqtin` basinda Elamda erte ma`mleketlik birlespeler payda boladi. Paytaxti Suzi qalasi belgilenedi. Bul aymaq a`hmiyetli sawda jollari kesispesinde jaylasqan edi. Ol

Irandi Mesopotamiya, sonday-aq Arqa ha`m Shig`is Iran menen baylanistirip turdi. Suzidan basqa, Avan, Anshan, Simash, h.b. kishi ma`mleketler bolg`an.

B.E. Shekemgi XXIV-XXII a`sirleri Elam Akkada patshalig`inan tikkeley g`a`rezli bolg`an. Elamdag`i barliq hu`jjetler ha`m jaziwlar annada tilinde du`zilgen. Suzida Akkada patshasi Manishtushug`a statuyalar ornatilg`an.

B.E. Shekemgi XXII a`sirdin` basinda pu`tkil Elam birden-bir ha`m g`a`rezsiz ma`mleketine aylanadi.

B.E. Shekemgi III-II min` jilliqlarda elamitler ushin sipatli ma`mleketlik sho`lkemnin` sistemasi islep shig`ildi. Joqarg`i ha`kim bolg`an, ma`mleketti onin` orin basari-patshanin` kishi inisi basqarg`an. Sonday-aq wa`killer ha`m Suzi qalasinin` o`z patshasi bolg`an. Kishi oblast`lardi «atalar» (ada) basqarg`an, olar joqarg`i ha`kimiyatqa bag`ing`an.

B.e. Shekemgi 1180 -jili Elam patshasi Shuturuk-NaxxunI Vaviloniyag`a qarsi atlanisqa shig`adi, bir neshe qalalardi basip aladi, Suzig`a bay olja, sonin` ishinde Xammurapi nizamlari jazilg`an diywaldi alip qaytadi.

B.E. Shekemgi 1155-jili elamiyler Vaviloniyag`a qarsi jan`a atlanisqa shig`adi, oni bag`indiradi. Biraq, b.e.shekemgi 1115-Dere qasindag`i sawashta Navuxudonosor I ,basshilig`inda Vaviloniya a`skerleri elamitlerge qiyratiwshi soqqi beredi. Bunnan keyin Elam u`sh ju`z jilg`a tariyxiy maydannan joq bolip ketedi. Keyin ala Elam ga Vaviloniya ga Assiriya qol astinda bolg`an,

Elam ja`miyeti. B.E.Shekemgi III min` jilliqta Elamda awilliq qa`wimler basim bolg`an, olardi aqsaqallar basqarg`an. Awilliq qa`wimlerdin` ornina b.e. shekemgi II min` jilliqti u`lken shan`araqlar qa`wimleri keledi. Olar birlikte jerge iyelik etken, birlikte onda onda jumis islegen ha`m keyin ala ag`zalar arasinda da`ramatlar bo`lisken. Biraq, a`ste-aqirin mu`liklik differentsiatsiya u`lken shan`araqliq qa`wimlerdin` bo`liniwine alip keldi.

Qa`wimlik xojaliqlar menen bir qatarda, Elamda patsha ha`m xram xojaliqlari bolg`an. Xramlar iri jer ko`lemlerinin` menshik iyeleri bolg`an, sonday-aq sawda ha`m su`txorliq jumislari menen shug`illang`an.

Elam basqariw sistemasinda suxqalalar (ulli wa`killer) bolg`an, b.e. shekemgi XVI a`sirde bul lawazimlar qisqartilg`an. B.E.Shekemgi XIII a`sirden baslap patsha taxti miyras boyinsha o`tken. Oraylasqan monarxiya qa`liplese baslaydi.

B.E.shekemgi shama menen III min` jilliqta elamitler protoelamliq dep atalg`an o`zgeshe piktografiyaliq jaziw du`zgen. Ol tutas tu`sinikler ha`m so`zliklerden ibarat shama menen 150 tiykarg`i belgilerge iye bolg`an. Bunnan keyin 80 belgilerden ibarat siziq buwinli jaziw payda bolg`an. Keyin ala ol Shumer-akkada klinopisi menen o`zgertiledi.

Elamitlerdin` ideologiyaliq turmisinda din u`stemlik orin tutqan. Onin` orayi Suzi bolg`an. B.E. shekemgi IV a`sirde Elam aymag`inda ayriqsha iskusstvo qus ha`m haywanlar su`wreti saling`an keramika payda boladi.

B.E.shekemgi III min` jilliqtin` ko`rkem o`nerinde qara qus, qanatli arislanlar ha`m a`zidullerdin` su`wretlerin, sonday turmisliq sippattag`i ko`rinislerdi ushiratiwa`a boladi. Napirasu patshayimnin` qola statuyasi Elam en` a`jayip ko`rkem o`nerinin` shig`armasi bolip tabiladi. Dur-Umtush qalasinda saling`an Zikkurat Elam monumentalliq arxitekturasinin` u`lgisi bolip esaplanadi ha`m en` son`inda, Elam ma`deniy jetiskenlikleri a`yyemgi perslerge u`lken ta`sir jasag`anin atap o`tiwimiz za`ru`r.

**Midiya patshaligi b.e.sh. VII-V a`sirlerde.** Midiya Irannin` arqa-batis aymag`inda jaylasqan. Bul jerde b.e.shekemgi III-II min` jilliqlarda kassiy, xurriy ha`m kutiy tillerinde so`ylegen otiriqli diyxanlar ha`m sharwalar jasag`an. Midiyler Hindevropaliq til sem`yasina tiyisli iran tillerinde soylegen.

B.E.shekemgi IX a`sirden baslap assiriyler olja aliw maqsetinde Midiya aymag`ina shabiwillar jasap turg`an. VIII a`sir dawaminda Midiya oblast`lari assiriylerden g`a`rezli bolg`an ha`m olarg`a saliq to`lep turg`an.

B.E.shekemgi VIII a`sirdin` aqirinda Batis Iran aymag`inda da`slepki iri siyasiy birlespeler payda bolg`an, olardin` basinda qa`wim ko`semleri turg`an. Bul protsess Assiriya shabiwllarina tabanli qarsiliq ko`rsetiwge alip keldi.

Bul waqitlari Arqa Qara ten`iz boylarinan Kimmeriyler ha`m ekif qa`wimleri basip kiredi.

Kimmeriyler uzaq waqit dawaminda Kishi Aziyada jasag`an. wa`o`- jili Urartu patshasi Rusa I u`stinen jen`iske erisedi, al Assiriyada Asarxadon patshaliq etip turg`an da`wirde onin` arqa shegaralarina qa`wip tuwdiradi. B.E. shekemgi u`wo`-jili kimmeriyler Kishi Aziyada Frigiya patshalig`in qiyratadi ha`m Assiriya shegaralarina abay etedi.

Bul waqitlari skifler Aldin`g`i Aziya ellerine tonawshiliq atlanislarg`a shig`adi ha`m , Siriya menen Pamstinani qiyratip, Misir shegaralarina jetedi.

B.E. shekemgi u`wg`-jili, assiriyler ha`m kimmeriyler arasindag`i a`skeriy ha`reketlerden paydalanip, midiy qa`wimleri Assiriya qisimina qarsi ko`teriliske shig`adi. Ko`terilisshilerdi midiy ko`semlerinin` biri Kashtariti basqaradi. B.E. shekemgi u`wa`-jili midiyler assiriylerdi o`z aymag`i batis ta`repine quwip shig`ip, g`a`rezsiz ma`mleket du`zedi. Kashtariti a`ste-aqirin barliq midiy qa`wimlerin ja`mleydi ha`m b.e.shekemgi VII a`sirde Midiya A`yyemgi Shig`istin` en` iri ma`mleketine aylanadi.

Assiriyler ha`m skiflerge qarsi sa`tsiz sawashlardan keyin, midiyliler Klaksar patshaliq etken da`wirde skifler u`stinen jen`iske erisedi. Bul jen`is barliq midiy qa`wimlerin birden-bir ma`mleketke biriktiredi. Onin` paytaxti bolip Ekvatanax (ha`zirgi Xamadan) belgilenedi. Ol ku`shli turaqli armiya du`zedi. B.E. shekemgi 714-jili Klaksar Assiriya provintsiyalari bolg`an Arrapxu ha`m Ashshurdi qiyratadi. Vavilon da assiriylilerge qarsi gu`resedi ha`m b.e. shekemgi 712-jili hu`jim menen Asiriya paytaxti Nineviyani iyeleydi.

Midiyliler o`z shegaralarin ken`eytedi. B.E.shekemgi 593- jili midiyliler Urartudi o`z ha`kimiyatina bag`indiradi ha`m onin` paytaxti Tushpuni basip aladi. Bir neshe jillardan keyin Skif patshalig`in bag`indiradi.

Assiriya patshalari menen aqsu`yeklerdin` ha`dden tis bayliqlari basip aliniwi miydiy ja`miyetinde klassliq bo`liniwdi anag`urlim tezlestiredi.

B.E.shekemgi 715-705-jillari midiylilerge pers qa`wimleri de bag`inadi.

B.E. shekemgi VII a`sir V a`sirdin` birinshi yariminda Midiya iran madeniyatinin` orayina aylanadi, keyin ala persler oni o`zlestirip, rawajlandiradi.

Arrxeologiyaliq qaziwlar waqtinda b.e.shekemgi VIII a`sirge tiyisli ot xrami tabildi (a`yyemgi Ekvatan qalasinda). Ekvatandag`i patsha sarayi jeti qorg`an diywallari menen qorshalg`an arxitekturaliq kompleksten ibarat.

Aqirinda soni atap o`tiw kerek, Vaviloniya menen tartislar aqibetinde Midiyanin` batistag`i jag`dayi awirlasadi. B.E. shekemgi 551-jili bul jag`daydan persler paydalanadi. Olardin` basinda Axeminidler uruwinan kelip shiqqan Kir II patshasi turg`an edi. Midiy u`stemligine qarsi perslerdin` ko`terilisi b.e. shekemgi 550-jili olardin` toliq jen`isi menen tamamlanadi. Ko`pshilik Midiya aq su`yeklerinin` satqinlig`i da bul jen`iske u`lken u`les qosti.

**Persiya ma`mleketi b.e.sh. VI-IV a`sirlerde.** B.E.shekemgi II-I min` jilliqda Persiya qa`wimleri ha`zirgi Irannin` Fars provintsiyasina tiyisli aymaqta a`ste-aqirin jaylasa baslaydi. «Fars» atamasi «pars» so`zinin` arab fermasi bolip tabiladi ha`m «persler eli ha`m xalqi» degen ma`nisti an`latadi. Sonday-aq ol onin` paytaxti Perssnopol`di de an`latqan. «Persiya» atamasina keletug`in bolsaq, ol a`yyemgi perslerdin` «pars» so`zinen, yamasa onin` grekshe «PTRSIS» degen so`zinen kelip shiqqan.

Persler jaylasqan el a`zelden elamitlerdin` jerleri bolg`an. Elamitler perslerdin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyatina u`lken ta`sir jasag`an en` a`yyemgi ha`m o`zine ta`n tsivilizatsiyanin` birin du`zgen.

Persiya eli pu`tkil Tu`slik Irandi o`z ishine qamtig`an Elam aymag`inin` salistirmali kishi bo`leginde jaylasqan.

Persiya patshalarinin` en` a`yyemgi dinastiyasina Axemen tiykar salg`an. Ol VIII a`sirdi aqiri - VII a`sirdin` baslarinda dawran su`rgen. bul tariyxta birinshi du`n`ya ma`mleketi bolg`an. O`z ha`kimiyati astinda Persiya patshalari onlag`an eller ha`m xaliqlardi -Misirdin` Hindistantin` arqa-batis ta`repine shekem - birlestirgen. Axemenidler ma`mleketinin` tariyxi negizinde pu`tkil Jaqin Shig`is ha`m Orta Aziya tariyxi bolg`an. Usinin` menen bir qatarda, bul ma`mleket da`wiri ju`da` a`hmiyetli da`wir bolip tabiladi.

Bul waqitta sotsialliq-ekonomikaliq ha`m siyasiy institutlar, sonday-aq du`n`ya tariyxinda u`lken rol` oynag`an ma`deniy da`stu`rler payda boladi. Sonin` ushinda Persiya ha`m ol du`zgen imperiya tariyxina ilimpazlar ha`m a`piwayi oqiwshilardin` qizig`iwshilig`i ku`nnen ku`nge artpaqta.

B.e.sh. VII a`sirdin` basinda persler o`zinin` aymag`in ken`eytip baslaydi, jan`a Elam oblast`larin basip aladi. B.e.sh. 600-599 jillari Persiyada Kambiz I patshaliq etedi, ol Midiya patshalarinan g`a`rezli bolg`an. Kambiz Midiya patshasinin` qizina u`ylengen, al onin` uli Kir II Astiaganin` aqlig`i edi.

B.e.sh. 558 jili Kir Persiya diyxanshiliq qa`wimlerinin` patshasi boladi. Ol Persiya paytaxti Pasargada qalasina tiykar saladi. B.e.sh. 553 jili ol Midiya u`stemligine qarsi shig`adi. 550 jili

midiylikler jen`iliske ushirap, persler Midiya paytaxti Eksatondi basip aladi. Midiyani bag`indirip, olar Midiyanin` basqariw sistemasin o`zlestirip aladi.

549 jili persler Elam patshalig`inin` paytaxti Suzi qalasi sonday-aq Midiya ma`mleketi quramindag`i Parfiya, Girkaniya ha`m Armeniya ellerin basip aladi.

B.e.sh. 547 jili persler Liviya qalalarin (Sardi) iyelep, Krezdi tutqing`a aladi.

Shama menen eki jil ishinde persler Kishi Aziya jag`alawlarindag`i barliq qalalardi bag`indiradi.

B.e.sh. 545-539 jillari Kir Awg`anstan Pakistan ha`m Hindistan rayonlarin, sonday-aq Orta Aziya oblast`larin Margiana, Xorezm, Sogdiana Baktriya, Gedroniya, Aroxoniya ha`m Gamxoralardi basip aladi. 539 jili Vaviloniya ma`mleketinin` o`zi Kirge bag`inadi. Endi Misirdin` gezegi keledi. misirdi basip almastan burin, Kir massagetler qa`wimi jasap atirg`an o`zinin` arqa-shig`is shegaralarin qa`wipsizlendirgisi keledi. B.e.sh. 530 jili massagetlerge qarsi atlanisqa shig`adi, biraq Kirdin` o`zi jen`iliske ushirap, nabit boladi.

B.e.sh. 530 jili Kirdin` uli Kambiz II Persiya ma`mleketinin` patshasi boladi ha`m Misirg`a shabiwil jasawg`a tayarlanadi. 525-jili Pelugiya qalasinda sheshiwshi sawash ju`z beredi, persler Misir paytaxti Memfis qalasin iyelep, jen`iske erisedi. Solay etip, pu`tkil Misir persler qolina tu`sedi. misirdin` batis ta`repinde jasawshi Liviya qa`wimleri ha`m Kirenayka grekleri o`z erkleri menen Kambizge bag`inadi.

Bunnan keyin ol ra`smiy tu`rde misir faraoni bolip ja`riyalanadi ha`m jan`a XXVII dinastiyag`a tiykar saladi. Ol o`zinen buring`i dinastiya faraonlari siyasatin dawam etedi ha`m misirlilardi o`z ta`repine tartiwg`a umtiladi. Diniy ha`m jeke turmista Kambiz misirlilarg`a erkinlik beredi. misirlilar ma`mleketlik apparatta o`z lawazimlarinda islewdi dawam etedi ha`m olardi miyrasqa qaldiradi.

Kambiz Misirda jasag`an waqta Iranda ko`terilis ju`z beredi. Oni Kambizdin` inisi Bardiz basqarip, Persiya patshasi boladi. Jolda Kambiz o`dip qaladi. Tiykarinan Bardizdin` atinan ha`kimiyatti duwaxan gam ata basip alg`an edi. Ol u`sh jil mu`ddetke saliqlardi ha`m a`skeriy minnetlerdi biykar etedi ha`m Persiya uruwliq aqsu`yeklerinin` artiqmashiliqlarin saplastiriwg`a olardin` ekonomika ha`m ja`miyette u`stemlik jag`dayina qarsi bag`darlang`an reformalar ju`rgizedi. jeti ay hu`kimlik etkennen keyin b.e.sh. 522 jili ol til biriktiriwshiler ta`repinen o`ltiriledi. Onin` ornina Dariy patsha boladi. Dariy I tusinda Vavilon ha`m Persiya ko`terilisler jasaydi, biraq olar bastiriladi. Persiya pu`tkilley jasaydi, biraq olar bastiriladi. Persiya pu`tkilley dariydin` qolina tu`sedi. Bunnan tisqari, Elam, Midiya, Armeniya, Parfiya, Girkaniya, Majanlarda ko`terilisler ju`z beredi. Ko`p qiyinshiliqlar menen olar da bastiriladi. dariyadin` jen`ilis ko`terilisshiler arasinda awizbirshiliktin` bolmawi, ha`reketlerdin` retlestirilmewi, ko`terilistin` qorg`aniw sipati menen tu`sindiriwge boladi. Bunnan tisqari, Dariydin` o`zine sadiq turaqli armiyasi bolg`an.

Ko`terilislerdi bastirip, Dariy o`zinin` jen`isleri haqqinda bayanlawshi qudiretli estelik quriwg`a kirisedi. Qa`wim ko`semleri qozg`alan`lari u`stinen Dariydin` jen`isin su`wretleytug`in bexustin rel`efi 105 metr biyiklikte jarda tastan oyilg`an, onda a`yyemgi pers, elam ha`m akkada tillerinde u`lken jashiwlar bar.

<u>Dariy I reformalari.</u> Xaliq massalarinin` ko`terilisleri Persiya ma`mleketinin` a`zziligin ko`rsetti. Usini esapqa alip, Dariy I bir qatar a`hmiyetli ha`kimshilik qarji reformalarin iske asiradi. Olar ma`mleketlik basqariwdin` turaqli sistemasin du`ziwge, saliqlardi ta`rtiplestiriwge ha`m a`skerler sanin ko`beytiwge imkaniyatlar jaratti. Solay etip, Dariy I ma`mleketti ha`kimshilik saliq okruglerine bo`ldi. Okruglerdin` basinda satraplar turadi. dariydin` reformalari barliq basshi ha`mellerodi persler qollarinda topladi.

Jan`a ma`mlekettin` paytaxti Suzi qalasina patsha kantselyariyasi basshilig`inda u`lken orayliq apparat du`ziledi. bunday apparatlar basqa u`lken qalalarda da bolg`an. ma`mleketlik apparatta persler ayiriqsha oring`a iye bolg`an. A`hmiyetli a`skeriy ha`m puxaraliq lawazimlar perslerdin` qollarinda bolg`an.

Barliq satrapiyalar belgilengen aqshalay saliqlardi qatan` ta`rtipke to`lewi tiyis edi. Saliqlardin`q mug`darin Dariy I nin` o`zi belgilep bergen.

B.e.sh. 517 jili Dariy I pu`tkil imperiya ushin birden bir tenge salmag`i 8,4 gram bolg`an altin darik engizedi. Biraq ol ha`mme jerde birdey qabillanbaydi.

Solay etip, o`z ha`kimiyatin bekkemlep ha`m reformalardi juwmaqlap, DariyI b.e.sh. 517 jili Hindistannin` arqa-batis ta`repin ha`m Egey ten`izi basseynin basip aladi. Skifler menen uris Dariy

armiyasin ha`lsiretedi ha`m ol artqa sheginiwge qararg`a keledi. Dariy I nin` skif atlanisi b.e.sh. shama menen 514 jili ju`z beredi.

B.e.sh. VI a`sirde grek oblast`larinin` ishinde Kishi Aziyadag`i Milet, Ares h.b. qalalar jetekshi rol` oynaydi. Bul polislardin` hasildarli jerleri bolg`an, bul qalalarda o`nermentshilik o`ndirisi rawajlang`an, olar ulli Persiya ma`mleketinin` bazarlarinda sawda etken. Persiya patshalari bul qalalardi qollap-quwatlag`an. Olardin` ha`kimleri tiranlar dep atalg`an. B.e.sh. 500 jili Milette Persiya u`stemligine qarsi Aristogor basshilig`inda ko`terilis ju`z bergen. Biraq, 439 jili barliq jerlerindegi ko`terilisler bastirilg`an.

Balkan yarim atawinda u`stemlik etiw ushin dariy o`z g`a`rezsizligine balkan Gretsiyasin basip aliwi kerek edi.

Gretsiya ko`plegen erkin polisler ha`m qala ma`mleketlerden ibarat edi. 490 jildin` 12-avgustinda Marafon tegisligindegi sawashta afin a`skerleri persler u`stinen jen`iske erisedi.

Dariy I den keyin onin` balasi Kserks patsha boladi. Kserks tusinda 484 jili Misir ha`m Vavilon ko`terilis jasaydi, biraq olar bastiriladi.

B.e.sh. 480 jildin` ba`ha`rinde u`lken armiyani basqarip Kserks Balkan Gretsiyasina qarsi atlanisqa shig`adi. Birinshi soqlig`isiw b.e.sh. 480 jili 28 sentyabr`de Salamin qalasinda ju`z beredi. Bul jerde grekler Persiya flotina qiyratiwshi soqqi beredi ha`m jen`iske erisedi.

Sheshiwshi sawash b.e.sh. 479 jili Platen qalasi qasinda ju`z beredi. bul jerde Persiya a`skerleri qiyratilip, a`skerlerdin` qalg`anlari kemelerde Kishi Aziyag`a qashadi.

Bunnan tisqari 479 jildin` gu`zinde Mikale tumsig`inda ja`ne bir iri ten`iz sawash ju`z beredi. Persler ja`ne jen`iliske ushiraydi. Bunnan keyin Kishi Aziyanin` barliq jerlerinde persiyanlardin` u`stemligine qarsi ko`terilisler baslanadi. Grekler Frigiya ha`m Makedoniyadan Persiya garnizonin quwip shig`aradi. Greklerdin` persler menen uristag`i jen`isi adamzat tariyxinin` en` jarqin betlerinin` biri bolip tabiladi.

A`skeriy sa`tsizlikler Persiya ma`mleketi jag`dayin awirlastirdi. B.e.sh. 465 jildin` jazinda til biriktiriw aqibetinde Kserks o`ltirildi, onin` balasi Artakserks I patsha boladi.

B.e.sh. 455 jili misirda ko`terilis ju`z beredi, biraq ol bastiriladi. misir ha`m Persiya satrapiyasina aylanadi. Usi waqitlari Siriya strapi Artakserks I nin` armiyasi eki jen`iske erisedi. Bunnan grekler paydalanip, Kipr jag`alawlarinda persler u`stinen jen`iske erisedi.

Bul grek-persiya urislarinin` en` son`g`isi edi.

Afina ma`mleketi perslerdi Egat ten`izi basseyninen tabisli qisip shig`ara basladi. Keyin ala tek uris arqali o`z maqsetlerine erisiw mu`mkin emes ekenligin eki ma`mlekette tu`sindi. Sonin` ushin b.e.sh. 449 jili Suzida Kalliy pitimi du`ziledi, ol grek - persiya urisi tamam bolg`anlig`in ja`riyalaydi.

Artokserks I ha`m onin` miyrasxorlari o`zlerinin` diplomatiya usillarin o`zgertiwge ma`jbu`r boladi. Olar ma`mleketler arasina at saliwg`a kirisedi. B.e.sh. 431 jili Gretsiyada Sparta ha`m Afina arasinda b.e.sh. 404 jilg`a shekem dawam etken Peloponnes urisi baslang`anda ekewinin` de ha`lsirewinde ma`pli bolg`an Persiya ga` birewine, ga` ekinshisine ja`rdem beredi.

Da`slep Peloponnes urisinada Sparta ta`repinde boldi. Persiya patshasi Kishi Kir Spartag`a dosliq siyasat ju`rgizedi ha`m onin` armiyasina qolinan kelgenshe ja`rdem ko`setedi. Sparta a`skerleri menen birge ol Kishi Aziya boylarin ha`m Egey ten`izinin` Usi waqitta, yag`niy 411-408-405 jillari pu`tkil Kishi Aziya aymag`inda, Midiya ha`m Misirda ko`terilisler ju`z beredi. Biraq persler Misir u`stinen qadag`alaw ju`rgiziwge erisedi.

395 jili spartalilar o`z-ara kelisimge qaramastan, Sarda qalasinin` qasinda Persiya at arba a`skerleri u`stinen u`lken jen`iske erisedi. Persiya diplomatiyalari Afinag`a 10 min` darikler jiberedi, ondag`i maqseti - olardi Spartag`a qarsi qoyiw. B.e.sh. 395 jili grek ma`mleketlerinin` Spartag`a qarsi kaolitsiyasi du`ziledi. B.e.sh. 394 jili Sparta persler, afinalilar ha`m olardin` awqamlaslarinin` birlesken flotinan ten`iz sawashinda jen`iliske ushiraydi. Sparta persler menen kelisim du`ziwge ma`jbu`r boladi. Usi kelisim boyinsha persler Egey ten`izi shig`is jag`alawlari u`stinen u`stinlikke erisedi ha`m Kishi Aziyanin` grek qalalari u`stinen o`z qadag`alawin qayta tikleydi.

Biraq, Persiya ma`mleketi barg`an sayin ha`lsireydi. Onnan Kipr, Finikiya qalalari, Lidiya, Hindistannin` arqa-batis ta`repi, Xorezm ha`m sak qa`wimleri bo`linip shig`adi. Tek Artakserks III o`z gegemoniyasin tiklep aliwg`a erisedi. Ol saray qara niyetlilerdin` qurbani boladi. B.e.sh. 336 jili taxtti Armeniya satrapi Kodoman iyeleydi, ol Dariy III degen inisi aladi.

B.e.sh. 338 jili Makedon patshasi Filipp II Gretsiyani bag`indirip aladi. Ko`p keshikpey ol shig`isqa atlanisqa tayarlanadi. Biraq, 336 jili til biriktiriwshiler ta`repinen o`ltiriledi. Onin` jigirma

jasar balasi Aleksandr patsha boladi. Persiya menen uris sonin` payina tiyisedi. B.e.sh. 334 jildin` jazinda Gellespot jag`asinda (ha`zirgi Dardaniyali) Granik da`r`yasinin` quyarlig`inda birinshi soqlig`isiw ju`z beredi. Aleksandr jen`ip shig`adi. Bunnan keyin ol Kishi Aziyanin` grek qalalarin ha`m Kilikiyani basip aladi. Keyin ol perslerdin` bas ku`shleri toplang`an Siriyag`a qaray umtiladi. B.e.sh. 333 jildin` noyabrinde Kilikiya ha`m Siriya shegarasinda Isse qasinda sawash ju`z beredi. Sawash Aleksandrdin` jen`isi menen tamamlandi, og`an Siriya ha`m Finikiya jag`alawlarina jol ashiladi. Finikiyanin` Arad, Bibl ha`m Sidon qalalari sawash qatnaspay-aq Aleksandrg`a bag`inadi. B.e.sh. 332 jildin` iyulinde Tir qalasi basip alinadi. B.e.sh. 332 jildin` gu`zinde ol Misirdi aladi ha`m Gavgameli qalasina bag`dar aladi. Usi jerge jaqin Arbeli qalasinda Persiya patshasi o`zinin` a`skerleri menen turg`an edi. B.e.sh. 331 jildin` 1-oktyabrinde bul jerde sawash bolip, Aleksandr jen`iske erisedi ha`m Vaviloniyani iyeleydi. Bunnan keyin b.e.sh. 330 jili Suzi, Persopolodi, sonday-aq Persiya patshalarinin` bas g`a`ziynexanalari jaylasqan Pasargadani basip aladi.

Dariya o`zinin` jaqin aqillaslari menen birge Ekvatonnan Shig`is Irang`a qashadi, bul jerde Baktriya strapi ta`repinen o`ltiriledi. Persiya ma`mleketi qulaydi ha`m ol Aleksandr Makedonskiydin` jer ju`zilik imperiyasinin` bir bo`legine aylanadi.

Persiya ma`mleketinin` ko`pshilik oblast`larinda awil xojalig`i tiykarg`i o`ndiris tarawina aylanadi. (Misir, Palestina, Siriya) ma`mlekettin` ko`pshilik oblast`larinda mal sharwashilig`i da rawajlanadi (Midiya ha`m Armeniya)

Misir, Vaviloniya ha`m Orta Aziyada qoldan islengen sistema arqali suwg`ariw u`lken rol` oynag`an. Persiya patshalari bag`indirilg`an xaliqlardan en` hasildarli jerlerdi basip alg`an, patsha shan`arag`i ag`zalarina, Persiya aqsu`yekleri wa`killerine, iri ha`meldarlarg`a iri jer ko`lemlerdi miyrasxorliq huqiqi menen bo`listirip bergen. Ol jerlerden saliqta alinbag`an. Iri jer iyeleri a`skerler, sud-ha`kimshilik basqarmalarin g`a`ziynexana basliqlarin saqlag`an. Patsha jerleri ijarag`a berilgen, onnan ju`da` ko`p mug`darda da`ramatlar aling`an.

Persiya ma`mleketinin` bir qatar aymaqlarinda o`nermentlik o`ndirisinin` joqari da`rejede rawajlang`an oraylari bolg`an (Nakratis ha`m Milet). Ol jerlerde islengen zatlar eldin` ishinde ha`m sirtinda satilg`an. Ten`iz ha`m ka`rwan jollari jaqsi jetilisken, bul sawda rawajlaniwina mu`mkinshilikler bergen.

A`yyemgi ja`miyetlerdin` ekonomikasinda qul miyneti u`lken a`hmiyetke iye bolg`an. Ma`mlekettin` batis satrapiyalarina qarag`anda,Persiyada qulshiliq bir qatar o`zgesheliklerge iye edi. O`z ma`mleketi payda boliwi waqtina persler tek patriarxalliq qulshiliq penen tanis bolg`an, al qullardin` miyneti ele orta ekonomikaliq ma`nige iye emes edi. Jer ju`zilik basip aliwlar na`tiyjesinde Persiyada a`piwayi, patriarxalliq qulshiliqtan qullardan awil xojalig`i ha`m o`nermentlikte sonday-aq patsha ha`m aqsu`yekler xojalig`inda na`tiyjeli paydalaniwg`a o`tedi.

A`yyemgi Iran ideologiyasinda zaroastrizm u`lken rol` oynadi. Bul diniy ta`liymat Orta Aziyada b.e.sh. shama menen VII a`sirde payda bolg`an ha`m o`zine tiykar salg`an. Zardushtra ati menen atalg`an (grekshe Zaroastr).

Zaroastrizm Midiya, Persiya ha`m Iran du`n`yasinin` basqa ellerine taralg`an. Duwaxanlar zaroastrizm dini ruwxaniyleri bolg`an. Olar u`rp-a`det ha`m da`stu`rlerdi jetik bilgen, midiyliler ha`m perslerdin` diniy da`stu`rlerin saqlap kelgen.

Persiyada xaliq massasi a`yyemgi ta`biyat qudaylarina - Mitrege (ku`n qudayi) Anaxitag`a (suw ha`m hasildarliq qudayi) siying`an.

Persiyada zaroastrizm b.e.sh. VI-V a`sirleri, dariy I hu`kim su`rgen da`wirinde ken` taralg`an. Olar zaroastrizm menen birge a`yyemgi qudaylarg`a siying`an. Persiya patshalari bag`indirilg`an xaliqlardin` diniy inanimlarina kesent jasamasada olar xramlardin` ha`dden tis ku`sheyip ketiwine jol qoymag`an. Sonin` ushin xramlarg`a (Misir, Vaviloniya, Kishi Aziyada h.t.b.) ma`mleketlik saliqlar saling`an. Olar o`zlerinin` qullarin patsha xojalig`inda xizmet etiw ushin jiberip turg`an.

Persiya ma`mleketi ushin etnikaliq aralasiw ha`r qiyli xaliqlardin` ma`deniyati ha`m diniy ko`z-qaraslarinin` sinkretizm protsessleri ta`n edi. Sirt ellikler jergilikli xaliq penen a`ste-aqirin aralasip, olardin` tilin ha`m ma`deniyatin o`zlerine qabillap alg`an. Bul janli baris-kelisler ilimiy bilimlerdin` ko`rkem o`nerdin` anterine ha`m a`ste-aqirin jan`a ma`deniyat payda boliwina alip kelgen.

40 belgiden ibarat alfavitli o`zgeshe klinopis`ti du`ziw perslerdin` en` iri jetiskenliklerinin` biri bolip tabiladi.

Pasargada, Persopol` ha`m Suzidag`i saray kompleksleri Persiya arxitekturasinin` ulli estelikleri bolip esaplanadi. Bag`indirilg`an xaliqlardin` ku`shi menen saling`an bul saltanatli saraylar jan`a ulli Persiya ma`mleketinin` ku`shi ha`m qudiretinin` simvoli bolg`an.

A`yyemgi Persiya ma`mleketi iskusstvosi Iran ko`rkem da`stu`rleri ha`m texnikaliq usilarinin` Elam, Assiriya, Misir, Gretsiya h.t.b. sirt el da`stu`rleri menen organikaliq sitezi na`tiyjesinde payda bolg`an. Usig`an qaramastan, og`an ishki birlik ha`m o`zgeshelik ta`n, sebebi tutasi menen bul iskusstvo-ayriqsha tariyxiy sharayatlardin`, o`zgeshe ideologiya ha`m sotsialliq turmistin` na`tiyjesi.

A`yyemgi Persiya ko`rkem o`neri u`lgileri arasinda metall ha`m til su`yeginen islengen ta`spirlewleri ushirasadi. Olardin` ishinde patsha qaharmanlar, fantastikaliq ha`m real` maqluqlardin` su`wretleri menen bezelgen, agattan oyip islengen mo`rler de ushirasadi. Olar ha`zirge shekem formalarinin` jetiliskenligi ha`m syujetlerinin` o`zgesheligi menen tamashago`ylerdi ta`n qaldirdi.

**Orta Aziya aymag`indag`i en` a`yyemgi ma`mleketler. Olardin` sotsialliq-ekonomikaliq turmisi.**

O`zbekstan territoriyasinda a`yyemgi ma`mleket du`ziminin` qa`liplesiwi a`yyemgi da`wirge barip taqaladi. Keyingi bronza ha`m erte temir, da`wiri Orta Aziya tsivilizatsiyasinin` tiykarinda, yag`niy b.e.sh. VIII-VII a`sirlerde bul jerde da`slepki erte ma`mleketlik birlespeler ″A`yyemgi Baktriya patshalig`i″ ha`m ″U`lken Xorezm″ payda boldi. A`skeriy demokratiyaliq basqariw usili tiykarinda qa`liplesken bul ma`mleketlik birlespeler territoriyaliq jaqtan ha`zirgi O`zbekstannin` barliq wa`layatlarin o`z ishine alg`an.

Ylken Xorezm - A`miwda`r`yanin` to`mengi ag`imindag`i arqadag`i jerler, Murg`ap oazisi ha`m Parfiya territoriyasi. Baktriya ha`zirgi Surxanda`r`ya, Ta`jikstannin` A`miwda`r`yag`a jaqin jerleri ha`m arqa Awg`anstan territoriyasi. Tilekke qarsi jazba dereklerde olar haqqinda u`zik juliq ha`m ju`da` qisqa mag`liwmatlar gezlesedi.

″Avesto″da ″U`lken Xorezmge″ tiyisli wa`layatlar sanap jaziladi. Bul boyinsha Orta Aziyanin` derlik u`lken bo`legi ″U`lken Xorezmge″ tiyisli ekenligine iseniw mu`mkin.

Bul xabar grek avtorlari ta`repinen de tastiyiqlanadi. Gerodot ″U`lken Xorezm″ ma`mleketinin` egislik maydanlarin suwg`ariw ushin Oks da`r`yasina plotina qurilg`anlig`in bayan etip ketken. Biraq ″U`lken Xorezm″ ma`mleketinin` qashan dag`darisqa ushirag`anlig`i haqqinda bir pikir aytiw qiyin. Biraq ″U`lken Xorezm″ge tiyisli bir qatar qubla wa`layatlar Midiya ma`mleketi waqtinda-aq onnan bo`linip ketken, al onin` tag`i bir qatar wa`layatlari bolsa Axamaniyler ma`mleketi ta`repinen basip aling`an. Bizin` eramizg`a shekem IV a`sirge kelgende ″U`lken Xorezm″nin` A`miwda`r`yanin` to`mengi alabi aymag`inda A`yyemgi Xorezm ma`mleketi payda boldi.

Onin` patshasi sipatinda Farasman ismli adam grek tariyxshilari ta`repinen tilge alinadi. Arxeologiyaliq materiallar ″U`lken Xorezm″ ma`mleketi tuwrali so`z bolg`anda tek Farasman patshaliq etken A`yyemgi Xorezm ma`mleketi TU`Sinilmesten, al onin` a`yyemgi Parfiya, Girkaniya ha`m Marg`ianag`a shekem jayilg`anlig`in ko`rsetedi.

Orta Aziya aymag`inda ahameniylerge shekem du`zilgen ekinshi ma`mleket -bul Baktriya patshalig`i bolip tabiladi. Bul ma`mleket haqqindag`i da`slepki mag`liwmatlar gretsiyali ta`wip Ktesiyde ushirasadi. Baktriya paytaxti Baktra (ha`zirgi Balx) bekkem qorg`aniw qurilmalarina iye bolg`an.

Ktesiydin` mag`liwmatlari bizin` eramizg`a shekemgi VIII-VII a`sirlerge tiyisli bolip, olarda Baktriyanin` qu`direti, saltanati, min`lag`an qalalari menen awillari, mol zu`ra`a`tli jerleri ha`m ko`p sandag`i sharwalari haqqinda a`n`gime etiledi.

Keyingi jillarda a`yyemgi Baktriya aymag`inda ju`rgizilgen arxeologiyaliq izertlewler jumislari grek avtorlarinin` ″a`yyemgi Baktriya patshalig`i″ haqqindag`i a`ngimeleri tiykarinda tariyxiy shinliq bar ekenligin ko`rsetedi. Bug`an misal etip qubla Baktriyada Altin 1, Altin-10 jan`a Baktra sha`ha`ri rayonlarin, al arqa Baktriyada Ku`shikto`be, Qizilto`be, Talashkanto`be, Ba`ndixan - 2 usag`an esteliklerdi ko`rsetiw mu`mkin. Olardin` ha`r biri jergilikli ha`kimlerdin` ordasi bolg`an. A`yyemgi Baktriya patshalig`i bolsa mine usi rayonlar menen wa`layatlardi birlestriwshi a`skeriy demokratiyaliq tiptegi konfederatsiya edi.

Grek-makedon basqinshilarinin` Orayliq Aziyag`a keliwi ha`m olardin` jergilikli xaliqtin` barliq qatlamlari u`stinen ju`rgizgen talawshiliq siyasati izsiz qalmadi. Basqinshilar zuliminan azap shekken Orayliq Aziya xaliqlari o`z azatlig`i ushin gu`resin alip bardi. Ha`tiyjede eramizdan alding`i III a`sir ortalarinda Orayliq Aziya territoriyasinda bir qansha g`a`rezsiz ma`mleketler payda boldi: ha`zirgi Tu`rkmenstan aymag`inda arshakiylardin` Parfiya ma`mleketi; O`zbekstan, Ta`jikstan ha`m arqa Awg`anstannin` batisinda Grek-Baktriya; O`zbekstannin` arqasi ha`m batis Qazaqstanda - Kangyuy; Ferg`ana oazisinde- Davan; A`miwda`r`yanin` to`menin`de -A`yyemgi Xorezm ma`mleketi payda boldi. Olardin` ma`mleketlik du`zilisi haqqinda aniq pikirler aytiw qiyin. Biraq a`yyemgi avtorlardin` mag`liwmatlari, Avesta ha`m basqa dereklerde keltirilgen mag`liwmatlar ma`mleketti aqsaqallar ken`esi basqariwinin` a`skeriy-demokratik usili haqqinda

uliwma TU`Siniklerden tisqari tiyisli material bere almaydi, aqsaqallar ken`esi tamaninan saylang`an patshalar bekkem ha`kimiyatqa iye emes edi.

Grek-Baktriya, Parfiya ha`m Xorezm ma`mleketlerinin` patshalari atinan ten`geler shig`arilg`an ha`m usi u`lkelerdin` o`z jaziwlari bolg`an.

Kangyuy ma`mleketi-bir qansha diyxanshiliq ha`m sharwashiliq u`lkelerdi birlestiriwshi sho`lkem bolip, onin` territoriyasinda a`yyemgi tu`rkiy jaziwlar ushirassa da biraq o`zinin` ten`gesine iye emes edi. Kangyuy ma`mleketinin` etnik qurami tiykarinan eramizdin` baslarinda eki tilde bolip, ma`mleket xalqinin` tu`rkiy tilli qatlami u`stemlik qilg`an.

Bizin` eramizg`a shekemgi IV a`sirdin` aqirlarinda Spitamennin` jen`ilisinen son` Qitay jilnamalarinda Yue-ChJILER dep atalg`an massaget qa`wimleri shig`is Tu`rkstannan Mong`olstan shegaralarina shekemgi aymaqlarg`a ketip qalg`an edi. B.e.sh. 155 jili Grek-Baktriya ma`mleketi dag`darisqa ushiradi. Tek usi jag`daydan paydalang`an Yue-ChJILER b.e.sh. 140-jili Sog`d jerleri arqali Baktriyag`a kirip keledi.

Qitay jilnamalarinda jaziliwina qarag`anda, yue-chjiler Baktriyag`a kelgennen son` ju`z jil dawaminda 5 qa`wimge bo`linip jasag`an. Gayshunnan (Ku`shan) qa`wimi (YAbgusi) Kudzula Kadfiz qalg`an to`rt qa`wimnin` yabgularin bag`indirip, o`zin hu`kimdar dep dag`azalaydi. Qitay dereklerine qarag`anda Ku`shan ma`mleketi Parfiyani, Awg`anstandi ha`m Kashmirdi basip aladi.

Kushan ma`mleketinin` da`slepki patshalari ″Geroy jabgu″ ″Kutula jabgu″ jaziwli ten`geler shig`arg`an. Bul ten`geler olardin` tu`rkiy qa`wimlerine etnik jaqinlig`in ko`rsetedi. Kutula Kadfiz da ma`mleket hu`kimdari sipatinda o`z ten`gelerin shig`ara baslaydi. Kanishka hu`kimdarlig`i da`wirinde Hindstannin` qubla rayonlari, Orta Aziyanin`, Sogdiana, Xorezm ha`m Shash wa`layatlari ku`shanlardin` qolina o`tedi.

Kushanlar ma`mleketinde bir qatar qalalar payda boladi. Pul reformasi o`tkeriledi. Budda dini ma`mleket dini dep dag`azalanadi. Magistral kanallar payda boldi, o`nermentshilik ha`m sawda rawajlandi.

Ekonomikaliq siyasiy ha`m ma`deniy o`mirde joqari rawajlang`an kushanlar saltanati Kanishkanin` miyrasxori Xuvishkadan keyin kem-kemnen dag`darisqa bet bura basladi. Hind dereklerine karag`anda III a`sirdin` ortalarinda Hindstanda ku`shanlardan biyg`a`rez ma`mleket du`zilgen. Tap usi jillarda Xorezm de ku`shanlardan bo`linip shiqti. Solay etip III a`sir ortalarinan baslap kushanlar saltanati teren` ekonomikaliq ha`m siyasiy dag`darisqa bet burdi. Biraq bunnan keyin de Kushan ma`mleketi shig`istin` iri ma`mleketlerinin` biri sipatinda 100 jildan aslam waqit o`mir su`rdi.

Antik da`wir Orta Aziya xaliqlarinin` materialliq ha`m ruwxiy ma`deniyatinda sezilerli o`zgerisler bolip o`tti. B.e.sh. IV- II a`sirlerde aramey jaziwi tiykarinda Xorezm, Parfiya ha`m Sog`d jaziwlari payda boldi. Kushan da`wirine kelip ja`ne bir jaziw - Kushan (Baqtriya) jaziwi qa`liplesti. Orta Aziya ha`m Afganstan aymag`indag`i arxeologiyaliq izertlewler antik da`wir ma`deniyatinin` gu`llep rawajlang`aninan derek beredi. Ayritam ha`m Go`ne Termezde Budda ibadatxanalari ashilg`an. Faezto`be, Kuva, Xalchayan, Dalvarzin siyaqli go`ne qalalarda saraylar, ibadatxanalar ashilip, olar joqari ma`deniyatqa iye ekenligi aniqlandi. 1972-jili Dalvarzinto`beden (Surxanda`r`ya) altin buyimlar g`a`ziynesi (32 kg.) tabilg`an. Bul g`a`ziynenin` arasinda antik da`wirge tiyisli bilezik, tag`inshaqlar h.b. ko`rkem o`ner buyimlari bar. Uliwma, antik da`wir Qang`, Sogd, Ferg`ana jerlerinde qa`liplesken ma`deniyat o`z rawajlaniwinin` jan`a basqishina ko`teriledi.

### *Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar*

1. U`lkemiz aymaqlarinda da`slepki ma`mleket du`zimlerinin` payda boliwi.
2. Du`n`ya tariyxindag`i da`slepki ma`mleketler.
3. Antik da`wir ma`mleketleri
4. Kushan da`wiri ma`deniyati.

### **A`d e b i y a t l a r:**

I.Karimov“Yuksak ma`naviyat engilmas kuch”. T.2008.
Gulomov X.G. Tatibaev A.S. “Tsentarl`naya Aziya i mirovaya istoriya”. T. 2004.
Tarix ortga qaytmaydi. (tuplam) T. 2004
Sagdullaev A.S. A’yyemgi O`zbekiston ilk ezma manbalarda. T. 1996.
O`zbekiston tarixi. T. 2002, 2003
Xrestomatiya po istoriya drevnego mira III-toma M-1982.
F.Baynazarov «A’yyemgi dun`yo tarixi» T., 2006
F.Baynazarov «Istoriya Drevnego mira»T., 2008

**Lektsiya №13**

## A’YYEMGI XINDISTAN

**Joba:**

1. En` a`yiemgi xind tsivilizatsiyasi.
2. Vedalar da`u`iri Arqa Xindistanda erte ma`mleketlerdin` qa`liplesiwi.
3. B.e.sh. I-min` jilliqtin` ekinshi yariminda uluma xind ma`mleketinin` payda boliwi ha`m qulawi.
4. Xindistanda qatlamlarg`a (kastalarg`a) bo`liniwdin` ku`shliligi.
5. Xindistan ma`deniyatinin` tariyxtag`i orni.

***Tayanish tu`sinikler:*** Ta`biyg`iy sharayati, xalqi, Derekleri, Istoriografiyasi, Tu`slik Aziya tarixiy da`u`irlderge boliwi. Ariylar ha`m olardin` Xindistang`a kirip keliwi. Tu`slik Aziya a`yyemgi zamannin` son`”i da`wirinde (b.e.sh. i a`sir b.e.v a`sirler) qul iyelewshilik ja`miyetinin` idirawi ha`m feodalliq qatnasiqlardin` payda boliwi. Diniy isenimler a`debiyat, buddizm, induizm, iskusstva, arxitektura.

Hind subkontinentinin` ken` aymag`i bir neshe klimatliq zonalarg`a bo`linedi. Hind oypati hasildarli jerleri menen o`zgeshelenetug`in edi. Diyxanlardin` da`slepki turar jerleri oypatta payda bolg`an. B.e.sh. III min` jilliqta bul jerde Tu`slik Aziyadag`i en` a`yyemgi qala tsivilizatsiyasi du`zilgen. Arqa ha`m arqa-shig`is ta`repten Hindistan Aziyanin` tiykarg`i aymag`inan Gimalay qirlari menen ayirilg`an. B.e.sh. II min` jilliqta bul jerden hindevropaliq ariyler qa`wimlerinin` jollari o`tken, b.e.sh. I min` jilliqta ayirim aymaqlar ga` Persiya patshalari, ga` Makedoniya nayiplarina , ga` Gretsiya yamasa skif (sak) ha`kimlerine tiyisli bolg`an. Jan`a eranin` basinda bul aymaqtin` barlig`i Kushan ma`mleketi quramina kirgen.

Hind-Gang tegisliginin` orayliq aymag`i a`yyemgi zamanda ka`ramatli «ariyler jerleri» esaplang`an. B.e.sh. I min` jilliqtin` birinshi yariminda Gangtin` joqari ta`repinde Vediy tsivilizatsiyasi qa`liplesken.

Gang basseyninin` arqa-shig`is, orta ha`m to`mengi ta`repleri-joqari ig`alliq ha`m tropikaliq o`simliklerdin` rayoni.

Hind-Gang tegisligin Dekan atawinan pa`s tawlar bo`lip turadi.

Jergilikli u`stirt Shri-Lanka (Tseylon) atawinin` orayliq aymag`in quraydi, ol arqa tegislikti qubla tegisliginen ayirip turadi. Atawdin` geografiyaliq turg`an orni Tu`slik hind jag`alawlari menen, al jan`a eranin` basinda ten`iz ju`riwinin` rawajlaniwi menen qubla-batis Aziya, Evropa, Arabstan ha`m Misir menen tig`iz baylanisli.

Ha`zirgi Tu`slik Aziyanin` tiykarg`i xalqi evropond ren`kine tiyisli. Hindistan ha`m Shri-Lanka xalqi avstropoidlarg`a ju`da` jaqin. Arqa-shig`istin` bir qatar qa`wimleri tu`slik mangoloid ren`kine tiyisli.

Arqada hindevropaliq tiller, qublada-drovehind ha`m basqa da tiller, jiyi qollanadi. Tu`slik Aziya tariyxin to`mengi da`wirlerge bo`liwge boladi:

1. En` a`yyemgi tsivilizatsiya (hind) b.e.sh. shama menen XXIII-XVIII a`sirlerge tiyisli (da`slepki qalalardin` payda boliwi, erte ma`mleketlerdin` du`ziliwi).

2. Hindevropaliq qa`wimlerdin`, ariyler dep atalg`an qa`wimlerdin` payda boliwi b.e.sh. I min` jilliqtin` ekinshi yarimina tiyisli. B.e.sh. I min` jilliqtin` aqirinan VII a`sirge deyingi da`wir vediy da`wiri dep ataladi (usi waqitta payda bolg`an ka`ramatli ved a`debiyati boyinsha). Onin` eki tiykarg`i basqishin ko`rsetiwge boladi: erta da`wir (b.e.sh. XII-X a`sirler) ariy qa`wimleri Arqa-Hindistanda jaylasiwi menen sipatlanadi; son`g`i da`wir-tiykarinan Gang oypatinda payda bolg`an birinshi ma`mleketlerdin` du`ziliwine (b.e.sh. IX-VII a`sirler) alip kelgen sotsialliq-siyasiy differentsiatsiya menen sipatlanadi.

3. «Budda da`wiri» (b.e.sh. VI-III a`sirler) Buda dini payda boliwi waqti. Stsialliq-ekonomikaliq siyasiy tariyx ko`z-qarasinan, ol ekonomikaliq ku`shli rawajlaniwi menen, qalalardin` qa`liplesiwi ha`m iri ma`mleketler payda boliwi menen, ha`tteki uliwma Hind ma`mleketi du`ziliwi menen belgilenedi.

4. B.e.sh II a`sir-b.e.sh. V a`siri bul da`wirdi Tu`slik Aziya ellerinin` ekonomikasi ha`m ma`deniyati gu`lleniwi, kastaliq du`zimnin` qa`liplesiwinin` «klassikaliq da`wiri» sipatinda aniqlawg`a boladi.

Derekler. A`debiy miyrastin` ko`lemli boliwina qaramastan, Tu`slik Aziya a`yyemgi xaliqlardin` ekonomikaliq ha`m siyasiy tariyxin u`yreniw ju`da` az derekler tiykarinda ju`rgiziledi. Siyasiy waqiyalar haqqinda mag`liwmatlar jetkiliksiz. Iri tariyxiy da`wirler ha`m aymaqlardi izertlegende, sotsialliq-ekonomikaliq qatnasiqlar jalpi tu`rde sipatlanadi.

Istoriografiya. Tu`slik Aziya ellerinin` a`yyemgi tariyxin izertlew XVIII a`sirdin` aqirinda baslandi. 1784 jili Kal`kuttada Evropa indologiyasinin` tiykarin saliwshi Uil`yam Djons basshilig`inda shig`istaniwshilardin` birinshi sho`lkemi du`zildi. Sanskrit a`debiyatinin` en` a`hmiyetli esteliklerin «Zakoni Manu» ha`m «Bxagavad-gita» poemasin awdariw usi da`wir ilimpazlarinin` en` u`lken jetiskenlikleri boldi.

XIX a`sirdin` ortalarinda a`yyemgi hind a`debiyati esteliklerin-vediy a`debiyatin, 50 tomliq «Shig`istin` ka`ramatli kitabin» awdariw ha`m basip shig`ariw boyinsha u`lken jumis islendi.

Buddizm menen sonday-aq XX a`sirdin` basinda ashilg`an «Artxashastra» siyasiy traktati menen baylanisli dereklerdi atlanisqa kirgiziw Hind tariyxi ha`m ma`deniyatin sin ko`z benen qayta qarap shig`iwg`a mu`mkinshilik bergen. Budda a`debiyati ha`m filosofiyasin u`yreniw bul dinnin` Hind ma`deniyati tariyxindag`i u`lesin bahalawg`a mu`mkinshilik berdi.

Buddologiyanin` du`n`ya oraylarinin` biri 1880-1930 jj. Rossiyada bolg`an (F.I.Sherbatskiy ha`m S.F.Ol`denburgtin` miynetleri).

XX a`sirdin` basinda Hindistanda arxeologiyaliq izertlewler ju`rgizildi, Tu`slik Aziyada en` a`yyemgi Hind tsivilizatsiyasi ashildi.

Ekinshi jer ju`zilik uristan keyin G.F.Il`in ha`m hind ilimpazi D.D.Kasambanin` jumislarinda sotsialliq-ekonomikaliq qatnasiqlar mashqalalarina u`lken diqqat awdarildi.

## A`yyemgi Hind tsivilizatsiyasi (b.e.sh. 2300-1700 jj.)

Tu`slik Aziyadag`i Hind tsivilizatsiyasi en` a`yyemgi tsivilizatsiya dep esaplanadi. Ol b.e.sh. XXIII-XXII a`sirleri Hindistannin` arqa-batis ta`repinde Hind da`r`yasi aymag`inda payda bolg`an. Payda boliwi waqti boyinsha bul u`shinshi a`yyemgi Shig`is tsivilizatsiyasi bolip tabiladi. Ol ulli da`r`ya basseyininde jaylasqan. Onin` qa`liplesiwi joqari o`nimli suwg`arilatug`in diyxanshiliq sho`lkemlesiwi menen baylanisli edi. Qoladan paydalaniw, qalalar qurilisi sonday-aq jaziw oylap tabiliwi - bul ma`deniyattin` sipatli belgisi. Usi tiykarg`i belgiler tsivilizatsiya, klassliq ja`miyet ha`m ma`mleket payda bolg`ani haqqinda gu`wa boladi.

Hind da`r`yasi batisindag`i aymaqta neolit da`wirinde b.e.sh. VI a`sirde diyxanshiliq penen shug`illang`an. B.e.sh. IV a`sirdin` aqirina ekonomikaliq diyxanshiliq ma`deniyattin` bir neshe tu`ri ko`zge taslanadi. Shiyki gerbishten saling`an jaylar payda boladi. Tas figuralar ha`m keramikadag`i jaziwlar xaliqtin` hasildarliq qudayi - Ana qudayg`a siying`ani haqqinda da`lil boladi. Arqa-batis Hindistannin` erte diyxanshiliq ma`deniyati sheklengen joq, ol qon`si oblast`lar ha`m alis Elam menen baylanista boldi. Biraq, Hind oypatinda qala tsivilizatsiyasinin` payda boliwi usi aymaqtin` ko`p a`sirler dawaminda rawajlaniwi menen tayarlandi.

Birinshilerden bolip eki anag`urlim iri qala orayi-Moxendjo -Doro ha`m Xarappa izertlendi. (son`g`i qalanin` ati menen usi ma`deniyat ayirim waqlari xarappa ma`deniyati dep te ataladi.)

A`hmiyetli qubla fornosti bolg`an Lotxal a`sirese u`lken qizig`iwshiliq tuwdiradi. Maxendjo-Doro, Xarappa, Kalibangan uqsag`an qalalar eki bo`lekten ibarat bolg`an. Qalanin` bir bo`leginde ja`miyetlik qurilislar, ha`kimshilik ha`m diniy qurilislar -xram ha`m ha`kim saraylari bolg`an. Maxendjo-Doroda qala xalqi 2 kv.km. ko`lemde iyelegen. Bul jerde bir neshe on min` xaliq jasag`an. Da`n o`simlikleri ha`m gezlemelerdin` qaldiqlari tabilg`an.

Pisken gerbishler, bezelgen keramika qala o`nermentligi haqqinda toliq tu`sinik beredi. Kishi skul`pturalar ha`m quday Ananin` qola figurasi tabilg`an.

Su`wretleri ha`m jaziwlar bir tas mo`rler ko`rkem o`nermentshiliktin` a`jayip shig`armalari bolip tabiladi. Mo`r ha`m basqa da Xarapp ma`deniyatina tiyisli buyimlar Hind oypati sirtinan-Mesopotamiya, Iran ha`m Tu`rkmenistanda tabilg`an. Ishki sawda da jaqsi rawajlang`an.

Mo`rdegi su`wretler terekler, haywanatlar, juldizlarg`a siyiniwdin` da`lili boladi. Quday Ana skul`pturasi dinnin` diyxanshiliq sipatina ko`rsetedi. Drovihind tilindegi jaziw tabilg`an. Jaziwlardi oqiw Hind tsivilizatsiyasi qala xalqinin` etnikaliq qurami mashqalasin sheshiwge ja`rdemlesedi.

B.e.sh. shama menen XVIII a`sir aqirinda Xarappa ma`deniyati joq boladi. Hind tsivilizatsiyasinin` sotsialliq ha`m siyasiy du`zilisi haqqinda tek uliwma eskertiwler islew mu`mkin. Tsitadel` ha`m qola tsivilizatsiyasi ma`mleketlik ha`kimiyat bolg`anlig`in da`liylleydi. O`ndiristin` rawajlaniw da`rejesi, qala ha`m jaziw sotsialliq ten`izliktin` sipatli belgileri. Hind

tsivilizatsiyasinin` ma`deniy miyrasi en` son`g`i iudaizmnin` diniy inanimlari ha`m siyiniwlarinda saqlanip kelgen.

**Vedalar da`wiri» Arqa Hindistanda erte ma`mleketlerdin` qa`liplesiwi (b.e.sh. XIII-XVII a`sirler).**

Hind diniy a`debiyatinin` en` a`yyemgi estelikleri vediler b.e.sh. II min` jilliqtin` aqiri -I min` jilliqtin` baslarindag`i Arqa Hindistan tariyxi boyinsha tiykarg`i derekler bolip tabiladi. Olar hindevropaliq im`yag`a tiyisli tilde jazilg`an ha`m iran «Avesto» sina uqsap kelgen. A`yyemgi hindlerdin` ata-babalari (vedi do`retiwshileri) ha`m iranlilar, ba`lkim, uzaq waqitlar dawaminda bir aymaqta jasap, bir-birine jaqin tuwisqan qa`wimler toparin qurag`an. Olardi ilimde ariyler dep atag`an. («ariy»so`zi- «hasil» a`yyemgi hind ha`m a`yyemgi iran tillerinde u`stem uriwlardin` ati bolg`an). B.e.sh. II min` jilliqtin` ekinshi yariminda Hindistannin` arqa ta`repinde jasag`an ariy qa`wimleri Hind ariyleri bolg`an.

Da`slepki hindariyler ja`miyetin izertlew ko`pshilik jag`dayda Iran xaliqlarina tiyisli lingvistikaliq materiallar ha`m mag`liwmatlar tallawina su`yenedi, al b.e.sh. I min` jilliqtin` baslarindag`i tariyxi tek vediy a`debiyati emes, epostin` ja`rdemi menen de qayta tiklenedi. Son`g`i vediy da`wiri (b.e.sh. shama menen IX-VII a`sirler) dep aniqlang`an da`wirdi «epikaliq» da`wir dep te atawg`a boladi. Son`g`i vediy tekstleri do`reliwi waqtina ariyler Hind-Gang tegisliginin` orayliq aymag`inda jaylasqan. Ba`lkim, hindevropalilardin` Hind-Gang tegisliginde jaylasiwi aborigenlilerdin` a`piwayi assimilyatsiyasi emes, al anag`urlim quramali etnikaliq protsessler menen birge ju`rgizilgen. Ha`r qiyli shig`istag`i qa`wimlerdin` qosilip ketiwi na`tiyjesinde birden-bir ma`deniyat, arxeologlar sur keramika ma`deniyati dep atag`an ma`deniy payda bolg`an.

«Rigveda» olar (vedalar gimni) payda bolg`an da`wirde ariylerde klassliq ja`miyet ha`m ma`mleket ele payda bolmag`an, Olar mal-sharwashilig`i menen shug`illang`an.

Ariyler mis ha`m qola buyimlarinan paydalang`an, qamis ha`m ilaydan jaylar salg`an. Bulardin` barlig`i ka`siplik o`nermentshiliktin` gu`wasi boladi.

Hindariyler Pen jabta qonislag`an da`wirde qa`wimlerde jasag`an, olardin` basinda radja-a`skeriy ko`sem ha`m ha`kim turg`an.

Erte vediy da`wirinde Arqa Hindistannin` ekonomikaliq, sotsialliq ha`m siyasiy du`zilisinde sheshiwshi o`zgerisler ju`z bergen. Diyxanshiliq ju`da` jaqsi rawajlang`an «Rigveda» da`wirinde a`skerbasilar sawashqa at arbalarg`a shiqqan, ol xaliq opolchenie qurag`an. Sawda ele ge shekem awmasiw sipatina iye bolg`an. Son`g`i vediy da`wirinde qa`wimlik awqamlar ornina erte ma`mleketlik du`zilisler kele baslaydi.

Son`g`i vediy da`wirinde diyxanshiliqtin` rawajlaniwi birewdin` miynetinen paydalaniw mu`mkinshiliklerin anag`urlim ken`eytti. (u`y qullari miyneti). B.e.sh. II min` jilliqtin` aqiri - I min` jilliqtin` baslarindag`i Arqa Hindistannin` sotsialliq ha`m siyasiy rawajlaniwi ja`miyettin` to`rt tiykarg`i qatlamlari: ruwxaniyler (jretsler); qa`wimlik a`skeriy aristokratiya; toliq huqiqli emes xaliq kategoriyasi (qullar menen qosa) payda boladi (hind ma`deniyati taralg`an barliq aymaqlarda bul ja`miyetlik du`zilis sxemasi qollang`an).

Solay etip, Hind-Gang oypatinda diyxanshiliq taraliwi, sotsialliq bo`liniw ha`m o`zgeshe qatlamliq-klassliq du`zilistin` (varnov du`zilisinin`) payda boliwi, erte ma`mleketlerdin` qa`liplesiwi «vediy» da`wirinin` juwmag`i boldi. Ariy ha`m jergilikli ma`deniy da`stu`rlerdin` o`z-ara belsene baylanis jasawi na`tiyjesinde b.e.sh. I min` jilliqtin` ortalarina A`yyemgi Hind tsivilizatsiyasi tiykarlari qa`liplesti.

**B.e.sh. I min` jilliqtin` ekinshi yariminda uliwma Hind ma`mleketinin` payda boliwi ha`m qulawi**

B.e.sh. I min` jilliqtin` ekinshi yariminda Hindistan tariyxinda en` a`hmiyetli waqiya ju`z berdi, yag`niy uliwma Hind ko`leminde ma`mleket payda boladi, jer ju`zilik dinlerdin` biri-buddizm payda boladi ha`m qa`liplesedi.

B.e.sh. I min` jilliqtin` ortasinda Arqa Hindistanda bir neshe onlag`an kishi ha`m shama menen on alti iri monargiyaliq ha`m respublikaliq ma`mleketler bolg`an.

Soni da aytip o`tiw kerek, b.e.sh. VI min` jilliqtin` aqirina Persiya ma`mleketi Hind da`r`ya aymag`in basip alg`an (Gangxara ha`m Hindu satrapiyalari) bul jerde o`z siyasatin ju`rgizgen. Biraq, Gang oypatinda siyasiy gegemoniya ushin gu`res Koshala ha`m Magadxa ma`mleketleri arasinda ha`wij alg`an. bul gu`res Magadxa ma`mleketinin` jen`isi menen tamamlang`an. B.e.sh. IV a`sirde Magadxa Nakdlar ma`mleketinin` orayina aylanadi, ol barliq Gang oypati ha`m Dekannin` bir bo`legindegi ma`mleketlerdi birden-bir siyasiy birlespege ja`slestirdi. Ideologiya tarawinda da

anag`urlim o`zgerisler ju`z beredi. Bul da`wirde (b.e.sh. I min` jilliqta) ko`plegen diniy inanimlar shramanlar, adgin vikler, cherviklar, djayinlar bolg`an. A`ste-aqirin budda qa`wimi jetekshi oring`a shig`adli. Waqittin` o`tiwi menen «shrama» so`zi tek budda moxina qarata aytiladi

B.e.sh. IV a`sirdin` aqirinda Aleksandr Makedonskiy Axemenidlerdin` Gangxara ha`m Hindu satrapiyalarin basip aladi ha`m eldin` ishine kirip keledi. Biraq bir qatar ma`mleketler, atap aytqanda Pendjab patshasi Parom ku`shli qarsiliq ko`rsetedi. Makedoniya armiyasinin` sani ko`p a`skerler toplang`anin esitip, b.e.sh. 325 jili Aleksandr Hindistannan shig`ip ketedi. Eldin` basip aling`an aymaqlarinda ol o`zine bag`inishli ha`kimler ha`m grek-makedon garnizonlarin qaldiradi.

Biraq, olar 317-jili elden shig`ip ketiwge ma`jbu`r boladi, sebebi Aleksandr o`lgennen keyin onin` a`skerbasilari arasinda urislar baslanadi, hindler da sirt el basqinshilarina qarsi gu`reske shig`adi. bul gu`resti Chandragupta basqaradi. B.e.sh. 317-jili ol Nandlar dinastiyasin qulatip, jan`a Maur`ya dinastiyasina tiykar saladi.

Ol Aleksandrdin` miyrasxori Selevkti quwip shig`arip, Hindistandi azat etedi. Chandraguptin` aqlig`i Ashoktin` tusinda (b.e.sh. 268-231 jj.) Maur`ya imperiyasi rawajlaniwinin` en` joqari shin`ina jetedi. Ol Kalingi ma`mleketin basip aladi ha`m ha`r qiyli tillerde so`ylewshi, ha`r qiyli ma`deniyattag`i ha`r qiyli sotsialliq ha`m ma`deniy rawajlaniw da`rejesindegi xaliqlardi birden-bir ma`mleketke ja`mlewdi o`z aldina maqset etip qoyadi.

Pu`tkil imperiya bes tiykarg`i oblast`larg`a nayipliqlarg`a bo`linedi, olardi a`dettegishe patsha u`yi ag`zalari basqaradi. O`z gezeginde nayipliqlar kishi ha`kimshilik birikpelerge bo`lingen edi.

Usi waqitta jan`a ja`miyetlik ha`m siyasiy maqsetlerge ilayiq, ulli eldin` ha`r tu`rli qa`wimlik xalqi ushin birden-bir boliwi tiyis din za`ru`r boldi. Ashok patsha shram ag`imlarinin` en` abroylisi buddizmdi tan`lap aladi. Biraq, but siyasat jergilikli ha`kimler ha`m braxman ruwxaniyler ta`repinen qarsiliqqa ushiradi.

Ashok o`lgennen keyin (b.e.sh. 231 jili) imperiya ha`lsirep, qulaw halina keledi. Grek-Baktriya patshalig`inin` hu`jimleri imperiyanin` a`bden qutin ketiredi.

B.e.sh. 180 jili Maur`ya dinastiyasinin` son`g`i wa`kili taxttan tu`siriledi ha`m jan`a Shunga dinastiyasina tiykar salg`an o`zinin` a`skerbasilari ta`repinen o`ltiriledi. Bul ma`mleket Grek-Baktriya patshalig`i menen awir urislar ju`rgizedi. Eldin` arqa-batis ta`repindegi bir qatar oblast`lar b.e.sh. II-I a`sirleri sirt el ha`kimleri-grekler ha`m Orta Aziya skmfleri ha`kimiyati astina tu`sedi.

Maur`ya da`wirinde qublada Kerala, Chola, Pand`ya, g`a`rezsiz ma`mleketleri bolg`an. Bunnan tisqari, Dekan oypatinda da erkin ma`mleketler payda bolg`an Olar Arqa Hindistang`a atlanislar jasap turg`an

B.e.sh. I min` jilliqtin` ekinshi yarimi ekonomikaliq barliq tarawlari rawajlaniwi menen sipatlanadi. Awil xojalig`inda jan`a jerler o`zlestirilgen, qoldan suwg`ariw usillari paydalang`an, eginlerdin` tu`ri ko`beygen. Awilliq qa`wimler bolg`an. Jerge jeke menshik ornatila baslag`an. Awillardin` ishki turmisi aqsaqallar basshilig`indag`i qa`wimlik sho`lkemler ta`repinen retlestirilgen. Awillarda shopanlar, o`nermentler, jersiz ijarashilar, jallanba jumisshilar, qullar jasag`an. Awilliq qa`wimler bes yamasa on awillardan ibarat iri sho`lkemlerge ja`mlengen. Ma`mleket tek saliq jiynaw menen sheklengen.

B.e.sh. I-min` jilliqtin` ortasinda Kalalar rawajlana baslaydi. Olar o`nermentliktin`, a`sirese quramali ha`m joqari sapali buyimlar o`ndirisinin` tiykarg`i oraylari bolg`an (Patali putra-Patna;Udjayana-Udjayn; Varannii) Materialliq o`ndiristin` rawajlaniwi ha`m qa`niygelesiw sawdanin` o`siwine alip keldi. Sawdagerler bay ha`m siyip adamlar bolg`an. Qubla-Shig`is Aziya, Tseylon, Arabstan ha`m Iran elleri menen sawda ju`rgiziledi. Sawda rawajlaniwi, o`z gezeginde, tenge atlanisi ken`eytiwine alip keldi.

Hind ja`miyetinin` klassliq ha`m qatlamnin` (varno-kastaliq) bo`liniwinin` quramali u`ylesiwi b.e.sh. I min` jilliqtin` ekinshi yarimindag`i Hindistandag`i ja`miyetlik qatnasiqlardin` o`zgesheligi bolip tabiladi. Hindistanda qul iyelewshilik o`ndiris usili u`stemlik etti, al ekonomikaliq jaqtan u`stemshilik etiwshi qul iyelewshilik klass-jer iyeleri, saray ha`m a`skeriy aqsu`yekler, ruwxaniyler; ha`m mayda o`ndiriwshiler ja`ne qullar klasslari tiykarg`i ja`miyetlik klasslar bolg`an. Biraq, A`yyemgi Hindistanda u`stem klassta, erkin mayda o`ndiriwshiler klasda varnlarg`a, al varnlar ko`plegen kastalarg`a bo`lingen. Ma`selen, u`stem klass quramina braxmanlar kshatriler, bay vayshlar ha`m shudralar varnlari kirgen. Kastalar («djati»- kelip shig`iwi) payda boliwi protsessi ju`z bergen. Ha`r bir kastanin` ag`zalari o`zlerinin` da`stu`rlerine u`rp-a`detlerine iye bolg`an, tek o`z kastasi wa`kili menen neke quriwg`a haqisi bolg`an, yag`niy kasta endogamliq bolg`an.

Bul da`wir qul iyelewshilik qatnasiqlardin` rawajlaniwi menen sipatlanadi. Urislar qulshiliqtin` derekleri bolg`an. A`yyemgi Hindistannin` ja`miyetlik qatnasiqlarinin` sistemasinda qullar klasi en` tiykarg`i klassqa aylandi.

A`yyemgi Hind derekleri barliq jallanba jumisshilardin` ayiriqsha toparina-baktraqlar ku`nlikshiler, gezende o`nermentler, su`wretshiler ha`m ta`wiplerge diqqat awdaradi. Olardin` ku`n ko`risi ju`da` awir bolg`an. Bunnan tisqari, jallanbashilar da bolg`an.

**Tu`slik Aziya a`yyemgi zamannin` son`g`i da`wIrinde (b.e.sh. I a`sir b.e.V a`sirler) Qul iyelewshilik ja`miyetinin`idirawi ha`m feodalliq qatnasiqlardin` payda boliwi**

B.e.sh. I a`sirinde Hindistan, Awg`anstan, Orta ha`m Orayliq Aziyanin` shegaralas oblast`larinda ulli Kushan imperiyasi payda boladi (Aranas ha`m Matxur oraylari menen qosa Gang oypati).

Hind aymag`inin` ko`pshilik bo`legi Kushan imperiyamina kiriwi olardin` sirtqi du`n`ya menen ekonomikaliq ha`m ma`deniy baylanislari janlaniwina alip keldi. Hind ma`deniyatinin` Kushang`a ta`siri sezilerli boldi. Ma`selen, b.e.sh. I a`sirde Kushan patshalari tengelerinde Hind qudaylari ha`m patshalarinin` su`wretleri salinadi. Kushan ha`kimi Kanishka usi dinnin` iqlasli qa`wenderi sipatinda Budda dinin hu`rmetleydi. A`ste-aqirin Hindistan aymag`i Kushannan azat etile baslaydi. III a`sirge kelip, tek Hindistan orta ag`isi Kushan ha`kimiyati astinda qaladi.

B.e.sh. IV a`sir basinda Hindistan basqariw ta`rtibi ha`m rawajlaniw da`rejesi ha`r qiyli bolg`an ko`plegen mayda ma`mleketlerden turg`an. Olardin` ishinde ekonomikaliq ha`m siyasiy jaqtan anag`urlim rawajlang`an Magadxa oblasti Guptalar dinastiyasi basshilig`inda jan`a imperiyanin` orayi boldi.

Guptalar ma`mleketinin` ba`lentlewi Chandragupa I (E 320-335 jj.) tusinda baslanadi. Onin` miyrasxori Samandragupta (335-380 jj) tusinda Guptalar imperiyasi sol da`wirdegi Hindistannin` en` qudiretli siyasiy ku`shine aylandi. Gang oypati onin` tiykarg`i bo`legin quradi. guptalar ma`mleketlik arqa ta`repte Neapol`, arqa-batis ta`repte Kamarupa menen shegaralas bolg`an. Batis ha`m arqa-batis ta`repte Guptalarg`a g`a`rezli respublikaliq ma`mleketler jaylasqan.

Imperiyanin` gu`lleniw da`wiri Samandra guptanin` balasi Chandragupta II (380-415 jj) patshaliq etken da`wirine tuwra keledi. Ol Gudjarata aymag`in o`zine bag`indirip aladi, Arab ten`izine jol ashadi, Jaqin shig`is elleri menen baylanislar ornatadi. Solay etip, sawda, o`nermentlik ha`m ma`deniyat tarawlari rawajlanadi. bul da`wirdi (IV-V a`sirler) jiyi «Guptalardin` altin da`wiri» dep ataydi. Skandragupta o`lgennen keyin (467 j) orayliq ha`kimiyat ha`lsirep baslaydi. gunn-eftalitler Hindistang`a hu`jimge o`tedi. Usinin` barlig`i Guptalar imperiyasinin` idirawina alip keledi. Jan`a eranin` baslarinda Tu`slik Hindistanda awil xojalig`i rawajlanadi, aqsha aylanisi jetilisedi, qalalar o`sedi, sotsialliq differentsiatsiya protsessi tezlesedi, iri ma`mleketler payda boladi. satavixanlar basshilig`inda Andraxa, sonday-aq Chera-Chola, Pand`ya ma`mleketleri payda boladi.

Ilimiy bilimler ha`m praktikaliq ta`jiriybenin` bunnan bilay da toplaniwi, ishki ha`m sirtqi sawda baylanislardin` bekkemleniwi ekonomikanin` rawajlaniwina, diyxanshiliq o`ndirisinin` ku`sheyiwine metallurgiya, qurilis, toqimashiliq, zergerlik uqsag`an o`nerlerdin` rawajlaniwina qolayli imkaniyatlar jaratadi. I -V a`sirler ten`iz transporti jaqsi jolg`a qoyiliwi a`hmiyetli qubilis bolip tabiladi. Ol tovar o`ndirisinin` o`siwine, Orta Aziya, jer Orta ten`iz boyi, Qitay, sonday-aq Rim menen sirtqi sawdani ken`eytiwge mu`mkinshilikler berdi.

Son`g`i a`yyemgi zaman (I-V a`sirler) dawaminda ja`miyetlik-ekonomikaliq qatnasiqlarda a`hmiyetli waqiyalar ju`z bergen. En` aldi menen ol jer ha`m qul iyelewshilik qatnasiqlarg`a tiyisli bolg`an.

Bul waqitta qa`wimlerdin` o`zinde feodallasiw protsessi ju`z bergen. Ma`selen, qa`wim aqsu`yekleri basqariw uyimlarin iyelep alg`an, jer g`orlarin bo`listirip otirg`an. Usinin` o`zi qul iyelewshilik ja`miyettin` krizis ha`m feodalliq qatnasiqlardin` rawajlaniwi ko`rsetkishi bolip tabiladi.

Bizin` eramizdin` basinda kastalar payda boliwi protsessi dawam etti. Endogamiya-kasta tuyiqlig`i ku`sheyedi, kastaliq perargiya qatan` saqlanadi. Bul da`wirde Arqa Hindistanda kastaliq qa`wimler qa`lipleskeni haqqinda isenimli aytiwg`a boladi. Kasta quraminin` quramalilig`i, turg`anlardin` teren` differentsiatsiyasi, bir-birin naturalliq ta`miyinlew sistemasi, usi tiptegi qa`wimlerdin` sipatli belgileri bolip tabiladi Kastaliq ierarxiya awil qa`wiminin` sho`lkemlestiriwshi sistemasin du`zdi, awilda joqarg`i kastalardin` wstemligin ta`miyinledi.

**A`yyemgi Hindistan ma`deniyati.** «Rigvediler» gimni ha`m vediy a`debiyatinin` onnan son`g`i estelikleri ariylerdin` diniy inanimlari haqqinda bay materiallarg`a iye. Qudaylar aspandi

jasaydi ha`m olardin` atamasi-devler-aspan, ku`n nurin an`latadi, dep esaplang`an. Mifologiyaliq personajlardin` ko`pshiligi er qudaylar, sonin` menen birge hayal qudaylar da bolg`an. (Tan` sa`wlesi, Tu`n, Jer). Quday ha`m adamlar arasinda da`lda`lshi ruwxaniy-jrets bolg`an. Ayiriqsha da`stu`riy ma`resimler ushin vediy ariyleri altar`lar qurg`an. Bir neshe ku`nler dawaminda, ayirim waqitlari bir jildan da islam waqit ishinde usi altar`din` otlarinda qurbanliq bergen. U`lken qurbanliqlar tek bayadamlardin` qollarinan kelgen. Da`stu`rler ha`m sirli duwaxanliq formulalardi bilgen adamlar g`ana jretsler waziypasin atqariw huqiqina iye bolg`an. Atam zamanlardan olar shig`isi boyinsha belgilengen jabiq toparlar bolg`an. Son`g`i vediy da`wirinde jretsler ayiriqsha qatlam-braxmanlar varnasin qurag`an, olar o`zlerin basqa varnalar u`stinen joqari tutqan.

Vediy diniy tekstleri basqalarg`a ja`riyalanbag`an, olar ustazdan sha`kirtke awizsha tu`rde o`tken.

Sotsialliq qatnasiqlardin` rawajlaniwi menen saray braxmanlari sadaqa retinde aziq-awqatlar menen bir qatarda, aqsha da, jer uchastkalarin da alg`an. bul jerlerde ijarashilar, batraqlar, qullar islegen.

Buddizm. B.e.sh. I min` jilliq jan`a diniy ag`imlar payda boliwi menen belgilenedi. Olardin` en` a`hmiyetli buddizm bolg`an, keyin ala ol birinshi du`n`ya dinine aylandi. buddizmnin` da`stu`riy formulasi «u`sh hasil zat» dep ataladi-bul Buddanin` o`zi, onin` ta`limati-draxma ha`m sangxa-onin` sha`kirtlerinin` qa`wimi. Shak`yalar ataqli uriwdan shiqqan shahzada Siddxartxa buddizmnin` tiykarin salg`an dep esaplanadi.

O`mirdi azap shegiw dep aniqlaw Budda ta`limatinin` sipatli belgili bolip tabiladi. Azap shegiwdi tek g`ana o`lim ha`m awiriw menen baylanistirmaydi. Oni qayta tikleniw, qayta tuwiliw dep tu`sinedi. Azap shegiwdin` sebebi-bul jan`a o`mirde qayta tuwiliwdi, bayliqti, ra`ha`tleniwdi ku`sew bolip tabiladi. Azap shegiwden qutiliwdin` toli-o`z ruwxi ha`m ju`ris-turisi u`stinen toliq qadag`alaw ornatiwdan ibarat. Buddizmde monastir`ler bolg`an.

Da`slepki buddizmde ustazdin` su`wretin saliw da`stu`ri bolmag`an, Buddaniq simvollarina siying`an. degershik-kun ha`m patsha ha`kimiyatinin` eski simvoli-buddizmde ta`liymattin` nishani bolg`an (buddiza diniy na`siyhati «dxarma degirsheginin` aylanisi dep atalg`an»). Tiykarg`i siyiniw qurilisi qoldan u`yilgen to`beshik bolg`an, a`dettegishe, onin` u`stine zont ornatilg`an. buddizmnin` ken` en jayiwi onin` jan`a mektepleri ha`m bag`darlari payda boliwina, pu`tkil diniy ta`limattin` evolyutsiyasina alip keldi. Ko`plegen buddizm mektepleri eki tiykarg`i bag`darg`a bo`linedi: «Kishi at arbasi» (yamasa qutiliwdin` tar joli) ha`m «ulli at arbasi» (yamasa qutiliwdin` ken` joli). A`yyemgi zamanda Hindistannin` arqa ta`repinde, Orta Aziyada, Qitay, Yaponiya, Tibet ha`m Mongoliyada «ulli at arbasi», keyin ala buddizm ken` taralg`an.

Induizm. A`yyemgi Hindistannin` ko`pshilik xaliqlarinin` eski inanimlari, terek, taw, ko`l, haywanlarg`a (jilan, siyir, maymil, pil) siyiniw induizmnin` tiykarin qurag`an. Ha`zirgi waqitta da quday Anag`a siyiniw ju`da` u`lken rol` oynaydi.

Induizm ushin diniy ko`z-qarastin` tiykari bolg`an jaratqan, quday taala ideyasi sipatli belgisi bolip tabiladi.

Induizmde jretsler, ayaq oyinshilar, muzikantlar jasag`an xramlar jaqsi rawajlang`an.

Induizm etikasi ushin sheksiz shidamliliq ta`n, ha`r bir adam usi awil kasta, shan`araqta ornatilg`an turmis ta`rtibin saqlawi, usi din da`stu`rlerinin` qag`iydalarin orinlawi tiyis.

Solay etip, b.e.sh. I min` jilliqtin` ortasinda jeke menshik klassliq ja`miyet ha`m iri aymaqliq ma`mleketlerdin` ku`shli rawajlaniwi menen baylanisli sotsialliq revolyutsiya buddizm dini payda boliwina alip keldi.

Induizm Hindistan xaliqlari ko`pshiliginin` ha`r qiyli inanimlari kmpleksi retinde qarawg`a boladi. Olarda Orayliq orin kastaliq da`stu`r ha`m din sa`wlelendirgen sotsialliq normalarg`a tiyisli.

A`debiyat A`yyemgi Hindistan ma`deniyatinda diniy a`debiyatlar estelikleri-vediyler tiykarg`i orin iyeleydi. Ko`plegen ju`z jilliqlar dawaminda olar jazilip alinbag`an, awizdan awizg`a o`tken.

A`debiyatqa o`tpesten burin, lingvistika ha`m jaziwg`a qisqasha toqtap o`temiz. Hindistanda fonetika,etimologiya, grammatika uqsag`an pa`nler ju`da` erte rawajlang`an. B.e.sh. V-Iv a`sirleri sanskrit grammatikasi du`zilgen, ol ha`zirge shekem a`yyemgi du`n`ya til biliminin` ulli jetiskenligi bolip tabiladi.

Birinshi jazba estelikler b.e.sh. III a`sirge tiyisli. Olardin` ishinde Braxmlar-Ashok ediktlerinin` alfaviti-samit jaziwi tiykarinda payda bolg`an.

B.e.sh. I min` jilliqtin` basinda da`stanlardin` eki tsikli qa`liplesken, keyin ala olar eki u`lken epikaliq poemag`a aylang`an. Birinshisi-»Maxabxarata», ekinshisi- «Ramayana». Eki poemada

sanskrit tilinde b.e. I a`sirde jazip aling`an. buddizm na`siyhatlari, ko`rkem o`ner haqqinda traktatlar («Artxashastra») jazip alinadi. «Panchatatra» jiynag`i (Buddanin` qayta tuwiliw haqqinda gu`rrin`ler) Hindistanda ken` taraldi, bir neshe onlag`an tillerge awdarildi, du`n`ya a`debiyatinin` ko`plegen shig`armalarina u`lken ta`sir jasadi.

Hind a`debiy shig`armalari jiyi qanday da bir a`yyemgi danalar yamasa qudaylardin` atlari menen shiqqan. Birinshi avtorliq ko`rkem shig`armalar b.e. I-II a`sirlerge tiyisli. Bul shayir Ashvagxoshanin` «Buddanin` o`miri», shayir, jaziwshi, dramaturg Kalidastin` «Shaxantula» dramasi.

Hind teatri, ba`lkim o`zgeshe kelip shig`iwina iye. B.e.sh. I min` jilliqtin` dereklerinde professional gu`rrin`shiler, qosiqshilar, ayaq oyinshilari gezende, akterler toparlari haqqinda so`z etiledi.

Ko`rkem o`ner ha`m arxitektura Bizler son`g`i da`wirdin` arxitektura ha`m ko`rkem o`neri haqqinda pikir ju`rgiziliwimiz mu`mkin. Vediy da`wirinde u`ngir xramlar ha`m monastirlardan basqa iri siyiniw qurilislari salinbag`an. Mauriy da`wirinde birinshi jer u`sti xramlari, da`slep buddistlik, keyin ala - induistlik xramlar payda boladi.

Buddizm baylanisli tas skul`pturalardin` birinshi estelikleri mauriy ha`m mauriyden keyingi da`wirlerge tiyisli. B.e. I a`sir skul`pturasinda en` irileri matxur ha`m gandxar mektepleri bolg`an. Olarda birinshi ma`rte Buddanin` su`wretleri salinadi ha`m onin` da`stu`riy ikonografiyaliq kelbeti qa`liplesedi.

A`yyemgi Hindistannin` jivopisi Adjantadag`i buddaliq u`ngir xramlar ha`m monastir`lardag`i saqlanip kelgen diywaldag`i jaziwlar ha`m nag`islar arqali bizlerge ma`lim boldi.

Hindistan oyshillari filosofiyanin` rawajlaniwina salmaqli u`les qosti. A`yyemgi Hindistan filosoflari du`n`ya turaqli o`zgerip turatug`inlig`i ha`m Elemnin` atomliq qurilisi haqqinda ideyani rawajlandirg`an. Du`n`yani duris taniw derekleri, tekstleri interpretatsiyalaw ha`m logikaliq argumentatsiya sistemasin islep shig`iw mashqalalarin izertlew u`lken a`hmiyetke iye bolg`an.

A`yyemgi Hindistanda charvak ha`m lokayat mekteplerinen ibarat materialistlik bag`dar da bolg`an. Olar materiani birden-bir peal`, al biliwdin` birden-bir deregi-sezimnin` qabil etiliwi dep esaplag`an.

Hind matematikaleri du`n`ya ilimiyne salmaqli u`les qosti. Olar kvadrat ha`m kub tu`birdi tapqan ten`lemeler sheshken, sinuslar kestelerinen paydalang`an. Astronom Ar`yabxata (V-a`sir) jer-shar ekenin ha`m ol ko`sherinde aylanip turg`anin bilgen. Hindlar sheber qurilisshilar bolg`anin xramlar, keliler, kanallar plotinalardan ko`rinip tur. Ta`biyg`iy ilim tarawindag`i hind alimlarinin` jetiskenlikleri arab ellerine, ol arqali Evropag`a ken` atarlg`an.

**A`yyemgi Shri-Lanka (Tseylon).** Materialliq ma`deniyat, ja`miyetlik-ekonomikaliq qatnasiqlar, siyasiy ma`kemeler ha`m ideologiya tarawinda A`yyemgi Tseylonnin` rawajlaniw tariyxi erte Hind tsivilizatsiyasinin` ku`shli ta`siri astinda ju`z bergen.

B.e.sh. I min` jilliqta bul jerde tas a`siri u`stemlik etken. Qa`wimler an`shiliq ha`m baliqshiliq penen shug`illang`an. B.e.sh. 483-jili Tseylon atawina Sinxali uriwinan shahzada Vidjay basshilig`inda bir topar hindler kelgen. Olar o`zlerinio` diyxanshiliq ha`m o`nermentlik tarawindag`i bilimleri menen bo`lisken.

B.e. I a`sirde bul jerde ja`miyet bolg`an. Ko`plegen aymaqlar o`zlestirilgen. B.e.sh. 260 jili Radjaratxi paytaxti -Anuradxapuru qalasina buddizmdi u`gitlew maqsetinde Hind imperatori Ashoktin` missiyasi keledi. Olar Senegol patshasin buddizmdi qabillawg`a qayil qiladi. Sonin` ja`rdemi menen jergilikli xaliq ta jan`a dindi qabillap baslaydi. Biraq bul jerde basqa dinler ha`m jergilikli inanimlar bolg`an. Keyingi waqlardin` siyasiy tariyxi jergilikli ma`mleketler arasindag`i urislar ha`m ishki o`z-ara tartislar menen toli boladi. Ma`selen, Chola ma`mleketinin` tamilalar tartislari B.e. V a`sirde tamilalardi quwip shig`ariliwi menen Tseylon tariyxinin` a`yemgi da`wiri tamamlanadi.

Son`g`i a`yyemgi zaman da`wirinde diyxanshiliq tiykarg`i tarawg`a aylanadi. Jerler qoldan suwg`ariladi. O`nermentlik, ka`nshilik baliqshiliq, sawda rawajlanadi. B.e.sh. III-II a`sirleri tenge payda boladi. Evropa, Qitay, Rim menen sawda ju`rgiziledi.

Awil xalqi qa`wimlerde jasaydi.

Patsha ha`m aqsu`yeklerden basqa, monastir`lar, buddizm ruwxaniyleri iri xojaliqlar ju`rgizgen, qullar ha`m qa`wim ag`zalarinin` miynetlerinen paydalang`an.

Tseylon ma`mleketleri monarxiyaliq ma`mleketler bolg`an. buddizmnin` taraliwi Tseylon ushin ju`da` u`lken a`hmiyetke iye bolg`an, o`ytkeni ol Hindistan menen turaqli baylanisti rawajlandiriwg`a mu`mkinshik bergen. Buddist-monaxlar o`zleri menen jaziw, pali tilinde diniy

a`debiyatlar atap aytqanda, «Budda kanonin» («Tipitak») alip kelgen. Arxitektura ha`m ko`rkemlew o`neri de turaqli hind ta`siri astinda bolg`an. Qala qulandilari, statuyalar Sigiriyadag`i jardag`i jaziwlar, A`yyemgi Tseylon xaliqlari do`retiwshiliginin` u`lgileri bunin` da`lili boladi.

***Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar***

1. Hindstannin` geografiyaliq jaylasiw orni
2. Arqa Hindistan da`slepki ma`mleketler?
3. Hindistanda qatlamg`a bo`liwshiliktin` ku`sheyiwi?
4. A`yyemgi Hind tsivilizatsiyasi

**A`debiyatlar.**

1. I.Karimov «Tarixiy xotirasiz kelajak iuq» T-1998.
2. I.Karimov «Vatan sondagax kibi muqaddasdir» T-1997.
3. Nevin V.M. «Indiya Eposi Monru»
4. Gein osobennosti. «Ravstva v drevni Indinvestnik drevniy istorii» M-1951.
5. Shananova «Ramstva Drevniy Indiy» M-1964.
6. Ermon «Mivi drevnii indii» M-1973.

## Lektsiya №14

## A'YYEMGI QITAY

Joba:

1. Ta`biyiy sharayati ha`m xalqi. Derekler ha`m istoriografiyasi
2. A`yiemgi Xitay Sham ma`mleketi
3. Tsin` imperiyasi-Qitayda birinshi oaylasQan mA`mleket
4. Chjoy patshalig`i chjoy da`u`iri.
5. Xan` imperiyasi b. e. shekemgi III A`sir-b. e. I A`sirlerde
6. A`yiemgi Qitay ma`deniyati.

***Ta yanish tu`sinikler:*** Derekler, istoriografiyasi, ta`biyiy sharayati ha`m xalqi sham ma`mleketi, Chtoy patshalig`i. Xan imperiyasinin` du`ziliwi tariyxi. Ekonomikaliq o`siwi. Sawda satliq ma`seleleri. A`yiemgi Qitay ma`deniyati. Derekler, Jipek jollari. A`yiemgi jaziwlar.

A`yyemgi Qitay tsivlizatsiyasi b.e.sh. V-III min` jilliqlarda Xuanxe da`r`yasinin` ortang`i ag`isinda qa`liplesken neolit ma`deniyatlari tiykarinda payda boldi. Xuanxe basseyni a`yyemgi qitaylilardin` etnikaliq qa`wimi, sonday-aq erte du`n`ya tsivilizatsiyasi oraylarinin` biri qa`liplesiwinin` bas aymag`i boldi. B.e.sh. I min` jilliqtin` ortasinda g`ana qalg`an aymag`i o`zlestiriledi. B.e.sh. IV-II a`sirleri Xuanxe rayoninda piller, balpaq tishqanlar bolg`an.

Xuanxe ha`m onin` sag`alari oypatlarindag`i jumsaq allyuviol topraqlari diyxanshiliq penen shug`illaniw ushin qolayli sha`rayatlardu`zgen. paleoantropologiyaliq tabilg`an zatlar da`lillegenindey-aq bul aymaqta ko`binese shig`is mongoloidlar jasag`an.

Protosinotibetliler Yanshao boyawli keramika ma`deniyatin do`retken (b.e.sh. V-IV a`sirler) In` etnikaliq qa`wimi (II min` jilliq) protosinotibetliler toparlarinin` biri qubladan kelip shiqqan qa`wimleri menen aralasiwi na`tiyjesinde payda boliwi mu`mkin.

Protosinotibetlilerdin` ekinshi, batis gruppasi chjou etnikaliq qa`wim qa`liplesiwinin` tiykari bolg`an. In`ler ha`m chjoular o`z-ara qatnasiqlari na`tiyjesinde b. e. shekemgi I min` jilliqta a`yyemgi qitay etnosi qa`liplesedi.

Birden bir jil esabi sistemasi bolmag`anliqtan xronologiya du`ziw ha`m da`wirlerge bo`liw biraz qiyinshiliqlir tuwdiradi. Bunnan tisqari b.e. shekemgi I min` jilliqtan baslap, sa`neler vanlar (joqarg`i ha`kim) basqarg`an jillar boyinsha belgilengen.

Ha`zirgi izertlewshilerge keletug`in bolsaq, olar In` ma`mleketi qulawina alip kelgen Chjou basip aliwlarin ha`r qiyli sa`nelerge jatqaradi. Ma`selen, bir tariyxshilar b. e. shekemgi 1122-jil dep ko`rsetse, ekinshileri-b. e. shekemgi 1066-jil, ja`ne birewleri-b. e. shekemgi 1050 yamasa 1027-j.j. dep ko`rsetedi. Tek b. e. shekemgi 341-jildan baslap a`yyemgi Qitay tariyxinda haqiyqiy

xronologiya baslanadi. Erte da`wirdin` xronologiyasin aniqlaw ushin ha`zirgi waqitta sa`nelerdi esaplawdin` jan`a usillari, atap aytqanda, ku`n ha`m ay tutiliwi haqqinda jaziwlar qollanilip atir.

Qitaydin` tariyxin dinastiyalar boyinsha da`wirlerge boliw Qitay tariyxiy iliminin` sipatli belgisi edi. Ma`selen, miflik « bes imperatorlar» da`wirinen keyin <u`sh dinastiya> (Sya, Shan-In`, Chjou) basqariw da`wiri kelgen. Chjou da`wiri eki bo`limge bo`linedi - batis Chjou (b. e. shekemgi XI-VIII -a`sirler) ha`m Chun`tsyu ha`m Chjan`go da`wirlerin o`z ishine qamtig`an Shig`is Chjou (b. e. shekemgi VIII -III -a`sirler ).Tsin` dinastiyasi (b.e.shekemgi III-a`sir) izinen Xan` dinastiyasi keledi. Bul da`wirlerge bo`liw talapqa juwap bermeydi, sonin` ushin bizler arxeologiyaliq da`wirlerge bo`liwden paydalanamiz.Demek, < u`sh dinastiyalar>dan buring`i da`wir neolitke, al A`yyemgi Qitay ja`miyetinin` Shan-In` waqti qola da`wirine tiyisli boliwi kerek. Chun`tsyu da`wirinin` aqirinda (b. e. shekemgi VI-V-a`sirler) A`yyemgi Qitayda temir qurallar qollaniladi-temir da`wiri baslanadi.

Ha`zirgi waqitta a`yyemgi Qitay ja`miyeti tariyxinin` bes tiykarg`i da`wirleri belgilengen:

1. Alg`ashqi qa`wimlik du`zimnin` idirawi ha`m klasliq ja`miyet ja`ne en` a`yyemgi ma`mleketlerdin` payda boliwi.

2. A`yyemgi Qitay b. e. shekemgi VIII-III -a`sirlerde

3. Qitaydag`i birinshi oraylasqan ma`mleket-Tsin` imperiyasi (b. e.shekemgi 221-207j.j.).

4. Xan` imperiyasi ( b. e. shekemgi III-I a`sirler).

5. A`yyemgi Qitay b. e. I-III-a`sirleri A`yyemgi Qitay tariyxin u`yreniwde ko`p sanli ha`m ha`r qiyli jazba estelikler bar,olar dereklerdin` birinshi ha`m tiykarg`i toparin quraydi. Olardin` ishinde Lu patshalig`inda du`zilgen ha`m b.e. shekemgi VIII-V- a`sirlerdegi waqiyalardi sa`wlelendiretug`in < Chun`tsyu> atli jilnamani ha`m < Shanshu> degen tariyxiy shig`armani atap o`tiw za`ru`r.

<Shitszin> atli qosiqlar toplami derekler arasinda ayriqsha oring`a iye. Onda b. e. shekemgi I min` jilliqtin` birinshi yarimindag`i a`yyemgi Qitay ja`miyeti turmisinin` ko`plegen a`hmiyetli ta`replerine sipatlama beretug`in ha`r qiyli materiallar bar.

B. e. shekemgi I-a`sirde a`yyemgi Qitayda tariyxiy shig`armalar payda boladi, olardin` ishinde Sam Tsyan`nin` ( b. e. shekemgi 145-90j) <Tariyxiy eske tu`siriwlerin> ko`rsetiwge boladi.Bunda ha`r qiyli ha`kimler dinastiyalarinin` a`hmiyetli isleri, miyrasxorliq aristokratiyanin` iri wa`killeri ha`m tariyxiy shaxslar o`mirbayani, sonday-aq, ja`miyetlik turmis, ma`deniyat, ilim ha`m xronologiya mashqalalarinin` ayirim ta`repleri haqqinda so`z etiledi.

< Xan` imperiyasi > degen ja`ne bir avtor Bangu miyneti Xan` dinastiyasi tariyxina bag`ishlang`an. Arxeologiyaliq qaziwlardin` bay materiallari bar. 1921 jili shved ilimpazi I.G.Anderson Xuanxe da`r`yasinin` ortang`i ag`isinda neolit da`wiri Yanshao ma`deniyatinin` izlerin tapqan. Son`g`i waqitlari Qitay arxeologiyalari Ermitondi erte Shan` qalasin qazg`an. Shan`-In` da`wiri ushin epigrafikaliq derekler u`lken a`hmiyetke iye. Birinshi ret olar 1899 jili ashilg`an. B.e. shekemgi X-VII a`sirlerge tiyisli da`stu`riy qola idislarindag`i Chjou jaziwlari - epigrafiyaliq dereklerde bay mag`liwmatlarg`a iye.

20 jillarg`a shekemgi tariyxiy ilim ushin eki o`zgeshelik sipatli: birinshiden, Qitay ma`deniyatinin` qon`si xaliqlar ma`deniyati u`stinen ma`n`gi ha`m obsolyut u`stinlik haqqinda tu`sinik: ekinshiden, mifti tariyxiy fakt penen ten`lestiriw, usi nin` aqibetinde Qitaydin` ma`mleketligi haqqinda derekler naduris ju`da` a`yyemgi da`wirge tiyisli ko`rsetilgen. 20 jillardan keyin g`ana Qitayda tariyxti haqiyqiy ilimiy jaqtan izertlew qa`liplesedi. Biraq og`an dogmatizm ha`m <ma`deniy revolyutsiya> kesent jasag`an. 70jillardin` aqirinda g`ana A`yyemgi Qitay ja`miyeti haqqinda g`ana A`yyemgi Qitay ja`miyeti haqqinda diskussiya qayta baslanadi, Qitaydin` a`yyemgi tariyxi boyinsha derekler ja`riyalanadi. Yapon ilimpazlari, atap aytqanda, A`yyemgi Qitay ma`mleketi qa`liplesiwi ha`m rawajlaniwina tiyisli iri izertlewlerdin` avtori Sitski Qitay tariyxin u`yreniwge salmaqli u`les qosti.

Evropada frantsuz sinologiya mektebi, atap aytqanda, E. Shavann ha`m A.Maspero u`lken u`les qosti. 60 jillari AQSh ta A`yyemgi Qitay tariyxin u`yreniw boyinsha ja`miyet du`zildi. Oris Qitaytaniw ilimi eski da`stu`rlerge iye, onin` basinda N.Ya. Bigurin uqsag`an A`yyemgi Qitay tariyxin jetik biletug`in alimlar turg`an.

QitydaAlg`ashqi qa`wimlik du`zimnin` idirawi ha`m en` a`yyemgi ma`mleket du`zilisleri. Shan-In` ha`m Chjou

Yanshao neolit ma`deniyati da`slep Xuanxe sag`alarinda, keyin ala batis ha`m shig`is bag`darlarinda taraldi. Bul ma`deniyat xalqi kishi awillarda jasag`an, diyxanshiliq ha`m mal-

sharwashilig`i menen shug`illang`an. Geometriyaliq figuralar ha`m nag`islar mene beezlgen ha`m ku`ydirilgen keramika tayarlaw texnikasinda yanshaolar u`lken sheberlikke erisken.

B.e. shekemgi III min` jilliqtin` ekinshi yariminda bul ma`deniyattin` ornina su`r ha`m qara idislari menen jan`a Lunshan` ma`deniyati keledi. orim pishaqlar menen oraqlarg`a uqsag`an jan`a miynet qurallari payda boladi. B.e. shekemgi II min` jilliqtin` siyasiy tariyxinin` belgili tariyxiy faktlari bizlerge jetpip kelgen an`izlarda sa`wlelengen.

Ma`selen, saylanip qoyilatug`in lawazimlardin` ornina a`ste-aqirin ulli Yuya balasi Tsidin` miyrasxorliq ha`kimiyati keledi. Ulli Yuya birinshi A`yyemgi Qitay Si dinastiyasi tiykarin salg`an dep esaplanadi. Biraq Tsiyge qarsi Shan`basshilig`indag`i qa`wimler ko`teriliske shig`adi. Ol jan`a Shan` dinastiyasinin` birinshi wa`kili boldi, keyin ala bul dinastiya In` atamasin alg`an (b.e. shekemgi XIV-XI a`sirleri) tiyisli arxeologiyaliq ha`m epigrafiyaliq derekler saqlanip kelgen. Shan`-In` da`wirinde qoladan paydalang`an, qalalar payda bolg`an, jaziw du`zilgen. Qala sirtinda quyiw, su`yek oyiw, gulalshiliq ustaxanalari jaylasqan. Solay etip, ko`plegen qa`nigelestirilgen o`ndirisler payda bolg`an, o`nermentlik diyxanshiliqtan bo`linip shiqqan.

In` qoyimliqlari b. e. shekemgi XIV-XI a`sirlerde ja`miyettin` sotsialliq bo`liniwinin` ha`m klassliq qatnasiqlar qa`liplesiwinin` da`lili boladi.

A`yyemgi Qitayda u`stemlik etken ko`z qaraslarg`a muwapiq, ma`mlekettin` en` bas isleri bul qurbanliq beriw ha`m urislar.

In` siyasiy birliginin` nishani ha`kimvan bolg`an. Ha`kimnin` birden-bir ha`kimiyatin ornatiwg`a tendentsiya ko`rinedi. Sonin` menen birge, van joqarg`i prets te bolg`an.

U Din` ( b. e. shekemgi XIII a`sir) vani tusinda In` imperiyasi ju`da` ku`shli boldi. Ol o`z aymag`in ken`eyitip, jan`a saraylar ha`m xramlar salg`an.

Wa`killeri, chxuxu miyrasxorliq jerler xalqin qurag`an tszu (uruw-qa`wimlik toparlar) basshilari-dafu, anaw yamasa minaw tszu quramina kirgen u`lken shan`araqlardin` Chjou qa`wimi haqqinda da`slepki mag`liwmatlar U Din` basqariw da`wirinin` In` epigrafiyaliq estelikleriide ushirasadi. Bul qa`wimler a`ste-aqirin In`ge qarsi ku`shli kaolitsiyag`a aylanadi. Oni U-van basqarip, In` a`skerleri u`stinen jen`iske erisedi. ( b.e. shekemgi 1027-j). Olar in`lerdin` en` a`hmiyetli texnikaliq ha`m ma`deniy jetiskenliklerin tez o`zlestirip aladi. ( a`skeriy at arbalar sol da`wirdegi armiyanin` en` tiykarg`i ku`shin qurag`an). In` jaziwi chjaulardin` o`zlestirgen en` a`hmiyetli ilimi bolip tabiladi.

In` ja`miyetinin` sotsialliq differentsiyasi Chjou basip aliwlarinan keyin sotsialliq perarxiya sistemasinda tastiyiqlanadi. Chjoudin` barliq erkin xalqi bes sotsialliq toparg`a bo`linedi. Chjou vanlari, miyrasxorliq jerlerdin` ha`kimleri, joqarg`i Chjou aristakratiyasi basshilari-Shi, qara puxaralar.

Chjou ja`miyetinde bul sotsialliq perarxiya du`zilisi jer iyelew ha`m jerden paydalaniw sistemasi menen tig`iz baylanisli edi.

**A`yyemgi Qitay b. e. shekemgi VIII-III a`sirlerde.**

B. E. shekemgi VIII a`sir basinda chjoular ha`m Xuenxe da`r`yasi joqarg`i ag`isindag`i aymaqta jasawshi junlar qa`wimleri arasinda soqlig`isiwlar jiyi bolip turadi. Yarim ko`shpeli junlar menen sheshiwshi soqlig`isiw Yu-van` ( b.e. shekemgi 781-771-jj.) tusinda ju`z beredi.

Bunnan tisqari, bul waqitta A`yyemgi Qitay dereklerinde di dep atalg`an ko`shpeli qa`wimler ja`mlesedi, olar van a`skerleri u`stinen jen`iske erisedi.

Solay etip, ko`shpelilerdin` Orta Qitay tegisliklerine basip kiriwi ha`m van ja`ne og`an g`a`rezli ha`kimlerdin` o`z-ara qatnasiqlari buring`iday qaliwi mu`mkin emesligin ko`rsetti.

Orta Qitay tegisliginde gegemoniyag`a erisken birinshi A`yyemgi Qitay patshalig`i Xuanxe quyarlig`inda jaylasqan Tsi patshalig`i boldi. Biraq, ko`p keshikpey ekinshi iri ma`mleket Tszin` ma`mleketi gegemon boladi.

B. E. shekemgi VII-VI a`sirleri Tszin` ha`m Chu Tu`slik patshalig`i arasindag`i talas siyasiy tariyxtin` tiykarg`i belgisi boldi. Soni da atap o`tiw kerek, b. e. shekemgi VII a`sir aqirinda Chu ha`kimi van atag`in aladi. Bul chjoulardin` Aspan Ulina < hu`rmet ko`rsetiw> shaqirig`i astinda gegemoniya ushin gu`resken patshaliqlarg`a ashiqtan-ashiq qarsiliq ko`rsetiw belgisi boldi.

Chu vani Chjoudin` joqarg`i ha`kimiyatin moyinlamag`an birinshi gegemon boldi.

B. e. shekemgi 403-jili Tszin ma`mleketi u`sh erkin ma`mleketke-Chjo, Vey ha`m Xan` ma`mleketlerine ma`mleketlerine bo`liniwden keyin A`yyemgi Qitay ja`miyeti tpriyxinda Chjen`go (urisip atirg`an patshaliqlar) da`wiri baslanadi.

Bul A`yyemgi Qitay ja`miyetlik turmisinin` ko`pshilik tarawlarinda a`hmiyetli sotsialliq o`zgerislerdin` da`wiri boldi. Olardin` tiykari to`mendegilerden ibarat edi: temirden buyimlar

isleniwi, su`rim qurallardin` payda boliwi, irrigatsiyanin` rawajlaniwi. Bul da`wirde o`nermentlik ha`m sawdada sapali o`zgerisler ju`z berdi.

B. e. shekemgi IV a`sirde ko`plegen A`yyemgi Qitay patshaliqlarinda go`nerip qalg`an ja`miyetlik qatnasiqlar sistemasin birotala saplastiriwg`a bag`darlang`an sotsialliq-siyasiy sistemalar iske asirildi. Legist mektebinin` wa`killeri bul reformalardin` baslamashilari boldi. Tsin pashalig`inda reformalar Shan`-yan` ta`repinen ju`rgizildi. B. e. shekemgi 359-jili Shan`-yan` reformalar haqqinda birinshi pa`rmanlar shig`aradi. Olarda to`mendegi ilajlar belgilengen:

1. Xaliqti < beslik> ha`m < onliq> shan`araqlarg`a bo`liw boyinsha jan`a aymaqliq bo`liniwdi en`giziw, bul shan`araqlar o`z-ara ju`da` tig`iz baylanista boliwi tiyis edi.

2. Ata-anasi menen bir u`yde jasawshi eki eresek ullarin jazalaw.

3. A`skeriy xizmetlerdi xoshametlew ha`m qang`a qan aliwdi qadag`an etiw.

4. Diyxanshiliq ha`m toqimashiliqti qollap-quwatlaw.

5. A`skeriy xizmetlerge iye emes miyrasxor aq-su`yeklerdin` artiqmashliqlarin saplastiriw.

Tsin`nin` ekinshi reformalari b. e. shekemgi 350-jilg`a tiyisli. Uezdlerge ha`kimshilik bo`liniw engizildi: Tsin` patshalig`i turg`inlarina jerdi erkin satiw ha`m satip aliw ruqsat etildi: ko`lem ha`m salmaq sitemalari ta`rtipke salindi.

Reformalar Tsin` patshalig`i ku`sheyiwine alip keldi. Ol a`ste-aqirin jetekshi A`yyemgi Qitay ma`mleketleri qatarina eristi. B. e. shekemgi IV a`sirdin` reformalari pu`tkil a`yyemgi Qitay ja`miyeti, sonday-aq jeke menshik ha`m tovar-aqsha aylanisi rawajlaniwi ushin u`lken a`hmiyetke iye edi.

**Tsin` imperiyasi-Qitayda birinshi oaylasqan ma`mleket.** B.e. shekemgi IV a`sirde birden-bir A`yyemgi Qitay ma`mleketin du`ziw ushin ob`ektiv tiykarlar payda boladi. Tovar-aqsha qatnasiqlardin` rawajlaniwi, ayirim patshaliqlar arasinda turaqli xojaliq baylanislardi jo`nge saliw usinday tiykarlardin` biri bolip tabiladi.

B. e. shekemgi IV-III a`sirleri metalldan islengen tenge ken` taraladi.

A`yyemgi qitaylardin` etnikaliq birdeyligin bunnan bilay da bekkemlew siyasiy bo`lshekleniwden qutiliwdin` en` a`hmiyetli tiykari bolip tabiladi. Bul protsess A`yyemgi Qitaydin` barliq tiykari bolip tabiladi. Bul protsess A`yyemgi Qitaydin` barliq tiykarg`i patshaliqlarina taralg`an ma`deniy stereotiptin` du`ziliwine alip keledi. A`yyemgi Qitay patshaliqlarinin` birlesiwi sol da`wirdin` siyasiy awhalinin` logikasi menen tayarlang`an. Qon`silarg`a qarsi gu`reste qosimsha imkaniyatlarg`a iye boliw ushin biriktiriwshi roline talabanlardin` ko`pshiligi Chjo ha`m Chu, Tsin ha`m Tsi awqamlari siyasatinan paydalang`an. Uzaq dawam etken gu`resten keyin b. e. shekemgi 221-jili Tsin` patshalig`i basshilig`inda eldi biriktiriw protsesi juwmaqlandi. Solay etip, imperator atag`in Tsin` Shixuan qabillaydi. Biraq, 14 jildan keyin du`zilgen imperiya xaliq ko`terilisler soqqisi astinda qulaydi. Usig`an qaramastan, bul da`wirde oraylasqan despotliq ma`mleket du`zildi. Bul ma`mleket a`yyemgi zaman ha`m orta a`sirlerdin` bolajaq Qitay imperiyalardin` u`lgisi bolip tabiladi. Siyasiy ha`m enonomikaliq bo`lshekleniwdin` aqibetlerin saplastiriwg`a bag`darlang`an Tsin` Shixuannin` ilajlari da a`hmiyetli rol` atqardi.

El aymag`i 36 iri ha`kimshilik okruglerge bo`lindi. Olar, o`z gezeginde, bir neshe qa`wimlerden turg`an bolisliqlarg`a bo`lingen. Okruglerdin` basinda basliqlar turg`an. Armiya a`skerbasi ekinshi adam bolg`an. Imperator toliq ha`kimiyatqa iye eldin` miyrasxorliq ha`kimi bolg`an.

Ma`mleketlik du`zilistin` reformalari menen bir qatarda, Tsin` Shixuan imperiyani bekkemlew boyinsha basqa da bir qatar ilajlar iske asirdi. Onin` qatarinda birden-bir nizamliliq en`giziw boldi. O`zinin` basqarg`an birinshi jillardin` o`zinde Tsin` Shixuan ten`gelerdi, syunnug`a qarsi a`skeriy ha`reketler baslaydi ha`m b. e. shekemgi 215-jili jen`iske erisedi. Ko`shpelilerdin` shabiwillarinan imperiya shegaralarin qa`wipsizlendiriw maqsetinde ol Ulli Qitay diywalin quriw haqqinda sheshimge keledi. Ol ishki rayonlardan Ulli diywal qaslarina shama menen 44 uezden tug`inlardi ko`shirip aparadi.

Ko`p qiyinshiliqlar menen ol Yuz-Nambet ha`m Awlaq ma`mleketlik du`zilisler aymag`in basip aladi. Bul jerde jan`a okrugler du`ziledi.

B. e. shekemgi 227-jzili, bolajaq imperator Tsin Shixuan o`zinin` alti patshaliqti qiyratiw boyinsha rejelerin iske asiriwg`a kirisken waqta, og`an u`sh ma`rte qastiyanliq islenedi. Biraq, ol aman qaladi. Dao ma`n`gilik eliksirin iyelewge urinip, Shixuan tutqinlardi jawizlarsha o`ltiredi, ko`terilis jasadi dep gu`manlang`an 400 konfutsiylerdi tiriley jerge ko`medi.

Qon`silar menen uris ha`m ju`da` u`lken qurilis jumislari qaznag`a qosimsha tu`simler talap etti. Diyxanlardin` salig`i ko`beyttiriledi. Aqibetinde xaliq naraziliqlari ku`sheyedi. B. e. shekemgi 219-jildag`i Tsin` Shixuanin` qaytis boliwi imperiyanin` pisip jetilisken krizisin tezletedi.

**Gedeyler ko`terilisi.** Da`slepki basqishta ko`terilisshilerge hu`kimetlik a`skerler ha`m Chu patshalig`i jergilikli qa`wimlerinin` aqsaqallari qosiladi. Basshilardin` birin olar patsha etip saylaydi. Xaliq urisinin` birinshi basqishi usilayinsha tamamlanadi. ( b. e. shekemgi 209-208-jj ) Ekinshi basqish hu`kimetlik a`skerlerdin` qiyratiliwi ha`m Sin`yan imperiyasi qulawi menen juwmaqlanadi.

Tsin`ge qarsi ko`terilis maqsetine jetedi. Iri ko`terilisshiler toparlari aymaqti o`z-ara bo`lisip aladi. Ko`terilis ko`semi Lyu Van` < van Xan` > dep, al ekinshi ekinshi basshi-< van Chu> dep ataldi. Olardin` arasinda ha`kimiyat ushin gu`res baslandi. 202-jili Lyu Van` jen`iske eristi. Ol jan`a Xan` dinastiyasi baslang`anlig`in ja`riyalaydi, ha`m Gao-Tszu imperatori atag`in aladi. Solay etip, A`yyemgi Qitay aymag`inda Xan` imperiyasi payda boladi.

**Xan` imperiyasi b. e. shekemgi III a`sir-b. e. I a`sirlerde.**

Eldin` ekonomikasin qayta tiklew mashqalasi Gao-tszudin` aldinda turg`an en` a`hmiyetli ma`selelerdin` biri boldi. Tsin` Shuaxanin` urisi, ko`terilisler ha`m Tsin` ha`kimiyatinin` jazalawshi ekspeditsiyalari, sonday-aq taxtqa talabanlar arasindag`i bes jilliq qiyratiwshi urislari xojaliqqa ju`da` u`lken ziyan keltirdi. To`mendegilerge jen`illikler beriw ha`m saliqti azaytiw siyasatin Gao-tszu aymaqtin` ayirim jerlerinde g`ana Tsin` tusinda du`zilgen okrug ha`m uezdler sistemasin qayta tiklegen, qalg`anlarin o`zgertken. Gao-tszu o`lgennen keyin (195jj). miyrasxorliq jerler ha`kimlerinin` separatistlik tendentsiyasi aniq sezile basladi. Vanlardin` arasinda U patshalig`i ha`kimi Lyu bi o`zin ayriqsha kn`rsetti.

Oraylasqan ha`kimiyati bekkemlewde U-di u`lken rol` atqardi. Onin` basqariw da`wiri (b. e. shekemgi 140-87-jj) Xan` imperiyasinin` en` joqari rawajlang`an da`wiri boldi.

Miyrasxorliq jerler ma`selesin birotala sheshiw ushin U-di van ha`m xou statusin miyrasxorliq iyelewdin` jan`a ta`rtibin ornatti. Sonin` menen birge, ol ma`mleketlik apparatti bunnan bilay da oraylastiriwg`a bag`darlang`an bir qatar reformalar iske asirdi. Okrugliq ha`meldarlar jumisin qadag`alawshi inspektsiya ma`kemeleri qayta tiklendi. Qayta du`zilgen imperator katselyariyasi U-dige orinlardag`i awhaldi ha`m eldegi ha`kimshilik sistemanin` ha`r qiyli buwinlari jumisin jeke o`zi qadag`alawg`a mu`mkinshilik berdi. Konfutsiylikti ol birden-bir ma`mleketlik ideologiya retinde qabilladi.

B. e. shekemgi I min` jilliqtin` ortasinda Xuanxe basseyninin` arqa ta`repinde o`zlerin < xunnu> yamasa < syunnu> dep atag`an qa`wim qa`liplese baslaydi. Syunnulardin` xojaliq ha`reketinin` tiykarin olardin` ma`deniyat ha`m turmis o`zgesheliklerin belgilegen ko`shpeli mal sharwashilig`i qurag`an.

B. e. shekemgi III a`sirge kelip, syunnu birlespesinin` du`zilisi a`ste-aqirin qa`liplesedi, keyin ala ol a`piwayi ma`mleketlik du`ziliske aylanadi. Onin` basinda shan`yup-ha`kim turg`an, sol da`wirge onin` ha`kimiyati miyrasxorliqqa aylang`an. Shan`yuyge belgili aymaqqa iye 24 sa`rdar bag`ing`an.O`zinin` at armiyasi bolg`an.

Xan` imperiyasi da`wiri shan`yuy Maodun` basshiliq waqtina tuwra keldi. Ol syunnulardin` ku`shli ko`shpeli ma`mleketin du`zgen. B. e. shekemgi 200-jili Gao-tszu syunnularg`a shabiwil jasawg`a urinip ko`redi, biraq olardi bag`indirilmaydi.

U-di ha`reketshen` at a`skerlerin du`zedi. B. e. shekemgi 127-119-jillardag`i a`skeriy kampaniya xan a`skerlerine birinshi jen`is alip keledi.

Syunnular menen urisqa tayarliqlar ko`rip U-di 139-jili massagetlerge o`z elshisin jiberedi. Elshi Baktriya, Parfiya, Ferg`ana ha`m basqa da Orta Aziya ma`mleketleri haqqinda bahali mag`liwmatlar alip keledi. Olar ma`deniy bayliqlar menen na`tiyjeli awmasip turiwg`a mu`mkinshilikler bergen baylanislar ornatiwg`a ja`rdem etti.

111-jili xan imperiyasi nan`yuz qa`wimlerine atlanis jasap jen`iske erisedi, olardin` jerlerinin` ko`pshilik bo`legi imperiyag`a o`tedi. Usilayinsha, II a`sirdin` ekinshi yarimi dawaminda xan ma`mleketi o`z shegaralarin anag`urlim ken`eytip aladi ha`m, Rim ha`m Parfiya menen bir qatarda, a`yyemgi zamannin` en` ku`shli ma`mleketlerinin` birine aylanadi. Qon`silar menen, a`sirese syunnular menen ju`rgizgen uzaq dawam etken urislar el ekonomikasina sezilerli ta`sir jasadi. Armiya xizmeti xaliqti ja`miyetlik o`ndiristin` tiykarg`i salasi bolg`an diyxanshiliq penen shug`illang`an waqta ayirdi.

Da`ramatlar dereklerin ko`beytiw ushin imperator U-di 120-jili duz islep shig`ariwg`a ha`m temir qurallar o`ndirisine ma`mleketlik manafoliya engiziw haqqinda usinisti qabillaydi. Biraq, usi ha`m basqada ilajlar ku`tilgen na`tiyjeler bermeydi.

Usilayinsha < U-di altin da`wiri> juwmaqlanadi. Xan pimperiyasi teren` ishki kriziske ushiraydi ( b. e. shekemgi I a`sir).

Xan ja`miyeti u`stem klasinin` en` joqarg`i qatlamin ataqli aq su`yekler qurag`an. Xan da`wirinde ataqliliqtin` 20 da`rejesi bolg`an.

Erkin qarapayimlardin` klasi sani jaqtan en` az ha`m sotsialliq jaqtan ju`da` quramali bolg`an. Onin` ishine diyxanlar da kirgen.

Xan` ja`miyetinde qullar ayriqsha orin tutqan. Jeke qullar menen, birqatarda ma`mleketlik qullar da bolg`an. Soni da atap o`tiw kerek, Xan` jamiietinde bir qatlamnan ekinshi qatlamg`a o`tiw juda` an`sat bolg`an.Ataqliliq da`rejesin satip aliwg`a da bolatug`in edi.B.E.shekemgi 1 a`sirde qul sawdasi ju`da` ken` taralg`an edi. Bul waqitlar qullardin` bahasi ju`da` qimbat edi (15min` ten`geden 44min` ten`gege shekem,bul waqitta jer ko`lemin 4min` ten`gege satip aliwg`a mu`mkin edi).

Xan` imperiyasinda eki tiykarg`i saliq-jer salig`i ha`m jan salig`i bolg`an.

**A`yyemgi Qitay b. e. I -III a`sirleri.** B. e. shekemgi I a`sirdin` aqirinda eldegi sotsialliq qarama-qarsiliqlar keskinlesip ketedi, yag`niy u`stem klassqa qarsi diyxanlardin` ko`terilisleri baslanadi.

Imperiyada ku`sheyip baratirg`an ishki krizis jag`dayinda Van Man 9-jili taxtti basip aladi ha`m jan`a dinastiya baslang`anlig`in jariyalaydi. Bir qatar reformalar iske asiradi. Olardin` en` baslisi-jer ha`m qul iyelew reformalari boldi. Barliq jerlerdi ol imperator menshigi dep ja`riyaladi, jerdi satiw-satip aliwdi qadag`an etti. Biraq, u`sh jildan keyin ol jer iyelerinin` barimina baradi.

18-jili Fan Chun < qizil qasli> diyxanlar ko`terilisin basqaradi. 22-jili olar hu`kimetlik armiyani qiyratip, bir talay aymaqti, sonin` ishinde Xuanxe da`r`yasinin` orta ag`is aymag`in basip aladi. 23 jili ko`terilisler Van Man` a`skerleri u`stinen jen`iske erisedi ha`m batisqa bag`dar aladi. Ko`p keshikpey ol o`ltiriledi.

24 jili ko`terilis basshilarinin` biri «jasil tog`ay» Lyu Syu` o`zin imperator dep ja`riyalaydi ha`m Chan`yanda qonis basadi. Soni da atap o`tiw kerek, ko`terilisshiler arasinda qa`ha`rli sawashlar ju`z bergen, olar Lyu Syu jen`isi menen tamamlanadi. Ol o`zin imperator dep ja`riyalaydi ha`m paytaxtin shig`isqa, Loyang`a ko`shiredi. Usilayinsha Son`g`i yamasa Shig`is Xan` dinastiya payda boladi.

Jan`a dinastiyanin` birinshi imperatori Lyu Syu guan U-di atag`in alip bunnan eki ju`z jil burin Gao-Tszu ha`reketine uqsag`an ilajlardan o`z patshalig`in baslaydi.

Guan U-di basqarg`an da`wirde (25-57jj) irrigatsiyaliq qurilislardin` eskileri qayta tiklenip, jan`alari salinadi, na`tiyjede zu`ra`a`tlik artadi. Eldin` batisinda temir su`rim qurallari qollanadi.

31-jili Guan U-di a`hmiyetli nizam qabillaydi. Usi nizamg`a muwapiq, qullarg`a erkinlik jariyalanadi, olar o`z qa`lewi menen xojeyininde qaliw yamasa onnan ketip qaliw mu`mkinshiliklerine iye boladi.

B. e. I a`sirinin` ortasinda syunnu ma`mleketi awir ishki kriziske ushiraydi, onin` aqibetinde eki u`lkege qubla ha`m batis u`lkelerine bo`liiedi. 70-jildan baslap Xan` da`wirinin` ko`rnekli siyasatshilarinin` biri Van` Chaonin` «batis u`lkedegi» a`skeriy ha`m diplomatiyaliq ha`reketi baslanadi. Ol Orayliq Aziyanin` ko`plegen iri ma`mleketleri menen baylanislar ornatadi.

I a`sirdin` aqiri II a`sirde bir qatar syambi qa`wimleri Xan` imperiyasina shabiwillar jasaydi. Urislar birneshe onlag`an jillarg`a sozildi. II a`sirdin` 60-jillari bag`indirilg`an Tsyanlardin` ko`pshiligi imperiyanin` ishki rayonlarina ko`shiriledi.

I-II-a`sirleri jer menshigi toplaniwi ha`m mayda jer iyeleri gedeyleniwi protsessi u`lken ko`lemlerde ju`z beredi. Usi waqitlari ma`mleket imperiyanin` bas saliq to`lewshisi ha`m tiykarg`i ekonomikaliq qu`shi bolg`an diyxanlar u`stinen a`ste-aqirin qadag`alawdi joytadi.

Guan U-di saliq to`lewshilerdin` dizimin alip basladi. Bul reviziya bay jern iyelerinin` «ku`shli u`ylerine» qarsi bag`darlang`an edi, sebebi olar ijarashilari ma`mleket ta`repinen qadag`alaniwin qa`lemegen.

« Ku`shli u`yler» ko`beygen sayin Xan` Qitayinda awillardin` jan`a tu`ri pomest`eler payda boladi. Olar sotsialliq birlikti qurag`an iri jer iyelerine tiyisli bolg`an. II a`sirde saray tusinda ju`z bergen keskin siyasiy gu`res « ku`shli u`yler» ba`lentlewi menen baylanisli. 184-jili ko`terilisler bir

waqitta imperiyanin` ha`r qiyli jerlerinde ju`z beredi. Ko`terilisshiler baslarina ulli parawanliq jan`a eranin` simboli bolg`an sari oramallar orag`an (xaliq ha`reketi atamasi-» sari shashlar» usinnan kelip shiqqan). Ko`terilisti vrach Chjan` Tszyao basqarg`an. Biraq, 184-jili ko`tarilis bastiriladi. 80 min`g`a jaqin adam nabit boladi. Usig`an qaramastan, ko`terilisler ele ko`p waqit dawam etedi. Bul waqitlari srnday-aq o`z-ara urislar dawam etedi, olar birden-bir imperiyanin` qulawina alip keledi. III a`sirde u`sh erkin ma`mleket-Vey, Shu ha`m U ma`mleketleri payda boladi. U`sh patshaliq da`wiri baslanadi. II-III a`sirleri a`yyemgi Qitay ja`miyetinin` to`rlerinde jan`a peodalliq qatnasiqlardin` payda boliwi erte orta a`sirlik da`wir baslamasinin` belgisi edi.

**A`yyemgi Qitay ma`deniyati.**

Konfutsiy ta`limi payda boliwi ha`m ken` en jayiwi birinshiden, ata-babag`a siyiniw ku`sheyiwine, ekinshiden, Nevke siyiniwdi Di ko`z qarastin` transformatsiyalawina mu`mkinshilik berdi. Usilar menen bir qatarda, Xan` da`wirinde xaliq inanimlari rawajlandi. B. e. II-III a`sirleri Qitayg`a buddizm kirip keledi. Ha`zirge shekem Loyan xrami saqlanip kelgen (aq at xrami).

A`yyemgi Qitay jaziwinin` en` erte esteligi-b. e. shekemgi XIV-XI a`sirlerge tiyisli in`in` jaziwlari. In`in` jaziwlari Chjaular ta`repinen o`zlestirip aliniwi na`tiyjesinde onin` rawajlaniwi b. e. I a`sirinde de u`ziliske tu`sken joq. B. e. shekemgi II-I a`sirler ieroglifleri o`zinin` da`slepki jaziliwlarinan pu`tkilley o`zgerip ketti. Xan` da`wirinin` jaziwi haqiyqatinda ha`zirgi jaziwdan derlik o`zgeshelenbeydi.

A`yyemgi Qitayda uzin ha`m jin`ishke ag`ash yamasya bambuk taqtayshalarda tush penen kistochka menen jazg`an. B. e. shekemgi birinshi a`sirden baslap jaziw ushin qag`azdan paydalang`an. A`yyemgi Qitay qosiq shig`armalarinin` u`lgileri b. e. shekemgi XI-VI a`sirler qola idislarindag`i jaziwlarda bizlerge shekem jetken.

« Shitszin» poemasi a`yyemgi Qitay poeziyasin haqiyqiy g`a`ziynesi bolip tabiladi, ol to`rt bo`limge toplang`an 305 qosiq qatarlarinan ibarat.

Chjan`go da`wiri a`yyemgi Qitay ma`deniyatinin` ba`lent pa`rwazlaw da`wiri boldi. B. e. shekemgi IV a`sirde Chu patshalig`inda ulli shayir Tsyui Yuan` jasag`an ha`m do`retiwshilik jumislar menen shug`illang`an. Ja`nede Sim Tsyan` bolg`an.

A`yyemgi Qitay poeziyasin muzikadan ayiriwg`a bolmaydi. Qitay muzika a`sbaplari u`sh toparg`a - tarli, duxovoy ha`m urilip shertiletug`in saz a`sbaplari bolg`an. A`yyemgi zamannan Qitayda qurilis jaqsi rawajlang`an, Xan` da`wirinde biyik saraylar ha`m a`jayip xram saling`an. A`yyemgi du`n`ya qalalarinin` en` irisi bolg`an Xan` imperiyasi paytaxti Chan`yan` qala quriw ko`rkem o`nerinin` en` jaqsi u`lgisi bolg`an.

Xan` da`wirinde portret jivopisi jaqsi rawajlang`anlig`in atap o`tiw za`ru`r. 1957-jili Loyan qalasi qasinda freskiyler Ta`biyat ha`m adam da`slepki xaos jag`dayinan payda bolg`an dep tu`sindiretug`in kosmogonikaliq mifler arasinda eki tiykarg`i kontseptsiya-bo`liniw aylaniw ko`rsetilgen. Tiri maqluqlar jaqtiliq ha`m qaran`g`iliqtan payda bolg`an. Bunnan tisqari, adamdi Nyui Va degen quday ilaydan soqqan. Ta`biyat apatshiliqlari ha`m adamlardi olardan qutqariwshi qaharmanlar haqqinda mifler ayriqsha topardi quraydi. Da`slepki ata-babalar haqqinda mifler o`zgeshe tsikldi quraydi.

tabilg`an. Matematikada aytarliqtay rawajlang`an.Ma`selen b. e. shekemgi II a`sirde «jeti kitaptan ibarat matematika» degen traktat du`zilgen, keyin ala onnan Evklid ha`m Pifagor paydalang`an. Bunnan tisqari, astronomiya payda bolg`an. Medetsina anag`urlim da`rejede rawajlanadi (iyne saliw)

**A`yyemgi Koreya.** B. e. shekemgi I a`sirde a`yyemgi karisler Tu`slik Madjudyu ha`m Lyaodun yarim atawinda jasag`an. Olar diyxanshiliq ha`m an`shiliq penen shug`illang`an. B. e. shekemgi VII a`sirde olar qoladan qurallar tayarlag`an.

Birinshi a`yyemgi Qitay ma`mleketi Chason ma`mleketi b. e. shekemgi III a`sirde qa`liplesedi. B. e. shekemgi I a`sirge kelip, Arqa Koreya aymag`inda qa`wimlik awqamlar kishi ma`mleketlerge aylaniw protsessleri ku`sheyedi. Arqa-batista kogure qa`wimi, batista-xan qa`wimi ma`mleketler du`zedi. Kogure ma`mleketi anag`urlim ku`shli bolip, Xan` imperiyasi menen o`z g`a`rezsizligi ushin tabisli gu`res alip baradi.

A`yyemgi Qitay ja`miyeti klaslarg`a bo`lingen. Olardin` ishinde aq-su`yekler, monarx basshilig`inda u`stem klas ayriqsha ko`zge taslang`an. Qullar da bolg`an.

I-II a`sirleri Kagure vani monarxtin` toliq ha`kimiyatina iye bolg`an. Ol uruwliq qa`wim aqirindag`i a`skeriy demokratiya da`stu`rlerin birotala saplastirg`an.

Solay etip, b. e. shekemgi III a`sirde Koreya yarim atawi aymag`inda payda bolip, karisler ata-babalarinin` klasliq ja`miyeti uzaq rawajlaniw jolin basip o`tken, bunda qul iyelewshilik qatnasiqlari a`hmiyetli rol` oynag`an.

**A`yyemgi Yapon ma`mleketi.** B. e. shekemgi VIII a`sirden baslap Yaponiya aymag`inda taralg`an a`yyemgi neolit ma`deniyati dzemon («baw nag`isi») atamasin alg`an. Ol en` son`g`i protoyapon etnikaliq ja`miyeti qa`liplesiwinin` tiykari bolg`an.

Migratsiya na`tiyjesinde Yaponiyada qoladan islengen qurallar, sonday-aq sali o`ndirisi texnikasi payda bolg`an.

Ko`ship kelgen adamlar menen birge at ha`m siyir uqsag`an u`y haywanlari da alip kelingen. Solay etip, b. e. shekemgi son`g`i a`sirleri Yaponiya aymag`inda ha`r qiyli ma`deniy elementlerdin` sintezi ju`z bergen.

Qola da`wiri Yaponiya aymag`inda ko`p sanli protoma`mleketlik du`zilisler payda boliwi da`wiri boldi.

Jan`a eranin` I a`sirinde basqa ma`mleketler arasinda Kyusyudin` arqa arqa ta`repindegi Ematsiy ha`m Xonsyudin` orayliq aymag`indag`i Yamato ayriqsha ko`zge tu`sken.

Emstayda sol waqitlari ha`kimshilik sistema bolg`an, onin` tiykarin provintsiyalar qurag`an. Ematay aymag`inda birden-bir saliq sistemasi en`gizilgeni haqqinda mag`liwmatlar bar.

Yamato payda boliwin miflik imperator Djimmunin` shig`isqa atlanisi menen baylanistiradi. Patsha familiyasin quday taala jaratqanlig`i haqqinda ideya bolg`an. Yamato ha`kimi Ku`n qudayi Amaterasu a`wladi, dep esaplanadi. Qilish, yashma tag`inshaqlari ha`m qola ayna onin` ha`kimiyatinin` simvoli bolg`an. IV a`sirden baslap Yaponiyada Qitaydan ko`ship kelgenler arasinda Qitay jaziwi qollang`an.

IV-VII a`sirlerindegi Yaponiya tariyxin arxeologiyaliq da`wirlerge bo`liwde « qorg`anlar da`wiri» degen atama ushirasadi. Burinlari bul haqqinda mag`liwmatlar bolmag`an.

Setoku-taesi degen isim menen tariyxqa kirgen Yamato ha`kimi VII a`sirdin` basinda belsene ha`reket etedi. Ma`selen, 603-jili ol ataqliliq da`rejelerdin` jan`a du`zilisin en`gizedi. 604-jili jan`a nizam shig`arip, qarawindag`ilar o`zinin` ha`kimine bag`iniw kontseptsiyasin-konfutsiylikti ma`mlekettin` ideologiyaliq tiykari etip belgileydi.

**Aziyanin` Qubla-Shigis ma`mleketleri a`yyemgi zamanda.** Qubla-shig`is Aziyada adamlardin` en` a`yyemgi jasaw orinlarinin` biri tabilg`an. Olar mezolit da`wirinin` o`zinde tutiniwshi ja`miyetinen o`ndiriwshi diyqanshiliq xojalig`ina aylanadi. Neolit da`wirinde saligershilik xojalig`i rawajlang`an.

Qubla-shig`is Aziyanin` aymaqlarina Sinzyan ha`m Yantszi oypatlari kirgen, bul jerde ha`zirge shekem tuwisqan mon-kxmer xaliqlari jasaydi. Qubla-shig`is Aziyanin` en` tiykarg`i a`yyemgi xaliqlari bul austroaziyalilar (monlar, kxmerler, h. t. b.).

Tu`slik Indoqitay tegisliklerinin` austroaziyatliq aymaqlari anag`urlim rawajlang`an, bul jerde mistan, keyin ala qoladan qurallar tayarlang`an. Metallurgiyanin` bul a`yyemgi oshag`i Xuanxe basseyni rawajlaniwina u`lken ta`sir jasag`an.

Son`g`i qola a`sirde Qubla-Shig`is Aziyada turaqli diyqanshiliq jasaw jerlerdin` ken` aymaqlari payda boladi. Birinshi ma`mleketler qa`liplesip baslaydi. Erte klassliq ja`miyetler. Arqa-Shig`is indoqitay ha`m tu`slik ten`izi arqa jag`alawlari ma`mleketleri, Malak yarim atawi Arxipelaktag`i a`yyemgi indoneziyler ma`mleketleri, Arqa Indoqitaydin` orayliq aymag`indag`i ma`mleketler bolg`an.

**A`yyemgi V`et ma`mleketleri ha`m olardin` qon`silari.** Arxeologiyaliq mag`liwmatlar boyinsha, Arqa V`etnamda, Qizil da`r`ya quyarlig`inda klassliq ja`miyettin` a`yyemgi ha`m o`zgeshe oshag`i bolg`an. Arqa V`etnam ha`m Tu`slik ten`iz ma`mleketleri ishinde Qitay derekleri Yue (V`et) patshalig`in atap ko`rsetedi. Yue patshalig`i b. e. shekemgi shama menen VII a`sirde Yantszi quyarlig`inda payda bolg`an. Tiykarg`i ka`ri saligershilik bolg`an. B. e. shekemgi IV-III a`sirleri Yantszi quyarlig`inan Xongxa quyarlig`ina shekemgi aymaqlarda bir neshe ma`mleketler Xongxa quyarlig`inda Vanlag (keyin ala Awlaq), shig`ista-Teyau, Namv`et h. t. b. ma`mleketler bolg`an.

V`etnamlilardin` ata-babalari bolg`an lagv`edler jasag`an Awlaq ha`m Namv`et b .e shekemgi III a`sirde aymaqta en` rawajlang`an ma`mleketler bolg`an. Awlaqtin` tiykarg`i xalqin mayda o`ndiriwshiler klasi, qa`wim ag`zalari ha`m qullar sonday-aq jer iyeleri bolg`an aristokratlar ha`m aqsu`yekler qurag`an. Ma`mlekettin` basinda ha`kim turg`an. A`yyemgi v`etlerdin` ma`deniyati ju`da` o`zgeshe bolg`an, inanimlari ata-babalar, jer ruwxina, krokodil-aydarha ha`m suwda ju`ziwshi quslarg`a siyiniwg`a tiykarlang`an. B. e. shekemgi 221-214-jillari Awlaq ha`m

Namv`et Tsin` imperiyasi menen uris ju`rgizgen, biraq Awlaq o`z g`a`rezsizligin saqlap qalip, ha`tteki Ta`yaudin` bir bo`legin o`zine qosip alg`an. Tsin` imperiyasi qulag`annan keyin (b. e. shekemgi 297-j) Namv`et o`z g`a`rezsizligin tiklep aladi, keyin ala eki el de bir ma`mleketke-Namv`et-Awlaq ma`mleketine ja`mlesip aladi. B. e. shekemgi II a`sirde ol Qubla-Shig`is Aziyadag`i en` ku`shli ma`mleketlerinin` birine aylanadi. Ol Xan` imperiyasi menen uris ju`rgizgen, biraq awir sawashlardan keyin imperator U-di a`skerleri ta`repinen basip alinadi.

B. e. shekemgi III-II a`sirleri A`yyemgi Qitaydin` tawli Dien ha`m Elan ma`mleketleri Qubla-Shig`is Aziyanin` a`yyemgi ma`mleketlerinin` ayriqsha toparin qurag`an boliwi kerek.

B. e. shekemgi I a`sirdin` basinda Xan` basqinshilarinin` ha`kimiyati ha`zirgi Arqa V`etnam aymag`inda lagv`etlerdi massaliq assimilyatsiyalawg`a urinip ko`rgen, biraq bul siyasatqa qarsi ko`terilis baslanip, imperator o`z maqsetleriei bas tartadi. Imperiya ha`kimi lagv`etlerdin` ishki erkinlikke huqiqin moyinlaydi. V`et ja`miyetinin` etnikaliq o`zgesheligi saqlanip qaladi.

B. e. I-V a`sirleri v`et ja`miyetinde bul jaqqa Hindistannan kirip kelgen buddizm taraladi.

**Mon Kxmerlerdin ma`mleketlik du`zilisleri ha`m indoneziyler.** Indoqitay ha`m Indoneziyanin` barliq anag`urlim iri da`r`ya oypatlarinda bizin` eramizdin` basinda klassikaliq ja`miyet ha`m ma`mleketler qa`liplesedi. O`ndiristin` joqari da`rejesi ha`m temir qurallardan paydalaniw bul jerde ma`mleketlilik oshaqlari payda boliwina imkaniyatlar jaratti.

Kishi awil qa`wimi jetekshi sotsialliq birlik bolg`an. Ekspluatatsiya sistemasinda monarxtin` barliq jerge bolg`an joqari menshigi a`hmiyetli rol` oynag`an. Jerler iri aristokratlardin` miyrasxorliq iyelewinde esaplang`an. Mayda o`ndiriwshiler-qa`wim ag`zalari klasi ma`mleketten yamasa konkret jer iyesinen g`a`rezli bolg`an. U`stem klass ha`m erkin qa`wim ag`zalari klasi xaliqtin` tiykarg`i massasin qurag`an. Ekspluatatsiyanin` tiykarg`i formasi renta-ma`mleket yamasa joqari aristokratiya wa`killeri paydasina jiynalatug`in saliq bolg`an.

Jergilikli agrar siyiniwlardin`-induizm (yamasa buddizm) ha`m ata-babalar ruwxina siyiniwdin` qosiliwi joqari ha`kimiyatqa ko`plegen diniy waziypalardin` ju`kleniwine alip keldi. Bul qubilis bir qatar a`yyemgi Aldin`g`i Aziya ma`mleketlerine de ta`n edi.

Ko`pshilik mon ha`m kxmer ma`leketleri shama menen I a`sirde payda bolg`an. Olardin` irisi-Bapnom (Funan`) imperiyasi-rawajlang`an da`wirinde barliq derlik tegislik mon ha`m kxmerler Tu`slik Indoqitayin birlestirgen.

Atawlar du`n`yasinda I-VI a`sirleri eki topar ma`mleketler. batis (yamasa Kishi Aziyaliq) ha`m shig`is (yamasa yavan`) ma`mleketleri qa`liplesken. Batis topari Sumatra ma`mleketlerinen ibarat bolg`an, olardin` ishinde Orayliq Sumatra ma`mleketlerinen ibarat bolg`an, olardin` ishinde Orayliq Sumatra xaliqlari ha`m Malak yarim atawinin` kishi ma`mleketleri basshilig`inda oraylasiw protsesi tez pa`t penen ju`rgen. Bul ma`mleketler turmisinda sirtqi sawda, sonin` ishinde tranzit sawdasi u`lken rol` oynag`an. sebebi olar qizg`in sawda jolinda jaylasqan edi. Bul ma`mleketlerdin` sotsialliq du`zilisi Balnom du`zilisine uqsas edi. B. e. shekemgi I min` jilliqtin` ortasinan a`yyemgi Qubla-Shig`is Aziya xaliqlarinda erte klassliq qatnasiqlar ha`m da`slepki ma`mleketler qa`liplesedi. Olarg`a ekonomikanin` sotsialliq sho`lkemnin` (kishi awilliq qa`wim) ha`m ruwxiy ma`deniyattin` (diniy tarawda ata-babalar ruwxina siyiniw) o`zgeshe tu`rleri ta`n. En` iri a`yyemgi xaliqlardin` v`et, kxmer, mon, malaylilar, yavanlilar ata-babalarinin` ma`mleketleri suwg`ariw ushin qolayli iri da`r`yalar oypatliqlarin iyelegen.

### *Talabalardin` bilimin bekkemlew ushin sorawlar*

1. Ayyemgi Qitay tariyxinin` xronologiyasi ha`m da`wirlerge bo`liniwi
2. Batis ha`m Shig`is Chjou da`wiri?
3. Shan-In, Tsin Shixuandi reformalari ne haqqinda?
4. Ayyemgi Qitay ilimiy bilimlerdin` rawajlaniw o`zgesheligi

### A`debiyatlar.


1. I.KarimovUzbekiston milliy istiqlol mafkura nutiqlar va suxbatlar. T-1997.
2. Pozdneva D Atensti materialisti i dialektini drevnego Kitaya. M-1967.
3. Nen K. «Mif drevnego Kitaya» M.-1965.
4. R.Pershin «Istoriya pervobitnogo obshestvo» M-1990.